

**KAJIAN NILAI-NILAI BUDI PAKARTI WONTÊN ING LAYANG
SASMITA TITIKA SAHA CUNDHUKIPUN KALIYAN
PÊNDIDIKAN KARAKTÊR**



Déning:
Sigit Nugroho
NIM. 16714251009

Tesis Menikå dipunsêrat minångkå Jêjangkêping Pêndadaran
Anggayuh Gêlar Magistêr Pêndidikan

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
PROGRAM PASCASARJANA
UNIVÊRSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2020**

SARINING PANALITEN

SIGIT NUGROHO: *Kajian Nilai-Nilai Budi Pakarti Wontên ing Layang Sasmitå Titikå sårå Cundhukipun Kaliyan Pëndidikan Karaktêr. Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.*

Panaliten mênikå ancasipun ndhudhah nilai-nilai budi pakarti wontên ing naskah *layang Sasmitå Titikå sårå cundhukipun kaliyan 18 Nilai-Nilai Karaktêr* miturut Undhang-Undhang No. 20 Tahun 2003 .

Methodê panaliten mênikå ngginakakên *Analisis Isi (Content Analysis)*. Sumbêr dhatanipun naskah *layang Sasmitå Titikå* koleksi Pêpustakaanam Museum Dewantårå Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta wujud sêratan aksårå Jåwå cithak. Cårå ngêmpalakên dhåtå kanthi *unit tematik*, ngginakakên *sampel bertujuwan*. Pirantining panaliten ngginakakên instrumen manungså. *Keabsahan data* kanthi pamaosan ingkang tliti sårå *triangulasi*. *Analisis data* katindakakên kanthi cårå *kualitatif*.

Asiling panaliten *layang Sasmitå Titikå* manggihakên nêm likur nilai-nilai budi pakarti inggih mênikå ;(1) njagi aosing dhiri,(2) njagi sucining dhiri,(3) srêgêp,(4) jujur/blåkå, (5) sabar, (6) kændêl, (7) sopan santun, (8) nglênggånå manawi lêpat, (9) taat/patuh,(10) nelakakên raos sukur dhumatêng Gusti,(11) samidene ngormati, (12) têlaten,(13) gêmî,(14) eklas, (15) tanggung Jawab,(16) mandhiri, (17) sêngkud,(18)trêp kaliyan paugêran,(19) bêkti,(20) mêmmitran, (21) prasaja, (22) lilå eklas nindakakên pangurbanan,(23) rêmên têtulung, (24) adil,(25) andhap asor, sårå (26) wicaksånå. Nilai budi pakarti mênikå nalikå katandhingakên kaliyan piwucal budi pakarti ingkang kamot wonten naskah sajaman utawi langkung sêpuh prånýtå gadhah maknå ingkang sami, atêgês piwucal mênikå dipuntampi sårå dipuncakakên dening masarakat sacårå umum sårå lumintir. Nilai-nilai budi pakarti ing *layang Sasmitå Titikå* mênika salajêngipun katandhingakên kaliyan wolulas nilai-nilai karaktêr saking Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan inggih mênikå: (1) religius,(2) jujur,(3) toleransi, (4) trêp kaliyan paugêran, (5) sêngkud, (6) ngulir budi, (7) mandhiri, (8) dhemokratis, (9) raos kepingin mangêrtos, (10) nasionalisme, (11) trêsnå dhatêng negari, (12) ngaosi asiling kupiyå, (13) mêmmitran,(14) trêsnå dhatêng katêntêrman, (15) rêmên maos, (16) pêrduli lingkungan, (17) pêrduli sosial, sårå (18) tanggêl jawab, pranyata wontên cundhukipun. Adhêdhasar gangsal poros ingkang dipunginakakên kangge *Penguatan Pêndhidhikan Karaktêr*, larasipun nilai-nilai budi pakarti *layang Sasmitå Titikå* kaliyan wolulas nilai-nilai karaktêr saking Kementrian Pendidikan dan kebudayaan cundhuk wontên ing karaktêr; (1) *religius*, (2) *nasionalis*, (3) *gotong royong*, (4) *intêgritas*, sårå (5) *mandhiri*. *Implikasi* saking asiling panaliten ingkang sêpisan sagêd dados tambahing sêsêrêpan, cêpêngan sårå dipuncakakakên kangge nyêngkuyung pêndhidhikan karaktêr, kaping kalih saged dipunginakakên dening pårå pamaos sårå panaliti sanesipun kangge ndherek nguri-uri sårå nglêstantunakên budåyå minångkå tilaranipun pårå lêluhur.

Pamijining têmbung: nilai-nilai budi pakarti, karaktêr, layang Sasmitå Titikå

ABSTRAK

SIGIT NUGROHO: Kajian Nilai-Nilai Budi Pekerti di dalam *Layang Sasmita Titika* dan Relevansinya dengan Pendidikan Karakter. **Tesis. Yogyakarta: Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta, 2020.**

Penelitian ini bertujuan untuk menggali nilai-nilai budi pekerti dalam naskah *layang Sasmita Titika* dan relevansinya dengan 18 nilai-nilai karakter menurut Undang-Undang No. 20 Tahun 2003.

Metode penelitian menggunakan analisis isi (*content analysis*). Sumber data naskah *layang Sasmita Titika* koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta tulisan aksara Jawa cetak. Pengumpulan data dengan unit tematik, menggunakan sampel bertujuan. Alat pengumpul data menggunakan instrumen manusia (*human instrument*). Keabsahan data dengan pembacaan secara teliti dan triangulasi. Analisis data dilakukan dengan cara kualitatif.

Hasil penelitian *layang Sasmita Titika* menemukan duapuluh enam nilai-nilai budi pekerti seperti: ; (1) menjaga harga diri, (2) menjaga kesucian diri, (3) rajin, (4) jujur (5) sabar, (6) berani (7) sopan santun, (8) merasa bersalah, (9) taat (10) rasa syukur kepada Tuhan, (11) saling menghormati, (12) teliti, (13) hemat, (14) ikhlas, (15) tanggung Jawab, (16) mandiri, (17) kerja keras, (18) disiplin, (19) berbakti, (20) bersahabat, (21) sederhana, (22) mau berkorban, (23) suka menolong, (24) adil, (25) rendah hati, dan (26) bijaksana. Nilai-nilai budi pekerti tersebut ketika dibandingkan dengan ajaran-ajaran budi pekerti yang terdapat di dalam naskah satu jaman atau lebih tua ternyata memiliki makna sama, artinya ajaran budi pekerti tersebut diterima dan diterapkan oleh masyarakat secara umum dan turun temurun. Nilai-nilai budi pekerti *laying Sasmita Titika* kemudian dibandingkan dengan delapan belas nilai karakter dari Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan, yaitu: (1) religius, (2) jujur, (3) toleransi, (4) disiplin, (5) giat bekerja, (6) kreatif, (7) mandiri, (8) demokratis, (9) rasa ingin tahu, (10) nasionalisme, (11) cinta tanah air, (12) menghargai prestasi, (13) bersahabat, (14) cinta damai, (15) senang membaca, (16) peduli lingkungan, (17) peduli sosial, dan (18) tanggung jawab, ternyata memiliki relevansi. Berdasarkan lima poros Penguatan Pendidikan Karakter, relevansi nilai budi pekerti *laying Sasmita Titika* dengan delapan belas nilai karakter Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan relevan di dalam karakter; (1) religius, (2) nasionalis, (3) gotong royong, (4) integritas, dan (5) mandiri. Implikasi hasil penelitian yang pertama bisa dijadikan tambahan pengetahuan, pegangan, dan dapat diterapkan untuk mendukung pendidikan karakter, kedua dapat digunakan oleh para pembaca maupun peneliti lainnya untuk menjaga dan melestarikan budaya sebagai warisan leluhur.

Kata kunci: nilai-nilai budi pekerti, karakter, *layang Sasmita Titika*

ABSTRACT

SIGIT NUGROHO: The study of Character Values in *Sasmita Titika* letters and its relevance to Character Building. **Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University, 2020.**

This study aimed to explore the character values in *Sasmita Titika* letters and its relevance with 18 character values established by the Education and Culture Ministry according to Constitution Number 20 in 2003.

The methodology used in this study is content analysis. The data source of *SasmitaTitika* letters is the collection Dewantara Kirti GriyaTamansiswa Yogyakarta's library, printed in Javanese alphabet. The data were collected based on thematic units, using purposive sampling technique with human instrument. The data were validated by thorough reading and triangulation. The analysis was conducted qualitatively.

The study of *SasmitaTitika* letters reveals twenty six character values, i.e. (1) reserving pride, (2) preserving sanctity of life, (3) diligence, (4) honesty, (5) patience, (6) bravery, (7) politeness, (8) guilty feeling, (9) obedience, (10) gratitude to God, (11) respect each other, (12) conscientiousness, (13) frugality, (14) sincerity, (15) responsibility, (16) independence, (17) hardworking, (18) discipline, (19) devotion, (20) friendliness, (21) modesty, (22) eagerness to sacrifice (23) helpfulness, (24) justice, (25) humility, and (26) wisdom. When these character values are compared to those in other scripts of the same era or older eras, it shows that they have the same meaning. It means those character values have been implemented by the society in general from one generation to the next. Then, the character values of *Sasmita Titika* letters are compared to eighteen character values according from the Education and Culture Ministry, i.e. (1) religiosity, (2) honesty, (3) tolerance, (4) discipline, (5) hardworking, (6) creativity, (7) independence, (8) democratic, (9) curiosity, (10) nationalism, (11) patriotism, (12) appreciating achievement (13) friendliness (14) peace loving (15) literacy (16) environment care (17) social care, and (18) responsibility. These values are relevant to those of *SasmitaTitika* letters. According to the five pillars Character Building Enforcement, the relevance of character values from *SasmitaTitika* letters with those eighteen from the Education and Culture Ministry consists of (1) religiosity, (2) nationalism, (3) mutual cooperation, (4) integrity, dan(5) independence. Two implications are suggested from this study. First, the results can be used for additional knowledge, guidance, and implemented for character building support. Second, the results can be used by the readers and other researchers to preserve the cultural heritage.

Keywords: character values, character, *Sasmita Titika* letters

WĒDHARAN

Ingang tapak asmå ing ngandhap mĕnika:

Nama Mahasiswa : Sigit Nugroho

Nomor Mahasiswa : 16714251009

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Kaparĕng ngandharakĕn bilih karya ilmiah mĕnikå sĕratan kulå piyambak. Samangĕrtos kulå, karya ilmiah mĕnikå dereng nate dipunsĕrat dening tiyang sanes kangge nggayuh gĕlar magistĕr wontĕn ing satunggaling pawiyatan luhur. Karya ilmiah mĕnika mbotĕn ngandhut materi ingkang dipunsĕrat panaliti sanesipun, kĕjawi perangan tĕrtamtu ingkang kulå pĕndhĕt minångkå acuan kanthi tåtå carå såhå etika nyĕrat karya ilmiah ingkang limrah.

Yogyakarta, 01 April 2020



Sigit Nugroho

NIM. 16714251009

PÈNGÈSAHAN

**KAJIAN NILAI-NILAI BUDI PAKARTI WONTÈN ING LAYANG
SASMITA TITIKA SAHA CUNDHUKIPUN KALIYAN
PÈNDIDIKAN KARAKTÈR**

SIGIT NUGROHO
NIM. 16714251009

Tesis mènika sampun dipunuji wontèn sangajèngipun Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Univèrsitas Nègèri Yogyakarta
Tanggal: 13 Maret 2020

TIM PÈNGUJI

Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.
(Ketua/Pènguji)

Dr. Mulyana, M.Hum.
(Sekrètèris/Pènguji)

Prof. Dr. Suharti, M.Pd.
(Pèmbimbing/Pènguji)

Prof. Dr. Suwarna, M.Pd.
(Pènguji Utama)

8/4

8/4

20/4 2020

6/4 2020

Yogyakarta,.....
Program Pascasarjana
Univèrsitas Nègèri Yogyakarta
Direktur,

Prof. Dr. Marsigit, M.A.
NIP. 195707191983031004

PENGESAHAN

**KAJIAN NILAI-NILAI BUDI PAKARTI WONTÊN ING LAYANG
SASMITA TITIKA SAHA CUNDHUKIPUN KALIYAN
PENDIDIKAN KARAKTER**

**SIGIT NUGROHO
NIM. 16714251009**

Tesis mênika sampun dipunuji wontên sangajêngipun Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Nêgêri Yogyakarta
Tanggal: 13 Maret 2020

Yogyakarta,.....

Program Pascasarjana

Universitas Nêgêri Yogyakarta

Direktur

Prof. Dr. Marsigit, M.A.
NIP. 195707191983031004



PISUNGSUNG

Konjuk sokur dhumatêng Allah Rãmå Inggang Maha Kuwåså. Panaliten
mênikå kawulå pisungsungakên dhumatêng:

1. *Ibu Endang Hartati* (suwargi) ingkang sampun nggulåwênthah kanthi
sabar, sårå têlatos sarta paring panyêngkuyung duk taksih sugêngipun.
Ing pangajab suwargi tansah pinaringan bêrkah saking Gusti wontên ing
kasidan jati,
2. *Anna Ferawati* ibunipun lare-lare ingkang kanthi sabar, sårå sukå
panyêngkuyung, sih katrêsnanipun sartå pandonganipun saking purwå
dumugi wasånå
3. *Sundari Eka Chandra lan Nugraha Dwi Baskara* ingkang tansah
nêntremakên

PRAWACĀNĀ

Konjuk puji sâhâ sokur tansah katur dhumatêng Gusti Allah Ingkang Mâhâ Asih ingkang sampun paring bêrkah kasarasan, kawilujêngan, sâhê kêkiyatan dhatêng panyêrat têmah tesis minangkâ tugas kangge anggayuh gêlar *Magistêr Pêndidikan* wontên ing Program Studi Pendidikan Bâsâ Jâwâ Universitas Nêgêri Yogyakarta kanthi Irah-irahan” *Kajian Nilai-Nilai Budi Pêkêrti Wontên Ing Layang Sasmitâ Titikâ Sâhâ Cundhukipun Kaliyan Pêndidikan Karaktêr*” sagêd karampit sâhâ karampungakên kanthi lancar, sinaosâ wontên *kêrikil-kêrikil* ingkang dados sandhungan nalikâ panyêrat nggarap tesis mênikâ. Pramilâ wontên ing kalodhangan mênikâ panyerat ngaturakên agunging pamatur nuwun dhumatêng pehak-pehak ingkang sampun paring panyêngkuyung, pamrayogi, motivasi, sâhâ pandonganipun dhumatêng panyêrat. Panyêrat ngaturakên agênging pamatur nuwun dhumatêng ibu Prof. Dr. Suharti, M.Pd. minangkâ dhosen pêmbimbing tesis ingkang kanthi sabar, têlatos sâhâ paring panyêngkuyung, pamrayogi, panyaruwe, tuntunan, sâhâ bimbingan satêmah tesis mênikâ sagêd rampung. Kêjawi mênikâ, panyêrat ugi ngaturakên agunging pamatur nuwun dhumatêng:

1. Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M. Pd. minangkâ Rektor Univêrsitas Nêgêri Yogyakarta ingkang sampun paring wêkdal dhumatêng panyêrat kangge ngangsu kawruh, sinau wontên ing jurusan pêndhidhikan Bâsâ Jâwâ, Pascasarjana Univêrsitas Nêgêri Yogyakarta;
2. Prof. Dr. Marsigit, M. A. minangkâ Dhirektur Pascasarjana Univêrsitas Nêgêri Yogyakarta sâhâ parâ staf ingkang sampun paring kalodhangan

dhumatêng panyêrat satêmah tesis mênikå sagêd karampungakên kanthi lancar;

3. Dr. Mulyana, M. Hum. minångkå Pangarså Program Studhi Pêndidikan Båså Jåwå sâhå bapak/ ibu dhosen awit paringipun dongå pangestu sâhå ngelmu ingkang sangêt migunani kangge ndhidhik siswå dados manungså ingkang gadhah budi pêkêrti sâhå karaktêr sae;
4. Prof. Dr. Endang Nurhayati, M. Hum. minångkå dhosen Pêmbimbing Akadhêmik awit kasabaran, kawigatosan sâhå bimbinganipun anggen kawulå ngangsu kawruh wontên ing Jurusan Pêndhidhikan Båså Jåwå, Pascasarjana Univêrsitas Nêgêri Yogyakarta;
5. Tiyang sêpuh kekalih, Bapak Noto Suhadi sâhå Ibu Endang Hartati (suwargi), kangmas, adhik awit panyêngkuyungipun, pandonganipun, sâhå kawigatosanipun;
6. Marasêpuh kêkalih pakwo Adi Suwarno (suwargi) sâhå makwo Sulastri, mbakyu, adhik ing Jakarta awit panyêngkuyung sâhå pandonganipun;
7. *Mbok wedok*, Anna Ferawati kaliyan *anak wedok* Sundari sâhå *anak lanang* Baskara ingkang tansah paring sêmangat, motivasi, panyêngkuyung, pandongå, kawigatosan, sâhå nêntremakên batos sadangunipun panyêrat nglajêngakên studhi.
8. Kåncå-kåncå Pêndhidhikan Båså Jåwå angkatan 2016 ingkang sampun sukå panyêngkuyung, samidene ndongakakên, samidene sukå sêmangat;


9. Kâncâ-kâncâ dwijâ sâhâ wirâkaryâ SMAN 1 Imogiri ugi SMAN 1 Rongkop, sâhâ kâncâ-kâncâ MGMP Bâsâ Jâwâ Kabupaten Bantul awit panyêngkuyungipun;
10. Sâdâyâ pehak ingkang botên sagêd kawulâ sêbatakên, ingkang sampun paring pambiyantu, panyêngkuyung, pandongâ dhumatêng panyêrat satêmah tesis mênikâ sagêd kagarap sâhâ karampungakên.

Mugi sêdâyâ piwucal, bimbingan, pandongâ, panyêngkuyung, pangestu, pambiyantu saking sêdâyâ kemawon dadosâ bêrkah kangge panyêrat, ing salajêngipun awit sêdayanipun mênikâ wau Gusti Allah mugiyâ tansah paring Bêrkah dhumatêng sêdayanipun. Amin.

Panyêrat ngrumaosi bilih tesis mênikâ milâ têbih saking nâma sae, jangkêp, langkung-langkung sampurnâ. Pramila saking mênikâ, panyaruwe sâhâ pamrayogi saking sok sintênâ kemawon tansah dipunantu sâhâ katampi kanthi sukâ gambiraning manah. Ing wasânâ, kanthi andhap asoring manah panyêrat tansah ndherek mêmuji, mugi-mugi tesis mênikâ sagêd migunani sâhâ murakabi dhumatêng sêdayanipun.

Gunungkidul,

Panyêrat,



Sigit Nugroho

NIM. 16714251009

PRATELAN ISI

IRAH-IRAHAN.....	i
SARINING PANALITEN.....	ii
ABSTRAK.....	iii
ABSTRACT.....	iv
WÊDHARAN.....	v
PÊNGÊSAHAN.....	vi
PISUNGSUNG.....	vii
PRAWACĀNĀ.....	viii
PRATELAN ISI.....	xi
PRATELAN TABEL.....	xiv
PRATELAN LAMPIRAN.....	xv
PANDOM EJAAN.....	xvi
BAB 1 PURWĀKĀ.....	1
A. Pawadaning Pêrkawis	1
B. Undêraning Pêrkawis	23
C. Watêsaning Pêrkawis	23
D. Wosing Pêrkawis	23
E. Ancasing Panaliten.....	24
F. Paedahing Panaliten.....	24
BAB II GÊGARAN TEORI.....	27
A. Kajian Teori.....	27
1. Nilai-Nilai Budi Pakarti.....	27
a. Nilai.....	27
b. Budi Pakarti.....	35
c. Nilai-Nilai Budi Pakarti.....	40
2. Pêndidikan Karaktêr.....	44
a. Pêndidikan.....	44
b. Karaktêr.....	48
c. Pêndidikan Karaktêr.....	53
B. Panaliten Ingkang Jumbuh.....	60
C. Nalaring Pikir.....	68
D. Pitakenan Panaliten.....	72
BAB III CĀRĀ PANALITEN.....	73
A. Jinising Panaliten.....	73
B. Papan sâhâ wêkdal Panaliten.....	75
C. <i>Data sâhâ Sumbêr Data</i> Panaliten.....	76

D. Ngêmpalakên <i>Data</i>	76
1. Nêmtokakên Unit.....	77
2. Nêmtokakên <i>Sampêl</i>	77
3. Nyathêt <i>Data</i> Wontên <i>Kartu Data</i>	78
E. Milah sâhå Milih <i>Data</i>	79
F. <i>Keabsahan Data</i>	80
1. <i>Kêtêkunan</i> utawi <i>kêajêgan</i> nindakakên <i>pêngamatan</i>	80
2. <i>Triangulasi</i>	81
G. Dudutan/Infêrensi.....	82
H. Analisis <i>data</i>	82
I. Pirantining Panaliten.....	83
BAB IV ASILING PANALITEN SÂHÅ PIRÊMBAGANIPUN.....	85
A. Asiling Panaliten	
1. <i>Nilai-nilai</i> budi pakarti wontên ing <i>Layang Sasmitå Titikå</i>	86
2. <i>Nilai-nilai</i> budi pakarti wontên ing <i>Layang Sasmitå Titikå</i> sâhå cundhukipun Kaliyan <i>Pêndidikan Karaktêr</i>	87
B. Pirêmbagan.....	87
1. <i>Nilai-nilai</i> budi pakarti wontên ing <i>Layang Sasmitå Titikå</i>	87
a. <i>Religius</i>	88
1) Sabar.....	89
2) Nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah.....	94
3) Eklas.....	98
4) Tanggung jawab.....	102
5) Sêngkud.....	105
6) Trêp kaliyan paugêran.....	109
b. <i>Nasionalis</i>	114
1) Kêndêl.....	115
2) Taat/Patuh.....	120
3) Tanggung jawab.....	125
4) Trêp kaliyan paugêran.....	131
5) Bêkti/Sêtyå.....	136
c. Gotong Royong.....	139
1) Kurmat-kinormatan.....	141
2) Tanggung jawab.....	146
3) Sêngkud.....	152
4) Mêmitrان/mbangun wawan pirêmbagan.....	155
5) Lilå eklas nindakakên pangurbanan.....	165
6) Rêmên têtulung.....	169
7) Adil.....	172
d. <i>intêgritas</i>	177
1) Njagi aosing dhiri.....	179
2) Njagi sucining dhiri.....	183
3) Jujur.....	187
4) Sopan Santun.....	192
5) Ngrumaosi mênawi lêpat.....	196

6) Têlaten.....	200
7) Gêmi.....	204
8) Tanggung jawab.....	208
9) Sêngkud	212
10) Trêp kaliyan paugêran.....	215
11) Bêkti.....	218
12) Prasâjâ.....	221
13) Lilâ eklas nindakakên pangurbanan.....	223
14) Adil.....	226
15) Rêmên têtulung.....	230
16) Andhap asor.....	234
17) Wicaksânâ.....	238
e. <i>Mandhiri</i>	240
1) <i>Srêgêp</i>	241
2) <i>Mandhiri</i>	244
2. <i>Nilai-nilai budi pakarti layang Sasmitâ Titikâ cundhukipun kaliyan Wolulas Nilai-nilai Karaktêr miturut Undhang-Undhang No. 20 tahun 2003.....</i>	249
a. <i>Cundhuk wontên ing Religius.....</i>	257
b. <i>Cundhuk wontên ing Nasionalis.....</i>	262
c. <i>Cundhuk wontên ing Gotong Royong.....</i>	266
d. <i>Cundhuk wontên ing Intêgritas.....</i>	270
e. <i>Cundhuk wontên ing Mandhiri.....</i>	272
D. <i>Winatêsing Panaliten.....</i>	277
BAB V DUDUTAN SÂHÂ PAMRAYOGI.....	278
A. <i>Dudutan.....</i>	278
B. <i>Implikasi.....</i>	280
C. <i>Pamrayogi.....</i>	280
KAPUSTAKAN.....	282
LAMPIRAN-LAMPIRAN.....	294

PRATELAN TABEL

Tabel 1.	Alur Bab I.....	26
Tabel 2	Nalaring Pikir.....	71
Tabel 3	<i>Kartu dhata</i>	79
Tabel 4:	Alur Cârâ Panaliten <i>Nilai-Nilai</i> Budi Pakarti Wontên ing <i>layang Sasmitâ Titikâ</i>	84
Tabel 5	<i>Tabel Nilai-nilai</i> Budi Pakarti ing <i>Layang Sasmitâ Titikâ</i>	248
Tabel 6	<i>Nilai-Nilai</i> Budi Pakarti ing <i>Layang Sasmitâ Titikâ</i> Cundhukipun kaliyan 18 Nilai Karaktêr miturut UU No. 20 Tahun 2003.....	256

PRATELAN LAMPIRAN

Lampiran 1. <i>Nilai-nilai</i> Budi Pakarti wontên ing naskahlayang <i>Sasmitå Titikå</i> ...294	
Lampiran 2. Asiling mânthå unit budi pakarti adhêdhasar gangsal 304 poros penguatan pendidikan karakter	
Lampiran 3. Asiling dheskripsi naskah layang <i>Sasmitå Titikå</i> 305	
Lampiran 4. <i>Translitêrasi</i> sårhå <i>Suntingan</i> naskah layang <i>Sasmitå Titikå</i> 309	
Lampiran 5. Tulådha <i>data sekunder</i> saking sumbêr sanes kangge panyêngkuyung..... 320	

PANDOM EJAAN

Pandom ejaan ingkang dipunginakakên wontên ing karya ilmiah mênikå inggih pandom ejaan bâså Jåwi ingkang sêkêdhik radi njebal saking *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa yang Disempurnakan (Balai Penelitian Bahasa di Yogyakarta bekerja sama dengan Panitia Kongres Bahasa Jawa 1991 di Semarang)*, inggih mênikå: tåndhå ê kangge nyêrat fonem /ə/ ungêlipun ê kados têmbung srêgêp “*rajin*”. Dene kangge nyêrat fonem /e/ ungêlipun é kados têmbung déné “*adapun*”; sårå tåndhå è kados têmbung mènèk “*memanjat*” wontên ing panalien mênikå têtêp ngginakakên fonem /e/. Kajawi saking mênikå tåndhå å kangge nyêrat fonem /ɔ/ kados ing têmbung sårå “*siapa*”.

Irah-irahan naskah sårå pêthikan-pêthikan ingkang bâså Jåwå ngginakakên *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa yang Disempurnakan* kangge nggampilakên anggenipun nyêrat. Ananging, kangge nyêrat tåndhå ê minångkå nyêrat fonem /ə/ ungêlipun ê kados têmbung srêgêp . Dene kangge nyêrat fonem /e/ ungêlipun é kados têmbung déné “*adapun*”; sårå tåndhå è kados têmbung mènèk wontên ing panaliten mênikå têtêp ngginakakên fonem /e/. Kajawi saking mênikå tåndhå å kangge nyêrat fonem /ɔ/ .

Sadåyå irah-irahaning buku ingkang kasêrat mawi aksårå latin ingkang ngginakakên ejaan saderengipun EYD, têtêp kasêrat mênåpå wontênipun supados têtêp kajagi aslinipun, kajawi mênikå sampun ngantos nuwuhakên lêpat anggenipun nafsirakên.

BAB I

PURWAKA

A. Pawadaning Pêrkawis

Wêkdal-wêkdal samênikâ babagan *nilai-nilai karaktêr* wontên ing nêgari Indhonesia katingal sansâyâ mundur. *Nilai-nilai karaktêr* dados satunggaling pêrkawis ingkang wigatos sangêt tumrap tiyang gêsang. *Karaktêr* rakêt sangêt kaliyan *moral*, watak tiyang ingkang sagêd dipuntitik saking pocapan, tindakan, sikap, pênggalihan, sâhâ cârâ-cârâ makaryâ, ugi asiling karya.

Munduripin *karaktêr* sagêd ndayani munduripun gêsang satunggaling bângsâ langkung-langkung munduripun *karaktêr* menikâ tumanduk dhumatêng gênêrasi mudhâ minangkâ pênêrusing bângsâ. Kosok wangsulipun kiyatipun *karaktêr* satunggaling bângsâ badhè ndadosakên gêsanging bângsâ mênikâ sangsâyâ kuncârâ. Milâ saking mênikâ, *karaktêr* prayogi lajêng dipunwujudakên dados *nilai-nilai karaktêr* ingkang kaajab dados ciri ingkang mligi tumrapipun tiyang wontên ing gêsang padintênan.

Munduripun *nilai-nilai karaktêr* sagêd dipuntingali saking kathahipun pêrkawis-pêrkawis tumindak nalisir ingkang dumados wontên lingkungan, inggih lingkungan kulâwargâ, masyarakat, punâpâdene ing pawiyatan. Têtiganing lingkungan mênikâ minangkâ papan kangge mbangun manungsâ awatak utâmâ. Jumbuh kaliyan pangandikanipun Ki Hajar Déwantârâ bilih wontên tigang papan minangkâ pusat *pêndidikan* ingkang wigatos sangêt tumrapping pârâ putrâ inggih menikâ lingkungan kulâwargâ, lingkungan perguruan sâhâ lingkungan pêngêrakan pêmudha (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2013: 70).

Lingkungan kulawargâ minangkâ pusat *pendidikan* ingkang kapisan, minangkâ dhasar ingkang utamâ sâhâ wigatos. Lingkungan kulawargâ dados mulâ bukanipun adab kamanungsan dumugi samênikâ, gêsang wontên ing lingkungan kulawargâ minangkâ dhasar tuwuh ngrêmbakanipun budi pakarti saking sabên tiyang awit;

- 1) Kulawargâ kanggé njagi turun tumurunipun manungsâ, milâ sabên tiyang badhé ngupaya utawi ikhtiyar nggulawênthah putrâ-putrinipun kanthi saksâ-saénipun,
- 2) Kulawargâ minangkâ papan ingkang kapisan kanggé nggulawênthah pârâ putrâ ing babagan *pendidikan* budi pêkerti ingkang botên sagêd dipuntandhingi dèning pusat *pendidikan* sanésipun, awit wontên ing lingkungan kulawargâ mênikâ putrâ manggihakên raos katrêsnan, manunggal, têntrem lan raos sanésipun. Wontên ing lingkungan kulawargâ tiyang sêpuh sagêd nanêmakên sêdâyâ wiji kasaenan laras kaliyan batinipun dhumatêng pârâ putrâ sâhâ bab mênikâ botên sagêd dipunalang-alangi déning tiyang sanès. Tiyang sêpuh wontên ing kulawargâ dados *pendidik*, *pengajar*, ananging ugi dados tuladhâ gêsang bêbrayan wontên ing masyarakat tumrap pârâ putrâ (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2013: 71).

Pramilâ saking mênikâ, pârâ putrâ salêbêtipun thukul sâhâ ngrêmbakanipun jiwa punâpadene raganipun dipunpangaribawani ingkang sêpisan lan utamâ dening lingkungan kulawargâ. Kulawargâ dados papan kangge mbentuk kapribaden sabên *individu* wiwit alit. Sumbang sih kulawarga wontên ing *pendidikan*, *sosialisasi*, sâhâ nanêmakên *nilai-nilai* dhumatêng putrâ agêng sangêt. Kulawarga

kukuh inggih mênikå kulåwargå ingkang sagêd ndadosakên gênerasi pênurus ingkang gadhah kualitas, kiyat karaktêripun satêmah dados tiyang ingkang utåmå lan tundhanipun damêl kuncaranipun bångså.

Thomas Lickona lumantar Ratna Megawangi (2004: 72-75) mahyakakên “*Ten Big Ideas*” utawi 10 (sêdåså) pamanggih kangge mbangun *karaktêr* wontên ing salêbêtipun kulåwargå, inggih mênikå;

- 1) *Moralitas* pakurmatan, urmat minångkå kunci ingkang utami tumrapipun manungså gêsang wontên ing masarakat langkung-langkung wontên ing masarakat ingkang *plural*. Ngurmati dhiri, tiyang sanes, ugi ngurmati lingkungan lingkungan sakiwå têngênipun.
- 2) Ngrêmbakanipun *moralitas* pakurmatan lumampah sacårå kanthi tahapan-tahapan, lare-lare botên sacårå langsung dados manungså ingkang gadhah *moral* sae, ananging kêdah lumantar *pêndidikan* ingkang lumintir.
- 3) Mucalakên kanthi *Prinsip* kurmat kinormatan, tiyang badhe dipunurmati tiyang sanes mênawi dhirinipun ugi ngurmati tiyang sanes.
- 4) Mucalakên mawi patulådhan, cårå ingkang paling sae mucalakên babagan *moral* dhumatêng lare kanthi sukå patulådhan.
- 5) Mucalakên mawi têtêmbungan, lare-lare kêdah dipuntêrangakên bab-bab ingkang sae punåpådene awon supados lare dados paham, ngêrtos, lan nindakakên mênåpå ingkang dipunkajêngakên dening tiyang sêpuh.

- 6) Paring panjurung dhumatêng lare kangge nglêlimbang mênâpâ kemawon ingkang sampun dipuntindakakên, kanthi mênikâ lare-lare sansâyâ dangu dados katingal kawicaksananipun.
- 7) Mucalakên lare kangge nampi ayahan kangge thukul ngrêmbakanipun raos tanggêl jawab, lare nalikâ taksih alit dipunkulinakakên nampi ayahan kanthi pangajab dados lare ingkang gadhah sipat pêrduli dhumatêng tiyang sanes lan botên mikirakên dhiri pribadinipun piyambak.
- 8) Nandukakên raos-pangraos laras, lurus, lêrês, tiyang sêpuh sukâ kalonggaran dhumatêng lare kangge tumindak mênâpâ kemawon saugêr têtêp nuhoni raos-pangraos laras kaliyan kawontênan, lurus, tansah nuhoni ing paugêran, lan lêrês, tumindak murih botên damêl kapitunanipun dhiri-pribadi, tiyang sanes, ugi lingkunganipun.
- 9) *Pêndidikan* alêlandhêsan raos têsna asih. Kanthi raos trêsna asihing tiyang sêpuh dhumatêng lare sukâ *kontribusi* agêng dhumatêng panggulâwêntah mbangun *karaktêr*.
- 10) Mucalakên *moral* sâhâ nyiptâ kulâwargâ ayom ayêm têntrem bagyâ mulyâ kanthi sêsarêngan, nyiptâ brayat ingkang ayom ayêm têntrem bagyâ mulyâ mênikâ dados tanggêl jawabipun kulâwargâ lan kêdah dipunudi kanthi sêsarêngan ing antawisipun anggota kulâwargâ mênikâ.

Lingkungan kulâwargâ minangkâ pusat *pêndidikan* kapisan kanggé nggulâwêntah babagan budi pêkerti, *karaktêr* sâhâ sanèsipun dhumatêng para putrâ, ananging kasunyatan asilipun wontên ingkang kirang saé. Kathah pêrkawis

ingkang ndadosakên pàrà putrà botên utawi kirang gadhah *karaktêr* saé. Kulawargâ kêdahipun dados papan ingkang aman tumrap pàrà putrà, ananging malah dados papan ingkang njalari cilâkâ, kadostâ *fenomena* ingkang kadadosan wontên ing satunggaling laladan, bapak kuwalon tégâ ngrudâpêksâ putrinipun wiwit SMP dumugi SMK. Patrap bêjad bapak mênikâ katindakakên nalikâ ibunipun siswâ tilêm. Bapak kâlâ wau rumaos trêsnâ lan cêmburu dhumatêng putrinipun nalikâ ngajak pacaripun lajêng dening bapakipun putrinipun mênikâ dipundâpêksâ (Kedaulatan Rakyat, 2 Mei 2018: 18).

Fenomena tumindak nalisir wontên kulawargâ sanèsipun kados kédadosan wontên ing laladan Klaten (Kedaulatan Rakyat, 2 Mei 2018: 18) anak wantun dhumatêng tiyang sêpuhipun. Amargi satunggaling pêrkawis lare mênikâ mêtjâyâ ibunipun ngantos tiwas. Tulâdhâ sanèsipun babagan tumindak nalisir wontên ing lingkungan kulawargâ inggih mênikâ pàrà putrà ingkang sampun kirang ngormati dhumatêng tiyang sêpuh. Babagan menikâ sagêd katitik saking anggènipun pàrà putrà matur kaliyan tiyang sêpuhipun. Pàrà putrà ngginakakên unggah-ungguh tataran bâsâ ngoko nalika matur dhumatêng tiyang sêpuhipun. Miturut unggah-ungguh bâsâ Jawi, putrà nalika matur dhatêng tiyang sêpuhipun mênikâ kédah ngginakakên unggah-ungguh bâsâ krâmâ.

Bâsâ krâmâ mênikâ ngêwrat raos kasusilan sâhâ pakurmatan. Inggah dipunwastani raos kasusilan inggih mênika raos rêmên ingkang mijil saking sabên tumindak, nêtêpi anggêring kasusilan lajêng dipuntanggêpi kanthi katrimah dèning tiyang sanés. Dènè raos pakurmatan mênika raos rêmên mênawi sagêd ngormati tiyang sanés kathi saè lan prayogi (Haryana Harjawiyana & Th.

Supriya, 2001: 96). Mênawi *komunikasi* dumados ing salêbêting kawontênan tanpâ mbêtahakên raos hurmat, milâ ngginakakên unggah-ungguh ngoko. Wondènè, mênawi mbêtahakên kanggè ngurmati utawi ngaosi, milâ ngginakakên unggah-ungguh bâsâ krama.

Wontên ing pagêsangan tiyang Jawi, saumpami tiyang botên sagêd ngajeni tiyang sanes atêgês tiyang mênikâ botên ngêrtos unggah-ungguh. Mênawi kawontênan mênikâ sampun lumêbêt wontên ing patrap utawi tindakan, milâ tiyang mênikâ kawastanan ora njawani maneh (Yuwana, 2017). Saking tulâdhâ *fenomena* awujud tumindak-tumindak nalisir ingkang dumados wontên ing lingkungan keluwargâ mênikâ, mbok mênawi salah sêtunggalipun ingkang njalari inggih mênikâ *pêndidikan karaktêr* wontên ing kulâwargâ sampun botên dipungatosakên. *Pêndidikan karaktêr* sampun kaanggêp pêrkawis ingkang botên wigatos, kêpârâ sampun dipunsingkirakên

Lingkungan pêmudha utawi lingkungan masarakat minangkâ pusat *pêndidikan* ingkang kaping kalih. Lingkungan mênikâ kaajab sagêd nggêsangakên, nambah, sâhâ sagêd mêkarakên babagan raos gêsang sêsarêngan wontên ing masarakat utawi lingkungan sosial. Sêdâyâ mênikâ tumuju dhumatêng lantipun budi pêkêrti sâhâ lantipun raos *kêbangsaan* (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2013: 74). Lingkungan pêmudha utawi lingkungan masarakat kasunyatanipun kadhangkâlâ ndadosakên laré utawi tiyang tumindakipun kirang saé. Kathah *fenomena* ingkang wujudipun tumindak-tumindak nalisir ingkang dumados ing lingkungan masarakat. Tuladhanipun, lêpat anggènipun milih kanca ndadosakên tiyang tumindak botên saé (*salah*

pergaulan). Wontên ing laladan Sleman lare-lare SMP sami nindakakên mbolos sêkolah. Lare-lare mênikå konangan dening pehak kêpolisian nalikå nongkrong-nongkrong wontên ing *Mall* ing wêkdal jam sinau (Kedaulatan Rakyat, 7 April 2018: 22). Tulådha sanèsipun, amargi mélik dhumatêng HP, satunggaling pêmudha nekad ngajak mabuk kancanipun. Nalikå kancanipun sampun mëndem lajêng *Hpnipun* dipuncolong (Kedaulatan Rakyat, 6 Juni 2018: 18).

Tumindak nalisir sanèsipun ingkang dumados wontên ing masarakat pranyatå botên namung dipuntindakakên déning anggota masarakat limrah. *Oknum* bupati ing satunggaling laladan propinsi Jawa Têngah wontên ingkang tumindak botên pantês kanthi ngginakakên panguwaosipun nindakakên *korupsi*. Tumindak mênikå kêconangan dening KPK nalikå nindakakên *Operasi Tangkap Tangan* (Kedaulatan Rakyat, 6 Juni 2018: 01). Saking tulådha tumindak-tumindak nalisir ingkang dumados wontên ing lingkungan pêmudha utawi lingkungan masarakat mênika amargi aturan-aturan ingkang sampun katêtêpakên botên dipuntindakakên kanthi saestu. Pêrkawis mênikå ingkang njalari mbok mênawi kirang kiyatipun *nilai-nilai karakter* wontên ing pagêsangan manungså.

Lingkungan Pêrguruan utawi pawiyatan, kêjawi papan kanggé ngupayå såhå ngupados *ilmu pêngêtahuan* ananging ugi papan *pêndidikan* kanggé ngudi lantiping pikiran. Pawiyatan minångkå papan ingkang *stratêgis* kangge *pêndidikan karakter*, awit sêdåyå lare saking manekå warni lapisan badhe ngraosakên *pêndidikan* wontên ing pawiyatan (Megawangi, 2004: 78). Pawiyatan mênikå minångkå pusat saking têtigå pusat pêndidikan. Pawiyatan sagêd njêmbatani antawisipun lingkungan kulawargå inggih putra-putrinipun

minangkå siswå kaliyan lingkungan masarakat. Kanggé njêmbatani mênikå jêjêripun guru wontên ing pawiyatan milå wigatos sangêt. Guru dados pênasihat tumrap siswå wontên ing kulåwargå. Kêjawi mênikå ugi paring pêngajaran awit guru minangkå sumbêr kawruh. Kawruh ingkang samangké badhé dipunginakakên déning para siswå wontên ing masarakat. Guru wontên ing pundi kémawon kédah dados panuntuning lampah, pênasihat, sårå ngawat-awati sabên tumindakipun siswå “*Ing ngarså sung tulådhå, Ing madyå mangun karså, Tut wuri handayani.*” (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2013: 75).

Lingkungan pêrguruan utawi lingkungan pawiyatan gadhah *posisi* ingkang *strategis* kanggé sukå *pêndidikan karaktêr* dhumatêng para siswå. Ki Hajar Déwantårå (2013: 139) ngandharakên bilih panggulåwênthah ingkang dipunparingakên dhumatêng siswå kédah alandhêsan kaluhuran budi manungså, milå saking mênikå kédah migatosakên sêdayå *nilai kêbatinan (mental culture)* sårå nggêgêsang *semangat idealism*. Kêjawi saking mênikå, *pêndidikan* ingkang dipuntindakakên kédah katujokakên dhumatêng lantipipun budi pêkêrti sårå mbangun *karaktêr (character building)*, *pêndidikan* ugi kédah katujokakên dhumatêng raos bêbrayan inggih mênikå gêsang sêsarêngan, sami-sami ngraosakên bingah sårå sisah sêsarêngan, samidéne gadhah raos tanggêl jawab, sårå sanés-sanésipun.

Pêndidikan wontên ing lingkungan pawiyatan kasunyatanipun, kadhangkålå botên jumbuh kaliyan ancasisipun inggih mênikå ngudi lantipipun kawruh sårå *karaktêr* ingkang kiyat. *Fenomena* ingkang awujud tumindak-tumindak nalisir asring dipuntindakakên déning siswå punåpå déne *oknum* guru.

Tumindak-tumindak nalisir ingkang dipuntindakakên déning siswâ umpaminipun: tawuran antawisipun pêlajar, asring dumadosipun *klithih*, ngginakakên obat-obatan ingkang mbêbayani (*nakoba*). Ngginakakên *narkoba* kanthi botên trêp miturut jagad kêdhoktêran bakal ndadosakên kapitunan. Korban-korban ingkang dipunsêbabakên salah ngginakakên *narkoba* wêkdal-wêkdal samênikâ sangsâyâ nguwatosakên.

Korban *narkotika* botên winatês tiyang ingkang sugih, ananging masarakat limrah ugi kathah ingkang dados kurban. Ngginakakên *narkoba* kanthi sêmbrânâ botên namung dipuntindakakên dening pârâ pêlajar SMA utawi mâhâsiswâ, ananging siswâ tataran SMP kêpârâ ugi SD (Djuliani, 2004:1). Pêrkawis *narkoba* mênikâ milâ sampun dangu sangêt. Panalitên ingkang dipuntindakakên dening Endah Susilantini sâhâ Suyami (2016) nate mbabar babagan patrap manungsâ ingkang ngginakakên *narkoba* utawi dipunsêbut “*nyeret*” wontên ing naskah *Serat Erang-Erang*. Asiling panaliten pranyâtâ tumindak nyêret sampun dipunlampahi manungsâ wiwit jaman rumiyin. Nyêret mênikâ dipuntindakakên kanthi ancas minângkâ *obat pênênang*. Umur tiyang ingkang nyêret ugi botên namung tiyang dhiwâsâ, ênem utawi sêpuh, ananging ugi lare-lare. Katitik saking padamêlanipun, pranyâtâ nyêret dipuntindakakên dening golongan sodagar, pârâ priyayi, pârâ bakul, abdi dalêm, pârâ sindhen lan sanes-sanesipun. Wontên panalitên mênikâ dipuncariyosakên bilih tiyang ingkang gadhah karêmênan nyêret gêsangipun botên sae, tansah tumindak sêlenengan, wasânâ manggih ing kasangsaran.

Pêrkawis narkoba milå ndadosakên kaprihatosan sårå mbêtahakên kawigatosan ingkang mligi, samantên ugi bab *kênakalan rêmaja*. Kêpolisian asring ngawontênakên *razia* tumrap pårå pëlajar kanggé ngawékani wontênipun aksi tawuran punapadéné aksi *klithih* . Kados ingkang naté dipuntindakakên saking kêpolisian Sleman. Kanggé ngawékani *aksi* tawuran sårå *narkoba* ugi aksi *klithih* dipunwontêni *razia* ing satunggaling pawiyatan, asilipun dipunpangghakên pëlajar ingkang mbêtå *sênjata tajam* (Kedaulatan Rakyat, 18 Mei 2018: 23). Tumindak-tumindak nalisir sanésipun inggih mênikå sansåyå ngrêmbakanipun aksi géng motor ingkang damêl botên têntremipun masarakat, sansåyå kathahipun pårå pëlajar ingkang nindakakên *pergaulan bebas sårå sex bebas*. Kados kedadosan ing laladan Bantul (Kedaulatan Rakyat, 7 April 2018: 22), amargi anggenipun kêkancan têtah pårå pëlajar sami mlêbêt wontên satunggaling geng. Geng mênikå lajêng nindakakên tawuran kaliyan geng saking pawiyatan sanes têtah ndadosakên botên amanipun lingkungan..

Perkawis *pergaulan bebas* ing kalanganipun pemudha, Thomas Lickona (2012) wontên ing bukunipun “*Character Matters Persoalan Karakter: Bagaimana Membantu Anak Mengembangkan Penilaian Yang Baik, Integritas, dan Kebajikan Penting Lainnya*”, ngandharakên bilih *aborsi* ing nêgari Amerika dumadi sabên 20 dhêtik wontên *aborsi* sêtunggal. Taksih miturut Lickona, (2012: 23) pårå rêmaja wontên ing Amerika gadhah tataran paling inggil ing babagan *aborsi* mênawi katandhingakên kaliyan negari majêng sanesipun.

Fenomena tumindak nalisir sanésipun inggih mênikå kirangipun pakurmatan siswå dhumatêng bapak sårå ibu guru wontên ing pawiyatan kadostå;

botên nggatosakên pasinaon nalikå dipunwucal kêpårå nalikå dipunsaruwé malah nantang gurunipun, nyêpelekakên dhumatêng guru punapádéné pasinaon. Kêdadosan wontên ing Madura sawêtawis dangu kapêngkêr miris sangêt. Murid wantun mêrjåyå gurunipun ngantos tiwas jalaran botên trimå dipunsaruwé.

Tumindak nalisir sanésipun bab ngurmati bapak sårå ibu guru, inggih mênikå siswå sampun botên sagêd matur kanthi bâså ingkang pas sårå pantês. Bapak utawi ibu guru kados sampun dipunanggêp kåncå piyambak kêdawon, umpaminipun kados pacêlathon ing ngandhap mênikå;

Pak Guru: “ Pak guru wingi maringi soal kanggo PR, saiki ayo dhå dirêmbug bêbarêngan!”.

Siswå : “ wah lali jé pak ora tak garap....soalé angél”

Anggenipun ngginakakên unggah-ungguh bâså kanthi ngoko dening siswå dhumatêng gurunipun kados tulådhå mênika nêdahakên bilih siswå botên sagêd bâså Jåwå ingkang trêp; botên mangêrtos babagan unggah ungguh bâså, ananging sagêd ugi siswå sampun nganggêp bilih guru kadosdene kåncå piyambak ingkang kalênggahanipun sami, dados botên pêrlu “basa” malih. *Fenomena* mênikå dumados botên amargi lêpatipun guru ingkang sampun sukå piwulang prakawis unggah-ungguh bâså, nanging langkung-langkung saking pangaribåwå lingkungan inggih wontên ing kulåwargå, srawung kêkancan, sagêd ugi dhiri pribadi ingkang sampun botên pêrduli; pangaribåwå tontonan tivi, intêrnet, sårå sanésipun ingkang anjalari tumindakipun siswå têbih saking *karaktêr* saé.

Fenomena awujud tumindak nalisir sanesipun ingkang dipuntindakakên *oknum* guru kadostå; *pêlecehan seksual* ingkang dipuntindakakên dhumatêng siswanipun, kirang dhisiplinipun guru nalikå mucal, guru kirang sagêd njagi

martabatipun minangka pribadi ingkang sagêd dipungugu sâha dipuntiru, lan sanés-sanésipun. *Fenomena* tumindak nalisir ingkang dipuntindakakên déning siswâ punapadéné *oknum* guru mênika sagêd dipunsebabaken amargi aturan-aturan awujud tata tertib wontên ing pawiyatan botên dipuntindakakên kanthi têmên utawi dipunugêmi kanthi saestu têmah patrap, sikapipun siswâ sâha *oknum* guru têbih saking *karaktêr-karaktêr* sae.

Pamanggihipun Gusdur lumantar Agus Zaenul Fitri (2012) ngandharakên bilih Indhonesia botên kasil wontên ing proses *pendidikan* dumados saking 5 (gansal) pêrkawis, inggih menika (1) botên kasil mucalakên babagan sêjarah têmah masarakat botên malih ngaosi labuh labêtipun para kusumaning bangsa, (2) botên kasil mucalakên babagan basa temah nukulakên *sarkasme*. Tiyang Jâwâ sampun botên sagêd nyêrat sâha maca Jâwâ, tiyang Sundha botên sagêd maca sêratan têtilaran para lêluhuripun, lan sanes-sanesipun, (3) botên kasil mucalakên babagan filsafat têmah manungsa botên wicaksana salêbêtipun mênêdhêt putusan, (4) botên kasil mucalakên matematika têmah manungsa pitados dhumatêng babab ingkang botên tinêmu nalar, sâha (5) botên kasil mucalakên babagan *moral* têmah kathah sangêt tumindak ingkang nalisir saking paugêran. Pêrkawis botên kasil wontên ing proses *pendidikan* mênika ndadosakên tumindak nalisir dening sawatawis anggota masarakat.

Fenomena-fenomena awujud tumindak-tumindak nalisir ing nginggil nêdahakên wontênipun *degradasi moral* ingkang dumados ing lingkungan kulawarga, masarakat punapadéné pawiyatan. Tumindak nalisir mênika saged ugi dipunsêbabakên awit pangaribawanipun *mêdhia sosial* ingkang sampun

ngrêmbakå. Syamsul Kurniawan (2016) ngandharakên bilih ing wêkdal samênikå manungså nembe ngadhêpi kawontênan ingkang dipunwastani *higemoni media, revolusi* babagan kawruh sårå teknologi (IPTEK). Kawontênan mênikå botên namung sagêd nyawisakên pêrkawis ingkang nggampilakên sårå sêkêcanipun gêsang manungså *modern* ananging ugi sagêd sukå pangaribåwå ingkang awujud pêrkawis-pêrkawis ingkang damêl kuwatos.

Majêngipun IPTEK sagêd ngirangi, kapårå nyingkiraken *nilai* kamanungsan (*dhehumanisasi*). Laras kaliyan pêmanggihipun Syamsul Kurniawan, Muh. Haitami Salim (2012: 101-102) ngandharakên bilih majêngipun jaman ing wêkdal mênikå ingkang sawaunipun dipunanggêp badhe nggampilakên pakaryanipun manungså, kasunyatanipun ugi ndadosakên karisakan, kêpårå malah ndadosakên raos ajrih tumrapipun umat manungså, kadostå: rumaos sêpi sårå asing. Kadadosan mênikå dipuntandhani kanthi lunturipun raos *solidaritas*, gesang sêsarêngan, sårå tangsul silaturahmi. *Tivi, komputêr, sårå handphone* ndadosakên manungså lenå dhumateng kawontênan sakiwå têngênipun.

Kåcå måyå dados kåncå rakêt. Sabên-sabên tangi saking tilêm sampun mênacet tombol kangge ningali layar *tivi* punåpådene *handphone*. Ngisi wêkdal sênggang utawi longgar kanthi mênacet tombol *handphone*; *SMS*, main *game* utawi *facebookan*. Tumindak-tumindak mênikå njalari hubungan antawisipun anggota kulåwargå dados botên rakêt. Kadadosan mênikå nêdahakên bilih majêngipun *teknologi* sagêd mangaribawani tumrap patrap saperangan agêng manungså ing wêkdal samênikå (Salim, 2012: 102).

Novan Ardy Wiyani, (2013: 63) ngandharakên babagan pangaribâwâ *media sosial* mliginipun tayangan *tivi*; (1) pangaribâwâ dhumatêng thukul grêmbakanipun otak lare; lare badhe kaganggu wicârâ sâhâ tulis, (2) suka panjurung lare tumindak *konsumtif* awit kathahipun *iklan* ing tayangan mênikâ, (3) pangaribâwâ dhumatêng sikap; pengin niru kados ingkang dipuntayangakên wontên *tivi*, (4) ngirangi grêgêt sinau, (5) mbentuk pola pikir lare dados prasâjâ; kirang *kritis*, (6) kirang *konsentrasi*, (7) ngirangi dâya ngulir budi, (8) ningkatakên *obesitas* awit kirang olah raga, (9) ndadosakên kirang rakêt hubungan antawisipun anggota kulawarga, sâhâ (10) ndadosakên dhiwâsâ sacârâ *seksual* awit kathah tayangan ingkang dereng pantês dipuntingali ananging sampun dados *konsumsi publik*.

Pangaribâwâ saking *media sosial* mênikâ saestu mrihatosakên, awit sagêd ndadosakên *degradasi moral*. *Degradasi moral* dados salah satunggaling tandhâ risakipun bangsa. *Indikator degradasi moral* ing antawisipun; (1) mindhakistan kêkêrasan rêmajâ sâhâ siswâ, (2) panganggéning bâsâ sâhâ têmbung kasar, (3) pangaribawanipun *peer-group* ingkang langkung kiyat tinimbang tiyang sêpuh punâpâ déné guru, (4) mindhakistan tumindak ngrisak dhiri kanthi ngginakakên narkoba, rokok, alkohol, sâhâ *seks bebas* ing rumaja punâpâ dene siswâ, (5) icalipun paugêran *moral* sae sâhâ awon, (6) mandhapipun *etos* kêrja, (7) mandhapipun raos urmat dhatêng tiyang sanés sâhâ guru, (8) mandhapipun tanggêl jawab pribadi sâhâ warga nagari, (9) thukul ngrêmbakanipun tumindak botên jujur, sâhâ (10) ngrêmbakanipun raos sêngit, cubriyâ, sâhâ mêmêngsahan antawisipun sêsami (Lickona lumantar Salahudin, 2013:35). Pêrkawis-pêrkawis

ing nginggil dipunraosakên botên naming dening bangsa Indhonesia, ananging ugi bangsa-bangsa ing sajawining Indhonesia. Kangge nanggulangi pêrkawis *krisis moral* mênika kathah bangsa ingkang mapanakên pêmbangunan sâha *pendidikan karakter* kangge ngudhari pêrkawis mênika (Suyata, 2011: 4)

Pendidikan karakter mênika minangka ruh saking jagading *pendidikan* kanggé mbangun manungsa. Kangge mujudakên *pendidikan karakter* sae inggih sacara pribadi punapadene ing masarakat dipunbêtahakên *nilai-nilai kebajikan*. Tanpa *karakter* sae sêdaya titah manungsa ing alam donya botên sagêd mbangun donya, njunjung inggil martabat sâha *nilai* ing sabên pribadi (Lickona, 2012: 22). Pramila saking mênika, kédah dipunkupiyâ murih tumindak mliginipun para siswa punapadene guru botên nalisir saking kasaenan sâha paugêran. Salah satunggal cara kanggé ngudhari ruwêt réntênging prakawis wontên ing pawiyatan mênika kanthi nindakakên *pendidikan karakter* tumrap siswa sâha guru. *Pendidikan karakter* sagêd katindakakên lumantar kagiyatan pasinaon wontên ing kelas kanthi nglêbêtakên *nilai-nilai karakter* ing salêbêtipun pasinaon.

Pendidikan, miturut Purnomo (2012: 14) inggih mênika satunggaling prosés ingkang kédah dipunkupiyâ kanggé ningkataken *nilai-nilai moralitas, religiusitas* sâha *intelektualitas*. *Karakter* utawi akhlak inggih mênika watak, tabiat, utawi kapribadéning manungsa ingkang kawangun saking asiling *internalisasi* sawêtawis *kebajikan* ingkang dipunyakini sâha dipunginakakên minangka landhêsan kanggé mikir, tumindak, sâha mênggalih (Direktorat Jenderal Manajemen Pendidikan Dasar dan Menengah Kementrian Pendidikan Nasional, 2010:1).

Wontên sêdåsá *essensi* kêbajikan, inggih mêniká (1). Kawicaksanan, (2). Kaadilan, (3). Raos kéndêl, (4). Ngêndhaleni dhiri, (5). Trêsná, (6). Sikap sáhå patrap sae, (7). Sêngkud, (8). Intêgritas, (9). Raos sokur, sáhå (10). Andhap asor (Lickona, 2012: 20). Satunggaling filsuf Yunani Heraclitus mahyakakên bilih *karaktêr* inggih mêniká takdhir. *Karaktêr* mangun takdhiripun manungsá. Takdhir mêniká dados takdhiripun masarakat (Lickona, 2012: 12).

Kamus Besar Bahasa Indonesia (1991: 254) mahyakakên, *pêndidikan* dipunmaknani minångká *proses* éwahipun sikêp sáhå tumindakipun tiyang sacará *indhividhu* punápádéné kêlompok salêbêtipun kupiyá kanggé damêl dhiwasanipun manungsá lumantar *pengajaran*. Ki Hajar Déwantará ngandharakên bilih *pêndidikan* inggih mêniká dáyå-upayå kanggé majêngakên thukul ngrêmbakanipun budi pêkêrti (kêkiyatan batin, *karaktêr*), pikiran (*intellectual*) lare (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2013: 14). Ki Hajar Déwantará ugi ngandharakên bilih *pêndidikan* gadhah kuwaos ngawonakên dhasar-dhasar saking jiwaniipun manungsá; nyirnakakên dhasar-dhasar ingkang awon saking manungsá, nutupi utawi ngirangi *tabiat* utawi pêrilaku ingkang botên sae saking manungsá (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2013: 25).

Agus Wibowo (2012: 36) ngandharakên bilih *pêndidikan karaktêr* inggih mênika *pêndidikan* ingkang nanêmakên sáhå ngrêmbakakên *karaktêr-karaktêr utawi* watak luhur dhumatêng siswå, satêmah pårå siswå gadhah *karaktêr* luhur kasêbat, ngêtrêpakên, sáhå mraktékakên ing pagêsangan, wontên ing kulåwargå, minångká anggota masarakat punápå déné wargå nagari. Daryanto sáhå Suyatri (2013: 64) nêgêsi *pêndidikan karaktêr* minångká manékå warni kupiyá ingkang

katindakakên déning para warga pawiyatan, sêsarêngan kaliyan tiyang sêpuh sâhâ anggota masarakat, kanggé mbiyantu larêném sâhâ laré alit supados dados utawi gadhah sipat pêrduli, nêdahakên manungsa ingkang gadhah *pêndidikan*, sâhâ gadhah gêgayuhan ingkang luhur.

T. Ramli lumantar Sri Narwanti (2011: 15-16) ngandharakên bilih hakékat *pêndidikan karakter* ing pêrkawis *pêndidikan* inggih mênika babagan *pêndidikan nilai-nilai* luhur ingkang tukipun saking budâyâ bangsa Indhonésia piyambak. *Pêndidikan* gadhah ancas ngrêksâ, nggulawênthah *gênêrasi* mudhâ sâhâ alandhêsan ing *karakter* dhasar manungsa ingkang sumbêripun saking *nilai* agami ingkang kawastanan *thé goldên rule* sartâ gadhah ancas ingkang cêthâ, mênawi alandhêsan dhumatêng *nilai-nilai karakter* dhasar kasêbat. Sumbêr *nilai karakter* mênikâ saking agami, Pâncasila, ancasing *pêndidikan* nasional, sâhâ budâyâ (Saidek, 2016:159). Sumbêr *nilai karakter* ingkang sêpisan inggih mênikâ saking agami. Masarakat Indhonésia mujudakên masarakat ingkang gadhah agâmâ. Milâ saking mênikâ, pagêsangan sêcarâ *individhu*, masyarakat, punâpadéné bangsa mêsthi dipundhasari piwucal agâmâ sâhâ kapitadosanipun.

Sumbêr *nilai karakter* ingkang kaping kalih inggih mênikâ Pâncasila. Nêgari Kêsatuan Républik Indhonésia dipunjêgêgakên saking *prinsip-prinsip* pagêsangan bangsa sâhâ nêgari ingkang dipunsêbat Pâncasila. *Nilai-nilai* ingkang kamot wontên ing Pâncasila dados *nilai-nilai* ingkang ngatur pagêsangan babagan politik, ukum, ékonomi, masarakat, budâyâ sâhâ seni.

Sumbêr *nilai* ingkang kaping tigâ inggih mênikâ ancasing *pêndidikan* nasional. Undhang-Undhang RI Nomor 20 tahun 2003 ngrumusakên bilih fungsi

sâhâ ancas *pêndidikan* nasional kamot wontên ing pasal 3 ingkang nyêbataken bilih “*Pêndidikan* Nasional gadhah fungsi ngrêmbakaakên sâhê mbentuk watak lan pêradaban bangsa ingkang gadhah martabat minangka gêgêbengan kanggé damêl lantipun gêsang minangka bangsa, kanthi ancas kanggé ngrêmbakaakên *poténsi* para siswa supados dados manungsa ingkang gadhah kêimanan sâhâ takwa dhumatêng Gusti, gadhah akhlak saé, séhat, gadhah kawruh, *cakap*, ngulir budi, mandhiri, sâhâ dados warganing nêgari ingkang dhémokratis ugi gadhah raos tanggêl jawab.

Sumbêr *nilai* ingkang kaping sêkawan inggih mênika budâyâ. Sêdâyâ tumindakipun manungsa dipunlandhêsi *nilai-nilai* budâyâ ingkang dipunakêni déning masyarakat mênika piyambak. *Nilai-nilai* budâyâ mênika dipunndadosakên landhêsan kanggé sukâ makna dhumatêng satunggaling *konsép* anggènipun samidéne *komunikasi* antawisipun anggota masarakat (Kurniawan, 2016: 39-40). *Nilai-nilai karaktêr* botên uwal saking budâyâ bangsa Indonésia.

Warisan budâyâ jaman rumiyin kathah ingkang ngêmot *nilai karaktêr*. *Pêwarisan nilai karaktêr* ing salêbêting budâyâ prêlu dipuntindakakên supados sagêd dipundhudhah, dipunmangrêtos sâhâ dipuncakakên isinipun têmahan sagêd mumpangati tumrap pagêsangan ing jaman samênika. Kanthi makatên, angkahipun *nilai-nilai karaktêr* ing salêbêting budâyâ mênika sagêd dados taméng utawi sagêd *membentengi* tumrap *fenomena degradasi moral* ingkang dumados.

Budâyâ inggih mênika dâya saking budi ingkang wujudipun ciptâ, karsâ sâhâ râsâ (Koentjaraningrat, 1990: 181). Ki Hajar Déwantâra ngandharakên bilih budâyâ inggih mênika woh saking kaluhuran budi ingkang ancasipun ngupâyâ

kanggé ndandosi gêsangipun manungså (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2013:23). Asiling ciptå, kårså sårå rårå mênikå minångkå tilaran budåyå ingkang adiluhung. Salajengipun Ki Hajar Dewantårå, (2013:319) mahyakakên babagan wujudipun kabudayan. Miturut Ki Hajar Dewantårå wujud kabudayan wontên 3 (tiga) jinis: (1) wanuh utawi têtang dhatêng raos salêbêting batin utawi *moral*, (2) wanuh dhumatêng kêmajênganipun pangangên-angên, sårå (3) wanuh dhumatêng kapintêran. Ingkang kalêbêt kabudayan raos salêbêting batin inggih mênikå; agamå, adat istiadat, tåtå nêgårå, babagan sosial lan sanesipun. Kabudayan jinis pangangên-angên ing antawisipun inggih mênikå pêngajaran, kawruh bab bårå, *ilmu pêngêtahuan*. Kabudayan jinis kapintêran inggih mênikå kawruh têtanen, lêlayaran, sêni, lan sanes-sanesipun.

Kabudayan inggih mênikå wos saking tumidakipun manungså, mijil saking mênêping budi, alusipun pangraos, lantiping pamikir, sårå kiyatipun pikajêngan. Kathah sangêt warisan budåyå ingkang adiluhung mênikå. Salah sêtunggalipun inggih mênikå naskah. Piwucal-piwucal bab *pêndidikan karaktêr* kathah ingkang kamot wontên ing sêrat-sêrat awujud téks salêbêtipun naskah Jåwå. Naskah-naskah mênikå minångkå asiling budåyå saking masyarakat ing jamanipun. Asiling budåyå ingkang dipuntilarakên déning masarakat Jawi ing jaman rumiyin awujud *non fisik* punåpå déné *fisik*, sinêrat punåpå déné botên sinêrat (Baroroh-Baried, 1985: 9-10). Salah satunggal warisan *khasanah* budåyå ingkang awujud sêratan inggih mênikå naskah (Mulyani, 2014:144).

Naskah-naskah ingkang awujud karya sastrå jaman rumiyin mujudakên têtilaran budåyå ingkang nyimpên manekå warni babagan pagêsangan ing wêkdal

sêmantên (Soebadiyo, 1973: 6). Naskah minangka objek wisatâ tumraping para winasis. Naskah dipunwaos dening para panaliti minangka objek kajian sâha dipundhudhah isinipun (Marsono, 2008: 8). Darusuprta (1984:1) ngandharakên bilih naskah inggih mênikâ anggitan ingkang sinêrat astâ (carik) ingkang taksih asli punâpa déné salinanipun. Wondéné miturut Mulyani (2012: 1) naskah Jawi inggih mênikâ anggitan sinêrat tangan (carik), ingkang taksih asli punâpa déné sampun awujud salinanipun, ngêmot mawarni-warni bab ingkang mujudakên wohing kabudayanipun masarakat ing jaman rumiyin, dipunandharakên mawi aksârâ Jâwâ, aksârâ Arab Pégon, sâha aksârâ latin.


Minangka *pêrêkam* budâyâ bangsa kâlâ rumiyin, naskah ngêmot mawarni-warni bab aspék pagêsangan (Mulyani, 2014: 114). Bab mênikâ ugi dipunandharakên Baroroh-Baried, dkk (1984:54), bilih isi naskah mênikâ ngêmot mawarni-warni bab ingkang mujudakên wohing kabudayanipun masarakat jaman rumiyin kadostâ; (1) *politik*, (2) *ékonomi*, (3) ukum, (4) budâyâ, (5) *pêndidikan*, lan sanés sanésipun ingkang nêdahakên sêsambêtan kaliyan jaman sakmênikâ. Pramilâ kanggé mangêrtosi *nilai* budâyâ ingkang kamot wontên ing salêbêting naskah kunâ botên gampang. Pêrlu ngginakakên kajian ingkang mirunggan sâha têtiti. Andharan mênikâ kasêngkuyung dening pratelan ing ngandhap mênika:

Nilai budâyâ salêbêtipun naskah kunâ mujudakên pêrkawis ingkang narik kawigatosan minangka bahan kajian, awit kulâ panjênêngan sagêd ngrêmbag sadhéngah pêrkawis babagan piwucal ingkang sagêd dipunpanggihakên, kadostâ: bâsâ, sastra, filsafat, piwulang sâha sanés-sanésipun. Sinaosâ mêkatên, botên gampang sêdâyâ wau dipunpanggihakên. Kadhangkâlâ naskah-naskah kunâ ingkang

ngêmot *nilai* budâyâ mênikâ anggênipun mbabar botên sêcârâ mlâhâ utawi gamblang. Kangge mangêrtosi isi saking naskah dipunbêtahakên satunggaling panaliten ingkang têliti sêhâ cêrmat (Pudjiastuti, 2006). Naskah kunâ mujudakên asiling budâyâ pârâ leluhur ingkang isinipun ngêwrat maneka warni kawruh (Susilantini, 2013: 747). Saking andharan mênikâ cêthâ bilih ing salêbêtipun naskah kunâ ngêmot mapintên – pintên *nilai* budâyâ ingkang pêrlu dipunkaji kanthi mligi sâhâ têliti, supados mênâpâ ingkang kasêrat wontên ing salêbêtipun naskah – naskah kunâ sagêd dipunwaos déning masyarakat. Kanthi mêkatên, *nilai* – *nilai* budâyâ ing salêbêting naskah botên musprâ kêpârâ malah musnâ.

Nilai - nilai budâyâ ingkang kamot wontên ing salêbêtipun naskah kunâ wontên kathah sangêt. Behrend (1990) ngandharakên bilih adhêdhasar jinisipun naskah, naskah kunâ sagêd dipunpérang dados sêkawanwêlas; (1) sêjarah, (2) silsilah, (3) hukum sâhâ aturan, (4) wayang, (5) sastrâ wayang, (6) sastrâ, (7) piwulang sâhâ suluk, (8) agamâ Islam, (9) primbon sâhâ pawukon, (10) bâsâ, (11) lâlagon, (12) bêksan utawi jêjogédan, (13) adat istiadat, (14) lan sanésipun. Naskah Jawa jinis piwulang kathah sangêt kadostâ; *sêrat Wêdhâtâma*, *sêrat Tripâmâ*, *sêrat Cândrarini*, *sêrat Wulang Sunu*, *serat Wulang Putri*, *sêrat Sasânâ Sunu*, *sêrat Sasmitâ Wirnitiyâ*, *layang Sasmitâ titikâ*, lan sanésipun.

Layang Sasmitâ Titikâ koleksi Pêrustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta nomêr *kodeks* Bb.1.133 satunggaling naskah Jâwâ ingkang wosipun ngêmot babagan pagêsangan mliginipun piwulang budi pakarti. Andharan mênika sagêd dipun panggihakên wontên pérangan panutup saking naskah *layang Sasmitâ Titikâ*;



“Ing wusânâ sakéhing piwulang lan sêsulang kang kamot ing layang iki kabéh mugâ andadéknâ kapénaking laku mung kariyâ nêmu sukâ lan rahayu”.

Piwulang-piwulang ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* mênikâ kapérang dados gangsal pêrkawis, inggih mênika (1). *sasmitanipun tiyang badhé manggih sênêng punâpadéné sêdhih*, (2). *kadumugén punâpâ botên kadumugén sêdyanipun*, (3). *manggih bungah utawi susah*, (4). *manggih bêgjâ utawi cilâkâ*, (5). *dâwâutawi cêndhak umuripun*. Wos saking *layang Sasmitâ Titikâ* mênikâ dipunanggêp taksih cundhuk kaliyan kawontênan ing jaman sakmênikâ mliginipun kanggépêndidikan *karaktêr* wontên ing pawiyatan.

Panaliten dhumatêng *layang Sasmitâ Titikâ* koleksi Pêrustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta nomêr *kodeks Bb.1.133* nate dipuntindakakên dening Siti Sawilah (2016) kanthi irah-irahan” *Kajian Filologi Sâhâ Kawruh Sasmitâ Wontên ing Layang Sasmitâ Titikâ*”. Panaliten mênikâ winatês wontên ing: (1) damêl dheskripsi naskah sâhâ teks, (2) damêl translitêrasi teks, (3) damêl suntingan, (4) damêl terjêman, (5) damêl *deskripsi* isi teks kanthi ngginakakên *metodê* filologi. Adhêdhasar *suntingan* teks *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang sampun katindakakên dening Siti Sawilah, panaliti badhe nglajêngakên kajian kanthi ndhudhah wos mliginipun babagan *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* sâhâ cundhukipun

kaliyan *pendidikan karakter* wontên ing pawiyatan kanthi metodhe *Analisis Isi* (*Content Analysis*)

B. Undêraning Pêrkawis

Adhêdhasar dhasaring panalitén ingkang sampun kaandharakên ing nginggil sagêd katêmtokakên undêraning pêrkawis. Wondéné undêraning pêrkawis kados ingkang kaandharakên ing ngandhap mênika.

- a) *Nilai* budi pakarti mênika minangka satunggaling pêrkawis ingkang asipat *abstrak*.
- b) *Nilai karakter* sampun botên dipunanggêp kêparâ dipuntilarakên.
- c) *Naskah* minangka *téks* ingkang sinêrat wosipun ngrêmbag katrangan manéka warni gayut kaliyan gêsangipun manungsa.
- d) Nyinau *naskah* sagêd dados sumbêr manggihakên piwucal-piwucal babagan *nilai-nilai* budi pakarti ingkang sagêd dipuncakakên wontên gêsang padintênan ing jaman samênika.

C. Watêsaning Pêrkawis

Adhêdhasar undêraning pêrkawis ing nginggil sagêd katêmtokakên watêsaning pêrkawis inggih mênika :manggihakên *nilai-nilai* budi pakarti wontên ing *layang Sasmita Titika* sâhâ cundhukipun kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karakter* ingkang dipungrêmbakakên wontên pawiyatan miturut Undhang-Undhang N0. 20 tahun 2003.

D. Wosing Pêrkawis

Wosing pêrkawis panalitén mênika adhêdhasar undêraning pêrkawis sâhâ watêsaning pêrkawis. Wosing pêrkawis ing panalitén inggih mênika :

- a) *Nilai-nilai* budi pakarti mênâpâ kémawon ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*?
- b) Mênâpâ cundhukipun *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot ing *layang Sasmitâ Titikâ* kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên pawiyatan miturut Undhang-Undhang NO. 20 tahun 2003.

E. Ancasing Panaliten

Adhêdhasar wosing pêrkawising nginggil, salajêngipun dipunpêndhêt ancasing panalitén inggih mênikâ,

- a) Manggihakên *nilai-nilai* budi pakarti wontên *layang Sasmitâ Titikâ*.
- b) Ngandharakên *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot ing *layang Sasmitâ Titikâ* cundhukipun kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* wontên pawiyatan miturut Undhang-Undhang NO. 20 tahun 2003

F. Paédahing Panalitén

Paédah saking asiling panalitén mênikâ sagêd dipunandharakên dados kalih, inggih mênika *paédah téoritis* sâhâ *paédah praktis*.


1) Paédah téoritis

Panalitén mênikâ dipunajap sagêd dados cêpêngan ugi tambahan sêsêrêpan tumrap pârâ siswâ sâhâ dwijâ babagan *nilai-nilai* budi pakarti kangge mawujudakên manungsâ ingkang gadhah budi pakarti sâhâ *karaktêr* sae.

2) Paédah praktis

- a) Panalitén mênikå dipunajap sagêd sukå gambaran dhumatêng pårå pamaos ingkang badhé mangêrtosi wosing *layang Sasmitå Titikå* mliginipun babagan *nilai-nilai* budi pakarti.
- b) Andharan babagan *nilai-nilai* budi pakarti wontên ing *Layang Sasmitå Titikå* kaajab sagêd sukå sumbangan tumrap masarakat kanggé mujudakên gènêrasi mudhå ingkang gadhah *karaktêr* saé sårå luhur.
- c) Kangge nglêstantunakên sårå ndherek nguri uri salah satunggaling tilaran budåyå pårå lêluhur awujud karya naskah .

Tabel. 1 Alur Bab I



BAB II

GÊGARAN TEORI

A. Kajian Teori

1. *Nilai-Nilai Budi Pakarti*

a. *Nilai*

Manungså dipunaosi dening tiyang sanes saking tumindakipun. Poedjawiyatna, (1982: 13) ngandharakên bilih tumindak mênikå dipunaosi adhêdhaar (1) endah punåpå botênipun; dipunwastani *nilai estetis*, (2) sehat utawi sakit dipunsêbat *nilai medhis*, (3) lêrês utawi lêpat dipunsêbat *nilai intêlektual*, sårå (4) sae utawi awon dipunsêbat *nilai etis* utawi *moral*. Sacårå *etimologi*, *nilai* utawi *value* ing basa Inggris sårå (*valere*) ing basa Latin têngêsipun pangaji (Mulyana, 2011: 7).

Nilai inggih mênikå satunggaling bab ingkang asipat *abstrak*. *Nilai* dipunpapanakên ing idhe utawi *gagasan* sårå pênggalihan. Mulyana (2011:78) ngandharakån bilih *nilai* inggih mênikå minångkå acuan sårå kapitadosan manungså kangge nêmtokakên satunggaling pilihan. Acuan mênikå awujud norma, *etika*, aturan-aturan, adat istiadat, aturan agåmå, sårå acuan sanesipun ingkang wigati sårå dipunraosakên gadhah pangaji tumrapping manungså.

Notonagårå lumantar Sutrisnå Wibåwå (2013: 26) mahyakakên bilih *nilai* sagêd dipunbedakakên dados 3 pêrkawis, inggih mênikå:

- 1) *nilai material*, inggih mênikå satunggaling bab ingkang migunani tumrap gêsang jasmani manungså.

- 2) *nilai vital*, inggih mênikå satunggaling bab ingkang migunani tumrap manungsa kangge nindakakên *aktifitas* utawi kegiatan wontên ing gêsang manungsa.
- 3) *nilai karohanen*, inggih mênikå sêdâyå bab ingkang migunani tumrap gêsang rohani manungsa. *Nilai* karohanen dumados saking 4 *nilai*; (a) *nilai* ingkang kaanggêb lêrês inggih mênikå *nilai* ingkang sumbêripun saking akal manungsa, (b) *nilai* kaendahan inggih mênikå sêdâyå bab ingkang sumbêripun saking raosipun manungsa, (c) *nilai* kasaenan utawi *nilai moral* inggih mênikå sêdâyå kemawon ingkang sumbêripun saking kêkajênganipun manungsa , sâhå (d) *nilai religius* inggih mênikå sêdâyå kemawon ingkang mujudakên *nilai* paling inggil sâhå mutlak .

Alisyahbana lumantar Sutrisnå Wibåwå (2013: 26) ngandharakên bilih wontên ênêm *gugus nilai*; inggih mênikå (1) *nilai-nilai teoritis* utawi *gugus kawruh pangêrtosan* ingkang dipunbiji lumantar lêrês-lêpat, (2) *nilai-nilai ekonomis* utawi *gugus nilai-nilai ekonomi* ingkang sagêd dipunbiji lumantar mênåpå pêrkawis mênikå sagêd sukå bathi utawi botên, kanthi *kritêria* bathi-tunå, (3) *nilai-nilai religius* utawi *gugus nilai* agåmå minångkå *nilai* paling inggil, (4) *nilai-nilai estetik* utawi *nilai* *gugus seni* ingkang sagêd dipuntingali saking endah sâhå botên endahipun, (5) *nilai-nilai politis* utawi *gugus nilai* panguwåså; ingkang kalêbêt *nilai positif* inggih mênikå gadhah panguwåså dene ingkang *negatif* inggih mênikå dados tundhuk dhumatêng panguwaos, (6) *nilai-nilai sosial* utawi *gugus nilai solidaritas*, mujudakên *nilai* ingkang nêmtokakên *positif* utawi *nêgatif* salêbêtipun sambung srawung kaliyan tiyang sanes. 6 (ênêm) *gugus nilai* mênikå

lumantar manekå warni wujudipun sagêd nêmtokakên sistim *nilai* utawi *sistim moral* ingkang mligi wontên ing sabên kapribaden, sabên kêlompok sosial, sâhå sabên kabudayan.

Reimer, Paolitto, sâhå Hersh (1983: 84) ngandharakên sêdåså prakawis *moral* sacårå *univêrsal*, inggih mênikå (1) hukum sâhå aturan, (2) hati nurani, (3) dhisiplin, (4) kawibawan, (5) kesopanan, (6) prajanjen, kapitadosan, sâhå hukum ingkang pêsthi, (7) ukuman, (8) *nilai-nilai* pagêsangan, (9) têrtib sâhå ngajeni, sâhå (10) kajujuran. Kluckhohn lumantar Rohmat Mulyana (2011: 10) ngandharakên bilih *nilai* mujudakên *konsepsi* tersirat utawi tinulis ingkang sipatipun bedakakên indhividhu utawi ciri kelompok saking pêpenginan ingkang mangaribawani pilihan tumrap carå, sâhå ancas.

Nilai ingkang badhe dipunginakakên minångkå landhesan teori ing panaliten mênikå inggih *nilai* ingkang gayut kaliyan pilihan tumindak sae utawi awon (*nilai etika*). Miturut Sutrisnå Wibåwå (2010:73) bilih ngrêmbag babagan *nilai* botên sagêd uwal saking *nilai moral* utawi *etis*. *Nilai moral* mujudakên *nilai* ingkang paling *inggil*. *Nilai moral* gadhah ciri (1) gayut kaliyan kapribaden manungså ingkang gadhah tanggêl jawab, (2) gayut kaliyan nurani, (3) majibakên manungså sacårå *absolut* ingkang botên sagêd dipuntaros malih, sâhå (4) asipat formal. *Nilai moral* rakêt sangêt kaliyan tumindak sae utawi awon.

Pangêrtosan saking tumindak sae utawi awon mênikå dipunsêbat kêsadharan *etis* utawi *moral* (Poedjawiyatna, 1982: 27). Kesadharan *moral* utawi *etis* mênikå rakêt sangêt hubunganipun kaliyan tanggêl jawab pribadi dhumatêng tiyang sanes. Tanggêl jawab mênikå kedah dipunwujudakên wontên gêsang

sinaosá wontên akibat ingkang badhe dipuntampi, sagêd sae utawi awon. *Nilai* sae utawi awon sumbêripun wontên kalih, (1) *nilai* normatif ingkang sumbêripun saking asil pikiranipun manungsá naliká nâta pagêsangan sosial, sâhá (2) *nilai preskriptif* ingkang sumbêripun saking wahyu (Mulyana, 2011: 21).

Wontên sawêtawis pamanggih bab *nilai* sae utawi awon, ing antawisipun inggih mêniká; (1) *hedonisme*; ukuran sae utawi awonipun tumindak adhêdhasar kanikmatan sâhá kamarêman rásá; (2) *utilitarisme*; ukuranipun sae meniká ingkang gadhah manfaat utawi migunani; (3) *vitalisme*: ukuranipun sae inggih mênika ingkang nggambarakên kakiyatan wontên ing gêsangipun manungsá; (4) *sosialisme*: ukuranipun sae inggih mêniká anggapan saking satunggaling masarakat. Inkang lumrah dipunanggêp sae dening masarakat inggih mêniká ingkang dipunsarujuki; (5) *religiosisme*: tumindak dipunanggêb sae awit laras kaliyan karsanipun Gusti, dene ingkang botên laras kaliyan karsanipun Gusti dipunanggêp tumindak awon; (6) *humanismê*: tumindak ingkang sae inggih mêniká ingkang laras kaliyan kodrat manungsá inggih kamanungsanipun. Tumindak sae mêniká kajumbuhakên kaliyan nuranipun manungsá. Kanthi mêniká, tumindak dipunwastani sae awit sêlaras kaliyan dêrajad manungsá ingkang gadhah sipat kamungsan (Poedjawiyatna, 1982: 43-49).

Babagan *nilai*, wontên sawêtawis pamanggih saking para sarjánâ, ing antawisipun inggih meniká: Sutrisná Wibâwâ (2013: 25) ngandharakên, *nilai* inggih mêniká satunggaling bab ingkang narik kawigatosan, satunggaling bab ingkang dipunpadosi, satunggaling bab ingkang ngrêmênakên, satunggaling bab ingkang dipunrêmêni sâhá dipunpengini, cêkkipun *nilai* inggih mêniká

satunggaling bab ingkang sae. Bertens lumantar Sutrisna Wibawa (2013: 25) ngandharakên bilih *nilai* inggih mênika satunggaling bab ingkang dipunraosakên utawi dipunsarujuki. *Nilai* mêsthi gadhah *konotasi* sae, kosok wangsulipun satunggaling bab ingkang dipunsingkiri, satunggaling bab ingkang ndadosakên tiyang nêbihi utawi endha kadosta panandhang, sêsakit, utawi pêpêjah inggih mênika kasebat non-*nilai*.

Zaim Mubarak, (2013: 7) ngandharakên bilih *nilai* dipunpantaha dados 2 (kalih) perangan agêng, inggih mênika *nilai-nilai* nurani utawi *values of being* kaliyan *nilai-nilai* pêparing utawi *values of giving*. *Nilai-nilai* nurani inggih mênika *nilai* ing salêbêtipun dhirinipun manungsa ingkang salajêngipun ngrêmbakâ dados patrap utawi pêrilaku saha sukâ tumindak ugi panganggêp dhumatêng tiyang sanes. *Nilai-nilai* pêparing inggih mênika *nilai* ingkang kêdah dipuncakakên utawi dipunparingakên salajêngipun badhe dipuntampi dening tiyang sanes (Linda, 1995).

Budiono Kusumohamidjojo (2009:150) ngandharakên bilih *nilai* inggih mênika satunggaling pêrkawis ingkang wigatos, dipunanggêp sae, gadhah aji ingkang inggil, kêdah dipuncakakên, dipungayuh, utawi sakbotênipun dipunajap kados makatên. *Nilai* ugi sagêd dipunandharakên minangka kaistimewaan, inggih mênika mênapa ingkang dipunajeni, dipunawisi kanthi tumêmên, minangka satunggaling kasaenan, inggih badhe dados satunggaling *nilai* punapa dene kosok wangsulipun awon.

Sami kaliyan pamanggihipun Budiono Kusumohamidjojo, Tie Liang Gie (1982:159) ngandharakên bilih *nilai* inggih mênika satunggaling bab ingkang

ndadosakên manungså gadhah raos minat utawi *interest*, satunggaling pèrkawis ingkang dipunrêmêni; *preference*, raos marêm; *satisfaction*, pèpenginan; *desire*, kanikmatan; *enjoyment*. *Nilai* dipunginakakên kangge paugêran bab tumindak ingkang lèrês sâhå adil satêmah botên sagêd uwal saking sumbêr asalipun, inggih mênikå awujud *nilai* ajaran agami, *logika*, *norma-norma* ingkang lumampah wontên ing masyarakat. Bandhana (2011), ngandharakên bilih *nilai* inggih mênikå perangan *integral* saking pèrilaku sâhå sagêd dipuntêgêsi minångkå *prinsip*ipun manungså utawi sagêd dipunsêbat minångkå *standar* pèrilaku. *Nilai* mujudakên *elemen* dhasar kangge nêmtokakên sêdâyå tumindakipun manungså, utaminipun tindakan *etis*, atêgês tumindak adhêdhasar sae utawi awon.

Gordon Allport lumantar Mulyånå (2011: 9) ngandharakên bilih *nilai* inggih mênikå raos yakin ingkang ndadosakên manungså tumindak adhêdhasar pilihanipun piyambak. *Nilai* dumados wontên ing wilayah *psikologis* ingkang dipunsêbat kêyakinan. Kanthi kêyakinan mênikå manungså sagêd tumindak lèrês utawi lêpat, sae punâpadene awon, endah punâpâ botên, sêdâyå mênikå dipunlandhêsi saking pilihanipun. Kuperman (1983) ngandharakên bilih *nilai* inggih mênikå paugêran *normatif* ingkang mangaribawani manungså salêbêtipun nêmtokakên pilihanipun.

Padmopuspito lumantar Widiyono (2013: 233), ngandharakên bilih *nilai* mênikå awujud ajaran, pêsên, sâhå *nilai-nilai* pagêsangan ingkang sagêd dipunginakakên minångkå *bahan* piwulang. Poerwadarmintå (1984: 677) ngandharakên têngêsipun *nilai*, salah satunggalipun bilih *nilai* mênikå minångkå sipat-sipat ingkang wigatos utawi migunani tumrapping kamanungsan. *Nilai* rakêt

sangêt kaliyan *moral*. *Nilai moral* wontên gayutanipun kaliyan mênâpâ ingkang prayogi botên dipuntindakakên awit wontên sambêtipun kaliyan *prinsip moralitas* ingkang kêdah dipunjêjêgakên (Wiramiharja, 2007: 158). Soejadi (1999:14) ngandharakên bilih *nilai* ingkang têngêsipun sae utawi awon rakêt sangêt kaliyan *etika* utawi *moral*.

Etika sukâ pêmahaman dhumatêng kasusilan, dene *moral* sukâ piwucal babagan kasusilan punâpâdene kabêcikan (Suseno, 1993: 14). *Moral* inggih mênikâ ajaran utawi wêjangan, khotbah, paugêran-paugêran, kêmpalan pandom inggih lisan punâpâdene sinêrat ingkang isinipun babagan kadospundi manungsâ gêsang sâhâ tumindak murih dados manungsâ ingkang sae (Suseno, 1987: 14) .

Nilai inggih mênikâ *prinsip-prinsip sosial*, ancas-ancas, utawi standar ingkang dipunginakakên utawi dipuntampi dening *indhividhu*, kelas, masarakat lan sanes-sanesipun (Fitri, 2012: 87). *Nilai* minangkâ hakikat satunggaling bab ingkang ndadosakân pêrkawis mênika pantês dipuntindakakên dening manungsâ (Driyarkara, 1966: 38). *Nilai* aji sangêt tamrap gêsanging manungsâ, pramilâ pêrkawis *nilai* mênikâ wigatos sangêt. *Nilai-nilai* ingkang lumampah wontên gêsanging manungsâ kêdah dipunlêstantunakên. Cârâ kangge ngrêmbakakakên *nilai* salah satunggalipun kanthi *pêndidikan karakter*.

Mênggah ngrêmbakanipun *nilai* wontên ing dhirinipun manungsâ wontên 4 (sêkawan) tahapan, Bull (1969). Sêkawan tahap inggih mênikâ;

- a) Tahap *anatomi*, inggih mênikâ tahap *nilai* ingkang enggal atêgês *nilai* mênikâ nembe awujud potensi ingkang sampun siyap dipunkêmbangakên.

- b) Tahap *hitêronomi*, inggih mênikå tahap *nilai* ingkang potensial, tahap mênikå dipunkêmbangakên lumantar pandom utawi aturan murih ingkang nindakakên gadhah raos taat ing paugêran.
- c) Tahap *sosionomi*, inggih mênikå tahap *nilai* ngrêmbåkå ing sakmadyaning kancå punåpadene masarakatipun.
- d) Tahap *otonomi*, inggih mênikå tahap *nilai* sampun ngisi sårå ngêndhaleni nurani sårå pikajêngan tånpå wontên pêksan saking sakiwå têngênipun.

Pamangih-pamanggih babagan *nilai* wontên ing nginggil sagêd dipunmangêrtosi bilih *nilai* inggih mênikå satunggaling bab ingkang asipat *abstrak* ananging sagêd dipunraosakên dening sêdayå manungså, *nilai* rakêt sangêt kaliyan pêrkawis *etika* sårå *moral* atêgês kangge nuntun tumindakipun manungså dhumatêng tumindak sae sårå nyingkiri tumindak awon. Tumindak sae utawi awon saking manungså linambaran pilihanipun piyambak. Pilihan mênika dipunlandhêsi sikap ingkang pênuh ing tanggêl jawab sårå katindakakên kanthi nurani minangkå jêjeripun manungså kanthi sipat kamanungsanipun.

Nilai mangaribawani dhumatêng tumindakipun manungså, awit *nilai* gadhah makna ingkang aji sårå ngêwrat samukawis babagan kasaenan. Andharan ing nginggil minangkå pancadan kangge ndhudhah teks *layang Sasmitå Titikå* ingkang isinipun ngêmot piwucal. Piwucal-piwucal mênikå mujudakên tuntunan tumrap manungså kangge tumindak linandhêsan pilihan, badhe tumindak sae utawi kosok wangsulipun awon.

b. Budi Pakarti

Budi pakarti asalipun saking têngbung budi sâhâ têngbung pakarti. Têngbung budi têngêsipun (1) piranti batin minangkâ wujud manunggalipun akal sâhâ pangraos kangge nimbang bab ingkang sae sâhâ awon; (2) watak; tabiat; akhlak; (3) tumindak sae; (4) dâya kupiyâ; ikhtiyar; sâhâ (5) akal têngêsipun cêrdhik. Têngbung pakarti têngêsipun (1) pêngangai; tabiat; akhlak; watak; (2) tumindak. Kalih têngbung mênikâ sasampunipun dipungarbâ dados budi pakarti têngêsipun tingkah laku; pêngangai; akhlak.

Têngbung budi pakarti asalipun saking bâsâ Melayu ingkang têngêsipun pêngangai, tabiat, akhlak sâhâ watak (KBBI, 1991: 658). Zoetmulder (1995) ngandharakên, 2 (kalih) pangêrtosan têngbung budi sâhâ pakarti gayut kaliyan konsêp budâyâ sâhâ sipat pribadi manungsa utawi *indhividhu* anggota masarakat. Têngbung budi mujudakên perangan saking *konsep*. Budi pakarti asalipun saking bâsâ Jâwâ Kuno, *Buddhi* ingkang têngêsipun kêkiyatan kangge mbangun sâhâ piranti kangge nyimpên wohing pikiran, kalantipan, akal budi, pangeling, pamanggih, pangraos, gêngayuhan, pangangên-angên, watak, tabiat, sâhâ pikajêngan. Kanthi makatên budi pakarti mênikâ minangkâ satunggaling bab ingkang wigatos sangêt tumrap gêsanging manungsa, inggih minangkâ jêjêring makhluk pribadi punâpadene makhluk sosial. Budi pakarti manungsa badhe katingal wontên ing sikap sâhâ tumindakipun. Manungsa ingkang gadhah budi pakarti sae badhe tansah tumindak sâhâ mênggalih kanthi sae. Kosok wangsulipun manungsa ingkang sikap sâhâ tumindakipun botên sae, nêdahaken bilih budi pakartinipun ugi botên sae (Suyami, dkk.,2015: 1).

Budi pakarti mujudakên tumindak manungså wontên ing gêsang padintênan inggih salêbêtipun mêmitran kaliyan tiyang sanes punâpâ dene kaliyan Gusti Allah. Salêbêtipun mêmitran mênikå têmtu wontên *etika* utawi tâtå cârâ ingkang sampun dipusarujuki dening anggotanipun. Wujudipun *etika* utawi tâtå cârâ inggih mênikå norma utawi aturan ingkang lumampah wontên ing lingkungan kulåwargå, pawiyatan punâpådene masarakat.

Budi pakarti wujudipun pêrangai, tabiat, sâhå sikap ingkang mijil saking dhiri pribadi tanpâ dipundamêl-damêl awit sampun dados pakulinan. Wontên ing gêsang padintênanpun manungså sagêd dipunmangêrtosi budi pakartinipun sae utawi awon. Kanthi mangêrtosi sâhå mbedakakên langkung-langkung ngêcakakên budi pakarti ingkang sae sâhå lêtês manungså anggenipun mbangun mêmitran kaliyan tiyang sanes punâpådene kaliyan Gusti Allah badhe manggih ing karaharjan.

Pusat Pêngembangan Kurikulum dan Sarånå Pêndidikan (1997: 12), ngandharakên bilih budi pakarti têtêgêtipun minångkå sikap sâhå patrap ing sabên dintênipun inggih pribadi, kulåwargå, masarakat, punâpådene bangsa. Budi pakarti ngêwrat *nilai-nilai* ingkang lumampah sâhå dipunanut minångkå wujud jati dhiri, *nilai* persatuan sâhå kêsatuan *intêgritas*, sâhå sambung sacârå lumintir kaliyan wêkdal ingkang badhe dhatêng ing salêbêtipun *sistim moral*, sâhå dados pandom patrapipun manungså Indhonesia kangge gêsang ing masarakat, bangsa, sâhå nêgari kanthi sumbêr ajaran sâhå falsafah Pancasila ugi dipunilhami dening ajaran agåmå sâhå budåyå Indhonesia.

Soegarda Poerbakawatja (1976: 5) ngandharakên bilih budi pakarti inggih mênikâ mujudakên kasusilan ingkang nyakup prakawis batin sâhâ patrapipun manungsâ ingkang sikap batin sâhâ lairipun laras kaliyan *etika* sâhâ *moral*. Têgêsipun, bilih manungsâ ingkang sampun dumugi ing tataran mangêrtosi babagan kawruh ingkang sae punâpâ dene ingkang awon mênikâ dipunsêbat manungsâ sampun gadhah kêsadharan *etis* utawi kêsadharan *moral* (Poedjawiyatna, 1982: 26).

Budi pakarti mujudakên sikap sâhâ patrap manungsâ, wontên ing kulâwargâ, punâpâdene masarakat ingkang rakêt sangêt kaliyan *norma* sâhâ *etika*. Kanthi makatân budi pakarti mênikâ ngrêmbag *nilai-nilai* patrapipun manungsâ ingkang sagêd dipunukur sae sâhâ awon lumantar ukuran norma agâmâ, kukum, tâtâ krâmâ sâhâ sopan santun, utawi norma budâyâ adat istiadat satunggaling masarakat utawi bangsa (Munawaroh, 2013: 12). Budi pakarti mujudakên aspek ingkang samidene gayut wontên ing cak-cakanipun inggih ing pikiran, pocapan, patrapipun. Budi pakarti mulâ bukanipun saking pangêrtosan lumantar sinau utawi *kognitif*. Kanthi sinau babagan *nilai-nilai* ingkang sae sâhâ sagêd mbedakakên kaliyan *nilai-nilai* ingkang awon salajêngipun ngrêmbâkâ wontên ing sikap utawi *afektif*. Wontên ing ranah *afektif* mênikâ *nilai-nilai* ingkang sae mênikâ dipunhayati salajêngipun dipuncakakên wontên ing gêsang padintênan. Kanthi nindakakên kasaenan-kasaenan ing sabên dintênipun kaajab dados pakulinan ingkang ajêg dipuntindakakên.

A. Tabrani Rusyan, dkk (tt.: 3), ngandharakên bilih budi pakarti inggih mênikâ pikajênganipun manungsâ ingkang sampun dados pakulinan tanpâ

mbêtahakên têtimbangan pikiran langkung rumiyin, atêgês tumindak mênikå dipuntindakakên kanthi jiwå ingkang sadhar, botên pêksan. Budi pakarti sagêd dipunsêbat ugi minångkå *kualitas* tumindak, pocapan, sårå patrapipun manungså ingkang gadhah *nilai* utåmå utawi nistå.

Budi pakarti inggih mênikå alus sårå kasaripun pêrasaan ingkang sagêd dipuntingali lumantar pocap punåpådene patrapipun manungså. Mênawi pocap sårå patrap ingkang dipuntindakakên sae nêdahakên bilih budi pakartinipun ugi sae. Kosok wangsulipun saumpami pocap sårå patrapipun awon nêdahakên bilih budi pakartinipun ugi awon. Budi pakarti sagêd dipunmaknani minångkå tumindak ingkang dipunbimbing dening pikiran, tumindak ingkang mujudakên *realisasi* saking isinipun pikiran; tumindak ingkang dipunkëndaleni dening pikiran (Muhtadi, TT: 5).

Imam Budi Santosa (2011: 100), sukå pamanggih bilih budi pakarti sagêd dipunpahami minångkå patrap, pêrangai, tabiat, akhlak, utawi watak ingkang mijil minångkå pêwujudan saking akal, pikiran, sårå pangraosing manungså ingkang kuwawi nimbang sae sårå awon. Budi pakarti minångkå dhasaring *moral* tumrap manungså kangge nglampahi gêsang. Budi pakarti minångkå pirantining batin mujudakên manunggalipun akal sårå pikiran kangge nimbang sae utawi awon. Budi pakarti mênikå piranti kangge ngêndhaleni manungså nalikå tumindak. Budi luhur badhe ngangkat manungså dhumatêng pakarti luhur, kosok wangsulipun budi ingkang nistå badhe nuntun manungså dhumateng pakarti ingkang nistå ugi (Supriyoko, 2000: 1-3). Pramilå, budi pakarti kêdah ngginakakên sarat-sarat ingkang laras kaliyan jiwå *kêbangsaan* tumuju dhatêng kasucen, katêrtiban, sårå

katêntreman lair batos, botên namung sarat ingkang sampun wontên lan pranyâta sae, ananging ugi sarat-sarat jaman sakmênika ingkang gadhah munfangat sâha laras kaliyan maksud ugi ancasipun (Majelis Luhur Tamansiswa, 2013: 15). Ancas budi pakarti inggih mênika ngupiyâ kadospundi manungsâ sagêd tumindak laras kaliyan kaidah-kaidah *moral* (Megawangi, 2004: 80).

Budi pakarti mujudakên landhasan *moral* tumrap manungsâ nalika nglampahi gêsangipun. Budi pakarti minangkâ piranti batos ingkang mujudakên tuntunan akal sâha pikiran kangge nimbang sae utawi awon. Dados, budi pakarti minangkâ piranti kangge ngêndhaleni manungsâ salêbêtipun tumindak. Têgêsipun, budi pakarti minangkâ piranti kangge rêrêsik dhiri saking sipat-sipat ingkang botên sae. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti luhur badhe kwagang mikir sacâra sae, *optimis*, sâha kêbak ing kapitadosan dhatêng dhiri pribadinipun têtah jiwaniipun dados *stabil* (Nurwanti, 2013: 96). Tiyang ingkang gadhah budi pakarti luhur badhe tansah ngupiyâ kangge *Hamemayu Hayuning Bawana* (Suyami, 2006: 112). Budi pakarti dipunpahami minangkâ bab ingkang wontên gêgayutanipun kaliyan kapribaden (Syafri Sairin, 2000: 4). Kanthi budi pakarti sae ndadosakên manungsâ gadhah;

- 1) têtêp, antêp sâha mantêp. Katêtêpan pikiran sâha batos mênika ingkang nêmtokakên kualitas manungsâ, lan sakumpami raos têtêp sâha antêp mênika sampun wontên milâ raos mantêp badhe nyarêngi.
- 2) Ngandêl, kandêl, kêndêl, sâha bandêl, têtêgêsipun pitados utawi ngandêl badhe sukâ prinsip ingkang jêjêg, milâ anndadosakên kêndêl utawibotên

ajrih sâhâ bandêl, botên gampil asrah bongkokan lan tumindak tawakal badhe nyarêngi.

- 3) Nêng, ning, nung, nang; sucining pikiran sâhâ batos ingkang kagayuh lumantar wêningipun batos ndadosakên pikantuk panguwaos, lan sakumpami tigâ-tiganipun sampun kagayuh milâ sasap utawi unggul badhe kasêmbadan (Majelis Luhur Tamansiswa, 2013: 14).

Adhêdhasar pamanggih-pamanggih babagan budi pakarti ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih budi pakarti inggih mênikâ tabiat, sikap, pêrangai, akhlak, utawi watak ingkang mijil minangka pêrwujudan saking akal, pikiran, sâhâ pangraosing manungsâ nimbang sae sâhâ awon. Budi pakarti minangka dhasaring *moral* tumrap manungsâ kangge nglampahi gêsang. Budi pakarti dados piranti batin ingkang mujudakên manunggalipun akal sâhâ pikiran kangge nimbang sae utawi awon. Kanthi budi pakarti, manungsâ saged dipunwastani gadhah watak utâmâ, madyâ utawi nisthâ. Budi luhur badhe ngangkat manungsâ dhumatêng pakarti luhur, kosok wangsulipun budi ingkang nisthâ badhe nuntun manungsâ dhumatêng pakarti ingkang nisthâ

c. Nilai-Nilai Budi Pakarti

Nilai budi pakarti inggih mênikâ satunggaling bab ingkang asipat *abstrakawit* mujudakên tabiat, sikap, pêrangai, akhlak, utawi watak ingkang mijil minangka pêrwujudan saking akal, pikiran, sâhâ pangraosing manungsâ nimbang sae sâhâ awon. *Nilai* budi pakarti mênikâ sagêd dipunraosakên dening sêdâyâ manungsâ, *nilai* rakêt sangêt kaliyan pêrkawis *etika* sâhâ *moral* atêgês kangge nuntun tumindakipun manungsâ dhumatêng tumindak sae sâhâ nyingkiri

tumindak awon adhêdhasar pilihan. Pilihan mênika dipunlandhêsi sikap ingkang pênuh ing tanggêl jawab sâhâ katindakakên kanthi nurani minangkâ jêjeripun manungsâ kanthi sipat kamanungsanipun. Manungsâ anggenipun tumindak linandhêsan pilihan, badhe tumindak sae utawi kosok wangsulipun awon.

Nilai budi pakarti minangkâ dhasaring *moral* tumrap manungsâ kangge nglampahi gêsang. Budi pakarti dados piranti batin ingkang mujudakên manunggalipun akal sâhâ pikiran kangge nimbang sae utawi awon. Kanthi budi pakarti, manungsâ saged dipunwastani gadhah watak utâmâ, madyâ utawi nisthâ. Budi luhur badhe ngangkat manungsâ dhumatêng pakarti luhur, kosok wangsulipun budi ingkang nisthâ badhe nuntun manungsâ dhumatêng pakarti ingkang nisthâ. *Nilai* Budi pakarti sagêd dipunmaknani minangkâ tumindak ingkang dipunbimbing dening pikiran, patrap, ingkang mujudakên *realisasi* saking pikiran utawi tumindak ingkang dipunkêndhaleni dening pikiran tumuju dhumatêng patrap sae utawi awon (Munawaroh, 2013:11)

Salah sêtunggal sumbêr *nilai* budi pakarti inggih mênikâ saking budâyâ. Warisan budâyâ ing jaman rumiyin kathah ingkang ngêmot *nilai* budi pakarti. *Pêwarisan nilai karaktêr* ing salêbéting budâyâ prêlu dipuntindakakên supados sagêd dipundhudhah, dipunmangrêtosî sâhâ dipuncakakên isinipun têmahan sagêd mumpangati tumrap pagêsangan ing jaman samênikâ. Kanthi makatên, ing pangajab *nilai-nilai* budi pakarti ing salêbéting budâyâ mênikâ sagêd dados taméng utawi sagêd *membentengi* tumrap *fenomena degradasi moral* ingkang dumados. Salah setunggal warisan budayâ ingkang ngêmot piwucal babagan *nilai-nilai* budi pakarti inggih mênikâ *layang Sasmitâ Titika*. *Nilai-nilai* budi pakarti

wontên ing *layang Sasmita Titika* ing antawisipun; (1) njagi aosing dhiri;(2) njagi sucining dhiri;(3) srêgêp; (4) jujur/blâkâ;(5) sabar;(6) Kêndêl; (7) sopan santun; (8) nglênggânâ manawi lêpat; (9) Ttaat/patuh; (10) nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti; (11) kurmat-kinormatan; (12) têlaten; (13) gêmi; (14) eklas ; (15) tanggung jawab; (16) mandhiri; (17) sêngkud; (18) trêp kaliyan paugêran; (19) bêkti; (20) mêmmitran; (21) prasaja; (22) lilâ eklas nindakakên pangurbanan; (23) rêmên têtulung; (24) adil; (25) andhap asor sâhâ (26) wicaksânâ.

Tim *Pêngembangan Budi Pekerti Pemerintah Daerah Istimewa Yogyakarta* lumantar Yustrina Hastrini Nurwanti (2013: 97) bilih *konsep nilai budi pakarti* dumados saking 12 (kalih wêlas) aspek inggih mênikâ; (1) labuh labêt, (2) kajujuran, (3) sopan santun, (4) toleransi, (5) trêp dhatêng paugêran, (6) ekhlas, (7) tanggêl jawab, (8) guyup rukun, (9) têpa salirâ, (10) êmpan papan, (11) tâtâ krâmâ, sâhâ (12) gotong royong.

Pandom *Pembinaan Akhlak Mulia* tumrap Siswâ dipunandharakên bilih wontên 20 (kalih dâsâ) *akhlak mulia* pârâ siswâ ingkang dipundhasari saking *nilai-nilai univêrsal* kangge tumindak sae sâhâ gadhah munfangat tumrap gêsanging manungsâ utawi siswâ wontên ing masarakat, bângsâ sâhâ nâgari. 20 (kalih dâsâ) *akhlak mulia* mênikâ; (1) jujur (blâkâ), inggih mênikâ ngaturakên mênâpâ wontênipun laras kaliyan nuranipun; (2) eklas, inggih mênikâ tumindak ingkang dipunlampahi kanthi tanpâ pamrih, kêjawawi pangajêng-ajêng bêrkah saking Gusti; (3) andhap asor, têngêsipun tumindak ingkang nêdahakên sipat ingkang kosok wangsul kaliyan jumawâ utawi gumêdhe; (4) asih trêсна, inggih mênikâ pêrduli kaliyan titah ciptaanipun Gusti Allah; (5) trêp kaliyan paugêran

(*dhisiplin*), inggih mênikå taat dhumatêng paugêran; (6) santun, inggih mênikå nêdahakên patrap dhiri laras kaliyan tataran norma sâhå adat istiadat wêwêngkon mênikå; (7) pitados ing dhiri, inggih mênikå yakin dhumatêng kasagêdanipun piyambak; (8) gêmi utawi hemat, inggih mênikå ngginakakên sadâyå potensi sâhå sumbêr dâya ingkang dipungadhahi sacâra *efektif* sâhå *efisien*. (9) botên gampil nglokro utawi datan kêmbå, inggih mênikå têtêp nindakakên ayahan sinaoså ngadhêpi pêpalang; (10) adil, inggih mênikå sukå samukawis laras kaliyan hakipun; (11) mikir kanthi *positif*, inggih mênikå ningali samukawis saking sisi ingkang sae; (12) mandhiri, inggih mênikå botên gumantung dhumatêng tiyang sanes; (13) trêсна dhumatêng katênrêman, inggih mênikå damêl sâhå ngupiyå tuwin njagi katênrêman kanthi ngrampungakên masalah sâhå *konflik*; (14) ngormati sâhå ngaosi (*toleransi*), inggih mênikå mahami sâhå ngaosi wontênipun kapitadosan sâhå padatan ingkang bedå; (15) ngêndhaleni *emosi*, inggih mênikå ngêmonah, ngatur, sâhå ngêndhaleni emosi; (16) *kêwarganêgaraan*, inggih mênikå mujudakên raos bombong sâhå trêсна dhumatêng bångså sâhå nagari; (17) tanggêl jawab, inggih mênikå nindakakên ayahan sacâra estu-estu sâhå wantun nanggêl sêdâyå akibat saking sikap, pocap, sâhå patrap; (18) ngulir budi, inggih mênikå damål idhe-idhe utawi gagasan sâhå karya enggal ingkang gadhah munfangat; (19) sêngkud, inggih mênikå ngrampungakên sadâyå pakaryan utawi ayahan sacâra tumêmên, sâhå (20) gotong royong, inggih mênikå nindakakên pakaryan kaliyan tiyang sanes kangge nggayuh gêgayuhan sêsarêngan (kapêthik saking *Pedoman Pembinaan Akhlak Mulia Siswa Melalui Kegiatan Ektrakurikuler*, (2010: 10-13).

2. *Pendidikan Karakter*

a. *Pendidikan*

Pendidikan wontên ing bâsâ inggris mulå bukanipun saking bâsâ latin *educare* têngsipun nglêbêtakên satunggaling bab (Munawaroh, 2013: 10). *Pendidikan* dipunmaknani minangkå proses nanêmakên *nilai-nilai* têtamtu dhumatêng lare. *Nilai-nilai* mênikå wujudipun budi pakarti sae dhumatêng lare. *Pendidikan* asalipun saking têngbung dhidhik pikantuk ater-ater “pe” sårå panambang “an” têngsipun tumindak (babagan, carå, lan sanesipun).

Têngbung *pendidikan* mênikå mulå bukanipun saking bâsâ Yunani, inggih mênikå *paedagogie*, têngsipun bimbingan ingkang dipunparingakên dhumatêng lare. Istilah *pendidikan* mênikå wontên ing bâsâ Inggris dipunsêbat *education* ingkang têngsipun kupiyå kangge ngrêmbakakakên utawi bimbingan. Wontên bâsâ Arab têngbung *pendidikan* mênikå asring dipunsêbat *tarbiyah* (Ramayulis lumantar Agus Wibawa, (2012: 17). Ki Hajar Déwantårå ngandharakên bilih *pendidikan* inggih mênikå dâya-upadi kanggé majêngakên thukul ngrêmbakanipun budi pêkêrti (kêkiyatan batin, *karaktêr*), pikiran (*intellectual*) lare (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2013: 14). Langkung saking mênikå Ki Hajar Déwantårå ngandharakên bilih *pendidikan* gadhah kuwaos kanggé ngawonakên dhasar-dhasar saking jiwaniipun manungså inggih nyirnakakên dhasar-dhasar ingkang awon saking manungså, nutupi utawi ngirangi *tabiat* utawi pêrilaku ingkang botên sae saking manungså (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2018: 25)

Ki Hajar Dewantara lumantar Syamsul Kurniawan (2016) ngandharakên bilih *pendidikan* minangka tuntunan saking sadaya kakiyatan kodrat ingkang wontên ing ndhiri pribadinipun lare supados ing mbenjing dados manungsa saha anggota masarakat ingkang sagêd nggayuh karahayon saha kabagyan ingkang sainggil-inggilipun. Muslich (2011:67), ngandharakên bilih *pendidikan* inggih mênika proses mbangun kalantipan *fundamental* sacara *intelektual* saha *emosional* tumuju dhumatêng lingkungan saha sasaminipun manungsa wontên ing sakiwa têngnipun.

Pendidikan inggih mênika kupiya sacara sadhar saha sistimatis kanthi ancas ngrêmbakakên potensi siswa. *Pendidikan* ugi sagêd dipuntêgêsi minangka kupiya kangge nyawisakên gêngêri mudha supados langkung sae ingkang dipuntindakakên dening masarakat ugi bangsa kangge nggayuh gêsang ingkang langkung sae. *Pendidikan* têngsipun dipungulawênthah utawi dipunkêmonah (WJS Poerwodarminto, 1939:107). *Pendidikan* inggih mênika kupiya kanthi sadhar saha *sistematis* ugi têngencana utawi tumata kangge ngrêmbakakên potensi siswa supados gadhah kêkiyatan spiritual kêagamaan, ngêndhaleni dhiri, kapribaden, kalantipan, akhlak mulia sarta kêtrampilan ingkang dipunbêtahakên dhirinipun. *Pendidikan* dipunanggêp minangka *alternatif* utawi pilihan sanes ingkang sipatipun kangge jagi-jagi (Kemendiknas, 2010: 1).

Ahmad D. Marimba lumantar Agus Wibawa (2012: 17) ngandharakên bilih *pendidikan* inggih mênika bimbingan utawi pandhampingan ingkang dipuntindakakên sacara sadhar dening si *pendidikan* dhumatêng mêkaripun jasmani saha rohani si *têrdidik* tumuju dhatêng mawujudipun kapribaden ingkang

utami. Ki Hajar Dewantârâ mahyakakên bilih *pêndidikan* mênikâ botên namung gadhah ancas mangun pârâ siswâ supados pintêr, lantip, gadhah kawruh, cêrdhas ananging ugi sacârâ mligi kangge mangun manungsâ ingkang gadhah pakarti luhur, pribadi sae sâhâ gadhah sopan santun sâhâ tâtâ krâmâ ingkang sae. *Pêndidikan* inggih mênikâ satunggaling kagiyatan ingkang dipuntindakakên kanthi dipunjarag sâhâ dipunrancang, dipuntindakakên dening tiyang dhiwâsâ ingkang gadhah kawruh sâhâ kêtrampilan dhumatêng pârâ siswâ murih dados manungsâ ingkang sampurnâ (Wibawa, 2012: 18).

Garis Garis Besar Haluan Negara 1988 lumantar Tirtâraharjâ sâhâ Sulo (2005:36) sukâ andharan babagan *pêndidikan* nasional, inggih mênikâ *pêndidikan* ingkang ngoyod wontên ing kabudayan Bangsa Indonesia sâhâ lêlandhêsan Pancasila tuwin UUD 1945 dipunarahakên kangge ningkataken kêcêrdhasan, harkat, tuwin martabat bangsa, mawujudakên manungsâ sâhâ masyarakat Indonesia ingkang gadhah keimanan, taqwa dhumatêng Gusti Allah, gadhah kualitas ingkang sae, mandhiri satêmah sagêd bangun dhirinipun, masyarakat sakiwâ têngênipun ugi sagêd nyêmbadani kabêtahan pêmbangunan nasional tuwin gadhah tanggêl jawab tumrap pêmbangunan bangsa.

Masyarakat nganggêp bilih *pêndidikan* minangkâ têtilaran kabudayan utawi warisan *nilai-nilai* budâyâ, kanthi wujud kêtrampilan, kêahlian saking gêngêrasi sêpuh dhumatêng gêngêrasi mudhâ supados masyarakat saget sae sâhâ lèrês gêsangipun. *Pêndidikan* kangge ngrêksâ tuwin nggulâwênthah kapribaden manungsâ (Salahudin, 2013:104). Pamanggih bab *pêndidikan* sanesipun dipunandharakên Nuril Furkhan (2014), bilih *pêndidikan* inggih mênikâ kupiyâ

kanthi sadhar sâhâ dipunjarag kangge ngrêmbakakakên potensi sâhâ kêtrampilan pârâ siswâ satêmah pârâ siswâ gadhah kalantipan ing babagan *religius*, *intelektual*, luhur, sâhâ kapribaden ingkang sae, salajêngipun kwagang ngêndhaleni dhiri. Pârâ siswâ dipunajab ugi gadhah kêtrampilan kangge ndherek ambyur wontên kulawargâ, lingkungan, bângsâ tuwin nagarinipun. Kanthi mênikâ, *pêndidikan* botên winatês wontên ing kagiyatan mindhah (*transfêr*) kawruh pêngêtauhan, ananging ugi kupiyâ kangge ningkatakên *kualitas* manungsâ murih dados manungsâ ingkang sampurnâ (Purnama, dkk. 2014: 29).

Sri Sultan HB X kanthi sabdanipun ingkang kamot wontên ing buku “*Ilmu Kawêruh:Pawiyatan Pamong Jogja Istimewa Untuk Indonesia*” (2018) bilih *pêndidikan* Jâwâ mênikâ dipunsêbat sistim Among, atêgês sistim mênikâ ngoyod sâhâ ngrêmbakâ saking budâyâ Jâwâ. Sistim Among lajêng wontên ing cak-cakanipun dados metodhe Among. *Metodê* Among dipuntindakakên kanthi cârâ momong, among sâhâ ngêmong wontên ing tataran *trimatra*, inggih mênikâ *ikhthiyar* hamêmayu-hayu wontên ing jagat sarirâ, bângsâ tuwin bawânâ.

Adhêdhasar pamanggih-pamanggih babagan *pêndidikan* ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih *pêndidikan* inggih mênikâ satunggaling proses nyithak gênêrasi mudhâ kangge mapag wêkdal ingkang badhe dhatêng. Proses mênikâ katindakakên wontên ing pawiyatan sacârâ lumintir kanthi ancas gênêrasi mênikâ gadhah pocap, gagasan, sâhâ tumindak ingkang utâmâ, migunani tumrap dhiri pribadi, kulawargâ, masarakat, bângsâ, tuwin agâmâ.

b. Karaktêr

Sacârâ *etimologi*, istilah *karaktêr* mulâ bukanipun saking basa Latin *kharacter* têngêsipun “watak”, ”tabiat”, “sipat- sipat ingkang wontên gayutipun kaliyan jiwa”, “budi pakarti”, “kapribaden”, sâhâ “ akhlak”. Sacârâ terminology (istilah), *karaktêr* têngêsipun sipat manungsâ ingkang gumantung dhumatêng faktor gêsangipun piyambak. *Karaktêr* minangka *nilai-nilai* pêrilaku manungsâ ingkang gayut kaliyan Gusti Allah, dhiri pribadi, sasaminipun manungsâ, lingkungan sâhâ bângsâ ingkang maujud wontên pamikiran, sikap, pênggalihan, pocapan, sâhâ tumindak adhêdhasar norma-norma agâmâ, hukum, tâtâ krâmâ, sâhâ adat istiadat (Fitri, 2012:20-21).

Karen Bohlin, dkk. lumantar Megawangi (2004: 25), ngandharakên bilih têngbung *karaktêr* asalipun saking bâsâ Yunani, *charassein* têngêsipun ngukir satêmah mawujud dados satunggaling pola. Akhlak mulia botên sacârâ *otomatis* utawi ujug-ujug dipungadhahi dening sabên manungsâ nalikâ dipunlairakên, ananging mbêtahakên proses ingkang dangu lumantar panggulawênthah sâhâ *pêndidikan*. Wontên ing bâsâ arab *karaktêr* mênikâ mempêr kados dene akhlak, inggih mênikâ tabiat utawi padatan nindakakên bab-bab ingkang sae.

Wynne lumantar Megawangi (2004: 80) ngandharakên bilih wontên kalih pangêrtosan babagan *karaktêr*, (1) *karaktêr* nêdahakên kadospundi manungsâ mênikâ tumindak. Nalikâ manungsâ menikâ tumindak jujur, kêjêm, utawi srakah milâ manungsâ mênikâ sagêd dipunwastani gadhah *karaktêr* awon. Kosok wangsulipun nalikâ manungsâ mênikâ tumindak jujur, rêmên têtulung milâ manungsâ mênikâ dipunwastani gadhah *karaktêr* mulia.(2) istilah *karaktêr* rakêt

sangêt kaliyan “*personality*”. Tiyang sagêd dipunwastani gadhah *karaktêr* saumpami tumindakipun laras kaliyan kaidhah *moral*. *Karaktêr* manungsa sagêd dipuntingali saking lingkunganipun. *Karaktêr* sagêd katingal saking; (a) cara tiyang mênika nêdahakên dhirinipun, sâhâ (b) reaksi tiyang mênika anggenipun nanggapi lingkunganipun (Istiningsih, 2013: 71). *Karaktêr* inggih mênika puncak saking padatan-padatan ingkang dipunasilakên saking pilihan, pêrilaku, sâhâ sikap *etis* manungsa sacara pribadi. *Karaktêr* ngasilakên sâhâ mujudakên kênggulan *moral* ingkang dipuntêdahakên dening tiyang sinaosa botên wontên tiyang sanes ingkang nyumêrêpi (Stedje, 2010: 3).

Badan Penelitian dan Pusat Pengembangan Kurikulum utawi Balitbang PusKur (2010) ngandharakên bilih *karaktêr* inggih mênika minangka watak, tabiat, akhlak, utawi kapribaden manungsa ingkang kawangun saking asil *intêrnalisasi* sawêtawis kêbajikan ingkang dipunyakini sâhâ dipunginakakên minangka landhêsan kangge cara ningali, mikir, tumindak, sâhâ mênggalih. *Karaktêr* mênika satunggaling cara anggenipun manah, nêmtokakên *sikap*, sâhâ tumindak, satêmah sampun dados titikan satunggaling tiyang ingkang dipunwahyakakên wontên ing salêbêting pagêsangan wontên ing masarakat (Darmiyati lumantar Suharjana, 2012: 28). *Karaktêr* minangka sipat ingkang dados têtêngêr utawi ciri saking *objek* utawi tiyang gêsang sacara nyata sâhâ ngoyod wontêm ing kapribaden kados dene mênika ingkang ngarahakên cara anggenipun ngêndhaleni, tumindak, micantên, sâhâ sukâ tanggapan (Kertajaya lumantar Buchori, 2015: 372).

Thomas Lickona (1992:22), ngandharakên bilih *karaktêr* mujudakên sipat lingkungan manungsa kangge nanggapi kawontênan sacara kanthimoral. Sipat lingkungan mênika dipunwujudakên wontên ing tumindak nyata lumantar tingkang laku ingkang sae, blakak, tanggel jawab, ngurmatitayang sanes saha *karaktêr* sae sanesipun. Pangertosan saking Lickona mênika laras kalihan pamanggihipun Aristoteles, bilih *karaktêr* rakêt sangêt gayutanipun kaliyan padatan “*habit*” ingkang sacara lumintir dipuntindakakên (Wibawa, 2012: 33).

Karaktêr dipunumpamekakên kadosdene “otot”, “otot-otot” *karaktêr* badhe dados lêmês saumpami botên nate dipungladhi, lan “otot” mênika badhe dados kiyat, santosa saumpami asring dipunginakakên. Bab mênika kédah dipunkupiyâ lumantar praktek-praktek gladhen satêmah dados tumindak ingkang sampun dados padatan (*habit*) (Megawangi, 2004: 113). *Karaktêr* mujudakên nilai-nilai ingkang kapatri wontên ing salêbêtipun dhiri pribadi sacara *indhividhu*, kagayuh lumantar *pendidikan*, pêngalaman, pangorbanan, saha pangaribawa saking lingkungan ingkang dipunmanunggalakên kaliyan nilai-nilai saking salêbêting dhirinipun manungsa. *Karaktêr* kadosdene nilai-nilai *intrinsic* utawi mbangun saking nglêbêt, maujud wontên salêbêtipun daya kupiyâ salajêngipun dados landhesan kangge mikir, mênggalih, saha patrap ing sadhengah tumindak.

Karaktêr sagêd mawujud saha kabangun kanthi sadhar ugi kajarag adhêdhasar jati dhirinipun piyambak-piyambak (Hasanah, 2013: 188-189). *Karaktêr* mênika kualitas saha kêkiyatan mental utawi *moral*, akhlak, utawi budi pakarti *indhividhu* ingkang mujudakên kapribaden ingkang mligi, sagêd dados panjurung, saha panyengkuyung, lan ugi mbedakakên kaliyan *indhividhu* sanes.

Manungsa sagéd dipunwastani gadhah *karaktêr*, saumpami sampun kasil nyêcêp *nilai* sâha kapitadosan ingkang dipunkajêngakên dening masarakat, lan ugi dipunginakakên minangka *moral* wontên gêsangipun (Wiyani, 2013: 25)

Suyanto lumantar Agus Wibawa (2012: 33) ngandharakên bilih *karaktêr* inggih mênika cara mikir sâha tumindak ingkang dados ciri ingkang mligi saking sabên *indhidhu* utawi manungsa kangge gêsang sâha mêmistran, inggih wontên ing kulawarga, masarakat, bangsa sâha nagari. *Indhidhu* ingkang gadhah *karaktêr* sae inggih mênika *indhidhu* ingkang sagéd damêl putusan sâha sumadiya kanthi tanggêl jawab saking akibat awit kêputusan mênika.

Samsuri lumantar Barnawi & M. Arifin (2012: 20) ngandharakên bilih *karaktêr* ngêmot 2 (kalih) *terminologi*, inggih mênika; *values (nilai-nilai)* sâha kapribaden. Satunggaling *karaktêr* mujudakên kaca saking *nilai* ingkang nempel utawi tumemplek wontên ing salêbêtipun *entitas*. Minangka aspek kapribaden, *karaktêr* sagéd dados minangka kaca kapribaden ingkang sacara wêtah saking manungsa: mentalitas, sikap sâha patrap. *Direktorat Jendral Pêndidikan Tinggi* lumantar Barnawi & M. Arifin mahyakakên bilih *karaktêr* minangka *nilai-nilai* ingkang khas-sae (paham *nilai* kabêcikan, purun tumindak sae, sacara nyata gêsang kanthi sae, sâha sagéd mangaribawani bab ingkang sae dhumatêng lingkungan sakiwa têngênipun) ingkang kapatri wontên ing dhiri pribadi sâha mawujud wontên ing sadaya tumindak.

Novak lumantar Lickona (2012) sukâ pamanggih bilih *karaktêr* inggih mênika campuran *compatibel* saking sadaya kasaenan ingkang dipuntêgêsi saking tradhisi *religius*, cariyos sastra, kaum wicaksana, sâha kempalan tiyang ingkang

gadhah akal sehat ingkang wontên ing sêjarah. Pamanggih sanesipun babagan *karaktêr* dipunwahyakakên Jeffry Handika (2017) bilih *karaktêr* inggih mênikâ watak, tabiat, utawi kapribadenipun manungsâ ingkang sampun wontên ing dhirinipun, dipungayuh saking *interaksi* kegiatan punâpadene proses lingkungan ingkang dipunginakakên minangkâ landhesan kangge ningali, mikir sâhâ tumindak. Purwati Anggraeni sâhâ Tuti Kusniarti (2016) mahyakakên bilih *karaktêr* inggih mênikâ sadâyâ kupiyâ manungsâ kangge sinau mêtêp sâhâ damêl sansaya sae sâhâ sukâ bab-bab ingkang enggal mliginipun padatan-padatan ingkang sae.

Homby sâhâ Pamwell salêbêtipun Majid sâhâ Andayani,(2011: 11) ngandharakên bilih *karaktêr* inggih mênikâ *kualitas* mental utawi *moral*, kêkiyatan*moral*, nâmâ utawi reputasi. Dene miturut Kertajaya (lumantar Majid saha Andayani 2011:11) ngandharakên bilih *karaktêr* sagêd dipunanggêp minangkâ ciri ingkang mligi ingkang dipungadhahi dening satunggaling *indhidhu*. Ciri ingkang mligi mênikâ “asli” sâhâ ngoyod salêbêting dhiri pribadi lan ugi minangkâ mêtêp kangge njurung kadospundi manungsâ tumindak, mocap, sâhâ nanggapi satunggaling pêtawis. Laras kaliyan pamanggihipun Kertajaya, Aynur Pala (2011) ngandharakên bilih *karaktêr* inggih mênikâ ciri ingkang mligi saking manungsâ. *karaktêr* sagêd mbedakakên kaliyan manungsâ sanesipun. Manungsâ ingkang gadhah *karaktêr* sae têtentu gadhah pikiran, pocapan, sâhâ patrap ingkang sae ugi. Gayut kaliyan *pêndidikan karaktêr*, *karaktêr* sagêd dipunmaknani minangkâ *pêndidikan nilai*, *pêndidikan budi pakarti*, *pêndidikan moral*, *pêndidikan watak* ingkang gadhah ancas mêtêrakên

kawidagdan siswå kangge sukå putusan sae-awon, ngrêksa kasaenan, sâhå ngrêmbakakakên kasaenan wontên ing gêsang padintênan kanthi ihklas (Salahudin, 2013:42).

Adhêdhasar pamanggih-pamanggih kasêbat, sagêd dipunpêndhêt dudutan bilih *karaktêr* inggih mênikå watak, tabiat, akhlak ingkang dipungadhahi manungså. Kanthi *karaktêr* mênikå manungså sagêd mbedakakên kaliyan tiyang sanes. Watak, tabiat, akhlak mênikå kêbak ing *nilai moral*, budi pakarti sâhå sagêd dipuntingali, dipunraosakên lumantar pocapan, gagasan sâhå tingkah laku.

c. *Pêndidikan Karaktêr*

Landhasan kangge nindakakên *pêndidikan karaktêr* cêthå sangêt. Bab mênikå katingal wontên salêbêtipun Undhang-Undhang Nomêr 20 tahun 2003 babagan *Sistêm Pêndidikan Nasional* pasal 3 ingkang mahyakakên bilih” *Pêndidikan Nasional* gadhah fungsi ngrêmbakakakên kawidagdan sâhå mangun watak sâhå pêradhaban bângså ingkang gadhah martabat minångkå gêgêbêngan nglantipakên pagêsangan bângså, gadhah ancas kangge ngrêmbakakên potensi pasartå dhidhik murih dados manungså ingkang gadhah iman, sâhå takwa dhumatêng Gusti Allah: gadhah akhlak sae; sehat; gadhah kawruh; wasis; kreatif; ngulir budi; mandhiri; sâhå dados wargå ingkang dhemokratis sâhå tanggêl jawab”. Agus Wibawa (2012: 25) mahyakakên bilih mulå bukanipun *pêndidikan karaktêr* dipuncetusakên dening satunggaling *pêndidik* saking bângså Jerman FW Foerster ingkang gêsang watawis taun 1869 – 1966. Miturut pamanggihipun Foerster ancas *pêndidikan* inggih mênikå kangge mangun *karaktêr* ingkang

mawujud wontên salêbêtipun manunggalipun *esensial subyek* dhatêng tumindak sâhâ sikap gêsang ingkang dipungadhahi.

Pêndidikan karaktêr inggih mênikâ kupiyâ ingkang aktif kangge mbangun padatan (*habit*), satêmah sipat lare badhe kawangun wiwit alit, supados sagêd mangêrtosi sâhâ mahami anggenipun tumindak sagêd kanthi sae tuwin wicaksânâ wontên ing gêsang padintênan (Fitri, 2012: 21). *Pêndidikan karaktêr* botên namung sêkêdhar *pêndidikanmoral* sâhâ nilai. *Pêndidikan karaktêr* gadhah maknâ langkung inggil saking *pêndidikan*. *Pêndidikan karaktêr* botên namung mucalakên bab lêrês sâhâ lêpat. Langkung saking mênikâ *pêndidikan karaktêr* nanêmaken padatan (*habitation*) dhumatêng bab-bab ingkang sae, satêmah siswâ sagêd paham (*ranah Kognitif*) dhumatêng bab-bab ingkang sae sâhâ awon, ananging ugi sagêd ngaosakên (*ranah afektif*) nilai ingkang sae sâhâ sagêd nindakakên kanthi ikhlas (*ranah psikomotorik*). Dudutanipun *pêndidikan karaktêr* rakêt sangêt gayutanipun kaliyan padatan ingkang lumintir dipuntindakakên ugi dipunlampahi (Abidin,2012:53-56).

Asmani (2011), sukâ pamanggih bilih *pêndidikan karaktêr* inggih mênikâ sukâ piwucal bab padatan; cârâ mikir sâhâ tumindak ingkang mbiyantu *indhividhu* kangge gêsang sâhâ mêmitran minângkâ kulâwargâ, masarakat, sâhâ bângsâ sartâ mbiyantu tiyang sanes supados damêl putusan ingkang sagêd dipuntanggêljawabakên. Salajêngipun Asmani (2011:36-40) mânthâ nilai-nilai *pêndidikan karaktêr* dados sêkawan perangan. Ingkang sêpisan, nilai karaktêr gayutanipun kaliyan Gusti Allah. Nilai mênikâ dipunwastani nilai asipat *religius*. Kaping kalih, nilai karaktêr gayutanipun kaliyan dhiri pribadi inggih mênikâ

jujur, tanggel jawab, *pola* gêsang kanthi sehat, dhisiplin, sêngkud, pitados dhumatêng dhiri pribadi, wirausaha, mikir kanthi logis, kritis, ngulir budi, *inovatif*, mandhiri, pengin mangêrtos, sâhâ rêmên dhumatêng kawruh. Kaping tiga, *nilai karaktêr* gayutanipun kaliyan sasaminipun titah dumados saking sadhar hak sâhâ kuwajiban dhiri ugi tiyang sanes, patuh dhumatêng aturan-aturan wontên ing masyarakat, ngawisi karyanipun tiyang sanes sâhâ prestasinipun tiyang sanes, santun, ugi dhemokratis. Kaping sêkawan, *nilai karaktêr* gayutanipun kaliyan lingkungan sakiwâ têngên utawi lingkungan, awujud sikap sâhâ *etika* tumindak ingkang tansah ngupiyâ mêpêr karisakan dhumatêng lingkungan lingkungan sakiwâ têngênipun. *Pêndidikan karaktêr* inggih mênikâ proses sukâ tuntunan dhumatêng pasartâ dhidhik supados dados manungsâ sawêtahipun, ingkang gadhah *karaktêr* wontên *dimensi* manah, pikir, râgâ, sâhâ raos tuwin pikajêngan (Wiyani, 2013: 27)

Pamanggih sanesipun babagan *pêndidikan karaktêr* dipunandharakên dening Agus Wibawa (2012: 33), bilih *pêndidikan karaktêr* inggih mênikâ *pêndidikan* budi pakarti *plus*, awit manunggalakên aspek pangêrtosan (*cognitive*), pêsaraan (*feeling*), sâhâ tumindak (*action*). *Pêndidikan karaktêr* inggih mênikâ *pêndidikan* ingkang nanêmakên sâhâ mêkarakên *karaktêr-karaktêr* luhur dhumatêng siswâ, satêmah pârâ siswâ gadhah *karaktêr* luhur mênikâ, dipuncakakên sâhâ dipuntindakakên wontên ing gêsangipun, inggih wontên kulâwargâ, masarakat, sâhâ bângsâ tuwin nagari.

Syaiful Anam lumantar Barnawi & M. Arifin (2012: 22) sukâ *definisi* bilih, *pêndidikan karaktêr* inggih mênikâ minangkâ satunggaling proses

internalisasi budayâ dhatêng dhiri pribadi satunggaling tiyang sâhâ masarakat ingkang gadhah adab. Salajêngipun Barnawi & M. Arifin (2012: 24) ngandharakên bilih *pêndidikan* botên namung mujudakên *transfêr* utawi mindhah babagan ilmu pangêrtosan (kawruh) mawon, ananging langkung wiyar malih, inggih mênikâ minangkâ sarânâ mbudayaakên sâhâ maringakên *nilai*.

Para lare kêdah angsal *pêndidikan* ingkang nggêpok *dhimensi* dhasar kamanungsanipun. *Dhimensi* kamanungsan mênikâ sakbotên-botênipun nyakup 3 (tigang) pêrkawis ingkang paling dhasar, inggih mênikâ; (1) *afektif* ingkang sagêd katingal saking *kualitas* kaimanan, kêtaqwaan, akhlak mulia, kalêbêt ugi budi pakarti luhur sâhâ kapribaden unggul, sâhâ *kompêtensi estetis* utawi kaendahan; (2) *koqnitif* ingkang katingal saking cârâ anggenipun ngginakakên dâya pikir sâhâ dâya kapintêranipun kangge ndhudhuk sâhâ ngrêmbakakakên, ugi nguwaosi *ilmu pêngêtahuan* sartâ *teknologi*; (3) *psikomotorik* ingkang katingal saking kasagêdan anggenipun ngrêmbakakakên kêtrampilan *teknis*, *kêcakapan praktis*, sâhâ *kompetensi kinestetis*.

Ratna Megawangi (2004: 25), ngandharakên bilih *pêndidikan karaktêr* inggih mênikâ kupiyâ sacârâ *aktif* kangge mbangun padatan sae (*habit*), satêmah sipat lare sampun kaukir nalikâ taksih alit. Mawujudipun *karaktêr* utawi kapribaden mênikâ dipuntêmtokakên saking 2 (kalih) bab, inggih mênikâ; (1) *nature* utawi bab ingkang lingkungani, sâhâ (2) *nurture* utawi bab sosialisasi sâhâ *pêndidikan*. Wontên ing *pêndidikan karaktêr*, Thomas Lickona lumantar Megawangi (2004: 111- 112), mahyakakên *pêndidikan karaktêr* kêdah ngêwrat 3 (tiga) komponen *karaktêr* ingkang sae, inggih mênikâ;

- 1) *Moral knowing* (kawruh babmoral) ingkang dumados saking; *moral awarenes* (kêsadharanmoral), *knowingmoral values* (mangêrtosi bab nilai-nilaimoral), *perspective taking*, *moral reasoning*, *decision making*, sâhâ *self knowledge*.
- 2) *Moral feeling*, inggih mênikâ aspek sanes ingkang kédah dipuntanêmakên dhumatêng para lare awit minangka sumber daya kêkiyatan saking dhiri manungsa kangge tumindak laras kaliyan prinsip-prinsipmoral. Wontên 6 (ênêm) bab ingkang mujudakên aspek emosi kédah sagêd dipunraosakên dening manungsa kangge mujudakên manungsa ingkang gadhah *karaktêr* inggih mênikâ: *conscience* (nurani), *self-esteem* (prâcâyâ dhatêng dhiri), *empathy* (sagêd ngraosakên kasangsaranipun tiyang sanes), *loving the good* (trêsna dhumatêng bab ingkang leres), *self control* (kwagang ngêndhaleni dhiri), sâhâ *humility* (andhap asor).
- 3) *Moral action*, inggih mênikâ kadospundi kawruh babaganmoral sagêd dipunwujudakên dados tumindak ingkang nyatâ

Pamanggih sanesipun dipunandharakên Hasanah (2013), bilih *pendidikan karaktêr* inggih mênikâ proses sukâ wawasan babagan manekâ warni nilai-nilai pagêsangan ingkang badhe nêdahakên jati dhiri minangka manungsa ingkang sadhar dhiri minangka titah, warganing nagara, sâhâ jêjkêring titah priya punâpadene wanitâ. Salajengipun wontên ing *Pedoman Pelaksanaan Pendidikan Karakter* lumantar Hasanah (2013) ngandharakên bilih *pendidikan karaktêr* gadhah pigunâ; (1) ngrêmbakakakên *potensi* dhasar murih gadhah pênggalihan,

sáhå patrap ingkang sae, (2) damêl kiyat sáhå mangun pêrilaku bångså ingkang *multikultur*. (3) damêl indhaking pêradhapan bångså ingkang kompêtitif utawi wantun katandhingakên salêbêtipun gêsang pasrawungan wontên ing donyå.

Pamanggih sanesipun ngengingi *pêndidikan karaktêr* dipunandharakên dening Raharjo (2010), bilih *pêndidikan karaktêr* inggih mênikå satunggaling proses *pêndidikan* ingkang *holistik* nggathukakên *dhimensi moral* kaliyan ranah sosial wontên salêbêtipun gêsang pasartå dhidhik minångkå pondhasi kangge mawujudipun gênêrasi ingkang gadhah *kualitas* ingkang kwagang gêsang mandhiri sáhå gadhah prinsip dhumatêng ingkang lêrês sáhå sagêd dipuntanggêljawabakên. Kanthi *pêndidikan karaktêr* lare badhe dados cêrdhas emosipun. Kêcêrdhasan emosi inggih mênikå sangu ingkang paling wigatos salêbêtipun cêcawis putrå kangge mapag wêkdal ingkang badhe dhatêng, awit kanthi kêcêrdhasan emosi lare badhe sagêd kasil nalikå ngadhêpi samukawis tantangan kalêbêt tantangan kangge sagêdipun kasil wontên ing *akadêmik* (Agus Prasetya dan Emusti Rivasinta).

Doni Koesumå lumantar Sêdya Santoså (2016) ngandharakên bilih *pêndidikan karaktêr* ngêmot maknå minångkå proses nanêmakên *nilai-nilai* têtamtu dhumatêng dhirinipun pårå siswå. Achmad Buchori sáhå Rina Dwi Setyawati (2015) ugi ngandharakên bilih *pêndidikan karaktêr* inggih mênikå satunggaling sistim kangge nanêmakên *nilai karaktêr* wontên ing lingkungan pawiyatan, ingkang nyakup pangêrtosan, kêsadharan sáhå kêkajêngan sartå tindakan kangge ngêtrapakên *nilai-nilai* mênikå, inggih dhumatêng Gusti Allah, dhiri pribadi, tiyang sanes wontên ing lingkungan utawi bångså, kanthi makatên

dipunajab dados manungsa ingkang sampurna. *U.S. Department of Education* ngandharakên babagan *pendidikan karakter* ingkang sinerat wonten *European Journal Of Educational Research* bilih *pendidikan karakter* minangka proses pasinaon ingkang *eksplisit*, dhumatêng siswa wonten ing papan sakiwa têngenipun pawiyatan, katindakakên kanthi mahami, nampi, saha tumindak adhedhasar *nilai etika* kadosta; ngormati tiyang sanes, adil, wicaksana sahangurmati warga nagari sartata tanggel jawab dhumatêng dhiri pribadi saha tiyang sanes (Alex Agboola saha Kaun Chen Tsai, 2012:164).

Pamanggih sanesipun dipunandharakên dening Fethi Turan saha Ilkay Ulutas (2016), *pendidikan karakter* inggih menika proses mindhah (*transfer*) saha nggayuh ugi nanemakên *nilai-nilai* dhumatêng para siswa, ingkang nyakup samukawis bab; aspek *pengajaran* saha *pembelajaran* kangge ngrêmbakakakên pribadi kadosta anggenipun nalar, gesang wonten ing masarakat sosial saha pasinaon babagan *emosional*, *pendidikan moral*, gladhen babagan ketrampilan gesang lan sanesipun. Salajêngipun Fethi Turan saha Ilkay Ulutas ngandharakên bilih ancasiipun *pendidikan karakter* inggih menika nyithak para putra supados dados pribadi saha *individu* ingkang gadhah wawasan wiyar, tanggap ing kawontenan, gadhah pamikiran ingkang luhur, saha saleh anggenipun ngginakakên kawidagdanipun kangge nindakakên bab-bab kanthi paling sae saha paham ancas ing gesangipun. *pendidikan karakter* inggih menika kupiya ingkang dipunjarag, dipuntindakakên sacara proaktif dening pawiyatan, *distrik*, saha nagari bagian kangge nanemakên inti *nilai-nilai* ingkang paling wigatos dhumatêng para

siswanipun. *Nilai-nilai* mênikå kadosta; kapêrdulen, kajujuran, kaadilan, tanggêl jawab, sâhå ngurmatidhiri punâpådene tiyang sanes (Samantha Walters, tt: 3).

Adhêdhasar pamanggih-pamanggih babagan *pêndidikan karaktêr* ing nginggil, sagêd dupunpêndhêt dudutan bilih *pêndidikan karaktêr* inggih mênikå satunggaling proses nanêmakên *nilai-nilai moral*; *nilai-nilai* budi pakarti dhumatêng pasartå dhidhik wontên ing pawiyatan. Proses mênikå dipuntindakakên sacårå lumintir satêmah dados padatan (*habit*) wontên ing gêsangipun pårå pasartå dhidhik. Pangajabipun pårå pasartå dhidhik sagêd dados lare ingkang utåmå, migunani tumrap kulåwargå, bångså, nagari sâhå taat dhumatêng aturan agami.

B. Panaliten Inkang Jumbuh

Panaliten ingkang gayut kaliyan *nilai-nilai pêndidikan moral* utawi budi pakarti nate dipuntindakakên dening Suliman (2008) kanthi irah irahan *Nilai-Nilai Pendidikan moral dalam Naskah Dongeng Warna-Warni*. Panaliten mênikå cundhuk kaliyan ingkang dipuntindakakên dening Suliman, ananging obyek ingkang dipuntaliti bedå. Suliman ngandharakên babagan *nilai-nilai pêndidikanmoral* ingkang kamot wontên ing *Naskah Dongeng Warni-warni* dene panaliten ingkang katindakakên mênikå objek panalitenipun inggih mênikå *layang Sasmitå Titikå*. Sasampunipun *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitå Titikå* dipunpanggihakên salajêngipun padosi cundhukipun kaliyan *pêndidikan karaktêr* pårå siswå wontên ing pawiyatan.

Panaliten babagan budi pakarti sanesipun ugi nate dipuntindakakên dening Suyami, dkk kanthi irah-irahan *Kajian Nilai Budi Pêkêrti dlingkungan Sêrat*

Jâyâbâyâ. Panaliten mênikâ dipunwêdalakên dening *Kementrian Pendidikan dan kebudayaan, Direktorat Jenderal Kebudayaan, Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta* (2015). Prakawis ingkang dipunndadosakên pawadan wontên ing panaliten mênikâ babagan (1) budi pakarti mênâpâ mawon ingkang kamot wontên ing *sêrat Jâyâbâyâ*, (2) mênâpâ gayutipun sâhâ cundhukipun piwulang budi pakarti wontên ing *sêrat Jâyâbâyâ* kaliyan kawontênan ing wêkdal samênikâ, sâhâ (3) kadospundi nglintirakên kawruh (*transfer of knowledge*) ingkang kêdah dipuntindakakên. Ancas panaliten ingkang dipuntindakakên dening Suyami, dkk inggih mênikâ; (1) nyawisakên suntingan teks *sêrat Jâyâbâyâ*, (2) nyawisakên kajian teks wos utawi isi *sêrat Jâyâbâyâ* kanthi nandingakên kaliyan teks sanêsipun ingkang sami isinipun, (3) nyawisakên asiling kajian *nilai* budi pakarti ingkang kamot wontên ing *sêrat Jâyâbâyâ* sâhâ cundhukipun kaliyan pagêsangan jaman samênikâ.

Gêgayutan panaliten mênikâ kaliyan panaliten ingkang dipuntindakakên dening Suyami, dkk inggih mênikâ sami dene naliti babagan *nilai* budi pakarti wontên ing satunggaling karya sastra lami awujud naskah. Bedanipun inggih mênikâ wontên ing obyek, sâhâ *metodê* ingkang dipunginakakên wontên ing panaliten mênikâ. Obyek panaliten ingkang dipunkaji dening Suyami, dkk inggih mênikâ *sêrat Jâyâbâyâ*, dene objek panaliten mênikâ *layang Sasmitâ Titikâ*. *Metodê* ingkang dipunginakakên kangge naliti *sêrat Jâyâbâyâ* dening Suyami, dkk ngginakakên *metodê* filologi dene panaliten mênikâ ngginakakên *analisis isi* (*Content Analysis*).

Panaliten ingkang jumbuh sanesipun babagan *nilai* budi pakarti dipuntindakakên dening Arifin Suryo Nugroho (2013) kanthi irah-raham *Nilai Budi Pekerti dlingkungan Pementasan Seni Tradisional Dames*. Prakawis ingkang dipunndadosakên minangka pawadan panaliten inggih mênika raos prihatos awit wontênipun *dekadensi moral* kadosta kênakalan rêmaja, kathahipun manungsa tumindak nalisir saking paugêran, tumindak kirang dhisiplin, botên jujur, lan sanes-sanesipun. Kangge ngudhari ruwêt rêntêngipun prakawis mênika salah satunggalipun ngginakakên seni pêtunjukan tradhisional. *Metodê* panaliten ingkang dipuntindakakên ngginakakên *metodê literatur sâha observasi*.

Gayutanipun panaliten mênika kaliyan panaliten ingkang dipuntindakakên dening Arifin Suryo Nugroho inggih mênika pawadan prakawis ingkang njalari katindakakên panaliten. Panaliten mênika kaliyan panaliten ingkang katindakakên dening Arifin Suryo Nugroho wontên ing pawadan prakawisipun sami dene ngraosakên prihatos awit *dekadensi moral* ingkang tumanduk wontên ing kalanganipun gênêrasi mudha wêkdal samênika. Dene bedanipun, panaliten mênika kaliyan panalitenipun Arifin Suryo Nugroho inggih wontên ing objek sâha *metodê* ingkang kaginakakên kangge ngawontênakên panaliten. Objek panalitên mênika awujud naskah *layang Sasmita Titika*, dene objek panaliten Arifin Suryo Nugroho wujudipun seni pêtunjukan tradhisional Dames. *Metodê* ingkang dipunginakakên kangge panaliten ugi beda. Panaliten mênika ngginakakên *analisis isi* (*Content Analysis*), dene panaliten Arifin Suryo Nugroho ngginakakên *metodê literatur sâha observasi*.

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten mênikå sanesipun babagan budi pakarti dipuntindakakên dening Siti Munawaroh (2013) kanthi irah-irahan *Pêndidikan Budi Pekerti Dlingkungan Seni Drama Tradisional*. Prakawis ingkang dipunndadosakên minångkå pawadan ngawontênakên panaliten ingkang dipuntindakakên dening Siti Munawaroh inggih mênikå raos prihatos dhumatêng jagading *pêndidikan*. *Pêndidikan* namung kaanggêp minångkå proses nglintirakên kawruh (*transfer ilmu*), kapårå kanggêp bilih *pêndidikan* namung winatês wontên ing *institusi formal*, lumantar pawiyatan rêsmi. Miturut Siti Munawaroh bilih *pêndidikan* mênikå mujudakên *invêstasi produktif* wontên ing madyaning masarakat. Kangge nggayuh mênikå sagêd katindakakên kanthi kalih cârà; *pêndidikan formal* sâhå *nonformal*. Salah satunggal saking *pêndidikan nonformal* inggih mênikå lumantar kêsênian. Ancas saking panaliten ingkang katindakakên dening Siti Munawaroh inggih mênikå mangêrtosi *pêndidikan* budi pakarti ingkang kawrat wontên ing seni drama utawi teater tradhisional. *Metodê* ingkang dipunginakakên *metodê* kapustakan.

Gêgayutan kaliyan panaliten ingkang dipuntindakakên dening Siti Munawaroh inggih mênikå sami-sami ngrêmbag babagan budi pakarti. Bedanipun, panaliten mênikê objek panalitenipun wujud naskah, dene panaliten ingkang diputindakakên dening Siti Munawaroh wujudipun seni drama tradhisional. Sanesipun mênikå, *metodê* ingkang dipunginakakên wontên ing panaliten mênikå *analisis isi* (*Content Analysis*) dene Siti Munawaroh ngginakakên *metodê* kapustakan.

Panaliten sanesipun ingkang jumbuh kaliyan panaliten dhumatêng *layang Sasmitå Titikå* dipuntindakakên dening Siti Sawilah (2016) kanthi irah-irahan” Kajian Filologi Sårå Kawruh Sasmitå Wontên ing *Layang Sasmitå Titikå*”. Ancas panaliten ingkang dipuntindakakên dening Siti Sawilah inggih mênikå, (1) damêl *dheskripsi* naskah sårå teks, (2) damêl translitêrasi teks, (3) damêl suntingan, (4) damêl terjêmanan, (5) damêl *dheskripsi* isi teks kanthi ngginakakên *metodê* filologi.

Gêgayutan panaliten mênikå, kaliyan panaliten ingkang dipuntindakakên dening Siti Sawilah mênikå obyek panalitenipun sami, inggih layang utawi *sêrat Sasmitå Titikå*. Bedanipun wontên ing *metodê* sårå ancasing panaliten. Siti Sawilah nindakakên panaliten *layang Sasmitå Titikå* ngginakakên *metodê* filologi dene panaliten mênikå ngginakakên *metodê analisis isi (Content Analysis)*. Dene ancas saking panaliten mênikå ndhudhah isinipun *layang Sasmitå Titikå* ing babagan budi pakarti, salajêngipun asiling panaliten dipunpadosi cundhukipun kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai pëndidikan karakter* wontên ing pawiyatan.

Panaliten sanesipun ingkang jumbuh kaliyan panaliten babagan budi pakarti dipuntindakakên Sutrisnå Wibåwå (2010) kanthi irah-irahan *Nilai-Nilai moral dalam Serat Wedhatama dan pendidikan Budi Pekerti*. Prakawis ingkang dipunndadosakên pawadan Sutrisnå Wibåwå ngawontênakên panaliten awit raos prihatos dhumatêng *moral* tiyang jaman sakmênikå. Kathah tumindak nalisir saking paugêran ingkang sami dipuntindakakên tiyang sakmênikå. Lumantar kajian naskah *Wêdhâtamå* dipunajab asilipun saged sukå sumbang sih tumrap *pëndidikan* budi pakarti.

Gêgayutan saking panaliten ingkang dipuntindakakên Sutrisnâ Wibâwâ kaliyan panaliten mênikâ sami-sami naliti babagan budi pakarti. Bedanipun wontên ing obyek ingkang dipuntêliti. Sutrisnâ Wibâwâ obyek panalitenipun *sêrat Wêdhâtâmâ* dene panaliten mênikâ *layang Sasmitâ Titikâ*.

Panaliten Sutrisnâ Wibâwâ (2013) sanesipun ingkang jumbuh kaliyan panaliten mênikâ, inggih babagan *nilai-nilai karakter* kanthi irah-irahan “*Filsafatmoral Jawa Seh Amongraga dalam Serat Centhini (Sumbangannya bagi Pendidikan Karakter)*”. Metodê analisis data panaliten ingkang dipuntindakakên dening Sutrisnâ Wibâwâ ngginakakên *metodê hermeunitika* sâhâ *metodê heuristika*. Asiling panaliten ngandharakên: (1) wigatosipun ngudi kasampurnan sâhâ sangkan paraning dumadi; (2) *nilai moral* Seh Amongraga wontên ing *Serat Centhini* awujud *hak* sâhâ *kuwajiban, kaadilan, tanggêl jawab, hati nurani, kajujuran, keberanian moral, kerendahan hati, sâhâ raos sêtyâ minangkâ paugêran* tumindak ing tiyang gêsang ingkang sae; (3) *filsafatmoral* Seh Amongragâ wontên ing *Sêrat Cênthini* sukâ pisungsung nyâtâ kangge ngrêmbakanipun *nilai-nilai karaktêr* salêbêting kupiyâ nglêstantunakên sâhâ ngrêmbakakên *pêndidikan karaktêr* ingkang sampun dipuntindakakên dening Univêrsitas Nêgêri Yogyakarta sâhâ Kêmêntêrian Pêndidikan Nasional.

Nilai-nilai karaktêr ingkang dipungrêmbakakên wontên ing Univêrsitas Nêgêri Yogyakarta inggih mênikâ; taat ngibadah, blâkâ, tanggêl jawab, trêp kaliyan paugêran, *etos kerja, mandhiri, sinergi, tanggap* ing kawontênan, ngulir budi sâhâ *inovatif, visioner, wêlas asih sâhâ pêrduli, eklas, adil, prasâjâ, trêсна dhatêng nagari, sâhâ intêrnasionalismê*. Wondene *nilai-nilai karaktêr model*

Kêmentêrian Pêndidikan Nasional antawisipun; (1) trêp kaliyan agami, (2) blâkâ, (3) ngaosi sâhâ ngormati, (4) trêp kaliyan paugêran, (5) sêngkud, (6) ngulir budi, (7) mandhiri, (8) dhemokratis, (9) raos kêpengin mangrêtos, (10) grêgêt makantar dhatêng bângsâ, (11) trêsnâ dhatêng nagari, (12) ngaosi asiling kupiyâ, (13) mêmitran utawi mbangun wawan pirêmbagan, (14) trêsnâ dhatêng katêntreman, (15) rêmên maos, (16) pêrduli sakiwâ têngênipun, (17) pêrduli dhatêng tiyang sanes, sâhâ (18) tanggêl jawab.

Gêgayutanipun panaliten mênikâ kaliyan panaliten ingkang dipuntindakakên dening Sutrisnâ Wibâwâ inggih mênikâ sami-sami ngrêmbag *nilai-nilai karaktêr* ingkang sumbêripun saking naskah Jawi. Bedanipun obyek sâhâ *metodê* panaliten, Sutrisnâ Wibâwâ obyek panalitenipun *sêrat Cênthini* dene panaliten mênikâ *layang Sasmitâ Titikâ*. *Metodê* ingkang dipunginakakên dening Sutrisnâ Wibâwâ ngginakakên *metodê hêrmeunitika* sâhâ *metodê heuristika* dene panaliten mênikâ ngginakakên *metodê analisis isi (Content Analysis)*.

Panaliten ingkang jumbuh sanesipun inggih mênikâ panaliten Arief Hidayatullah, (2013) kanthi irah-irahan “*Nilai-Nilai Pendidikan Karakter pada Tokoh Wayang Semar*”. Panaliten mênikâ ngrêmbak babagan *nilai pëndidikan karaktêr* wontên ing parâgâ Sêmar kajumbuhakên kaliyan Undhang-Undhang Nomêr 20 Tahun 2003. Wontên ing panaliten *layang Sasmitâ Titikâ* pawadan ingkang sami kaliyan panaliten ingkang dipuntindakakên dening Arief Hidayatullah inggih mênikâ perangan bahasan inggih mênikâ babagan *pëndidikan karaktêr*, ananging objek panalitenipun bedâ. Panaliten ingkang dipuntindakakên dening Arief Hidayatullah dipunwatêsi wontên ing *nilai-nilai pëndidikan karaktêr*

saking tokoh pewayangan Sêmar, dene wontên ing panaliten mênikå ngrêmbag budi pakarti wontên ing *laying Sasmitå Titikå* salajêngipun budi pakarti ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitå Titikå* mênikå dipunpadosi cundhukipun kaliyan *nilai-nilai pëndidikan karaktêr* tumrap para siswå wontên ing pawiyatan.

Panaliten sanesipun ingkang jumbuh kaliyan panaliten babagan budi pakarti dipuntindakakên dening Ferdi Arifin (2013) kanthi irah-irahan “*Wayang Kulit Sebagai Media Pendidikan Budi Pekerti*”. Ancas panaliten ingkang dipuntindakakên dening Ferdi Arifin inggih mênikå sukå katrangan dhumatêng masarakat bilih seni pewayangan sagêd dipunginakakên minangkå *media kangge pëndidikan* budi pakarti. Sêni pêtunjukan wayang ingkang taksih gesang, lêstari, sårå ngrêmbåkå dipunajab sagêd sukå sumbangan babagan budi pakarti dhumatêng gênêrasi mudhå . *metodê deskriptif analitik* dipunginakakên dening Ferdi Arifin kangge panaliten mênikå dipunsêngkuyung kanthi methodhê kapustakan.

Gêgayutanipun kaliyan panaliten mênikå sami-sami naliti babagan budi pakarti. Bedanipun wontên ing obyek sårå *metodê* panalitenipun. Panaliten ingkang dipuntindakakên dening Ferdi Arifin obyekipun sêni pêtunjukan wayang kanthi *metodê deskriptif analitik* sårå kapustakan dene panaliten mênikå obyekipun naskah Jawa kanthi *metodê analisis isi (Content Analysis)*

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten babagan *nilai-nilai karaktêr* dipuntindakakên Fitriyani Astuti (2018) kanthi irah-irahan “*Rekonstruksi Nilai-Nilai Karaktêr Wontên ing Sêrat Swaraning Asêpi*”. Panaliten ingkang dipuntindakakên Firiyani Astuti ancasipun manggihakên sårå ngandharakên *nilai-*

nilai karaktêr ingkang kawrat wontên ing *Serat Swaraning Asepi*. Lampahing panaliten ngginakakên *metodê* filologi.

Gêgayutanipun kaliyan panaliten mênikå, sami-sami naliti babagan *nilai-nilai karaktêr* ing salêbêtipun naskah. Bedanipun Fitriyani Astuti naliti naskah *Sêrat Swaraning Asêpi* dene panaliten mênikå *layang Sasmitå Titikå*. Prakawis ingkang beda ugi wontên ing *metodê* ingkang dipunginakakên kangge naliti. Panaliten Fitriyani Astuti ngginakakên *metodê* filologi dene panaliten mênikå ngginakakên *metodê analisis isi* (*Content analysis*).

C. Nalaring Pikir

Nalaring pikir wontên ing panaliten mênikå dipundhasari saking kasunyatan bilih wontên ing wêkdal-wêkdal samênikå katingal kirang tumanêmipun *nilai-nilai* budi pakarti wontên ing gêsangipun manungsa mliginipun para siswa. Bab mênikå sagêd dipuntingali saking *fenomena-fenomena* awujud tumindak nalisir saking paugêran. Tumindak-tumindak nalisir mênikå dumados botên namung wontên ing lingkungan kulawârgå, pawiyatan, ananging ugi dumados wontên ing masyarakat. Awit saking mênikå milå pêrlu sangêt kupiyå kangge nuwuhakên malih *nilai karaktêr* ingkang dipunraos sansâyå mundur mênikå.

Kathah sangêt sumbêr tuntunan kangge nanêmakên *nilai-nilai* budi pakarti dhumatêng gênêrasi mudhå. Sumbêr-sumbêr mênikå salah sêtunggalipun awujud naskah kunå. Wontên ing naskah kunå kamot *nilai-nilai* ajaran *moral* utawi ajaran budi pakarti ingkang sagêd dipunginakakên minångkå nggulawênthah *karaktêr*. Salah setunggalipun inggih mênikå *layang Sasmitå Titikå*.

Layang Sasmitå Titikå isinipun ngêmot piwucal ingkang sagêd dipunginakakên minangka piranti kangge nanêmakên *nilai* budi pakarti ing pawiyatan. Pramila saking mênikå wigatos sangêt kangge ndhudah isinipun *layang Sasmitå Titikå* supados sagêt dipunmangêrtosi dening masarakat sacara umum.

Ewah gingsiripun jaman, *nilai-nilai* ingkang kamot wontên ing naskah kuna, kalêbêt ugi *layang Sasmitå Titikå* botên gampang dipunpahami dening masarakat jaman sakmênikå. Pramila, panaliten mênikå gadhah ancas ndhundhah *nilai-nilai* budi pakarti ing *layang Sasmitå Titikå* sâhå cundhukipun kaliyan *pêndidikan karaktêr* wontên ing pawiyatan.

Sinaoså objekipun naskah kunå ananging wontên ing panaliten mênikå botên ngginakakên lampahing panaliten filologi awit naskah *layang Sasmitå Titikå* koleksi Pêrustakaan Museum Dewantara Kirti Griya kodeks Bb.1.133 sampun dipuntaliti dening Siti Sawilah kanthi ngginakakên kajian filologi. Panaliten mênikå ngginakakên kajian *analisis isi (Content Analysis)*. *Analisis isi* gadhah ancas sukå sêsêrêpan, mbikak wawasan enggal, sâhå nêdahakên *fakta*. Kanthi *metodê analisis isi (Content Analysis)* mênikå kaajab *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitå Titikå* sagêd dipunpangguhaken têtah dipunmangêrtosi dening masarakat kathah.

Layang Sasmitå Titikå mujudakên salah satunggaling karya sastra. Karya sastra minangka *transformasi* pêsên saking pêngarang kanthi wujud basa lumantar pocapan punapadene sêratan. Pêngarang minangka pêngirim pêsên, dene pamaos utawi pamirêng minangka ingkang nampi pêsên (Padmopuspito, 1996: 1).

Adhêdhasar pangêrtosan mênikå panaliti gadhah ancas ndhudhah, ngaji, nganalisis pêsên pêngarang *layang Sasmitå Titikå*, mliginipun babagan momotan *nilai-nilai* budi pakarti salajêngipun dipunbabar wontên ing salêbêtipun karya sêratan ilmiah, supados informasi sâhå katrangan utawi pêsên babagan budi pakarti saking pêngarang sagêd dipunmangêrtosi sâhå dipunpahami dening masarakat umum mliginipun pârå siswå wontên ing pawiyatan.

Tabel 2 Nalaring pikir



D.Pitakenan Panaliten

- 1) *Nilai-nilai* Budi Pakarti mênâpâ kemawon ingkang kamot wontên ing naskah *laying Sasmitâ Titikâ*?
- 2) *Nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot ing *layang Sasmitâ Titikâ* mênâpâ kemawon ingkang cundhuk kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên ing pawiyatan miturut Undhang-Undhang N0. 20 tahun 2003.

BAB III

CĀRĀ PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Satunggaling panaliten ingkang asipat ilmiah têtentu ngginakakên *metodê* panaliten ingkang trêp kaliyan ancasipun. *Metodê* têngêsipun gadhah cĀrĀ-cĀrĀ têtamtu kangge nggampilakên ilmu pêngêtahuan nggayuh tujuwan saking satunggaling kêngiyatan (Endraswara, 2015: 75). SacĀrĀ umum wontên ing jagading kawruh mahyakakên bilih *metodê* ilmiah kĕdah ngestokakên sarat-sarat tartamtu (Koentjaraningrat, 1997: 24).

Panaliten ilmiah minangkĀ satunggaling rĕrangken kêngiyatan ingkang dipuntindakakên kanthi *metodê* ingkang gadhah *sistim*, sagĕd dipunnalar, sĀhĀ laras kaliyan *objek*ipun (Soeratno, 2001: 8). *Metodê* inggih mĕnikĀ perangan saking *metodologi* ingkang ngĕwrat langkah *stratĕgis* (Endraswara, 2015: 75). PramilĀ saking mĕnikĀ, Panaliti nalikĀ ngawontĕnakĕn satunggaling panaliten kĕdah ngginakakĕn satunggaling *metodê* ingkang jumbuh kaliyan kabĕtahanipun panaliten, satĕmah sagĕd nggampilakĕn anggenipun nggayuh ancasing panaliten. Sugiyono (2011:2) ngandharakĕn bilih *metodê* panaliten inggih mĕnikĀ minangkĀ cĀrĀ ilmiah kangge ngempalakĕn *data* kanthi ancas sĀhĀ munfangat têtamtu.

Panaliten mĕnikĀ mujudakĕn panaliten *kualitatif* ngginakakĕn *metodê analisis isi (Content Analysis)*. Wuradji (2001) ngandharakĕn bilih *Content Analysis* inggih mĕnikĀ panaliten ingkang ngupiyĀ nganalisis dhokumen kangge mangĕrtosi isi sĀhĀ maknĀ ingkang kamot wontĕn ing salĕbĕtipun dhokumen mĕnikĀ. Mĕnggah jinisipun dhokumen antawisipun; karangan sinĕrat, gambar, *grafik*, *biografi*, *fotografi*, laporan, buku teks, sĕrat, layang kabar, pilĕm, drama,

majalah, sâhâ kâlâwarti. Bungin (2003: 144-147), ngandharakên bilih *analisis isi* inggih mênikâ satunggaling teknik ingkang dipunginakakên kangge *nganalisis* sâhâ mahami teks.

Analisis isi mênikâ botên namung sagêd mbabar pêsên-pêsên ingkang katingal, ananging ugi pêsên ingkang botên katingal (*tersirat*) saking satunggaling dhokumen ingkang dipuntaliti. Atêgês, *analisis isi* mênikâ sagêd langkung mangêrtosi isi medhia adhêdhasar *context* (situasi sosial wontên ing sakiwâ têngênipun dhokumen utawi teks ingkang dipuntaliti), *process* (kadospundi satunggaling proses produksi *media* utawi isi saking pêsên dhokumen utawi teks mênikâ dipundamêl sacâra *actual*) sâhâ *emergence* utawi *darurat* (kawangun sacâra *gradhual* utawi mawi tataran-tataran saking maknâ satunggaling pêsên lumantar mahami sâhâ sukâ maknâ saking dhokumen-dhokumen ingkang dipuntaliti.

Krippendorf (1993: 15), mahyakakên bilih ingkang dipunwastani *analisis isi* (*Content Analysis*) inggih mênikâ satunggaling câra panaliten kangge damêl *infêrensi-infêrensi* utawi dudutan ingkang sagêd dipuntiru (*replikabel*) sâhâ akuratipun *data* kanthi nggatosakên *kontekipun*. Minangkâ satunggaling teknik panaliten, *analisis isi* nyakup câra-câra ingkang mligi kangge ngêmonah *data* ilmiah. Kadosdene sêdâyâ teknik panaliten, *analisis isi* gadhah ancas sukâ pangêrtosan, mbukâ wawasan enggal, nyawisakên “fakta” sâhâ tuntunan ingkang praktis kangge nindakakên. Stone lumantar Krippendorf (1993: 19), ngandharakên bilih *analisis isi* inggih mênikâ satunggaling teknik panaliten kangge damêl *infêrensi-infêrensi* kanthi câra mbabarakên sacâra *sistimatis* sâhâ mênâpâ

wontênipun (*objektif*) *karaktêristik-karaktêristik* mligi wontên ing salêbêtipun teks. Krippendorf ngandharakên tâtâ cârà nganalisis ngginakakên *metodê analisis isi*:

1. Ngêmpalakên *data*, ingkang dumados saking,
 - a. Nêmtokakên *unit*
 - b. Nêmtokakên *sampêl*
 - c. Nyathêt *data* wontên ing kartu *data*
2. Milah sâhâ milih *data*
3. *Kêabsahan data*
4. Dudutan utawi *infêrensi*
5. *Analisis*

B. Papan sâhâ Wêkdal Panaliten

Panaliten mênikâ mujudakên panaliten *kualitatif* ngginakakên *metodê analisis isi (Content Analysis)*. Sumbêr *data* awujud pustakâ *layang Sasmitâ Titikâ* koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Taman Siswa *no kodeks Bb.1.133* ingkang sampun dipunsunting dening Siti Sawilah (2016). Panaliti anggenipun nindakakên panaliten botên winatês papan sâhâ wêkdalipun. Wêkdal panaliten dipuntindakakên wiwit wulan Desembêr 2017 ngantos dumugi nglaporakên asiling panaliten mênikâ. pêprincenipun kagiyatan panaliten inggih mênikâ:

- 1) nyusun proposal panaliten
- 2) pasarujukan sâhâ ngêsahaken proposal panaliten
- 3) nindakakên panaliten

4) nglaporakên asiling panaliten

C. Data saha Sumber Data Panaliten

Data inggih mênikå informasi ingkang wontên ing salêbêtipun sumbêr *data*. Sumbêr *data* inggih mênikå sadâyå kemawon ingkang sagêd ngasilakên sâhå sukå *informasi*. *Data* wontên ing panaliten mênikå wujudipun têmbung sâhå ukårå-ukårå ingkang ngêwrat *nilai-nilai* budi pakarti ingkang dipunpanggihakên wontên ing *layang Sasmitå Titikå*. Sumbêr *data* ing panaliten mênikå namung sêtunggal utawi *data* tunggal inggih mênikå *layang Sasmitå Titikå* koleksi Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta nomêr kodeks Bb.1.133, sêratan Jawa cithak. Naskah mênikå sampun dipunsunting dening Siti Sawilah (2016). Asiling suntingan naskah *layang Sasmitå Titikå* ingkang katindakakên Siti Sawilah kaginakakên minångkå sumbêr *data* wontên ing panaliten mênikå.

D. Ngêmpalakên Data

Teknik ngêmpalakên *data* mujudakên tumindak ingkang paling wigatos ing salêbêting panaliten, awit ancas saking panaliten inggih mênikå manggihakên *data* (Sugiyono, 2010: 308) *Data* inggih mênikå unit informasi ingkang dipunrêkam wontên ing satunggaling *media*, ingkang sagêd dipunbedakakên kaliyan *data* sanesipun, sagêd dipunanalisis kanthi ngginakakên teknik-teknik ingkang sampun wontên, sâhå laras kaliyan prakawis ingkang dipuntêliti (Zuchdi, 1993: 29).

Panaliten mênikå ngginakakên *metodê analisis isi (Content Analysis)* cârå ngêmpalakên *data* dumados saking 3 (tiga) perangan, inggih mênikå: nêmtokakên

unit, nêmtokakên *sampêl*, sâhâ nyathêt utawi ngrêkam. Mênggah andharan sâhâ katrangan saking tigang perangan wontên ing panaliten *layang Sasmitâ Titikâ* inggih mênikâ:

1. Nêmtokakên unit

Nêmtokaken unit mujudakên kêgiyatan milah-milah *data* dados perangan-perangan ingkang salajêngipun sagêd dipunanalisis. Kangge nêmtokaken unit-unit mênikâ, Krippendorff, (1993: 60-61) ngandharaken wontên 5 (gangsal) cârâ, inggih mênikâ: unit miturut *fisik*, unit *sintaksis*, unit *referensial*, unit *proposisional*, sâhâ unit *tematik*.

Unit ingkang dipunginakakên wontên ing panaliten mênikâ, unit *tematik*. Unit *tematik* mênikâ dipunidhidentifikasi miturut gayutanipun utawi sêsambêtan kaliyan pangêrtosan struktural konten satunggaling sêratan *naratif* utawi cariyos, pênjêlasan, utawi tafsir. Unit *tematik* wontên ing panaliten mênikâ kanthi madosi têmbung utawi ukara ingkang ngêmot babagan *nilai-nilai* budi pakarti wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*.

2. Nêmtokakên *Sampêl*

Wontên ing salêbêtipun panaliten *kualitatif*, nêmtokakên *sampêl* rakêt sangêt hubunganipun kaliyan *faktor-faktor kontekstual*. Dados maksudipun sampling wontên ing panaliten *kualitatif* inggih mênikâ njaring utawi madosi sakathah-kathahipun informasi saking mapintên-pintên sumber sâhâ bangunanipun (*constructions*). Maksud sanesipun inggih mênikâ madosi informasi ingkang samangke badhe dipunndadosakên dhasar saking rancangan sâhâ teori ingkang badhe muncul utawi dipundamêl. Dados, istilah *sampling*

wontên ing panaliten kualitatif botên awujud sampêl acak ananging sampêl ingkang gadhah ancas utawi tujuwan (Moleong, 2008: 224).

Panaliten *layang Sasmita Titika* mênika mujudakên panaliten kapustakan ingkang sumber *datanipun* namung sêtunggal utawi *data* tunggal. Pramila, anggenipun nêmtokakên sampêl botên dipuntindakakên. Unit-unit *data* anggenipun ngêmpalakên dipunginakakên sensus. Sadaya *populasi data* wontên ing salêbêtipun sumber *data* ingkang ngêwrat babagan *nilai-nilai* budi pakarti dipuntêliti. Sugiyono (2010: 117) ngandharakên bilih *populasi* inggih mênika wilayah *gênêralisasi* ingkang dumados saking obyek utawi subyek ingkang gadhah *kualitas* sâha *karakteristik* têtamtu ingkang dipuntêpakên dening panaliti kangge bahan panaliten lan salajêngipun dipunpêndhêt dudutanipun.

3. Nyathêt data wontên ing kartu data

Kêgiatan nyathêt utawi *recording* mujudakên prakawis ingkang baku wontên ing salêbêtipun panaliten. Panaliti mokal sagêd nganalisis *data* ingkang cathêtanipun botên laras. Holsti lumantar Krippendorf (1993: 78) ngandharakên bilih *unit pencatatan* minangka perangan mligi saking isi ingkang sagêd dipunwanuhi kanthi mapanakên wontên ing salêbêtipun katêgori. Samantên ugi wontên ing *analisis isi*, kêgiatan nyathêt dados prakawis ingkang wigatos sangêt.

Cathêtan inggih mênika prakawis ingkang pêrlu sangêt minangka akibat awit wontênipun kasunyatan. *Analisis isi* nampi bahan-bahan ingkang dereng *têrstruktur*. Kangge nindakakên kêgiatan pencatatan mênika Krippendorf (1993: 100) ngandharakên pitêdah-pitêdah, inggih mênika:

- a) Ciri-ciri pêngamat ingkang dipunbêtahakên wontên ing salêbêtipun proses nyathêt;
- b) Gladhen sâhâ cêcawis saking pêngamat kangge nindakakên ayahan nyathêt;
- c) Sintaksis sâhâ semantik *data* basa ingkang dipunginakakên, saumpami dipunbêtahakên dipunkantheni ringkêsan tâtâ cârâ mapanakên pêsên wontên ing salêbêtipun *kategori-katêgori*
- d) Administrasi lêmbaran-lêmbaran *data*.

Panaliten mênikâ, kêgiyatan nyathêt *data* kanthi nyawisakên lêmbaran-lêmbaran *data* ingkang isinipun *data-data* ingkang badhe dipunanalisis. *Data-data* mênikâ dipuncathêt wontên ing kartu *data*. Wondene wujudipun kartu *data* kados ing ngandhap mênikâ.

Tabel3. Kartu Data têngbung-têngbung utawi ukara-ukara ingkang ngêwrat nilai-nilai budi pakarti wontên layang Sasmitâ Titikâ.

No	Unit Budi Pakarti	Têgês	Teks ingkang ngêwrat Nilai-Nilai Budi Pakarti	Katêgori
1				
2				
3				

E. Milah sâhâ milih *data*

Wontên ing *analisis isi (Content Analysis)*, babagan milah sâhâ milih *data botên* dados prakawis awit sagêd katindakakên sarêng kaliyan *analisis data*. *Data-data* dipunpilah sâhâ dipunpilih ingkang gayut kaliyan panaliten babagan *nilai-nilai budi pakarti* ing *layang Sasmitâ Titikâ*.

F. Kêabsahan data

Kangge nêtêpaken *kêabsahan data* têngtu dipunbêtahakên *kritêria keabsahan data*. Moleong (2008: 324-325) ngandharakên wontên 4 (sêkawan) kritêria ingkang dipunginakakên mênika *dêrajad kapitadosan, kêtêralihan, kêbêrgantungan, sâhâ kepastian*. Wondene *teknik pamariksaan keabsahan data* katindakaken kanthi 2 (kalih) câra, inggih mênika:

1). *Kêtêkunan* utawi *kêajêgan* nindakakên *pêngamatan*

Panaliti nindakakên *pêngamatan*, nyathêt *data*, pamaosan kanthi têtiti sâhâ rinci ingkang dipunambali makaping-kaping ngantos pikantuk makna ingkang têtêp utawi ajêg dhumatêng *data* saking sumbêr *data*. Pamaosan ingkang tiliti kanthi câra dipunambali wongsal-wangsul bakal sukâ dâya dhumatêng kaajêgan anggenipun sukâ makna.

Krippendorff (1993: 247) mastani kanthi istilah *valid* utawi *sahih*. *Valid* utawi *sahih* minangka pratândhâ *kualitas* saking satunggaling panaliten ingkang ngarahakên manungsa ngakêni minangka kasunyatan-kasunyatan ingkang botên sagêd dipunpaibên atêges sagêd dipunpitados. Krippendorff (1993: 247-254) ngandharakên jinis-jinis kêsahihan wontên ing panaliten *content analysis* utawi *analisis isi* dados 7 (pitu) inggih mênika ; (a) *validhitas data*, (b) *validhitas semantis*, (c) *validhitas nêmtokakên sampêl*, (d) *validhitas pragmatis* utawi *validhitas* ingkang sasaranipun dhumatêng asil, (e) *validhitas korelasional*, (f) *validhitas predhiktif*, saha (g) *validhitas* ingkang *orientasinipun* dhumatêng proses. Jinis *validhitas* ingkang dipunginakakên wontên ing panaliten mênika *validhitas semantis*.

2). *Triangulasi*

Triangulasi inggih mênikâ satunggaling cârâ anggenipun ngêsahakên *data* ngginakakên satunggaling prakawis ing sanjawining *data* kangge kaprêluan *pêngêcekan* utawi minangkâ *pêmbandhing* saking *data* mênikâ. Ancasipun nindakakên *triangulasi* inggih supados pikantuk pêmahaman ingkang lèbêt dhumatêng *data* ingkang dipuntêliti. Moleong (2008: 330-331) mánthâ-mánthâ cârâ *triangulasi* mênikâ dados 4 (sêkawan) perangan, inggih mênikâ; *sumber*, *metodhe*, *penyidik*, sâhâ *teori*. Cârâ ngêsahakên *data* wontên ing panaliten mênikâ ngginakakên *triangulasi sumbêr* sâhâ *triangulasi teori*.

Triangulasi sumbêr inggih mênikâ mbandhingakên sâhâ ngêcek dêrajad kapitadosan satunggaling informasi ingkang dipunasilakên lumantar wêkdal sâhâ piranti ingkang bedâ. Wontên ing panaliten *layang Sasmitâ Titikâ* mênikâ, *triangulasi sumbêr* dipuntindakakên kanthi madosi sumbêr-sumbêr sanes ingkang langkung sêpuh, sêjaman punâpâdene langkung ênem salajêngipun mbandhingakên *data* saking teks, sêrat, naskah sanes mênikâ kaliyan *data* ingkang wontên *layang Sasmitâ Titikâ*. Têmtu kemawon *data* ingkang dipunbandhingakên wontên gayutipun kaliyan ancasing panaliten. Cârâ ngêsahakên *data* wontên ing panaliten mênikâ ugi ngginakakên *triangulasi teori*.

Patton lumantar Moleong (2008) mahyakakên bilih fakta sagêd dipunpriksâ dêrajad kapitadosanipun kanthi ngginakakên sêtunggal utawi langkung *teori*. Bab mênikâ sagêd dipuntindakakên mênawi analisis sampun ngandharakên *pola*, gêgayutan, sâhâ dipunkantheni andharan ingkang dipunasilakên sâhâ mêdal

saking *analisis* mênikå. Pramila, wigatos sangêt kangge madosi tema utawi andharan sanes minångkå pêmbandhing utawi kangge nyaingi.

G. Dudutan/ Infêrensi

Kados ingkang sampun dipunandharakên ing nginggil, miturut Krippendorff, (1993: 15) bilih ingkang dipunwastani *analisis isi (Content Analysis)* inggih mênikå satunggaling cârå panaliten kangge damêl inferensi-inferensi utawi dudutan ingkang sagêd dipuntiru (*replikabel*) sâhå akuratipun *data* kanthi nggatosakên konteksipun. *Analisis isi* gadhah ancas sukå pangêrtosan, mbukå wawasan enggal, nyawisakên “fakta” sâhå tuntunan ingkang praktis kangge nindakakên. Wontên ing panalitên *layang Sasmitå Titikå* manggihakên *nilai-nilai* budi pakarti ingkang taksih *relêvan* mênawi dipuncakakên wontên ing jaman samênikå.

H. Analisis data

Analisis data katindakakên kanthi cârå kualitatif *katêgorisasi* sâha *pêbandingan* sacârå lumintir. Krippendorff (1993: 167-180) ngandharakên babagan cârå *nganalisis data* dipunperang dados; (a) *frekuensi*, (b) *assosiasi*, *korelasi* sâhå *tabulasi silang*, (c) *kesan*, *potret* sâhå *analisis diskriminan*, (d) *kontingensi*, *analisis kontingensi*, (e) *penggugusan*, sâhå (f) *klasifikasi kontekstual*.


Analisis data ingkang dipunginakakên wontên panaliten *layang Sasmitå Titikå* mênikå kanthi *klasifikasi kontekstual*. Panaliti minångkå piranti panaliten mênikå (*human instrument*) wigatos sagêt kangge njumbuhakên antawising patakening panaliten kaliyan sumbêr *datanipun* inggih menika *layang Sasmita*

Titika. Punåpå malih *sumbêr datanipun* namung sêtunggal utawi *data* tunggal ingkang mbêtahakên pênafsiran. Pênafsiran mênikå sagêd katindakakên namung saking andharan panaliti nalikå *nganalysis*.

I. Pirantining Panaliten

Piranti ingkang utama wontên ing panaliten mênikå inggih panaliti piyambak (*human Instrument*). Panaliti gadhah pêran ingkang wigatos sangêt. Panaliti ingkang badhe sukå maknå dhumatêng *data* ingkang sampun dipunkêmpalakên. Piranti kangge mbiyantu panaliti inggih mênikå *kartu data*. Saderengipun *data* dipunanalysis, *data* dipunsêrat wontên ing *kartu data*. *Kartu data* gadhah fungsi kangge nyawisakên *data* saking asiling maos *laying Sasmitå Titikå*. Isinipun *kartu data* ngêwrat *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kapanggihakên wontên ing *layang Sasmitå Titikå*.

Tabel 4: Alur Cârâ Panaliten Nilai-Nilai Budi Pakarti Wontên ing layang Sasmitâ Titikâ sâhâ Cundhukipun kaliyan Pêndidikan Karaktêr kanthi Metode Analisis Isi (Content Analysis)



BAB IV

ASILING PANALITEN SÁHÁ PIRÊMBAGANIPUN

A. Asiling Panaliten

Naskah layang *layang Sasmitå Titikå* koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta kanthi nomêr kodeks Bb.1.133. nate dipuntaliti dening Siti Sawilah (2016) kanthi irah-irahan” Kajian Filologi Sáhå Kawruh Sasmitå Wontên ing *Layang Sasmitå Titikå*”.

Kangge ningali kawontenanipun (*cek sáhå ricek*) naskah layang *Sasmitå Titikå* panaliti nindakakên study lapangan wontên ing papan panyimpênan naskah mênikå, wondene dheskripsinipun kados mênikå.

Naskah *layang Sasmitå Titikå* koleksi Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Tamansiswa Yogyakarta kanthi nomêr kodeks Bb.1.133. Naskah *layang Sasmitå Titikå* sacårå umum kawontenanipun taksih sae mawi sêratan Jáwå cithak. Naskah *layang Sasmitå Titikå* botên dipunmangêrtosi sintên ingkang nyêrat, namung wontên ing samak ngajêng kapanggihakên “*Purneng gitå ing Suråkartå*”. Purneng gitå mênikå mênåpå åsmå panganggit kanthi singlon milå kirang têrang. Naskah mênikå dipuncithak wontên Le DRUKUITGEVERIJ EN BOEKHANDELSTOOMDRUKKERIJ”DE BLIKSEM”SOLO 1927. Naskah *Layang Sasmitå Titikå* ngêmot piwucal tumrap gêsangipun manungså. Piwucal mênikå kaperang dados gangsal pêrkawis, inggih mênika (1). sasmitanipun tiyang badhé manggih sênêng punåpådéné sêdhih, (2). kadumugén punåpå botên kadumugén sêdyanipun, (3). manggih bungah utawi susah, (4). manggih bégjå utawi cilåkå, sáhå (5). dåwå utawi cêndhak umuripun.

Adhêdhasar *suntingan* teks *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang sampun katindakakên dening Siti Sawilah, panaliti badhe nglajêngakên kajian kanthi ndhudhah babagan *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* salajêngipun dipunpadosi cundhukipun kaliyan *pêndidikan karaktêr* miturut Undhang-undhnag No. 20 Tahun 2003.

1. *Nilai-Nilai Budi Pakarti Wontên Ing Layang Sasmitâ Titikâ*

Naskah *Layang Sasmitâ Titikâ* mujudakên teks ingkang isinipun babagan piwulang budi pakarti. Asiling *kajian* manggihakên 26 (nêmlikur) *nilai-nilai* budi pakarti inggih mênikâ;(1). Njagi aosing dhiri, (2). Njagi sucining dhiri, (3) Srêgêp, (4) Jujur/blâkâ, (5) Sabar, (6) Kêndêl, (7) Sopan Santun, (8) Nglênggânâ manawi lêpat,(9) Taat/patuh, (10) Nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti, (11) Kurmat-kinormatan, (12)Têlaten, (13) Gêmi, (14) Eklas , (15) Tanggung Jawab, (16) Mandhiri, (17) Sêngkud, (18) Trêp kaliyan paugêran, (19) Bêkti, (20) Mêmmitran, (21) Prasaja, (22) Lilâ eklas nindakakên pangurbanan, (23) Rêmên têtulung, (24) Adil, (25) Andhap asor sâhâ (26) Wicaksânâ

Kangge mrasajakakên anggenipun manggihakên cundhukipun kaliyan 18 *Nilai karaktêr* saking *Kementrian Pêndidikan sâhâ Kabudayan*, *Nilai-nilai* budi pakarti mênikâ dipunkêlompokaken dados 5 (gangsals) perangan miturut *fokus utama* pênguatan *pêndidikan karaktêr* ingkang dipungagas dening Kêmentrian *Pêndidikan Nasional*. Gangsals *fokus utama* mênika minangkâ gêrakan kangge murih kasilipun *gêrakan revolusi mental*. 5 (gangsals) *fokus utâmâ* utawi *poros* kangge *Pênguatan Pêndidikan Karaktêr* inggih mênikâ: (1) *Religius*, (2)

Nasionalis, (3)Gotong royong, (4) Intêgritas, sâhâ (5) Mandhiri (Kêmandikbud, 2017:7-9)

2. Nilai-nilai budi pakarti wontên ing *Layang Sasmitâ Titikâ* sâhâ cundhukipun kaliyan *Pêndidikan Karaktêr* miturut Undhang-undhang No.20 Tahun 2003

Asiling panaliten manggihakên 26 (nêm likur) *nilai-nilai* budi pakarti wontên ing *Layang Sasmitâ Titikâ* pranyata cundhuk kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* miturut Undhang-undhang No. 20 Tahun 2003. Cundhukipun *nilai-nilai* budi pakarti ing *Layang Sasmitâ Titikâ* kaliyan *nilai-nilai karaktêr* miturut Undhang-undhang No. 20 Tahun 2003 mênikâ amargi *nilai-nilai* budi pakarti ing *Layang Sasmitâ Titikâ* mênikâ taksih dipungêgulang sâhâ dipunwucalakên wontên ing pawiyatan.

Sasampunipun dipunpantha-pantha miturut 5 (gangsals) *fokus utama* pênguatan *pêndidikan karaktêr* ingkang dipungagas dening Kêmentrian *Pêndidikan Nasional*, dipunpanggihakên cundhukipun nêm likur *nilai-nilai* budi pakarti ing *layang Sasmitâ Titikâ* kaliyan wolulas *nilai-nilai karaktêr* miturut Undhang-undhang No. 20 Tahun 3003 inggih mênikâ wontên ing *karaktêr (1) Religius, (2) Nasionalis, (3)Gotong royong, (4) Intêgritas, sâhâ (5) Mandhiri* (Kêmandikbud, 2017:7-9)

B. Pirêmbagan

1. Nilai-nilai Budi Pakarti wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*

Kajian dhumatêng *layang Sasmitâ Titikâ* manggihakên 26 (nêm likur) *nilai-nilai* budi pakarti ingkang salajêngipun dipunpantha adhêdhasar 5 poros

Pênguatan Pêndidikan Karaktêr inggih mênika: (1) Religius, (2) Nasionalis, (3)Gotong royong, (4) Intêgritas, sâhâ (5) Mandhiri (Kêmêndikbud, 2017:7-9)

Wêdharan babagan *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* badhe dipunandharakên ing ngandhap mênika.

a. Religius

Karaktêr religius inggih mênika *karaktêr* manungsâ ingkang samubarang pêrkawis wontên ing pagêsanganipun tansah sumendhe dhumatêng tuntunan agâmâ. Ndadosakên agâmâ minangkâ panuntun sâhâ panutan ing salêbêtipun mocap, patrap, sâhâ tumindak (Alivermana, 2014). *Karaktêr* religius dumados saking 3(tigâ) *dimensi*: 1) hubungan manungsâ sacârâ *individu* kaliyan Gusti Allah, 2) hubungan *individu* kaliyan sêsami, sâhâ 3) hubungan *individu* kaliyan lingkungan (Kêmêntrian Pêndidikan dan Kebudayaan, 2017: 8). *Karaktêr religius* badhe mangun manungsâ supados gadhah iman dhumatêng Gusti Allah. Kêyakinan awit wontênipun Gusti Allah badhe mangun manungsâ ingkang taat anggenipun ngibadah sâhâ tumindak laras kaliyan tuntunaning agamâ sâhâ botên nindakakên mênâpâ ingkang dipunawisi dening agâmâ (Ridwan, 2018: 4). Wontên ing salêbêtipun *karaktêr* religius dumados saking perangan-perangan *nilai* religius, inggih mênika: trêsnâ dhumatêng katêntêman, toleransi, ngaosi wontênipun prakawis babagan agâmâ sâhâ kapitadosan ingkang beda, pitados dhumatêng dhiri pribadi, mêmitran sâhâ kêkancan, tulus eklas, trêsnâ dhumatêng lingkungan, ngrêksâ dhumatêng ingkang kasingkir (Kêmêntrian Pêndidikan dan Kebudayaan, 2017: 8)

Saking andharan saking perangan-perangan *nilai karaktêr religius* ing inggil dipunpanggihakên *nilai* budi pakarti wonten ing *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang saged dipunlêbêtaken wontên ing *karaktêr religius* inggih mênikâ : (a) sabar, (b) nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah, (c) eklas, (d) tanggel jawab, (e) sêngkud, sâhâ (f) trêp kaliyan paugêran. Wondene wêdharanipun kados makatên.

1) *Sabar*

Sabar inggih mênikâ sikap dhasar salêbêtipun nampi satunggaling prakawis. Sikap sabar badhe nndadosakên gêsang manungsâ tumuju dhumatêng katentrêman (Endraswara, 2017: 80). Sabar têngesipun tabah, tahan saking pacoben. Tiyang sabar têmtu badhe tahan nalikâ nampi pêrkawis-pêrkawis ingkang botên dipunrêmêni utawi botên sakecâ, kanthi pasrah sumarah dhumatêng Gusti ingkang Mâhâ Kuwaos, wujudipun; (a) Sabar nalikâ tumindak, (b) Sabar nalikâ nampi kasisahan (c). Sabar kanthi mêtêp raos dukâ. Sabar rakêt sangêt kaliyan kapitadosanipun manungsâ kaliyan Gusti Allah (A. Tabrani Rusyan, dkk. Tt: 29). Sabar sagêd ugi dipuntêgesi minangkâ botên cêpak nêpsunipun; sareh anggenipun tumandang (S. Prawiro Atmodjo, 1994: 350). Tiyang ingkang botên gadhah sipat sabar nalikâ nampi kasisahan badhe dukâ-dukâ, nglêpatakên tiyang sanes. Tiyang botên gadhah watak sabar kaparâ sagêd nglêpatakên Gusti Allah.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*, sikap botên sabar nalikâ nêmahi kasisahan dipuntampi kanthi botên rilâ. Tiyang gampil nglêpatakên tiyang sanes, kamangkâ mênikâ lêpatipun piyambak. Wontên ing salêbêtipun manah tansah

nggrundêl. Andharan bab sikap botên sabar nalikå nampi kasisahan pêthikannipun kados ing ngandhap mênikå:

” Kåyåtå wong arêp lélungan luru panggaweyan pikire mangu-mangu gå arêp mangkat gå ora dumadakan lakune dadi kangelan ånå bae pangkalane. Barêng dilakoni nêmbung pagaweyan marang sawijining panggêdhe diwangsuli seje dinåbae. Sêbab saiki durung ånå garapan besuk sasi ngarêp bae kapurih bali. Kang luru panggaweyan kapêkså nyrantekake , barêng tumêkaning mångså sêmayane dibaleni jêbul wis dilêboni wong liyå. Batine kang nyrantekake ora gênah ane. Adoh adoh diparani jêbul ngoncati pancen sêmbirànå têtênan gawe kangelaning laku bae.”(kåcå 5)

Pratelan ing nginggil nêdahaken sikap botên sabar manungså nalikå nampi kasisahan. Wontên ing pêthilan cariyos mênikå ngandharakên tiyang ingkang badhe pados damêlan. Dening tiyang ingkang badhe dipunsuwitani kapurih nêngga. Sajatosipun tiyang ingkang badhe suwitå mênikå gadhah watak sabar cihnå piyambakipun purun nênggå ngantos dumugi wanci anggenipun dipun sêmayani. Ananging dêrajad sabaripun manungså mênika dipuntingali nalikå nampi pacoben. Pranyåtå tiyang mênikå botên trimå nalikå anggenipun suwitå botên dipuntampi awit sampun wontên tiyang sanes ingkang dipuntampi. Salajêngipun tiyang mênikå grundêl botên trimå.

Têmbung sabar têtêsipun botên gampil dukå. Tiyang ingkang pikantuk kasisahan wontên ing gêsangipun kêdah sagêd “*nggêlar sårå nggulung, ngunggahke ugå ngudhukke*”, atêgês samudayanipun dipunpênggalih sacårå lêtêt murih botên ndadosakên kapitunan. Tiyang ingkang nêmbè nandhang kasisahan prayogi gadhah watak “*jêmbar sêgarane*” atêgês sabar. Tiyang ingkang gadhah watak sabar têtêtu badhe nampi prakawis mênikå minangkå garising pêtêsthen, mila kedah dipuntampi kanthi “*nrimå*” sårå sumeleh. Suwardi Endraswara (2013)

mahyakakên bilih salah satunggal ciri tiyang ingkang gadhah watak sabar sâhå sumeleh inggih mênikå tiyang badhe nganggêp ruwêt rêntênging gêsang minångkå tantangan botên pacoben gêsang. Bab Mênikå kêdah dipunadhêpi lan botên damêl dhiri dados *stres*. Sêsanti ing bêbrayan tiyang jawå “*sabar subur*” nêdahakên bilih tiyang ingkang gadhah watak sabar gêsangipun tansah nampi karahayon. Kadhang kâlå wontên ing kasunyatan, tiyang sabar malah nêmahijojur. Ananging mênawi dipunmaknani kanthi lêbêt, sagêd kêkawon nalikå gêsang ing donyå kanthi kasabaran pranyåtå tansah manggih ing kasangsaran. Namung kêdah dipunemut bilih sabar mênikå mujudakên watak utåmå.

Gusti ingkang Måhå Asih botên badhe negakakên tiyang sabar. Kanthi sikap sabar botên badhe tiyang tumindak ingkang nalisir. Awit mênawi kasabaran mênikå sampun tumanduk wontên ing dhiri sabên tiyang, têmtu kawontênan donyå bakal têntrem; têntrem lahir ugi batin. Kasabaran manungså rakêt sangêt kaliyan nrimå. Nrimå inggih mênikå nampi samukawis kanthi kêsadharan spiritual-psikologis, tanpå gadhah raos nggrundêl. Mênåpå kemawon ingkang dipuntampi minångkå bêrkah saking Gusti Allah (Endraswara, 2013: 35). Sabên manungså prayogi gadhah ati kadosdene sêgårå, têgesipun gadhah kêsabaran. Sêgårå mênikå papan ingkang wiyar sangêt. Sadåyå barang inggih sae punåpådene awon dipuntampi dening sêgårå tanpå sambat. Kanthi gadhah watak sabar, dipunajib manungså nalikå ngadhêpi prakawis botên bakal bingung. Kanthi kêsabaran manungså bakal manggihakên kawilujêngan, sâhå sagêd uwal saking prakawis ingkang mbêbayani sâhå damêl kacilakan (Sri Wintala Achmad, 2016: 163).

Watak sabar mênikå botên namung dipunucapakên, ananging kêdah sagêd dipuncakakên wontên ing gêsang. Wontên ing *sêrat Durcårå Arjå* (Padmasusastra, 1921) wontên satunggaling cariyos ingkang nêdahakên kasabaran badhê manggihakên katêntreman. Wontên ing *Sêrat Durcårå Arjå* menikå dipuncariyosakên nalikå mbok Gunåwicårå dipunundãmånå dening Kyai Suråwacånå. Mbok Gunåwicårå dipundakwå mëndhet artanipun Kyai Suråwacånå, ananging kanthi watak sabaripun, mbok Gunåwicårå sagêd mêpêr dukanipun Kyai Suråwacånå. Pratelanipun wontên ing *sêrat Durcårå Arjå* makatên.

“...Bareng dibukak, temen yen kothong, ora ana isine dhuwit, Kyai Surawacana anjenger ora bisa celathu, nyata kabilaen gedhe sak penggawene nyai rondha julig, enggal bali gegancangan, bingung kaworan nepsu, sedyane arep masesa menyang Nyai Gunawicara. Satekane Nyai Gunawicara ketemu linggih ana ing ngamben, kambi maca layang, banjur ditudingi lan diujar-ujari ala nganti kamisosolen, calathune: heh gentho, kecu, maling.....Nyai Gunawicara diuneni kaya mengkono kuwe ora gugup, sareh mangsuli lan ora basa, calathune mengkene.....”

Pratelan ing nginggil nêdahakên bilih mbok Gunåwicårå nalikå ngadhêpi pêrkawis kanthi kêsabaran sårå wêning. Sabar sampun ngantos dipuntêgêsi botên ngupadi kangge nggayuh samukawis, ananging kêdah dipuntêgêsi minångkå kupiyå kangge nggayuh samukawis kanthi cårå ingkang lêtês. Têgêsipun kanthi kêsabaran badhe ngasilakên katêntreman wontên ing manah tumrap dhiri pribadi punåpådene tiyang sanes.

Wontên ing gêsangipun tiyang Jåwå wontên unen-unen “*Gusti Ora Sare*”. Unen-unen menika sagêd dipuntêgêsi bilih manungså mênikå kêdah ngupiyå

samukawis kanthi tumêmên sâhâ. Gusti Allah botên negakakên. Gusti ingkang Mâhâ Mirah badhe nyêkapi kabêtahanipun manungsâ. Pramila, nalikâ tiyang gêsang gadhah watak sabar têtmu Gusti Allah botên badhe negakakên. Gusti Allah mênikâ mâhâ mirah. Panjênênganipun badhe nyêkapakên kabêtahan manungsâ. Gusti Allah botên badhe damêl kuciwanipun manungsâ ingkang tansah ngupiyâ kanthi têtên sâhâ sabar (Sigit Nugroho, 2019: 18). Gusti ingkang Mhâ Mirah sampun nyawisakên rêjêki dhumatêng sadâyâ manungsâ wiwit tipunlahirakên. Ananging, gumantung manungsâ kados pundi manungsâ anggenipun badhe ngupadi. Pratelan mênikâ sagêd dipunpangihakên wonten ing *sêrat Sâna Sunu* pupuh I dhandhanggulâ pândâ 11

“.....
Linairken sira aneng dunya, Sinung sandhang lan pangane, Yeku sira den emut, Tuwa sandhang kalawan bukti, Lairing kang manungsa, Saking garbing ibu, Jabang tan banjur dinulang,”

Saking pratelan mênikâ sagêd dipunmangêrtosi bilih Gusti Allah maringakên bêrkah awujud sandhang sâhâ pangan dhumatêng manungsâ wiwit dipunlairakên dhatêng donya. Manungsâ kédah ngupiyâ kangge nggayuh bêrkah saking Gusti Allah mênikâ. Kangge nggayuh sadâyâ bêrkah ingkang sampun dipuncawisakên dening Gusti Allah kédah dipunkupiyâ kanthi raos sabar sâhâ tawakal. Sikap Tawakal mênikâ kados ingkang dipunandharakên ing *Sêrat Wêdhâtâmâ* pupuh Gambuh pândâ 73, pratelanipun:

“Pamoting ujar iku, kudu santosâ ing budi têtguh, sartâ sabar tawêkal lêngaweng ati, trimâ lilâ ambêg sadu, wêruh wêkasing dumados.”

Saking pratelan mênikâ sagêd dipunmangêrtosi bilih kangge nindakaken piwulang kasêbat kédah santosâ sâhâ têtguh budinipun, sartâ sabar tawêkal, eklas,

lilå sâhå nampi sadayanipun, gadhah jiwa pandhitå ingkang sagêd dipunpitados, dunung dhumatêng pungkassaning gêsang mênikå (Nurhayati, dkk., 2016: 196-197). Kanthi gadhah budi pakarti sabar, tiyang anggenipun nglampahi panggêsangan badhe manggihakên katêntreman sâhå kawilujêngan donyå punåpå dene akerat.

Watak sabar ingkang dipunkatheni tumindak têmên-têmên sâhå pasrah dhumatêng kêrsanipun Gusti Allah badhe ndadosakên gêsangipun têntreman, ayêm. Samukawis kédadosan ingkang dipunalami dening manungså dipunmaknani minangkå kêrsanipun Gusti Allah. Mila, kedah dipunlampahi kanthi sabar jêr sadâyå mênikå kangge sangsâyå dhiwasanipun manungså. Gusti Allah botên sare lan botên negakakên.

2) *Nelakakên Raos Sokur Dhumatêng Gusti Allah*

Manungså mênikå mujudakên titahipun Gusti Allah ingkang paling inggil dêrajadipun. Bab mênikå minangkå bêrkah saking Gusti Allah. Pramila saking mênikå manungså kédah ngaturakên råså sokur dhumatêng Gusti Allah. Manungså kédah nglênggånå bilih asalipun saking Gusti ingkang Måhå Kuwaos lan badhe wangsul dhatêng Panjênênganipun “*sangkan paraning dumadi*”. Kédadosan ingkang dipunalami dening manungså mujudakên bêrkah saking Gusti Allah.

Gusti Allah maringi kalih pêrkawis ingkang kêkalhipun kadhang kâlå sami dene kosok wangsul. Bingah utawi sisah, agêng-inggil, jalêr-estri, ênem-sêpuh lan sanesipun. Pêparing Gusti Allah mênikå kédah dipunsokuri. Umpaminipun raos bingah sâhå sisah mênikå kadosdene minangkå sêsêkaran

gêsang. Kadang samênikå ngraosakên bingah ananging botên gantalan wêkdal gumantos raos sêdhih. Raos bingah punâpådene sisah mênikå gantos gumantos wontên ing dhirinipun manungså. Raos bingah sårå sisah mênikå lumampah sacara lumintir lan mênikå badhe nyarêngi gêsangipun manungså. Pramila, inggih nêmbè nandhang bingah utawi sisah prayogi boten nglirwakakên raos sokur dhumatêng Gusti ingkang Måhå Kuwaos (Endraswara, 2013: 79-80).

Sokur inggih mênikå raos matur nuwun dhumatêng Gusti Allah ingkang sampun sukå kanugrahan wontên ing gêsang mênikå. Nelakakên raos sokur inggih mênikå satunggaling raos matur nuwun ingkang lèbêt awit paringaning Gusti Allah awujud mênåpå kemawon, pintên cacahipun, sårå ing kawontênanipun mênåpå kemawon, ing kawontênan jawah, sakit, sêdhih, punâpådene bingah (Suharjana, 2012: 199).

Tumindakipun manungså asring têbih saking kêrsanipun Gusti Allah. Manungsa asring damêl doså, kadostå nglirwakakên anggenipun ngibadah, botên nelakakên raos sokur, Rêmên tumindak nalisir saking kêrsanipun Gusti Allah. Milå saking mênikå, prayogi manungså lajêng martobat lan nyuwun pangapuntên dhumatêng Gusti Allah kanthi pangajab Gusti Allah tansah paring karaharjan dhumatêng titah ingkang ajrih asih dhumatêng Panjênênganipun. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kangge nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah kanthi nyuwun pangapuntên dene sampun tumindak nalisir saking kêrsanipun Gusti Allah dumunung wontên ing pratelan mênikå;

“Mulane kang prayoga banjur tobat. Nelangsa nyuwun pangapura sarta pitulunganing sukma”.(kåcå 9)

Pratelan ing ngginggil mênikå nêdahakên bilih samukawis tumindak manungså ingkang nalisir, prayogi enggal kêduwung kanthi nyuwun sih kawêlasan dhumatêng Gusti Allah. Nelakakên raos panalangså dhumatêng Gusti ingkang Måhå Asih mênikå mujudakên tumindak ingkang sae. Gusti Allah papan pasambat wontên ing gêsang manungså. Kanthi ngêduwungi sadåya tumindak lêpat nndadosakên gêsang tansah rumaos tênrêm. Katênrêman ing gêsang dados tujuwan sabên manungså. Miturut Suwardi Endraswara (2013) tênrêm inggih mênikå kawontênan jiwa ingkang istimewa. Manungså ngupiyå raos tåtå titi tênrêm, têngsipun kawontênan kanthi tênrêm ingkang nênrêmakên. Tênrêm mujudakên kawontênan manah. Nalikå jiwa botên rumaos was sumêlang, sadåya pêpenginan kasêmbadan, jiwani pun mardikå kangge nindakakên samukawis, mênika ingkang kawastanan tênrêm.

Nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah kedah dipuntindakakên sawanci-wanci wontên ing gêsangipun manungså. Sadåya pêparing Gusti Allah kedah dipunsokuri, awit mênawi manungsa nglirwakakên raos sokur sagêd kemawon Gusti Allah njabêl sadåya bêrkahipun. Wontên *sêrat Sånå Sunu*, pêparing Gusti mênikå dipunpindhakakên kadosdene garwå. Garwå kedah dipungulåwênthah, dipunrukti, dipunlêstantunakên. Garwå kedah dipunsokuri. Pratelanipun kawêdhar wontên ing pupuh dhandhanggulå I pådå 13:

“ Mbok rejeki iku apan dadi, Kuwat panganti-anti ngagesang, Lire den bisa momonge, Aywana kongsi mutung, Yen apurik tariman kalih, Lungane luwih rikati, Lir kilat sumeprung, Tan bisa bututi sira, Rungsang-rungsang dhuh rusak badanireki, Nistha brangta mangarang ”

Pratelan ing nginggil nêdahakên bilih pêparing Gusti Allah mênikå kêdah dipunjagi kanthi sae. Awit mênawi pêparing saking Gusti Allah dipunlirwakakên milå bêrkah mênika sagêd nilarakên manungså. Gusti Allah badhe njabêl malih bêrkah mênikå. Pêparing Gusti Allah mênikå kêdah dipunsokuri, dipunjagi, ugi dipunrukti.

Wontên ing kasunyatan gêsang, manungså mênikå gêsangipun “*wang sinawang*”. Kadhangkålå tiyang rumaos gêsangipun sangsårå, lan nalikå ningali tiyang sanes gêsangipun katingal sêkêcå, têntrem, lan ngêpingini. Nalikå ningali tiyang sanes kados ngatên mênikå sagêd kemawon botên kados makatên kasunyatanipun. Kosok wangsulipun nalikå ningali gêsang tiyang sakiwå têngên katingal susah, nêlangså, sarwå sarwi kacingkrangan, sagêd kemawon kasunyatanipun kados mêkatên. Pramila ingkang wigatos wontên ing gêsang inggih mênikå kadospundi manungså sagêd nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah.

Gusti ingkang Måhå Kuwaos nitahakên jagad sakisinipun. Sadåya ingkang asal saking Gusti Allah samangke badhe wangsul malih dhumatêng Panjênêngane “*sangkan paraning dumadi*”. Jodho, rêjêki, såhå pati sampun dipunatur dening Gusti Allah. Dipunkupiyå kados mênapå, menawi dêrêng rêjêki, jodho, punåpådene pati saumpami Gusti dereng marêngakên têtmtu botên kasêmbadan. Ananging mênawi sampun dados garising pêpêsthen, menawi Gusti Allah marêngakên dipungêdhonganå, dipunkuncenånå têtmtu bakal kalampahan. Kados tuladhanipun wontên ing cariyos “*Jodho kang Pinasthi*” anggitanipun R.M. Ngabei Sri Hadidjojo (1952).

“Dipuncariyosakên bab lampahipun Rr. Hartati ingkang kapêdhotan katrêsnan awit anggenipun pêpacangan kaliyan Raden Hardana pranyâtâ botên sagêd dumugi mbangun bale wismâ. Kêdadosan mênikâ ndadosakên manahipun Rr. Hartati dados kêrântâ-rântâ. Ngantos piyambakipun lajêng pitêpangan kaliyan satunggaling jêjâka nama R.M Wiwâhâ kanthi botên dipunjarag. Gancaring cariyos, sinaosâ antawisipun Rr Hartati kaliyan R.M Wiwaha anggenipun pitêpangan namung sakêdhap sâhâ papan ing sami dene têbih ananging inggih awit kuwaosipun Gusti kêkalhipun sagêd dipunpanggihakên malih. Wasânâ kêkalhipun dados jodho.”

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* ugi dipunandharakên babagan sadâyâ ingkang wontên ing nglingkungan donyâ mênikâ sampun wontên ingkang nguwaosi. Sampun wontên ingkang murbâ sâhâ masesâ. Wondene pratelanipun kados ing ngandhap mênikâ.

“...ora kena pinardi sarta wis pinanci marang kang gawe urip.” (kacâ 14)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmaknani bilih sadâyâ ingkang mobah mosik ing ngalam donyâ mênikâ kagunganipun Gusti Allah. Saumpami Gusti Allah sampun “nganggêp bilih sampun wancinipun, têmtu botên wontên titah ing donyâ ingkang sagêd mênggak Kêrsanipun. Jodho, rêjêki, sâhâ pati mênikâ kagunganipun Gusti Allah. Manungsâ namung sagêd ngupiyâ. Mênawi anggenipun ngupadi sagêd kasêmbadan manungsâ kêdah nelakakên raos sokur. Dene mênawi dereng, manungsâ ugi kêdah nelakakên raos sokur dene taksih kêparêng ngupiyâ malih murih mênapa ingkang dados pênginanipun sagêd kasêmbadan. Têmtu kemawon dipunsrani kanthi kupiyâ sâhâ pandongâ.

3) Eklas

Eklas mujudakên sikap sâhâ patrap manungsâ nalika nindakakên satunggaling tumindak kanthi tulus ing salêbêting batos (Sutrisnâ Wibâwâ, 2013: 214) . têngbung eklas têngsipun rêsik, murni; lêngâ lilâ tulusing manah (S. Prawiro

Atmodjo, 1994: 93). Iklas têngesipun satunggaling tumindak ingkang mijil saking pêngingnan dhiri pribadi, botên amargi printahipun utawi pêsanipun tiyang sanes. Umpami nindakakên pakaryan botên ngajêng-ajêng sêmbulih. Cirinipun tiyang ingkang tumindak kanthi eklas inggih mênikâ; (a). anggenipun makaryâ botên kanthi nêsu utawi ngêdumêl, (b) makaryâ kanthi rêmêning ati awit nganggêp bilih pakaryan ingkang dipuntindakakên mênikâ minangkâ ngibadah, sâhâ (c) sinau botên amargi dipunprentah tiyang sêpuh utawi bapak/ibu guru (A. Tabrani Rusyan, dkk., tt: 64). Watak eklas mênikâ rakêt sangêt kaliyan *karaktêr* religius. Mênawi manungsâ anggenipun tumindak mênikâ dipunlandhesi raos eklas amargi kangge ngabdi Gusti Allah sâhâ sêsami pramilâ tiyang mênikâ sampun dumugi tataran bilih pakaryan ingkang dipuntindakakên minangkâ ngibadah dhumatêng Gusti ingkang Mâhâ Kuwaos.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*, budi pakarti eklas dipunandharakên kanthi botên gadhah raos kêpengin melik gadhahanipun tiyang sanes. Nalikâ nindakakên pakaryan botên ngajêng-ajêng sêmbulih, nâpâ malih gadhah pamrih. Kadangkâlâ manungsâ purun tumandang amargi wontên ingkang badhe dipungayuh, atêgês gadhah pamrih. Kêjawi menikâ, tiyang ingkang tumindak kanthi eklas, anggenipun tumindak botên pengin dipunsubyâ-subyâ tiyang kathah. Tiyang eklas botên pengin dipunormati dening tiyang sanes. Sadâyâ dipuntindakakên kanthi rêmên tanpâ gadhah pamrih satunggal punâpâ. Pratelan bab budi pakarti eklas kanthi botên gadhah raos kamelikan dhumatêng barang darbekipun tiyang sanes sâhâ botên pengin pikantuk pangaji-aji tuwin pakurmatan saking tiyang sanes wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* pêthikanipun kados mênikâ;

“ 1). *Ora anduweni kamelikan marang darbeking liyan.*

2) *Ora kapengin oleh pangaji aji saka pakurmataning liyan”*(*kâcâ* 7)

Wontên ing gêsang bêbrayan tiyang Jâwâ dipunpanggihakên sêsanti “*melik anggèdhong lali*”. Sêsanti mênikâ sukâ piwucal dhumatêng sadâyâ manungsâ supadosbotên kerêm wontên ing tumindak nistha. Timindak nisthâ sagêd damêl kacilakan botên namung tumrap dhiri pribadi ananging ugi tiyang sanes. Sêsanti “*melik anggèdhong lali*” sukâ pemit supados manungsâ saged ngêndhaleni hâwâ nêpsu (Sigit Nugroho, 2019: 26). Nalikâ manungsa nindakakên satunggaling pakaryan, prayogi katindakakên kanthi eklas. Kadangkâlâ manungsâ purun tumindak, kadostâ têtulung awit wontên pamrih. Mênawi têtulung kanthi lèlahanan sakmênikâ kok awis-awis dumadosipun. Kêjawi saking mênika, tiyang ingkang gadhah budi pakarti eklas, nalika tumindak botên ngajêng-ajêng pangalêmbânâ saking tiyang sanes.

Sampun dados watakipun manungsâ bilih ingkang dipuntindakakên mênikâ kédah wontên sêmbulhipun. Kédah pikantuk pangalêmbana saking tiyang sanes. Kathah tulâdhâ ingkang nêdahakên tumindak kanthi botên eklas, kadostâ; nalikâ nêgari Indhonesia ngawontênakên pesta rakyat. Kathah *oknum* pârâ calon wakil rakyat ingkang sami rêmên têtulung kanthi sukâ pambiyantu mênâpâ kemawon. Pârâ *oknum* mênikâ anggenipun sukâ pambiyantu kanthi nyuwun dhumatêng wartawan supados *ngliput* lajêng dipunmot wontên ing layang kabar. Pangajapipun lajêng pikantuk pangalêmbânâ saking tiyang sanes wêkasan purun milih *oknum* mênikâ. Kathah malih tumindak ingkang nêdahakên budi pakarti botên eklas.

Tiyang ingkang eklas mênikå nalikå tumindak sampun botên mênggalih tunå mênåpa bathi. Kadhang kålå sêsanti jawå “tunå sathak bathi sanak” langkung dipunupadi botên pikantuk bathi ananging gadhah sadherek kathah. Ananging wontên ing bab mênikå, eklas ingkang dados pirêmbagan prakawis raos tumandang awit kangge ngluhurakên Gusti Allah. Wontên ing layang Sasmitå Titikå budi pakarti eklas kanthi botên mênggalih malih babagan båndhå, têngågå, punåpå beyå sagêd dipuntingali pratelan mênikå;

“...mênawa wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sarta pamikir....(kåcå 10)

Saking pratelan ing nginggil mênikå sagêd dipunmangêrtosi bilih tiyang ingkang gadhah budi pakarti eklas mênikå tiyang ingkang sampun botên mênggalih kangelanipun bab têngågå, båndhå, sårå beyå. Tumindak kanthi eklas mênikå milå botên gampil, sarwå sarwi makewêti. Ananging, nalikå tumindak mênikå sampun dados kêrsanipun Gusti Allah milå kedah dipunlampahi. Budi pakarti eklas ingkang sagêd nndadosakên pakewêd menikå kados piwucal saking sêrat Wulangreh pupuh mêngatruh anggitan Kanjêng Susuhunan Pakubuwånå IV ingkang ungelipun:

“ wong ngawulå ing ratu luwih pakewuh, nora kênå minggrang minggring, kudu mantêp karyanipun, sêtyå tuhu marang Gusti, dipunpiturut sapakon”.

Saking pratelan sêkar mênikå nêdahakên bilih sadåyå tumindak wontên ing gêsang mênikå kêdah dipunlampahi kanthi eklas. Milå lêtês bilih eklas mênikå tansah nndadosakên pakewêd. Ananging, nalikå tumindak kanthi eklas mênikå dipunlandhêsi amargi kangge ngabdi Gusti Allah milå, kêdah dipuntindakakên

kanthi mantêp; botên mangu-mangu malih. Sadâyå ingkang dados kêrsanipun Gusti Allah dipuntindakakên kanthi rêmên, sukå gambiraning manah sâhå eklas.

4) Tanggel jawab

Budi pakarti tanggêl jawab têngêsipun wantun ndhadhagi sadâyå prakawis ingkang thukul amargi patrap, pocap sâhå tumindakipun piyambak. Tanggêl jawab inggih mênikå kêwajiban nanggêl bilih patrap ingkang dipuntindakakên dening tiyang sampun laras kaliyan kodrat manungså. Wantun tanggêl jawab têngêsipun bilih manungså wantun nêmtokakên, wantun mênthekakên, bilih tumindakipun mênikå sampun laras kaliyan tuntutan kodrat manungså sâhå bilih namung amargi mênikå patrap mênikå dipuntindakakên (Sutrisna Wibawa, 2013: 135). Poedjawijatna (1982) ngandharakên bilih tanggêl jawab mênika rakêt gayutanipun kaliyan prakawis ingkang kajarang. Tiyang kédah wantun tanggêl jawab dhumatêng tumindakipun ingkang dipunjarag. Bab mênikå atêngês bilih manungså kédah sagêd ngaturakên kanthi blåkå dhatêng nuranipun, bilih tumindakipun laras kaliyan tuntutan nuranipun. Tanggêl jawab inggih mênikå kêyakinan bilih pocap sâhå patrapipun mênikå sae. Frans Magnis Susena lumantar Sutrisna Wibawa (2013: 136) ngandharakên bilih tanggêl jawab têngêsipun (1) sumadiyå kangge nindakakên mênåpå kemawon ingkang kédahipun dipuntindakakên kanthi saksae-saenipun. Budi pakarti tanggel jawab inggih mênikå *sikap* sâhå patrap satunggaling tiyang gêsang kangge nindakakên jêjibahan sâhå kuwajiban ingkang kédahipun dipuntindakakên tumrap dhiri pribadi, masarakat, lingkungan (lingkungan, *sosial*, sâhå budâyå), nagari, sâhå Gusti Inggang Måhå Agung. Gadhah budi pakarti tanggêl jawab atêngês

satunggaling sikap dhumatêng tugas ingkang dipunparingakên lan kaikêt kangge ngrampungakên tugas mênikâ, (2) sikap tanggêl jawab nglangkungi sadâyâ etika paugêran , (3) wawasan tiyang ingkang sumadiyâ kangge tumindak tanggêl jawab ingkang sacârâ prinsipial tanpâ watês. Kanthi andharan mênikâ, bilih budi pakarti gadhah watak tanggêl jawab badhe tumindak kanthi têtêm-têtêm. Nalika nindakakên sadâyâ tugas badhe dipuntindakakên kanthi têtêm. Wontên ing *Serat Wulangreh*, dipunandharakên babagan budi pakarti tanggêl jawab, wondene pratelanipun kados makatên:

“Ana uga etang-etangane kaki, lilima sinembah, dununge sawiji-wiji, sembah lilima punika. Inkang dhingin rama ibu kaping kalih, marang maratuwa, lanang wadon kang kaping tri, ya marang sadulur tuwa. Kaping pate ya marang guru sayekti, sembah kaping lima, ya marang Gustinireki, parincine kawruhana. Pramilane rama ibu denbekteni, kinarya jalaran, anane badan puniki, wineruhkan padhang hawa.”

Saking pratelan mênikâ dipunpangihakên têtêmbunagn“*sêmbah lêlimâ*” (gangsals prakawis ingkang wajib dipunhormati) inggih mênikâ: (1) bapak ibu minngkâ dados sarânâ lair ing lingkungan donyâ, (2) mârâsêpuh awit kêkalihipun sampun sukâ kabagyan sâhâ kanikmatan sayêktos, (3) sadherek sêpuh minangkâ dados gantosing tiyang sêpuh, (4) para dwijâ ingkang sampun sukâ pitêdah sâhâ piwucal prakawis gêsang sampurnâ, pitêdah kasaenan, sâhâ pitutur nalikâ nandhang sisah, sâhâ (5) Gusti Inkang Mâhâ Kuwaos awit paringipun gêsang dhumatêng manungsâ. Pêjah sâhâ gêsangipun dados karsanipun, sâhâ Gusti ingkang sampun paring sandhang-têdhâ (Nurhayati, dkk., 2016: 106).

Budi pakarti tanggêl jawab mujudakên satunggaling perangan saking watak *religius*. Tiyang ingkang tanggêl jawabipun inggil têtmtu anggenipun

tumindak kanthi temên lan saestu. Nindakakên sadâyâ dhawuh kanthi estu botên namung dhawuh pimpinan, tiyang sêpuh, ananging dhawuh-dhawuh saking Gusti Allah dipuntindakakên kanthi têmên. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* dipunpangihakên pratelan ingkang sagêd dipunmaknani minangkâ wujud saking tanggêl jawab. Wondene pratelanipun kados mênikâ;

“4 *anduweni katemenan (kâcâ 10)*

Sakingpratelan mênikâ sagêd dipunmaknani bilih sabên tiyang kêdah gadhah sikap sâhâ sifat tanggêl jawab, kanthi nindakakên samudayanipun kanthi tumêmên. Sutrisnâ Wibâwâ (2013: 135-145) ngandharakên babagan budi pakarti tanggêl jawab. Miturut Sutrisnâ Wibâwâ tanggêl jawab dipunpilah dados kalih; tanggêl jawab *legal* sâhâ tanggêl jawab *moral*. Tanggêl jawab *legal* inggih mênikâ tanggêl jawab minangkâ sêsanggêmanipun tiyang awit satunggaling tugas ingkang dipunêmban. Tanggêl jawab mênikâ badhe nukulakên sanksi utawi ukuman mênawi botên katindakakên. Tanggêl jawab *moral* inggih mênikâ tanggêl jawab awit saking tindakan *moral*. Sadâyâ manungsâ wontên ing donyâ mênikâ têtmu gadhah tanggêl jawab *moral*. Nalikâ manungsâ botên sagêd nindakakên tanggêl jawab *moral* badhe ngundhuh panyacad saking lingkungan sakiwâ têngen, kosok wangsulipun nalikâ manungsâ kasil anggenipun ngayahi tanggêl jawab *moral* badhe pikantuk pangalêmbana saking lingkungan kiwâ têngenipun. Tanggêl jawab *moral* dipunpilah dados perangan-perangan. Salah sêtunggalipun inggih mênikâ tanggêl jawab *moral* manungsâ salaras kaliyan kodratipun. Pratelan bab tanggêl jawab *moral* jêjêripun manungsâ ingkang laras kaliyan kodratipun minangkâ titahipun Gusti Allah kados pethikan saking *Sêrat Cênthini* mênikâ:

“ywa p p k  kang jatmik  ngelmi, jatmikaning ngelmu iku sarak, iy  sarengat y ktine, lawan tarekatipun, kang minangk  wadhah sakalir, dene ngelmu hakekat, lan makrifatipun, minangk  wiji nugrah , wiji yen tan tuman m wawadhah b cik, bungkek nugrahanir ”

Saking pratelan m nik  sag d dipunmang rtosi bilih tangg l jawab m nik  anggenipun nindakak n k dah mawi paug ran laras kaliyan tataranipun. Kanthi nindakak n tangg l jawab laras kaliyan tataranipun samangke badhe ngasilak n woh ingkang sae.

Sab n nindakak n pakaryan dipuntindakak n kanthi tum m n. Tangg l jawab bot n namung dhumat ng tiyang sanes, ananging ugi dipuntindak n dhumat ng Gusti. Wont n ing Injil Markus 22: 21 ingkang ung lipun:”.....*wenehn  apa kang dadi hake panguw s  lan wenehn   p  kang dadi hake Gusti..*”. p thikan saking Alkitab m nik  gadhah makn  bilih sab n manungs  gadhah tangg l jawab dhumat ng tiyang sanes ugi dhumat ng Gusti. Pramil , nindakak n pakaryan kedah dipunlandh si tekad tum m n. Kanthi tum m n, manungs  bakal sumadiy  ndhadhagi prakawis m n p  kemawon ingkang badhe klingkunganpahan. Tiyang ingkang dipuns bat minangk  manungs  religius awit gadhah budi pakarti tangg l jawab awit sad y  dipuntindakak n kanthi tum m n.

5) S ngkud

Budi pakarti s ngkud mujudak n p rilaku manungs  ingkang aktip s h  dipuns ngkuyung dening gr g t ingkang makantar-kantar, mboten loyo, saha kesed. Cirinipun; (a)bot n ngundur kanthi ngulur pakaryan, (b) ngginakak n wekdal kanthi sae,bot n kakehan omong tanp  asil, (c) ngginakaken w kdal kanthi optimal s h  maksimal, (d) nyambut dam l kanthi t liti, t rtib, s h  t ratur

dipunkantheni grêgêd ingkang makantar-kantar. Budi pakarti sêngkud rakêt sangêt kaliyan têmbung *Etos kerja. Etos kerja*inggih mênikåsikap sâhâ tumindaking tiyang gêsang ingkang nêdahakên grêgêt sâhâ estu anggenipun nindakakên satunggaling pakaryan.

Budi pakarti sêngkud nêdahakên tumindak ingkang kêbak ing pangati-ati ananging kangge ngudi asil ingkang paling sae. Tiyang ingkang gadhah watak sêngkud botên namung fokus dhumatêng hasil, ananging ugi dhatêng proses. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti sêngkudbotên badhe nggege mângsâ. Sêsanti mênikâ ngêwrat pitutur dhumatêng manungsâ murih anggenipun ngupiyâ samukawis dipuntindakakên kanthi ngati-ati. Manungsâ sagêd ngêndhaleni dhiri,botên nindakakên pakaryan utawi tumindak kanthi culikâ. Tanpâ dipunlandhesi kupiyâ ngêndhaleni dhiri sâhâ kapitadosan dhumatêng Gusti Allah ndadosakên manungsâ dhumawah wontên ing kasangsaran (Pardi Suratno, dkk. 2006: 352).

Tiyang ingkang gadhah budi pakarti sêngkud têtmtu anggenipun tumindak sâhâ makaryâ bakal gadhah grêgêt ingkang makantar-kantar. Ananging pakarti sêngkud mênikâ ugi dipunlandhêsi kanthi mbudidâyâ linambaran nyênyuwun dhumatêng ngarsanipun Gusti Allah. Awit nalikâ sadâyâ tumindak dipunlandhesi awit panyuwunan sâhâ idi dhumatêng Gusti Allah, mênikâ têngêsipun manungsâ tumindak awit saking ridhâ saking Gusti Allah piyambak. Kosok wangsulipun, mênawi manungsâ anggenpun makaryâ, tumindakbotên dipunkantheni grêgêt ingkang makantar-kantar, kêbak raos was sumêlang sagêd dipungagapi bilih ingkang dipunsuwunbotên badhe kasêmbadan.

Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* pratelan ingkang nêdahakên bilih manungså ingkangbotên gadhah grêgêt sårå raos ingkang mantêp nalikå gadhah gêgayuhanbotên badhe ngasilakên kados ingkang dipunsuwun, pethikanipun kados mênikå;

“.....*mênåwå kêkarêpan kang grag grêg mungal mungil, sartå ikras ikris ora kênthêng manthêng sawiji iku iyå dadi nglingkunganat bakal ora pakoleh*
“(kåcå 5)

Pratelan saking *layang Sasmitå Titikå* ing nginggil sukå piwucal bilih tiyang ingkang botên gadhah kêkajêngan ingkang manthêr, tumêmên, tansah was sumêlang,botên fokus mênikå dados tåndhå bilih sadåyå ingkang dipuntindakakênbotên badhe sae.

Budi pakarti sêngkud mênawi dipungayutakên kaliyan *karaktêr* religius têtmu mênikå sagêd dipunndadosakên piranti. Piranti kangge ngukur kadospundi tiyang mênikå anggenipun ngabdi dhumatêng Gusti Allah. Tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti sêngkud, anggenipun ngibadah ugi bakal aras-arasên. Bakal kêset ngibadahipun. Kamångkå kanthi ngibadah dhumatêng Gusti dados sarana bilih manungså mênikå asalipun saking Gusti Allah lan badhe wangsul dhatêng Pangayunanipun. Tiyang Jåwå gadhah sêsanti “*Eling Sangkan paraning Dumadi*”. Sêsanti utawi falsafah mênikå gêsang wontên ing budåyå Jåwå lêlandhêsan kapitadosan bilih “ urip ånå sing nguripake, urip mung mampir ngombe”. Gêsang namung sauntårå,botên dangu. Manungså bakal tilar, lan bakal kapanggih malih kaliyan ingkang damêl gêsang. Kanthi mênikå manungså anggenipun tumindakbotên badhe nalisir saking paugêran (Pardi Suratno, dkk. 2006: 390-

391). Manungså badhe ngupiyå kanthi sêngkud gumrêgut kangge gêsang kanthi binêrkahan dening Gusti Allah.

Tiyang ingkang sêngkud anggenipun tumindak, wontên ing gêsangipun tansah ngupiyå murih manggih ing karaharjan. Tiyang badhe dipunajeni dening tiyang sanes nalikå ginêlung ing tigang prakawis; (1) wiryå, (2) artå, sårå (3) wasis. Mênawi tiyang gêsang gadhah cêpêngan tigang prakawis mênikå têtubotên badhe kêkirangan. Piwucal mênikå sagêd dipunpangihakên wontên ing *sêrat Wedhâtamå* anggitanipun KGPA. Mangkunêgarå IV pupuh sinom ingkang ungêlipun:

“Bonggan kang tan merlokena, Mungguh ugering ngaurip, Uripe lan tripakara, Wiryå, arta tri winasis, Klingkunganun kongsi sepi, Saka wilangan tetelu, Telas tilasing janma, Aji godhong jati aking, Temah papa papariman ngulandara.” (<https://bambangkhuseenmarie.wordpress.com/2017/08/13/kaji-an-wedatama-29-ugering-ngaurip-triprakara/>)

Saking pratelan mênikå sagêd dipunmangêrtosi bilih tiyang badhe manggihakên kapitunan nalikå gêsangipun botên kinanthenan 3(tiga) prakawis. Ingkang sêpisan wiryå. Wiryå têngêsipun kaluhuran; kêngdêl (S. Praworo Atmodjo, 1994: 429). Wiryå sagêd dipunmaknani bilih tiyang gêsang kanthi gadhah watak sêngkud ancasipun kangge nggayuh kawiryan utawi kaluhuran. Ingkang kaping kalih artå. Artå sagêd dipunmaknani alat utawi piranti. Tiyang badhe nggayuh satunggaling gêngayuhan têtmtu mbêtahakên piranti. Kanthi piranti mênikå nndadosakên tiyang bakal sêngkud anggenipun badhe ngupadi. Kaping tigå wasis. Wasis têngêsipun pintêr utawi gadhah kabisan (S. Prawiro Atmodjo, 1994: 421. Wasis sagêd dipunmaknani bilih kanthi budi pakarti sêngkud tiyang badhe ngudi dhirinipun supados gadhah kapintêran. Saumpami tiyang gêsang tanpå

kinanthenan tigang prakawis mênikâ bêbasan langkung aji godhong jati ingkang garing. Ron jati garing dening pârâ among tani sagêd dipundadosakên rabuk. Estu mrehatosakên dene manungsâ gêsangipun kêbak ing kacingkrangan. Wasânâ namung nggantungakên dhumatêng tiyang sanês. Namung saking pêparingipun tiyang sanes.

6) Trêp Kaliyan Paugêran/ Dhisiplin.

Trêp kaliyan paugêran inggih menikâ mujudaken perilaku taat utawi patuh; inggih menika ketaatan dhumateng paugeran utawi tata tertib sanesipun. Tumindak dhisiplin tegesipun taat dhumateng aturan ingkang lumampah (. A. Tabrani Rusyan, dkk., tt:73). Darmiyati Zuchdi lumantar Sutrisnâ Wibawâ, 2013: 213) ngandharakên bilih trêp kaliyan paugêran inggih mênikâ sikap sâhâ pêrilaku ingkang nêdahakên kêtêrtiban sâhâ patuh dhumatêng samukawis paugêran punâpâ dene kêtêntuan. Miturut Ki Hadjar Dewantârâ, trêp kaliyan paugêran inggih mênikâ pêraturan utawi tata têtib, ingkang katindakakên kanthi têngas sâhâ kêras. Dhisiplin utawi trêp kaliyan paugêranbotên namung ngajak sadâyâ paugêran katindakakên kanthi têtiti sâhâ murni ngantos dumugi ing bab-bab ingkang alit ananging dhisiplin ugi gadhah pikajêngan wontênipun dhêndhâ utawi ukuman dhumatêng sintên kêmawon ingkang sampun nalisir saking paugêran (Majelis Luhur Taman Siswa, 2013: 453).

Poerwâdarmintâ, (1984: 254) sukâ andharan bilih dhisiplin sacârâ bâsâ atêgêsipun taat (patuh) dhumatêng aturan (tâtâ têtib lan sanesipun). Têmbung dhisiplin wontên bâsâ Indhonesia mulâ bukanipun saking bâsâ Lândâ ing salajêngipun pikantuk pangaribâwâ bâsâ Inggris. Dhisiplin manut pangêrtosan

saking bāså kêkalihipun mênikå asalipun saking bāså Latin “ *diciplina* ” ingkang ngêmu têngês gladhen sâhå nggêgulang babagan tumindak sopan sâhå karohanen ugi ngrêmbakakên kêmajenganipun watak (Amirudin, 1983: 14). Têmbung dhisiplin ngêmot têngês ingkang kathah. Sukardi (1983: 102) ngandharakên bilih dhisiplin gadhah kalih têngês ingkang bedå, ananging kêkalihipun wontên gayutan, kêkalihipun inggih mênikå: (a) dhisiplin sagêd dipuntêngêsi satunggaling urutan tumindak utawi gladhen ingkang sampun dipunrancang, dipunanggêp wigatos kangge nggayuh satunggaling gêgayuhan; (b) dhisiplin sagêd dipuntêngêsi minångkå ukuman dhumatêng tumindak ingkangbotên dipunpengini utawi nêrak paugêran utawi pandom ingkang lumampah.

Pamanggih sanesipun kaandhar dening Syaiful Bahri Djamarah, (2002: 81) bilih dhisiplin inggih mênikå satunggaling aturan ingkang sagêd ngatur tatanan pagêsangan pribadi utawi kêlompok. Dene manut andharanipun Moh. Shochib (1989: 3) dhisiplin minångkå raos patuh nindakaken aturan sâhå pandom awit thukul saking raos sadhar dhiri,botên awit ajrih dhumatêng ukuman. Dhisiplin minångkå raos patuh kangge ngurmatisâhå nindakakên satunggaling *sistem* ingkang nndadosakên tiyang patuh dhumatêng paugêranutawi perintah ingkang lumampah. Wontên ing *ensiklopedhia* pendhidhikan, Soegarda Purbakawatja, (1976: 81) ngandharakên bilih dhisiplin :(a) proses masrahakên utawi maringakên kêkajêngan-kêkajêngan sacårå langsung, panjurung, pêpenginan utawi prakawis-prakawis ingkang wigatos dhumatêng satunggaling gêgayuhan utawi pêpenginan têtamtu kangge nggayuh prakawis ingkang langkung agêng; (b) pêngawasan sacårå langsung dhumatêng tumindak ingkang

dipunlampahi dening manungså, tuladhanipun tumindakipun pårå siswå kanthi ngginakakên carå ukuman utawi bêbånå; (c) Wontên ing pawiyatan, satunggaling tataran tåtå têtib têtamtu kangge nggayuh kawontênan ingkang sae kangge nêtêpi *fungsi* saking *pêndidikan*. Saking andharan-andharan mênikå, sagêd kapêndhêt dudutan bilih dhisiplin inggih mênikå padatan sårå tumindak ingkang *konsisten* dhumatêng sadåyå wujud aturan utawi tåtå têtib ingkang lumampah.

Budi pakarti trêp kaliyan paugêran utawi dhisiplin minångkå satunggaling perangan *karaktêr* ingkang rakêt sangêt kaliyan *karaktêr* religius. Kathah patrap manungså ingkangbotên trêp kaliyan paugêran, langkung-langkung paugêran agami. Agami minångkå satunggaling margi kangge nggayuh katêntreman sampun dipunlirwakakên dening manungså. Manungså sampunbotên malin ajrih, lingsêm nalikå tumindak nisthå. Agami nuntun manungså supados sagêd tumindak sae, tansah samidene ngaosi dhumatêng tiyang sanes lan sanesipun. Manungså sampun nalisir saking paugêraning agami, kêsed anggenipun ngibadah, botên jujur, kumalungkung, kumintêr lan sanes-sanesipun. Prakawis tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti trêp kaliyan paugêran wontên ing *layang Sasmitå Titikå* pratelanipun kados makatên;

“...mung dhêmên anggung ginunggung ambêg dhumukun, gumuru, gumaib, gumagus, gumagah, kumasurå wis ora ngengeh ngengeh nganti ngorakake marang kêkêndêlane liyan, dhêmên ubyang ubyung kang tanpå kusur, dhêmên sårå balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpê mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwå, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pådhå kasingkur. (kåcå 11)

Pratelan ing nginggil nêdahakên patrapipun manungså ingkang nalisir saking paugêran, nggugu pikajênganipun piyambak. Tiyang ingkangbotên gadhah

budi pakarti trêp kaliyan paugêran utawi dhisiplin patrap, pocap, sâhå sikapipun amung rêmên dipunalêmbânå, rêmên dipunwastani tiyang pintêr, dipunanggêp dhukun, ngêrtos dhatêng bab ingkangbotên katingal/gaib, tansah nyêpeleakên dhatêng tiyang sanes, rêmên sêsåbå dhatêng papan-papan ingkangbotên pantês, tansahbotên jujur, lan tumindak sanesipun ingkang sadâyånipun nêdahakên nisthanipun kamanungsan sâhå têbih saking tuntunan agami.

Wontên piwucal agami Kristên dipunpangguhakên 10 (sadåså) anggêr-anggêr dhawuhing Gusti, 2 (kalih) anggêr-anggêr katrêsnan sâhå 5 (gangsål) angger-anggêr dhawuhing Gêrêja. Sadåså anggêr dhawuhing Gusti Allah mênikå; *Aku Pangeran Allahmu (1) Åjå nêmbah brahålå, ngêmungna nêmbah Aku lan trêsnåå marang Aku ngungkuli sakabehe, (2) Åjå ngucapake asmaning Pangeran Allahmu tanpå pêrlu, (3)Elingå anggonmu kudu nucekake dinaning Pangeran, (4) Ngurmatånå bâpa biyungmu, (5) Åjå gawe råjåpati, (6) Åjå laku jinå, (7) Åjå nyênyolong, (8) Åjå goroh, (9) Åjå melik prækårå jinå, sâhå (10) Åjå melik darbeking liyan. Dene 2 (kalih) anggêr katrêsnan inggih mênikå; (1) Trêsnåå marang Allahmu klawan gumolonging atimu, gumolonging nyawamu, gumolonging budimu, lan sakatoging kêkuwatanmu, (2) Trêsnåå marang sapêpadhamu, kåyå ênggonmu nrêsnani marang awakmu dhewe. Salajêngipun 5 (gangsål) anggêr dhawuhing gêrêjå inggih mênikå: (1) Mulyakånå dinå gêdhe kang dipadhakake dinå ngahad, (2) Ing dinå Ngahad lan dinå gêdhe kang dipadhakake Ngahad, ndherekå Mis Suci lan Åja nindakake pagaweyan kang diwalêri, (3) Påsåå lan sêsirikå miturut dhawuh, (4) Ngakuwå doså apêse sêtaun sêpisan, sâhå (5) Tampåå saliraning Gusti ing mångså Paskah (Komisi Liturgi KWI, 2016:3-5).*

Saking paugêran-paugêran mênikâ kaajab manungsâ anggenipun gêsang tansah ngupiyâ supadosbotên nalisir saking karsanipun Gusti Allah. Tumindak trêp kaliyan paugêran badhe nndadosakên samudayanipun sae.botên namung kangge dhiri pribadi ananging ugi kangge tiyang sanes. Patrap tiyang ingkang gadhah budi pakarti trêp kaliyan paugêran utawi dhisiplin badhe nedahakên tiyang ingkang andhap asor,botên gumêdhe, kumalungkung, dêgsiyâ, kumintêr, tansah ngestokakên dhawuhipun Gusti Allah, tansah kêbak ing sopan santun.

Tiyang ingkang gadhah budi pakarti trêp ing paugêran tansah ngupiyâ lantiping kawruh. Rêmên nggêgulang kawruh, nyuwun wêwarah dhumatêng tiyang ingkang kaanggêp mumpuni. Patrap tiyang ingkang tansah andhap asor, rêmên nggêgulang kawruh,botên tumindak kumintêr, awit sadhar bilih tumindak mênikâ badhe nndadosakên gêsangipun tansah pinayungan dening Gusti Allah. Prakawis mênikâ ugi dipunandharakên dening R. Ng. Yâsâdipurâ II wontên ing *sêrat Sâna Sunu* pupuh III Asmâradânâ pâdâ 1 sâhâ 2 ingkang ungêlipun:

Pâdâ 1:

“den kêrêp nggugulang ngelmi, ngguguruâ parâ ngulâmâ, lawan den kêrêp tatakon, mintâ waraning sujânâ, den bisâ anorâgâ, aywâ kumintêr kumingsun, nadyan silih wusâ bisâ”

Pâdâ 2:

“api apiâ tan bangkit, angarah wuruking liyan, manâwâ liyâ murade, kabêcikan lan kamulyan, awit saking tumitah, prapteng wusananing maut, kamulyaning sangkan paran”

Saking pratelan ing nginggil, bilih tiyang gadhah budi pakarti trêp kaliyan paugêran tansah ngudi kawruh. Rêmên nambah kawruh kanthi nyuwun wêwarah dhumatêng parâ tiyang wicaksânâ. Sinaosâ gadhah kawruh ingkang langkung

ananging tiyang ingkang trêp kaliyan paugêranbotên badhe kumintêr kêpårå tansah andhap asor. Kados dene pantun ingkang sansåyå isi sansåyå tumungkul.

Tiyang gadhah budi pakarti trêp kaliyan paugêran dipunrêmêni dening tiyang sanes, mênawi mocap dipunpitados dening tiyang sanes.botên nate blenjani janji paribasanipun “*esuk dhêle sore tempe*” atêgês tiyang ingkangbotên sagêd dipunpitados. Kêjawi mênikå, tiyang ingkang gadhah budi pakarti trêp kaliyan paugêran anggenipun tumindak tansah ngrêsêpakên manahipun tiyang sanes. Tumindakipun dipunlampahi kanthi kêbak ing pangatos-atos. Sadåyå pocap sårå patrap trêp kaliyan paugêran mênikå nêdahakên bilih tiyang mênikå gêsangipun tansah tumåtå.

Budi pakarti trêp kaliyan paugêran dados satunggaling perangan *karaktêr religius*. Kangge mujudakên *karaktêr religius*, manungså kêdah ngupiyå sadåyå pocap sårå patrapipun tansah ngugêmi pranatan. Tiyang ingkang tansah ngudi, ngupiyå, ngestoakên sårå nindakakên pranatan inggih pranatan nêgårå punåpådene agåmå tiyang mênikå sagêd dipunsêbat tiyang ingkang têtib ing sadayanipun. Wontên ing prakawis mênikå, tiyang ingkang gadhah budi pakarti trêp kaliyan paugêran kanthi nindakakên dhawuh-dhawhipun Gusti dipunwastani tiyang ingkang taqwå.

b. Nasionalis

Nasionalisme mulå bukanipun saking têmbung *nation* ingkang têngêsipun bångså kaliyan *isme* ingkang têngêsipun faham utawi aliran. *Nasionalismê* inggih mênikå faham raos kêbangsaan. Wontên ing pirêmbagan mênikå, *nasionalisme* têngêsipun faham tumrapipun bångså Indhonesia kangge manunggalakên manekå

warni suku bangsa sâhâ kêturunan saking bangsa mancâ wontên salêbêtipun kêmungkinan dados sêtunggal gêsang ing bumi nêgari kêsatuan Republik Indhonesia (Aman, 2011: 40).

Zuchdi lumantar Sutrisnâ Wibâwâ (2013: 215) ngandharakên bilih *nasionalismê* inggih mênikâ carâ anggenipun mênggalih, gadhah sikap, sâhâ tumindak ingkang nêdahakên kasêtyan, kaprêdulen, sâhâ pangajiing kang luhur dhumatêng bânâ, *lingkungan fisik, sosial, budâyâ, ekonomi sâhâ politik* bangsanipun.

Wontên ing salêbêtipun *karaktêr nasionalis* dumados saking perangan-perangan subnilai inggih mênikâ; ngaosi budâyâ bangsanipun piyambak, njagi samukawis bab budâyâ, lilâ eklas nindakakên pangurbanan, unggul, trêsnâ dhumatêng bangsa, tansah ngrêksâ lingkungan, *dhisiplin*, ngurmatimanekâ warni budâyâ, suku, sâhâ agamâ. (Kêmêntrian Pêndidikan dan Kêbudayaan, 2017: 8)

Saking andharan bab perangan-perangan subnilai ing *karaktêr nasionalis* ing nginggil, *nilai-nilai* budi pakarti *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang sagêd dipunlêbêtakên wontên ing *karaktêr nasionalismê* inggih mênikâ: (a) kêndêl, (b) taat/patuh, (c) tanggêl jawab, (d) trêp kaliyan paugêran, sâhâ (e) bêkti. Pirêmbagan saking sabên *nilai-nilai* budi pakarti dipunandharakên ing ngandhap mênikâ.

1) Kêndêl

Budi pakarti kêndêl inggih mênikâ satunggaling sikap njêjêgakên prakawis ingkang lêrês sâhâ nyingkiri tumindakbotên sae. Budi pakarti kêndêl mênikâ dipunperang dados kalih; (1) Sikap wantun ingkang sangêt dipunbêtahakên

kangge jêjêgipun kaadilan sâhâ kêbênaran, sâhâ (2) Sikap wantun nyanggi sanggan awujud panandhang, wantun mbudi dâya sâhâ dados tameng tumrap iman saking tumindak ingkang kêjêm.

Tândhâ tiyang ingkang gadhah budi pakarti kêndêl inggih mênikâbotên mbêtahakên pangalêmbâna nalikâ tumindak, mundur mênawi dipuncacad, kanthi blâkâ ngakêni nalikâ tumindak lêpat, tabah nalikâ ngadhêpi kacingkrangan, gadhah raos tanggêl jawab, botên kecalan cârâ nalikâ ngadhêpi satunggaling prakawis ingkang sakalangkung awrat, Gadhah prinsip ingkang kiyat sâhâ gadhah grêgêt ingkang makantar-kantar (A. Tabrani Rusyan, dkk., tt: 33-34). S. Prawiro Atmodjo (1994: 164) mahyaakên bilih kêndêl têngêsipun duwe kuwanen utâwâ ora jirih. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti kêndêl nalikâ ngadhêpi satunggaling prakawisbotên tidhâ-tidhâ ngurbanakên jiwâ punâpâ dene raganipun kangge njêjêgakên prinsip ingkang dipungêgêki.

Tiyang kêndêl anggenipun nindakakên samubarang pakaryan dipunkantheni patrap ingkang wêkêl, lantip, sâhâ gadhah kuwanthen. Têmbung wêkêl têngêsipun srêgêp sâhâ tumêmên (Poerwadarminta, 1939: 660). Lantip têngêsipun landhêp pikiranipun utawi gatekan (Poerwadarminta, 1939: 260). Tiyang kêndêl ugi gadhah kuwanthen, têngêsipun kêkêndelan. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* tândhâ tiyang ingkang gadhah budi pakarti kêndêl inggih mênikâ gadhah kawêkêlan utawi srêgêp, pikiran ingkang landhêp, sâhâ kêkêndelan. Têngêsipun, tiyang mênikâ anggenipun nindakakên samukawis pakaryan dipuntindakakên kanthi srêgêp, tumêmên, lantip sâhâ kêndêl. Wondene pratelanipun kados mênikâ.

- “1. *Anduweni kawêkêlan*
2. *Anduweni kalantipan*
3. *Anduweni kuwanthen* “ (*kâcå10*)

Pratelan saking *layang Sasmitå Titikå* menika saged dipunmaknani bilih budi pakarti kændêl kedah dipunkantheni patrap wêkêl utawi srêgêp. Srêgêp njêjêgakên prakawis ingkang lêrês. Têgêsipun, lêrês miturut paugêran, botên lêrês manut kêkajênganipun piyambak. Awit mênawi lêrês mênika namung manut ukuran pribadi, tumidakipun manungsa têtmu sagêd nalisir. Wontên ing wêkdal-wêkdal samênika milå kathah *oknum* ingkang tumindak nalisir. Nggugu kajêngipun piyambak. Tiyang Jåwå mastani saiki *jaman edan*. Wontên ing *sêrat Kålatidhå* anggitanipun R. Ng. Rånggåwarsitå salah sêtunggal pada ngandharakên bab jaman edan. Wondene pratelanipun:

“ *Amênangi jaman edan, ewuh åyå ing pambudi, milu edan ora tahan, yen tan melu anglakoni, boya kaduman melik, kalirên wêkasanipun, ndilalah kêrså Allah, bêgjå bêgjane kang lali, luwih bêgjå kang eling lawan waspådå.*”
(<https://www.Kompasiana.com/kalimanainilah-jaman-edan-menyelisik-serat-kalatidha-ranggawarsita>)

Saking pratelan *sêrat Kålatidhå* mênika ngandharakên babagan wolak-walikipun jaman. Tiyang sampun nggu kajêngipun piyambak. Kados patrapipun tiyangbotên gadhah paugêran. Awit mênawibotên nindakakên kados dene tiyang *edan* sagêd mangkebotên pikantuk nâpå-nâpå. Ananging milå sampun dados karsanipun Gusti Allah bilih tiyang ingkang eling lan waspådå ingkang samangke manggih kabêgjan. Eling sâhå waspådå minångkå asil saking pakarti wêkêl utawi srêgêp. Tiyang ingkang srêgêp nindakakên pakaryan kanthi sae têtmu badhe pikantuk sembulih ingkang sae ugi saking Gusti Allah.

Pakarti k nd l ugi ng mot pikiran ingkang lantip. Lantip t g sipun pint r utawi gatekan. Pakarti k nd l ingkang g gayutan kaliyan lantipipun pikiran dados salah satunggal perangan wont n ing *karakt r nasionalis*. Tiyang-tiyang ingkang gadhah watak nasionalis t mtu gadhah pakarti k nd l. Sinaosa ngadh pi b b y , tiyang k nd lbot n badhe *tinggal glanggang colong playu*. Pakarti k nd l salah s tunggal tandhanipun ril  ngorbanak n jiw  s h  raganipun Tuladha tiyang ingkang k nd l ugi ngginakak n lantipipun pikiran s h  ril  ngorbanaken jiw  s h  raganipun nalik  tumindak inggih m nik  patih Suw nd  utawi Bambang Sumantri. Patih Suwanda m nik  putranipun Begawan Suwand g ni wont n ing p rtapan Jatisar n . Patih Suw nd  utawi Bambang Sumantri dipuncariyosak n badhe suwit  dhumat ng Prabu Arjun s sr bahu ratu ing Maespati. Min ngk  kangge sarat katampi suwitanipun, Patih Suw nd  k dah sag d mboyong putri cacah 800 utawi dhomeas saking n gari Mag d . Kanthi pakarti k nd l s h  lantip ing pamikir sarat m nik  sag d dipuns mbadani dening Patih Suw nd . Patih Suw nd  dipunbiyantu dening rayinipun Bambang Suk sr n . Patih Suw nd  gugur nalik  m ngsah Prabu D s muk  r j  Al ngk dir j  (Warih Jatirahayu & Suwarn  Pringg widagd , 2004: 87-88). Cariyos pakarti k nd l kinanthenan lantip ing pamikiripun s h  rila ngorbanak n jiw  tuwin raganipun Patih Suw nd  kamot wont n ing *s rat Trip m * anggitan KGPAA Mangkunag r  IV pupuh dhandhanggul  p d  1 kaliyan 2, dene pratelanipun.

P d  1:

“ *Yogyanir  kang p r  prajurit/lamun bis  sir  atuladh /duk ing nguni caritane/and lir  sang Prabu/s sr bau ing Maespati/aran Patih Suw nd /lalabuhanipun/kang gin lung tri prak r /gun  k y  purune kang den ant pi/nuhoni trah ut m //*”

pådå2:

“ Lire lalabuhan tri prakawis/gunå biså saneskareng karyå/binudi dadyå unggule/kåyå sayêktinipun/duk bantu prang Manggådå nagri/amboyong putri dhomas/katur ratunipun/purune sampun têtela/aprang tandhing lan dityå Ngalêngkå nagri/Suwåndå mati ngrånå//”

Wontên pratelan *sêrat Tripåmå* mênikå dipuncariyosakên Patih Suwåndå nalikå badhe suwitå dhumatêng Prabu Arjunåsåsråbau. Patih Suwåndå rilå ngorbanakên jiwå tuwin raganipun kangge ngabdi dhumatêng Prabu Arjunåsåsråbahu. Wasånå Patih Suwåndå gugur nalikå pêrang tandhing mêngsah Ratu Alêngkådiråjå, Prabu Dåsåmukå.

Pakarti kændêl Patih Suwåndå pantês daipunndadosakên minångkå patuladhan tumrap gênêrasi mudhå. Kændêl ngorbanakên jiwå tuwin rånå kangge kuncaraning Bangsa. Bêbasan *‘sadumuk bathuk sanyari bumi kudu dilabuhi sanajan toh pati sårå pècahing dhådha wutahing ludirå* kèdah dados grêgêt ingkang makantar-kantar kangge njêjêgakên adêging nêgari sinaoså kèdah ngorbanakên jiwå tuwin rånå (Sigit Nugroho, 2018: 48).

Tumrap gênêrasi mudhå, kangge nggayuh gêgayuhan luhur kèdah dipunkupiyå kanthi tumêmên. Kadosdene Patih Suwåndå anggenipun ngupiyå gêgayuhan kinanthenan tigang prakawis; *Gunå, kåyå sårå purun. Guna* têngêsipun “kapintêran” miturut S Prawiro Atmodjo (1994:125). Patih Suwåndå parågå ingkang gadhah kapintêran, katrampilan salêbêting ngabdi dhumatêng Prabu Arjunå Såsråbahu. *Kayatêngêsipun* “temen-temen” S Prawiro Atnodjo,(1994: 157). Patih Suwåndå nalikå nindakakên tugas ingkang dipundhawuhakên dening Prabu Arjunå Såsråbahu dipuntindakakên kanthi tumêmên. *Purun* têngêsipun

“gelem, wani” S Prawiro Atmodjo (1994:344). Patih Suwanda nindakaken dhawuh saking Prabu Arjuna Sasrabahu dipuntindakakên kanthi eklas sâha këndêl ngadhêpi bêbaya mênâpa kemawon.

2) *Taat/Patuh*

S. Prawiro Atmodjo (1994: 320) patuh têngesipun wong kang ajêg nindakake. Taat utawi patuh sagêd dipuntêngesi minangka satunggaling sikap sâha patrap kanthi nindakakên sadaya kasaenan awujud parentah punâpadene paugêran dhumatêng agami, sasaminipun manungsa, masyarakat, bangsa sâha nagara. Tiyang ingkang gadhah pakarti taat utawi patuh anggenipun nindakakên sadaya ayahan dipunlampahi lêlandhêsan hati nurani. Lumantar Sutrisna Wibawa (2013: 155) Poespaprojo mratelakakên bilih hati nurani inggih mênika suwantênipun Gusti Allah. Hati nurani inggih mênika satunggaling “instansi” wontên ing dhirinipun manungsa ingkang sukâ pambiji tumrap *moralitas* tumidak sâha tingkah laku, sacara langsung, sakmênika sâha wontên ing papan mênika. Hati nurani wontên sambung rapêtipun kaliyan tumindak ingkang nyata. Hati nurani sukâ panjurung dhumatêng manungsa kangge nindakakên utawi mênggak babagan satunggaling prakawis. botên nuruti hati nurani badhe ngrisak intêgritas (Wibawa, 2013: 155). Salajêngipun miturut Frans Magnis Suseno lumantar Sutrisna Wibawa (2013) bilih hati nurani inggih mênika “rumangsane ati bab ala bêciking tindak, kamardikan duwe panemu utawa nglakoni agama sakarêbê dhewe, tindake sulaya karo rasaning ati, lan ora tau rumangsa luput.

Pakarti taat utawi patuh badhe nêuntun manungsa tumindak kanthi sae. Wontên ing kajian mênika, pakarti taat minangka satunggaling perangan saking

karaktêr nasionalis. Minangka perangan saking *karaktêr* nasionalis, pakarti taat utawi patuh ingkang wigatos inggih mênikâ taat utawi patuh dhumatêng aturan ingkang sampun dados katêtêpanipun nagârâ. Kangge nanêmakên pakarti taat dhumatêng aturan sagêd dipunkupiyâ lumantar; (a) nindakakên ayahan kanthi bêcik sâhâ lêrês, (b) ngurmatidhumatêng ingkang kawogan.

Tiyang ingkang gadhah pakarti taat utawi patuh, anggenipun tumindak dipunlandhêsi sikap sâhâ patrap jujur, manut dhumateng pêrintah, nalikâ nalisir saking paugêran rêmên mênawi dipunemutakên, kêkajênganipun tansah ngudi dhumatêng pituturipun tiyang ingkang langkung pânâ, sâhâ nêtêpi mênâpa ingkang sampun dados pasarujanipun tiyang kathah.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*, dipunpratelakakên mênggah patrapipun manungsâ ingkangbotên gadhah pakarti taat utawi patuh. Sâdâya tumindak dipunlampahi kanthibotên jujur, kêkajênganipunbotên sagêd dipunpênggak, botên rêmên dipunemutaken nalikâ tumindakipun nalisir, sâhâbotên nggugu dhumatêng piwucalipun tiyang sanes sâhâ kitab. Wondene pratelanipun:

“ Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpê mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwâ, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pâdhâ kasingkur.(kâcâ 11)”

Saking pratelan ing nginggil, bilih manungsâ ingkangbotên gadhah pakarti taat sadyâyâ tumindakipun tansah salewengan, nyingkur dhumatêng kasaenan. Patrap, pocap, sâhâ tumindak katindakakên kanthibotên jujur. Mênawi gadhah pikajênganbotên sagêd dipupênggak ugi dipunemutakên; nggugu pikajênganipun piyambak.

Tiyang ingkang gadhah pakarti taat têtmu tumindakipun ugi dipunkantheni pakarti tanggêl jawab. Kosok wangsulipun, tiyang ingkangbotên gadhah pakarti taat gêsangipun tansah tumindak angkâramurkâ. Wontên ing jagading pawayangan, patrap angkâramurkâ mênikâ kados dene Prabu Dâsârukâ ratu Alêngkâdirâjâ. Prabu Dâsârukâ mênikâ putranipun Rêsi Wisrâwâ kaliyan Dewi Sukei. Nalikâ taksih alit, Dâsârukâ sampun ngatingalakên watak angkâramurkâ. Dâsârukâbotên purun ngalah, nggugu kêkajênganipun piyambak, mênawi dipunemutakên malahbotên trimah lajêng muring-muring, dêgsurâ, rêmên ngumbar kasêkten, angkuh sâhâ umuk lan sadâyâ patrap angkâramurkâ sanesipun (Warih Jatirahayu & Suwarno Pringgowidagda, 2004: 25).

Tiyang ingkang botên gadhah pakarti taat utawi patuh, tumrap gêsangipun nêgari têtmu mbêbayani sangêt. Awit patrap sâhâ tumindakipun badhe damel kapitunanipun tiyang sanes, langkung-langkung tumrap nêgari. Kados parâgâ Prabu Dâsârukâ ingkang angkâramurkâ, wusânâ nndadosakên nêgari Alêngkâdirâjâ dados risak. Parâ kawulâ gêsang kanthi kêbak ing kasangsaran.

Pakarti taat utawi patuh dhumatêng paugêran nndadosakên manungsa anggenipun tumindak ugi linandhêsan pakarti tanggêl jawab. Taat utawi patuhipun manungsa nindakakên ayahan milâ sadrêmâ murih kuncaraning bangsa sinaosâ mênapâ ingkang dipuntindakakên kêdah ngorbanakên jiwa punâpadene ragâ. Parâgâ wayang Raden Kumbâkarnâ minangkâ tulâdhâ sae tumrap manungsa. Sinaosâ wujudipun butâ, ananging Raden Kumbâkarnâ gadhah watak sae. Raden Kumbâkarnâ gadhah jiwa nasionalis sayêktos. Tumindakipun jujur, asring sukâ pemet dhumatêng Prabu Dâsârukâ, kakangipun ingkang tumindak

angkaramurka. Raden Kumbakarna patuh dhumateng piwucalipun para leluhuripun supados mbelani bebener, mbelani kaadilan. Kangge njjegakên kuncaraning negeri, Raden Kumbakarna ngantos pejah mêngsah bala wanara prajuritipun Prabu Rama. Cariyos jiwa nasionalismenipun Raden Kumbakarna ingkang tansah taat utawi patuh dhumateng negeri saha piwucalipun para leluhur kamot wonten ing *serat Tripama* pupuh dhandhanggula pada 3 kaliyan 4.

Wondene ungelipun:

Pada 3 :

“ *Wonten malih tuladhan prayogi/Satriya gung nagri ing ngalengkã/Sang kumbakarna ngarane/Suprandene gayuh utami/Tur iku warnã diyu/Duk wiwit prang alengkã/Dennya darbe atur/Mring rakã amrih raharja/Dasamukã tan keguh ing atur yekti/Dene mungsuh wanarã//*”

Pada 4:

“ *Kumbakarna kinon mêngsah jurit/Mring kang rakã sirã tan lengganã/Nglungguhi kasatriyane/Ing tekad tan a surud/Among ciptã labuh nagari/Lan noli yayah renã/Myang leluhuripun/Wus mukti aneng ngalengkã/Mangke arsa rinusak ing bala kapi/Punagi mati ngranã//*”

Saking pethikan *serat Tripama* menika dipunandharakên paraga wayang wujud buta aran Raden Kumbakarna. Sinaosa wujud buta, Raden Kumbakarna gadhah watak ingkang sae. Raden Kumbakarna menika rayinipun Prabu Rahwana utawi Prabu Dasamuka saking Alengka. Raden Kumbakarna minangka paraga ingkang gadhah sifat satriya: taat saha setya dhumateng nagarinipun. Nalika negeri Alengka dipunrebasa dening prajurit wanara, Raden Kumbakarna ndherek maju perangboten amargi mbelani kangmasipun ingkang tumindak wengis, ananging kangge belu nusa saha bangsanipun minangka tilaranipun para leluhuripun. Wekasan Raden Kumbakarna gugur ing paprangan.

Pakarti taat dhumatêng paugêran milå prayogi dipunkupiyå wiwit saking dhiri pribadi langkung rumiyin. kanthi nglinakakên pakarti taat dhumatêng paugêran badhe damêl manah têntrem, botên namung tumrap dhiri ananging ugi tiyang sanes. Minangkå tuladhå babagan ngrokok. Tiyang ngrokok mênikå sagêd damêl kapitunan dhiri; årtå namung dipunobong kangge tumbas rokok, sagêd ndadosakên sawarnining sêsakit; dene kangge tiyang sanes ngokok ugi damêl kapitunanipun tiyang sanes ugi sagêd ndadosakên sawarnipun sêsakit. Wontên ing *sêrat Sånå Sunu* prakawis rokok utawi madat ingkang ndadosakên kapitunan kamot wontên ing pupuh II Sinom pådå 24 sårå 25, pratelanipun.

Pådå 24:

” lawan away mangan madat, pêtetu iku tan bêcik, åpå bêcike wong mangan, ing kukus tur angêndhêmi, yen wus nyakot sayêti, dudu wong kang mangan apyun, apyun kang mangan janma, ten wus dadi ndlinding matim, nora nånå wong nyêret umure dåwå ”

Pådå 25:

“ iku kalêbu golongan, nganiåyå badaneki, dhasare sarak cinêgah, ingkang karam êndêmneki, barang kang angêndêmi, cinêgah ing sarakipun, panjang yen winarnåå, nisthaning mangan cêkakik, pan wus pådhå klingkunganpahan kasatmåtå ”

Saking pratelan ing nginggil ngandharakên bilih tumindak madat utawi ngrokok minangkå tumindakbotên sae. Damêl kapitunan. Tiyang ingkang rêmên madat damêl cêkakupun umur. Tiyang madat bêbasan sampun tumindak nganiåyå raganipun pribadi. Madat dipunlarang dening paugêran. Mênawi tiyang ingkang gadhah pakarti taat dhumatêng prinsipipun piyambak têtmu badhe ndadosakên gêsangipun ayêm sårå têntrem.

3) *Tanggung jawab*

Prakawis budi pakarti tanggêl jawab, wontên ing perangan *karaktêr* religius sampun dipunandharakên ing nginggil. Wontên ing perangan mênikå badhe dipunandharakên budi pakarti tanggêl jawab gayutanipun kaliyan *karaktêr nasionalisme*. Budi pakarti tanggêl jawab têngêsipun wantun ndhadhagi sadâyå prakawis ingkang thukul amargi patrap, pocap sårå tumindakipun piyambak. Tanggêl jawab inggih mênikå kêtawajiban nanggêl bilih patrap ingkang dipuntindakakên dening tiyang sampun laras kaliyan kodrat manungså. Wantun tanggêl jawab têngêsipun bilih manungså wantun nêmtokakên, wantun mêthekakên, bilih tumindakipun mênikå sampun laras kaliyan tuntutan kodrat manungså sårå bilih namung amargi kodrat, patrap mênikå dipuntindakakên (Sutrisnå Wibåwå, 2013: 135).

Poedjawijatna (1982) ngandharakên bilih tanggêl jawab mênika rakêt gayutanipun kaliyan prakawis ingkang kajarag. Tiyang kêtah wantun tanggêl jawab dhumatêng tumindakipun ingkang dipunjarag. Bab mênikå atêngês bilih manungså kêtah sagêd ngaturakên kanthi blåkå dhatêng nuraninipun, bilih tumindakipun laras kaliyan tuntutan nuraninipun. Tanggêl jawab inggih mênikå kêtakinan bilih pocap sårå patrapipun mênikå sae.

Frans Magnis Susena lumantar Sutrisna Wibawa (2013: 136) ngandharakên bilih tanggêl jawab têngêsipun (1) sumadiyå kangge nindakakên mênåpå kemawon ingkang kêtahipun dipuntindakakên kanthi saksae-saenipun. Budi pakarti tanggel jawab inggih mênikå *sikap* sårå patrap satunggaling tiyang gêsang kangge nindakakên jêtibahan sårå kuwajiban ingkang kêtahipun

dipuntindakakên tumrap dhiri pribadi, masarakat, lingkungan (lingkungan, *sosial*, sâhâ budâyâ), nagari, sâhâ Gusti Inkgang Mâhâ Agung. Gadhah budi pakarti tanggêl jawab atêgês satunggaling sikap dhumatêng tugas ingkang dipunparingakên lan kaikêt kangge ngrampungakên tugas mênikâ. (2) sikap tanggêl jawab nglangkungi sadâyâ etika paugêran (3) wawasan tiyang ingkang sumadiyâ kangge tumindak tanggêl jawab ingkang sacârâ prinsipial tanpâ watês. Kanthi andharan mênikâ, bilih budi pakarti gadhah watak tanggêl jawab badhe tumindak kanthi têmên-têmên. Nalika ngayahi jejibahan badhe dipuntindakakên kanthi têmên.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*, budi pakarti tanggêl jawab rakêt sangêt gayutanipun kaliyan *karaktêr nasionalisme*. *Nasionalisme* têngsipun faham tumrapipun bângsâ Indhonesia kangge manunggalakên manekâ warni suku bângsâ sâhâ kêturunan saking bângsâ mâncâ wontên salêbêtipun kêmanunggalan dados sêtunggal gêsang ing bumi nêgari kêsatuan Republik Indhonesia (Aman, 2011: 40). Zuchdi lumantar Sutrisnâ Wibâwâ (2013: 215) ngandharakên bilih *nasionalismê* inggih mênikâ cârâ anggenipun mênggalih, gadhah sikap, sâhâ tumindak ingkang nêdahakên kasêtyan, kaprêdulen, sâhâ pangaji ingkang luhur dhumatêng bâsâ, *lingkungan fisik, sosial, budâyâ, ekonomi* sâhâ *politik* bangsanipun. *Nilai karaktêr nasionalisme* gadhah têngês ingkang sami kaliyan *nilai grêgêt* ingkang makantar-kantar dhatêng bangsanipun.

Pusat Kurikulum sâhâ Pêrbukuan lumantar Sutrisnâ Wibâwâ (2013: 212) ngandharakên bilih grêgêt ingkang makantar dhumatêng bângsâ inggih mênikâ cârâ anggenipun mênggalih sâhâ anggenipun tumindak ingkang mapanakên

kawigatosaning bangsa sâhâ nagari ing sainggiling kawigatosaning pribadi sâhâ kelompokipun. Kanti mênikâ dipunbêtahakên tanggêl jawab kangge mujudakên sadâyâ mênikâ. Gêgayutan kaliyan pakarti tanggêl jawab minangkâ peranganing *karaktêr* nasionalisme ingkang mbêtahakên grêgêt makantar-kantar kangge ngupiyâ sâhâ nggayuh gêgayuhan sampun nate dipunngendikakên dening pârâ bapâ bangsa Indhonesia. Bab mênikâ ngemuti bilih bangsa Indhonesia gadhah ciri ingkang mligi minangkâ nagârâ bangsa, inggih mênikâ agêngipun, wiyaripun sâhâ kemajêmanipun.

Sabên bangsa kédah gadhah satunggaling *konsepsi* sâhâ *consensus* kanthi sarêng gayut kaliyan prakawis-prakawis ingkang *fundhamental* kangge gêsang lumitiripun, wêtah sâhâ kuncaranipun bangsa Indhonesia. Presidhen Sukarno lumantar pidhatonipun nalikâ tanggal 30 September 1960 wontên ing Pêrsêrikatan Bangsa-Bangsa ngandharakên;” lumampahing sêjarah ngatungalakên kanthi nyatâ bilih sadâyâ bangsa mbêtahakên satunggaling konsepsi sâhâ pepenginan. Saumpami bangsa sampunbotên gadhah konsepsi sâhâ pepenginan ingkangbotên cêthâ ugi usang, sagêd dipunwastani bangsa mênikâ wontên ing kawontênan ingkang drawasi” (Pimpinan MPR & Tim Kerja Sosialisasi MPR Periode 2009-2014: 2012: 2).

Kangge thukul sâhâ ngrêmbakanipun pakarti tanggêl jawab ingkang gayut kaliyan *karaktêr* nasionalisme milâ dipunbêtahakên grêgêt ingkang makantar-kantar. Kajawi grêgêt ingkang makantar-kantar, ugi kinanthenan gêgayuhan utawi pèpenginan. Nalikâ manungsa sampun gadhah grêrêt sâhâ pèpenginan têtmu badhe dipunkupiyâ kanthi tumêmên. Manungsa badhe ngginakakên sadâyâ dayâ

kupiyâ inggih ragad punâpadene bândhâ donyâ. Wontên ing bêbrayan Jâwâ wontên têtêmbungan “*Jêr basuki mâwâ beyâ*”; Sadâyâ pêpenginan, gêgayuhan, sâhâ prakawis kangge mujudakên raos mulyâ têtmtu kemawon bêtahakên wragad. Kanthi mênikâ, tiyang ingkang gadhah pakarti tanggêl jawab ingkang wontên gayutanipun kaliyan *karaktêr nasionalisme* têtmtu wontên ing dhirinipun ugi gadhah grêgêt ingkang makantar-kantar kangge nggayuh gêgayuhanipun. Awit tiyang mênikâ sadhar saestu bilih kangge mujudakên gêgayuhan têtmtu kedah dipunkantheni grêgêt sâhâ purun mbukâ wawasan; ngginakên pikiranipun murih kasêmbadan sêdyanipun. Sadâyâ mênikâ dipuntindakakên kanthi kêbak ing pakarti tanggêl jawab.

Kosok wangsulipun tiyang ingkangbotên gadhah jiwâ *nasionalisme*; budi pakarti tanggêl jawab, tiyang mênikâ têtmtubotên gadhah pêpenginan,botên gadhah gêgayuhan,botên pengin miyarakên wawasan sâhâ damêl lantipipun pikir. Tiyang ingkangbotên gadhah pakarti tanggêl jawab, nalikâ dipunparingi ayahanbotên badhe sae asilipun, awit tiyang mênikâ mênawi mikir ingkang awrat, pikiranipun sampunbotên kacongah. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* pratelan ingkang sagêd dipunmaknani minângkâ tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti tanggêl jawab inggih kados andharan mênikâ.

“.....wis ngalunthung karêpê, ora anduweni panggayuh kang kae-kae, ora ngudi kuwarasaning badan, ora sumêdyâ nengkarake piker nurunake wiji anak-anak, pêputu sapiturute wis ora karasakake babar pisan apadene anggayuh babagan kang abot abot sartâ kang angel angel sâyâ ora kêcongah mikir.(kâcâ 13)”

Budi pakarti Tanggêl jawab milâ kêtah dipunwiwiti saking dhiri pribadi langkung rumiyin. pratelan ing nginggil ngandharakên bilih tiyang ingkangbotên

gadhadh tanggêl jawab, tiyang mênika sampun ngalunthung karêpê têngêsipun sampunbotên gadhadh kêkajêngan; pêpenginan. Tiyang mênika ugi sampunbotên gadhadh panggayuh ingkang kae-kae têngêsipun gêsang nâpâ wontênipun tanpâ gadhadh grêgêt kangge murih sae ing gêsangipun. Tiyang ingkangbotên gadhadh pakarti tanggêl jawabbotên purun ngginakakên dâya pikiripun murih mulyâ ing gêsangipun. Mênawi dipunparingi ayahan dipuntindakakên kanthi saksêkecanipun awit tiyang mênika botên pengin kanthi rêkaos ngginakakên pikiranipun; nalikâ mikir ingkang awrat, pikiranipunbotên kacongah.

Budi pakarti tanggêl jawab dhumatêng dhiri pribadi kanthi gadhadh pêpenginan, gêgayuhan, ngginakakên dâya pikiranipun, grêgêt ingkang makantar-kantar sâhâ purun nglampahi pakaryan ingkang awrat kangge mujudakên gêgayuhanipun kados tuladhanipun R.M Sutanto utawi nâma singlon Rapingun wontên ing cariyos novel “Ngulandâra” anggitanipun Margâna Djâjatmadjâ;

“ *Kacariyos R.M Sutantâ mênika satunggaling putrâ priyayi luhur saking Mangkunegârâ. Kangge mujudakên gêgayuhanipun, R. M Sutantâ kesah saking griyanipun. Piyambakipun ngulandâra kanthi nâma singlon Rapingun. Rapingun mindhâ warni dados sopiripun satunggaling nyonyah cinâ. Wontên ing satunggaling kédadosan, Rapingun nate mitulungi satunggaling priyayi ingkang nembe kasisahan awit otonipun mogok. Cêkaking cariyos, Rapingun suwitâ dhatêng priyayi ingkang sampun diputulungi nalikâ otonipun mogok. Nalikâ nindakakên ayahan wontên ing dalêmipun priyayi mênika sadâya tumindakipun sarwâ-sarwi nêngsêmakên. Rapingun dipunsihi dening bêndaranipun. Wontên ing salah satunggaling dintên, Rapingun dipunjak dening putri bendaranipun nâma Raden Ajêng Soepartinah ningali pêkên malêm. Wontên ing pêkên malêm mênika Raden Ajêng Soepartinah kapanggih kaliyan kâncâ nalikâ kuliyah. Kancanipun mênika badhe tumindak murang Tâtâ dhumatêng Raden Ajêng Soepartinah. Awit raos tanggêl jawab dhumatêng bêndaranipun, Rapingun ngantos ngorbanakên dhirinipun. Rapingun pâncâkârâ kaliyan kâncâ kancanipun Raden Ajêng Soepartinah. Kanthi limparing pamikir, Rapingun sagêd uwal saking bêbâyâ ingkang badhe nginjim jiwaniipun bêndaranipun sinaosâ*

kêdah ngorbanakên tanganipun awit dipungêbag wami tosan dening R. Hardâna; kancanipun Raden Ajeng Soepartinah. Gancaring cariyos Rapingun utawi R. M Sutantâ gêsang bêbrayan kanthi ayêm têntrem kaliyan garwanipun, Raden Ajêng Soepartinah”.

Saking cariyos “ngulandârâ” mênikâ, budi bakarti tanggêl jawab dipunkatingalakên dening Rapingun utawi R.M Sutantâ. Kangge mujudakên gêgayuhanipun, R. M Sutantâ ngantos rilâ mindhâ warni dados sopir lajêng batur kanthi nâmâ singlon Rapingun. Nalikâ suwitâ dhumatêng bêndaranipun, sadâyâ pakaryan dipuntindakakên kanthi kêbak ing raos tanggêl jawab. Bab mênikâ nndadosakên bêndârâ bêndaranipun rêmên sâhâ sih dhumatêng Rapingun. Sadâyâ pakaryan katindakakên kanthi grêgêt ingkang makantar-kantar kangge ngladosi bêndaranipun. Kangge njagi kawilujênganipun R.A Soepartinah nalikâ badhe dipunrudâpêksâ dening R. Hardânâ, kancanipun R.A Soepartinah, Rapingun ngginakên lantiping pamikir. Rapingun sagêd damêl kancanipun R.A Soepartinah lenâ ing kaprayitnan. Wasânâ Rapingun sâhâ R.A Soepartinah sagêd wilujêng sinaosâ Rapingun ngorbanakên tanganipun awit bênthet amargi dipungêbag tosan dening R. Hardânâ, kancanipun R.A Soepartinah.

Wontên ing gêsang bêbrayan ing masarakat, budi pakarti tanggêl jawab ingkang gayut kaliyan jiwa utawi *karaktêr nasionaliskêdah* dipunkupiyâ sâhâ kaudi. Budi pakarti tanggêl jawabkatindakakên kanthi linandhêsan grêgêt ingkang makantar-kantar. Sadâyâ mênikâ kangge mujudakên gêgayuhan sâhâ pêpenginan. Kêjawi grêgêt ingkang makantar-kantar, ugi dipunbêtahakên jiwa lilâ eklas nindakakên pangurbanan, korban jiwa punâpâ râgâ kangge jêjêgipun bangsa sâhâ nagârâ.

4) *Trep Kaliyan Paugeran(dhisiplin)*

Wontên ing nginggil sampun dipunandharakên budi pakarti *Trêp kaliyan paugêran* minangka salah satunggaling perangan saking *karaktêr religius*. Salajêngipun, wontên ing andharan mênika badhe dipunrêmbag budi pakarti *Trêp kaliyan Paugêran* gayutanipun kaliyan *karaktêr nasionalis* ingkang kamot wontên ing *layang Sasmita Titika*. *Trêp kaliyan paugêran* inggih menika mujudaken perilaku taat utawi patuh; inggih menika ketaatan dhumateng paugêran utawi tata tertib sanesipun. Tumindak dhisiplin tegesipun taat dhumateng aturan ingkang lumampah (. A. Tabrani Rusyan, dkk., tt:73). Darmiyati Zuchdi lumantar Sutrisna Wibawa, 2013: 213) ngandharakên bilih *trêp kaliyan paugêran* inggih mênika sikap sâha perilaku ingkang nêdahakên kêtêrtiban sâha patuh dhumateng samukawis paugêran punapa dene kêtentuan. Dene manut andharanipun Moh. Shochib (1989: 3) dhisiplin minangka raos patuh nindakaken aturan sâha pandom awit thukul saking raos sadhar dhiri, botên awit ajrih dhumateng ukuman. Dhisiplin minangka raos patuh kangge ngurmatisâha nindakakên satunggaling *sistem* ingkang nndadosakên tiyang patuh dhumateng paugêran utawi parintah ingkang lumampah. Wontên ing *ensiklopedhia pëndidikan*, Soegarda Purbakawatja, (1976: 81) ngandharakên bilih dhisiplin :(a) proses masrahakên utawi maringakên kêkajêngan-kêkajêngan sacara langsung, panjurung, pêngingnan utawi prakawis-prakawis ingkang wigatos dhumateng satunggaling gêgayuhan utawi pêngingnan têtamtu kangge nggayuh prakawis ingkang langkung agêng; (b) pêngawasan sacara langsung dhumateng tumindak ingkang dipunlampahi dening manungsa, tuladhanipun tumindakipun para siswa kanthi

ngginakakên carâ ukuman utawi bêbânâ; (c) Wontên ing pawiyatan, satunggaling tataran tâtâ têtib têtamtu kangge nggayuh kawontênan ingkang sae kangge nêtêpi *fungsi* saking *pêndidikan*. Saking andharan-andharan mênikâ, sagêd kapêndhêt dudutan bilih dhisiplin inggih mênikâ padatan sâhâ tumindak ingkang *konsisten* dhumatêng sadâyâ wujud aturan utawi tâtâ têtib ingkang lumampah. Manungsâ sampun nalisir saking paugêraning nêgari, botên jujur, kumalungkung, kumintêr, tumindak nisthâ, nêtêpi hardaning hâwâ nêfsu lan sanes-sanesipun. Prakawis tiyang ingkang botên gadhah budi pakarti trêp kaliyan paugêran ingkang sagêd dipunmknani minangkâ peranganing *karaktêr nasionalisme* wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* pratelanipun kados makatên;

“...mung dhêmên anggung ginunggung, ambêg dhumukun, gumuru, gumaib, gumagus, gumagah, kumasurâ wis ora ngengeh ngengeh nganti ngorakake marang kêkêndelane liyan, dhêmên ubyang ubyung kang tanpâ kusur, dhêmên sâbâ balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpe mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwâ, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pâdhâ kasingkur. (kâcâ 11)

Pratelan ing nginggil nêdahakên patrapipun manungsâ ingkang nalisir saking paugêran; nggugu pikajêganipun piyambak. Rêmên mênawi dipunalêmbânâ, tumindakipun dêgsurâ, angkârâmurkâ, rêmên ubyang-ubyung ingkang tanpâ tumanjâ, rêmên sêsâbâ dhatêng papan-papan ingkang botên pantês, tumindakipun tansah nalisirbotên jujur, kêkajêganipun botên sagêd dipunpênggak sâhâ kaemutakên. Tiyang ingkang botên gadhah budi pakarti Trêp kaliyan Paugêranbotên rêmên dhumatêng piwucalipun parâ tiyang sêpuh sâhâ isinipun kitab.

Budi pakarti Trêp kaliyan Paugêran minangka salah satunggaling perangan saking *karaktêr nasionalis*ndahakên patrap manungså ingkang nalikå nindakakên ayahanbotên rêmên dipunalêmbåna, gêsang kanthi andhap asor,botên kumalungkung, gumêdhe, gumagus, gumaib. Manungså ingkang gadhah pakarti trêp kaliyan paugêran nalikå sami kêkêmpalan ingkang karêmbag bab-bab ingkang sae. Tumindakipun jujur, mituhu dhatêng sadâyå piwucal tiyang wicaksånå. Sadâyå paugêran ingkang sampun katêtêpakên dening nêgari katindakakên kanthi estu-estu.

Kathah tulådha tumindak ingkangbotên ngatingalakên pakarti trêp kaliyan paugêran ingkang sagêd damêl kapitunanipun bångså såhå nêgari kadostå *korupsi, kolusi, såhå nepotisme*. *Korupsi, kolusi såhå nepotisme* dados pênnyakit ingkang ngrisak nêgari. Patrap *korupsi* ingkang damêl kapitunanipun nêgari kêparå dipundamêl lêlagon Jåwå kanthi irah-irahan “ Kuwi åpå Kuwi” (Suwardi Endraswara, 2009: 125) dene cakêpanipun kados mêkatên:

” *Kuwi åpå kuwi..e kêmbange mlathi, Jåwå kanthi irah-irahan “ Kuwi åpå Kuwi” dene cakêpanipun kados mêkatên:” Kuwi åpå kuwi..e kêmbange mlathi, Yå tak puja puji åjå dhå korupsi, margå yen korupsi nêgarane rugi, priipun kang niku ora, ora,ora ngono”.*

Pêthikan sêkar ing nginggil mratelakakên prakawis tumindak korupsi ingkang saestu sangêt mbêbayani tumrap gêsangipun nêgari. Mênawi patrap korupsi, kolusi såhå nepotisme dados budâyå sagêd nndadosakên satunggaling bångså dados risak. Risaking nagårå nndadosakên sangsaranipun kawulå. Milå kuncaraning bångså kêdah dipunjagi.botên namung dados tanggêl jawabipun parå pêmimpin, ananging ugi dados tanggêl jawabipun sadâyå warga.

Pêmimpin nagârâ nalikâ badhe damêl kawulanipun gêsang têntrem sâhâ mulyâ prayogi ngestokakên pitutur saking pitutur *asthâbrâtâ*; pituturipun Prabu Râmâ dhumatêng Barâtâ. Pitutur *asthâbrâtâ* mênikâ kasêrat wontên ing *Sêrat Râmâyânâ*, *Sêrat Râmâ jarwâ*, *Sêrat Nitistruti*, *Sêrat Ajipamâsâ*, *Sêrat Pustâkâ Wedhâ Udânagârâ*, sâhâ *Sêrat Tumuruning Wahyumâyâ*. Dene pitutur mênikâ dipunprilingkunganbangakên 8 (wolu) unsur jagad rayâ ingkang dados gêgambaranipun sipat pêmimpin, inggih mênikâ:

- 1) Pratalâ (*bumi*), ngêmu têngês patraping pêmimpin ingkang tansah damêl bagyâ kawulanipun sâhâ sukâ dânnâ, pratâlâ nalikâ dipungarap tansah ngasilakên who ingkang munpangati sok sintênâ kemawon.
- 2) Tirtâ (*air*), ngêmu têngês patraping pêmimpin mênikâ wêlas asih, trêsnâ dhatêng sêsami, andhap asor, tansah sukâ pangapuntên, sâhâ rêmên ing wicârâ,
- 3) Dahânâ (*api*), ngêmu têngês pêmimpin mênikâ sagêd mbrasthâ tumindak nisthâ sâhâ sukâ pêpadhang ugi sêsuluh tumrap tiyang ingkang nandhang kasisahan,
- 4) Marutâ (*angin*), ngêmu têngês tliti, adil, sâhâbotên mbêdakakên tiyang utawibotên “*êmban cindhe êmban siladan*”,
- 5) Suryâ (*matahari*), ngêmu têngês pêmimpin kêdah gadhah watak sabar, botên kêsêsâ ing salêbêting tumindakipun.
- 6) Cândrâ (*bulan*), ngêmu têngês pêmimpin gadhah watak andhap asor, sabar, alusing budi, sâhâ damêl têntremining jagad,

- 7) Sudãmånå/kartikå (*bintang*), ngêmu têngês pêmimpin kêdah gadhah watak susilå, santoså, kiyat, tansah nêtêpi ing janji, botên rangu-rangu ing salêbêting tumindakipun,
- 8) Mëndhung (*awan*), ngêmu têngês pêmimpin kêdah gadhah watak adil, belani bêbênêr sårå sukå ganjaran tumrap tiyang ingkang sampun nindakakên pakaryan kanthi sae. (Suwardi Endraswara, 2003: 152).

Piwucal *asthåbråtå* mênikå migunani sangêt tumrap pårå pêmimpin. Kanthi nindhakên piwucal mênikå kaajab nêgari ingkang kapimpin sagêd têtêrêm, makmur sårå têbih saking predondi sårå kasangsaran. Wondene pitutur tumrap wargå nêgari ingkang ngabdi dhatêng negari ing antawisipun: (1) kêdah engêt lêluhuripun ingkang sampun prihatos, (2) kêdah nrimah, (3) kathah nglampahi laku (mêpêr håwå nêpsu), (4) tansah nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah, (5) gêmati dhumatêng *wong cilik* murih gêsangipun manggih katêntêrman, (6) ngupiyå sampun ngantos wontên ingkang tumindak awon, (7) ngupiyå pados rêjêki, sårå (8) sukå sêsêrêpan ngengingi hukum, tåtåkråmå, solah bårå ingkang sae. Pitutur tumrap abdi supados manggih kawilujêngan prayoginipun: (a) nyingkiri têtêmbungan ingkangbotên sae, (b) sampun kumalungkung dhumatêng kancanipun, (c) sampun kêsed anggenipun nyambut damêl, (d) sampun gampil sêrik mênawi dipunsaruwe dening bêndaranipun, sårå (e) sampun ngantos gampil nêsu kaliyan kånçå (Endraswara, 2003: 157-158). Pitutur mênikå minångkå paugêran mênawi katindakakên samangke sagêd nuwuhaken katêntêrman sårå kawilujênganipun abdi nêgari punåpådene abdi sanesipun.

5) *Bekti/Sêtya*

Budi pakarti bêkti utawi sêtya mujudakên pêrilaku tundhuk sâhâ patuh kanthiurmat dhumatêng tiyang sêpuh utawi guru ugi bangsa tuwin nêgari. Taat, patuh nindakakên sadâyâ pêrintahipun laras kaliyan margi ingkang lêtês. Bêkti inggih mênikâ satunggaling rêrangken kêgiyatan ingkang dipuntindakakên kangge mujudakên manungsa ingkang taat sâhâ patuh linandhêsan raosurmatsâhaurmatdhumatêng mênâpâ ingkang dados kuwajiban (A. Tabrani Rusyan, tt: 80). Prawiroatmodjo (1993: 361) ngandharakên bilih bêkti utawi sêtya inggih mênikâ tansah mantêp lan tuhu dhumatêng pasuwitan.

Budi pakarti bêkti utawi sêtya dados satunggaling perangan saking *karaktêr* nasionalisme. Pakarti bêkti utawi sêtya nelakakên bilih manungsa mênikâ trêsnâ dhumatêng bangsa tuwin nêgari. Pangêrtosan trêsnâ dhumatêng bangsa sâhâ nêgari inggih mênikâ satunggaling raos asih ugi trêsnâ dhumatêng papan anggenipun lair utawi bangsa nêgarinipun. *Nilai karaktêr* trêsnâ bangsa sâhâ nêgari inggih mênikâ sikap sâhâ tumindak ingkang nggambarakên raos bombong, sêtya, pêrduli, sâhâ pangaji ingkang inggil dhumatêng basâ, budâyâ, ekonomi, politik, lan sanes-sanesipun satêmah boten gampil nampi tawaran saking bangsa sanes ingkang sagêd mitunani bangsanipun piyambak. *Nilai karaktêr* mênikâ badhe mangun manungsa dados gadhah raos bombong minangkâ warganing nêgari.

Raos tresna dhumateng bangsa tuwin negari dipunwujudakên kanthi nelakakên raos bombong, raos handarbeni, raos ngaosi, raos ngormati sâhâ sêtya ingkang dipungadhahi dening sabên-sabên tiyang dhumatêng papan

dunungipun ingkang kagambar saking tumindak mbelani bangsa nêgaripun, njagi sâha ngrêksa bangsa ugi negari, rilâ kurban kangge bangsa tuwin nêgari, nrêsnani adat utawi budâya ingkang wontên ing nêgaripun kanthi nglêstantunakên sadayanipun ugi nglêstantunakên lingkungan sâha lingkungan.

Individu ingkang gadhah raos trêsnâ dhumatêng bangsa ugi nêgari badhe ngupiyâ kanthi sadâyâ dâya kêkiyatan ingkang dipungadhahi kangge ngrêksa, njagi kadhaulatan, njagi kuncaraning bangsa. Raos trêsnâ bangsa tuwin nêgari mênikâ ingkang dados dâya kangge sukâ panjurung tumindakipun manungsa kangge mbangun nêgari kanthi kêbak ing *dedikasi*. Awit saking mênikâ, raos trêsnâ dhumatêng bangsa tuwin nêgari kêdah dipunipuk-ipuk ugi dipungrêmbakakên wontên salêbêtipun jiwa sabên tiyang ingkang dados warga satunggaling bangsa utawi nêgari supados ancasing gêsang sêsarêngan sagêd kasêmbadan. Tiyang ingkang pakarti tansah bêkti utawi sêtyâ dhumatêng nêgari têtmtu linandhêsan labuh labêt ingkang tulus. Kosok wangsulipun tiyang ingkangbotên gadhah pakarti bêkti utawi sêtyâ samubarang pocap, patrap têtmtubotên badhe linambaran labuh labêt ingkang tulus. Wasânâ tiyang ingkang kados mênikâ mbêbayani tumrap gêsangipun bangsa.

Wontên *layang Sasmitâ Titikâ*, dipunpangguhakên têtêmbungan ingkang sagêd dipunmaknani tiyang ingkangbotên gadhah pakarti bêkti sâha sêtyâ. Wondene pratelanipun.

“.....*Ora anduweni lêlabetan bêcik. (kâcâ 11)*”

Saking têtêmbungan menikâ sagêd dipunmaknani bilih budi pakarti bêkti milâ kêdah linambaran lêlabetan ingkang sae. Têtmtu kemawon lêlabetan ingkang

tanpá pamrih. Awit mênawi lêlabêtan mêniká sampun dipunkantheni pêpenginan pikantuk sêmbulih badhe nndadosakên kirang sae têmebe wingkingipun. Paribasan Jáwá mratelakakên “ *melik anggéndhong lali*”. Paribasan mêniká suká pemut dhumatêng manungsá supados tansah ngatos-atos. Sampun ngantos manungsá dhumawah wontên ing patrap nisthá amargi mbujêng pikajênganipun piyambak.

Budi pakarti bêkti sâhá sêtyá dhumatêng bângsá tuwin nêgari dipungambarakên kados dene parâgá wayang Raden Kumbâkarnâ. Wontên ing *Sêrat Tripâmâ* pupuh dhandhanggulá pâdâ 4 dipunpratelakakên mêkatên.

Pâdâ 4:

“ *Kumbâkarnâ kinon mêngsah jurit/Mring kang râkâ sirâ tan lênggânâ/Nglungguhi kasatriyane/Ing tekad tan a surud/Among ciptâ labuh nagari/Lan noli yayah renâ/Myang lêluhuripun/Wus mukti aneng ngalêngkâ/Mangke arsâ rinusak ing bâlâ kapi/Punagi mati ngrânâ//*”

Saking pratelan *sêrat Tripâmâ* mêniká, parâgá Raden Kumbâkarnâ minangkâ satunggaling satriyá wujud butâ, ananging budi pakarti bêkti sâhá sêtyanipun dhumatêng bângsá tuwin nêgari patut dipundadosakên tulâdhâ. Raden Kumbâkarnâ kangge nglabêti bângsá tuwin nêgari rilâ ngorbanakên jiwâ tuwin raganipun kangge kuncaranipun nêgari. Bêbasan sadumuk bathuk sanyari bumi, pêcahing dhâdhâ wutahing ludirâ sagêd nggambarakên tiyang ingkang gadhah pakarti bêkti sâhá sêtyá; bêkti lan sêtyá dhumatêng bângsá tuwin nêgarinipun. Bêbasan mêniká ngêmu suraos bilih bângsá tuwin nêgari wajib dipunbelani sinaosâ kêdah ngurbanakên jiwâ tuwi râgâ. Tiyang ingkang gadhah pakarti bêkti utawi sêtyá dhumatêng bângsá sâhá nêgari, mênawi dipuninâ, dipunrêbasâ dening

bangså sanes atêgês sampun ngidak-idak ajining dhiri. Milå kedah dipunbelani ngantos rilå ngorbanakên jiwå punåpådene rågå.

Wontên gêsang bêbrayan ing masarakat, budi pakarti bêkti utawi sêtyå badhe nêdahakên patrap manungså ingkang tansah mituhu dhatêng pitutur, sårå piwucal saking tiyang sanes. Têmtu kemawon tiyang ingkang sampun pånå ing pamawas ugi lêbdå ing pitutur babagan gêsang ing madyanipun masarakat. Kosok wangsulipun, tiyang ingkangbotên gadhah pakarti bêkti utawi sêtyå sadåyå patrapipun badhe nalisir saking paugêran.botên rêmên dipunsaruwe dening tiyang sanes. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* wontên ukårå-ukåra ingkang sagêd dipunmaknani patrap tiyang ingkangbotên gadhah pakarti sêtyå ugi bêkti. Wondene pratelanipun;

“....ora doyan marang wulanging wong tuwå, ora maelu marang susulanging layang, sakehing pitutur wis pådå kasingkur. (kåcå 11)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmaknani bilih budi pakarti bêkti utawi sêtyå ngajak dhumatêng tiyang supados purun nampi piwucalipun tiyang ingkang sampun estu-estu mangêrtos. Kêjawî mênikå tiyang ingkang gadhah pakarti bêkti utawi sêtyå ugi tansah miturut sårå nindakakên dhawuhing kitab-kita, sadåyå pitutur-pitutur luhur tansah dipuncêpêng lan dipuntindakakên.

c. Gotong royong

Gotong royong inggih mênikå satunggaling kêgiatan ingkang dipuntindakakên sarêng-sarêng, mânå sukå kanthi ancas sårå pangajab kêgiatan ingkang dipuntindakakên sagêd lumampah kanthi lancar, gampil, sårå entheng.wontên ing dhaerah-dhaerah padesan, gotong royong dipunsêbat ugi

“sambatan”. Têmbung sambatan asalipun saking têmbung “sambat” ingkang têngsipun nyuwun pambiyantu (Koentjaraningrat, 1985: 58).

Gotong royong minangka satunggaling *karaktêr* ingkang dados fokus *penguatan pendidikan karakter*. Gotong royong inggih mênika kêgiatan ingkang dipuntindakakên kanthi sêsarêngan kangge mujudakên gêgayuhan ingkang sami.

Miturut Suwardi Endraswara (2016) ngandharakên bilih gotong royong inggih mênika mujudakên kaca bênggala pagésangan sosial ingkang ngêmot tradhisi guyup rukun. Tradhisi guyup rukun badhe ngatingalakên raos pasêdherekan. *Karaktêr* gotong royong mila minangka satunggaling bab ingkang sagêd ngrênggani jagad. Bab mênika awit *karaktêr* gotong royong sagêd damêl sipat manungsa ingkang *egosentris* dados patrap ingkang purun nyambut damêl kanthi sarêng-sarêng. Sarêng-sarêng tumuju dhumatêng kabêcikan, nglêstantunakên raos sosial antawis tiyang sêtunggal lan sêtunggalipun (Endraswara, 2016: 140).

Wontên ing *karaktêr* gotong royong dumados saking perangan-perangan *nilai* gotong royong inggih mênika: samidene ngaosi, mêmikiran, tinarbuka, komitmen dhumatêng putusan sêsarêngan, musyawarah kanthi mufakat, lung-tinulung, *solidaritas*, *empati*, *anti diskriminasi*, sikap lila eklas (Kêmentrian Pendidikan dan Kebudayaan, 2017: 9)

Adhêdhasar perangan-perangan *sub nilai karakter* gotong royong ing nginggil, wontên ing *layang Sasmita Titika* dipunpanggihakên *nilai-nilai* budi pakarti ingkang gayut kaliyan *karaktêr* gotong royong inggih mênika: (1) kurmat-

kinormatan, (2) tanggêl jawab, (3) sêngkud, (4) mêmikiran, (5) lilå eklas nindakakên pangurbanan, (6) rêmên têtulung, sâhå (7) adil.

pirêmbagan saking sabên-sabên *nilai* budi pakarti badhe kaandharakên ing ngandhap mênikå.

1) Kurmat-kinormatan

Manungså namung badhe sagêd manggihakên raos têntrêm, bagyå, nalikå gêsang ing madyaning masarakat. Gêsang ing madyaning masarakat kanthi kurmat-kinormataning antawisipun warganipun. Kadosdene têtêmbungan “ nalikå pengin dipunormati tiyang sanes, milå kêdah ngormati tiyang sanes langkung rumiyin”. Sadâyå sikap, patrap, pocap sampun ngantos nndadosakên tiyang sanes runtik ing manahipun. Tumindak ngece, ngina, nyêpelekakên tiyang sanes tundhanipun badhe nndadosakên risak anggenipun kêkadangan.

Kurmat-kinormatan minångkå budi pakarti ingkang sagêd nyêngkuyung dumadosipun karukunan. Wujud budi pakarti kurmat-kinormatanmênikå tumindak kanthi ngaosi wontênipun præbedå suku, agama, ras, bâså, golongan, gendêr, kêparå pamanggih ingkang bedå.botên namung præbedå saking suku, bângså, bâså, ananging ugi præbedå saking kêkiranipun tiyang sanes, kadåstå kulåwargå, kawontênan sosial ekonomi , sâhå kawontênan badan ugi jiwaipun.

Budi pakarti kurmat-kinormatan minångkå budi pakarti ingkang wigatos sangêt dipuntanêmakên wontên gêsang kaliyan maneka warni wargå masarakat mênikå. Sêmanten ugi wontên ing lingkungan pawiyatan, sami dene ngurmatipêrlu dipuntanêmakên kangge mangun siswå supados sagêd ngaosi præbedå antawisipun sêsami. Kurmat-kinormatan minångkå sikap sâhå tumindak

ingkang ngaosi prâbedâ agâmâ, *suku, etnis*, pamanggih, sikap, sâhâ tumindakipun tiyang sanes ingkang bêdâ (Kemdiknas, 2010: 9).

Budi pakarti kurmat-kinormatan ugi saged dipuntêgêsi minangka suka kâbebasan sâhâ nampi prâbedâ kanthi wekdal ingkang cêpak utawi kanthi wêkdal ingkang panjang (Suryana sâhâ Rusdiana, 2015: 158). Konsep suka kâbebasan wontên ing mrikibotên namung mbêbasakên tiyang sanes nindakakên mênâpâ ingkang dipunyakini, ananging ugi tinarbukanipun nyambut damêl sacârâ sêsarêngan ingkang têtmu kemawon samidene nguntungakên wontên ing prabedanipun antawisipun sêtunggal sâhâ sêtunggalipun. Kurmat-kinormatan sumbêripun saking krêntêg sâhâ niat ngaosi sâhâ ngormati sêsami kanthi kapitadosan bilih sadâyâ manungsâ dhasaripun sami sâhâ sêdêrajad. Kurmat-kinormatan atêgês siyap sumadiyâ suka papan sâhâ kalodhangan dhumatêng tiyang sanes kangge nindakakên sawêtawis bab ingkang dados kêyakinan sâhâ pamanggihipun.

Têmbung kurmat-kinormatan utawi toleransi wontên ing bausastra têtêgèsipun sipat utawi sikap têtâ salirâ (ngaosi, suka kâbebasan) pêmanggih (wawasan, kapitadosan, tumindak, lsp) ingkang bedâ utawi botên laras kaliyan pamanggihipun piyambak (KUBI, 1984: 1084). Saking andharan mênikâ sagêd dipunmaknani bilih kurmat-kinormatan inggih mênikâ pocap, sikap sâhâ tumindak ingkang suka gambaran babagan ngaosi dhumatêng wontênipun prabedâ agâmâ, aliran kapitadosan, suku, adat, bâsâ, ras, etnis, pamanggih, lan prakawis-prakawis sanesipun ingkang bedâ kaliyan dhiri pribadi sacârâ sadhar tuwin tinarbukâ sâhâ sagêd gêsang têtêrêm wontên ing madyaning prâbedâ mênikâ.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* kapanggihakên pratelan ingkang nêdahakên sikapipun manungsa ingkang botên gadhah pakarti samidene ngormati. Wondene pratelanipun;

“Kâyâtâ maneh: wong ajak-ajak prêkârâ rêmêh yaiku yen anjagong mênyang tanggane diajak barêng wangsulane kang diajak kamanah rumiyin iku ugâ nelakake ora kadadiyan. Kang diwangsul grênêngan ing batin prakârâ gampang gampang bae kathik kangelan têmên pamikire. Wong diajak barêng anjagong iku rak mung gêlêm lan ora. Dadak sêmâyâ dipikir dhisik kebangêtên têmên gone ahli piker. Apa pikire iku ora tai dianggo mikir, ing wêkasan tumêkaning gawe kang ngajak barêng ora sida ngampiri sêbab wis anyêl. Dadi mung mangkat anjagong dhewe-dhewe. (kacâ 11)

Pratelan ing nginggil nêdahaken budi pakarti manungsa ingkang botên gadhah pakarti samidene ngormati. Kanthi tuladhâ ingkang prasâjâ sangêt ing gêsangipun manungsa. Njagong mujudakên prakawis ingkang sêpele ugi prasâjâ.

Wontên gêsang bêbrayan langkung-langkung wontên laladan pradesan, njagong menikâ sagêd dipunginakakên kangge mangêrtosi anggenipun gêsang bêbrayan wontên ing masarakat. Njagong sagêd dipunginakakên kangge mangêrtosi mênggah gêsang guyup rukun, sami dene ngurmatiwontên ing masarakat. Nalikâ wontên satunggaling warga gadhah pêrlu punâpâ gadhah karibêtan, warga sami ngaruhakên, sukâ pambiyantu punâpâ kemawon ingkang mênikâ mujudakên gambaran gêsang wontên ing masarakat ingkang samidene bantu binantu,urmat-kinormatan. Kosok wangulipun nalikâ manungsa sampun botên gadhah pakarti kurmat-kinormatan, sagêd nndadosakên gêsang bêbrayan dados nggugu kêkajenganipun piyambak. Gêsang dados *individual* botên wontên raos sami ajen-ingajenan, bantu-binantu punâpâ malih kurmat-kinormatan.

Budi pakarti kurmat-kinormatan bakal nuwuhakên gêsang ingkang guyup sâhâ rukun. Gêsang kanthi guyup rukun nadosakên manungsâ manggih ing katêntêman. Kosok wangsulipun, gêsang kanthibotên linandhêsan gurup rukun ndadosakên bibrah tatanan. Paribasan ,” *rukun agawe santosâ, crah agawe bubrah*” dados satunggaling unen-unen ingkang sagêd dipunndadosakên pemut dhumatêng manungsâ. Unen-unen mênikâ minangka piwucal supados manungsâ tansah ngupiyâ kangge mujudakênswasâna gêsang ingkang rukun wontên ing gêsang bêbrayan ing kulawargâ, antawis para tanggâ, wontên masarakat punapa dene ing satunggaling nagari. Kangge mujudakên gêsang rukun kadhangkalâ manungsâ mliginipun tiyang Jâwâ rilâ ngawon kangge mujudakên gêsang rukun.

Budi pakarti kurmat-kinormatan dados sarat kangge mujudakên gêsang ingkang têtêrêm. Pramila kangge nggayuh prakawis mênikâ, ugi dipunbêtahakên kawicaksana anggenipun milih kancâ. Nalikâ tiyang salah anggenipun milih kancâ têtêtu badhe mangaribawani cara tumindak, mocap ingkangbotên prayogi ugi. Milih kancâ kédah dipuntindakakên kanthi prêmati sâhâ ngatos-atos. Nalikâ milih kancâ prayogi kancâ ingkang wicaksana, gadhah kawruh ingkang sae, sagêd nêntun dhumatêng kasaenan. Prakawis cara milih kancâ ingkang sae dipunandharakên wontên ing *sêrat Sana Sunu* pupuh dhandhanggulâ pada 20, 21 sâhâ 22, pratelanipun:

Pada 20:

“ Apawong sanak sirâ ta kaki, lan wong kang berbudi wicaksana, wruh ing ajar lan ijire, saguning para putus, kulanana mintaa dhisik, nadyan sirâ wutahnâ, wawadinireku, sayêkti bisa rumêksâ, lamun ana catur kang sikara budi, marang ing sariranta”

Pådå 21:

“ Biså mangêrtekkên marang bêcik, ing agêsang akathah wicârå, kang dadyå salang surupe, iyå ingkang andulu, ingkang dudu ngaranan yeki, yen kang wus wicaksånå, wruh ing iyå dudu, sumimpang ing dorå cårå, yen apawong mitrå nêdyå malês bêcik, wruh bêcik binêcikan”

Pådå 22:

“ Lamun sirå nuju darbe bêcik, gêdhe mablume wong wicaksånå, lumayeng pangapurane, warah-warah yen muwus, pamawase waskitheng titi, titikå tan tinilar, nalirah rinuruh, ruruh amêmbing wicârå, locananya liyêp tan angs ing aksi, ngaksåmå påråmartå”

Saking pratelan mênikå sagêd dipunmangêrtosi piwucal dhumatêng manungså nalikå milih kånçå. Dipunpituturakên bilih nalikå milih kånçå prayogi milih ingkang budi pakartinipun sae utawi wicaksånå, pånå dhumatêng kawruh sae sårå cårå anggenipun ngêcakakên. Kånçå ingkang sae mênikå ingkang sagêd nyimpên wêwadosipun tiyang sanes. Nalikå wontên têtêmbungan ingkang katunjokkaken dhumatêng kancanipun, tiyang mênikå badhe sukå pangêrtosan ingkang sae. Dipunandharakên ugi ing pratelan mênikå, bilih wontên ing donyå mênikå wontên pocapan, têtêmbungan ingkang sagêd damêl ewêd sårå pêkewêd. Tumrap prakawis mênikå, tiyang ingkang wicaksånå têtmtu sagêd mangêrtosi bab ingkang sae punåpådene awon. Tiyang ingkang kados mêkatên mênikå prayogi dipuncêlaki lan dipunndadosakên kånçå. Tiyang mênikå nalikå dipunbêciki badhe malês kabêcikan. Nalikå awakipun piyambak tumindak kêbajikan, kånçå ingkang wicaksånå badhe maklum, kêjawi mênikå, nalika tumindak lêpat kånçå ingkanmg wicaksånå ugi badhe maklum ugi sukå pangapuntên. Tiyang wicaksånå nalikå mocap isinipun pitutur ingkang migunani tumrap gêsang. Wawasan gêsangipun wiyar sårå têlatos.botên umuk, tansah sukå pangapuntên dhumatêng sok sintênå

ingkang tumindak lêpat dhumatêng piyambakipun. Kanthi milih kancâ ingkang kados mêkatên dipunajab gêsang ing masarakat tansah kurmat-kinormatanwêkasan bakal mujudakên gêsang ingkang guyup sâhâ rukun.

2) *Tanggung jawab*

Prakawis budi pakarti tanggêl jawab, wontên ing perangan *karaktêr* religius sâhâ nasionalisme sampun dipunandharakên ing nginggil. Wontên ing perangan mênikâ badhe dipunandharakên budi pakarti tanggêl jawab gayutanipun kaliyan *karaktêr* gotong royong. Gotong royong inggih mênikâ satunggaling kêgiyatan ingkang dipuntindakakên sarêng-sarêng, mânâ sukâ kanthi ancas sâhâ pangajab kêgiyatan mênikâ sagêd lumampah kanthi lancar, gampil, sâhâ entheng.

Budi pakarti tanggêl jawab dados perangan wontên ing *karaktêr* gotong royong. Tanggêl jawab têngêsipun wantun ndhadhagi sadâyâ prakawis ingkang thukul amargi patrap, pocap sâhâ tumindakipun piyambak. Tanggêl jawab inggih mênikâ kêwajiban nanggêl bilih patrap ingkang dipuntindakakên dening tiyang sampun laras kaliyan kodrat manungsâ. Wantun tanggêl jawab têngêsipun bilih manungsâ wantun nêmtokakên, wantun mêsthekakên, bilih tumindakipun mênikâ sampun laras kaliyan tuntutan kodrat manungsâ sâhâ bilih namung amargi kodrat, patrap mênikâ dipuntindakakên (Sutrisnâ Wibawâ, 2013: 135). Kanthi mênikâ, bilih tiyang ingkang gadhah budi pakarti tanggêl jawab badhe tumindak kanthi têmên-têmên. Nalika nindakakên sadâyâ tugas badhe dipuntindakakên kanthi kêbak ing raos tanggêl jawab. Jêr sadâyâ tumindakipun tiyang ingkang gadhah pakarti tanggêl jawab badhe damêl “ Karyenak Tyas Sasâmâ”, têngêsipun sadâyâ patrap ing dipunkupiyâ kangge damêl rêmênipun tiyang sanes. Konteks ndamêl

rêmênipun tiyang sanes mênikâbotên atêgês kanthi nyogok utawi *suap*, ananging kanthi cârâ ingkang wicaksânâ. Kupiyâ kangge damêl rêmênipun tiyang sanes dipunkupiyâ kanthi sikap sâhâ patrap tanpâ pamrih ing samukawisipun (Suwardi Endraswara, 2016: 63).

Kosok wangsulipun tiyang ingkangbotên gadhah pakarti tanggêl jawab wontên ing gêsangipun, tiyang mênikâbotên wantun ndhadhagi sadâyâ prakawis ingkang thukul saking patrap, pocap, sâhâ tumindakipun piyambak. Tiyang mênikâ ajrih ngadhêpi kasunyatan ingkang thukul awit patrapipun piyambak, satêmah sadâyâ atrap, pocap, sâhâ pakaryanipun kêpârâ malah damêl sisahipun tiyang kathah. Tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti tanggêl jawabbotên sagêd damêl rêmênipun tiyang sanes. Pocapan tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti tanggêl jawab tansah ndladrahbotên wontên nyatanipun. Bêbasan kakehan gludhug ora ânâ udane, atêgês tiyang mênikâ namung kathah wicaranipun anamungbotên wontên nyatanipun. Patrap tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti tanggêl jawab tansah nggugu kêkajênganipun piyambak, botên jujur, sâhâ rêmên tumindak salewengan. botên purun ngestokakên dhawuh punâpâdene paugêran.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* dipunpangghakên pratelan ingkang nêdahakên manungsâ ingkang têbih saking budi pakarti tanggêl jawab. Wondene pratelanipun

- “ 2). *Pangucape ora patitis, tansah anggladrah tanpa tumanja*
- 3). *Pratingkahe ambalask tansah ora jujur*
- 4). *Lakune tansah salewengan*” (Kaca 8)

“...*karepe mung amberung lan ambekunung ora doyan marang wulanging wong tuwa, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis padha kasingkur* “(Kaca 11)

Saking pratelan mênika sagêd dipun maknani bilih tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti tanggêl jawab, patrap, pocap, gagasanipun tansah nalisir saking bêbênêr. Tiyang ingkang têbih saking bêbênêr botên sagêd mujudakên sikap “*damêl karyenak tyas sasamâ*”.

Tiyang ingkang sagêd damêl karyenak tyas sasamâ mujudakên tiyang ingkang tanggêl jawab. Tanggêl jawab dhumatêng pocap, patrap punâpadene gagasanipun. Kangge njêjêgakên budi pakarti tanggêl jawab, asring tiyang mênikâ rilâ ngurbanakên gêsangipun kangge damêl rêmênipun tiyang sanês. Punâpâ malih bilih tiyang mênikâ sampun nate pikantuk pitulunganipun saking tiyang sanes. Tiyang ingkang budi pakarti tanggêl jawab têmtu botên badhe nglirwakakên pitulungan mênikâ, lan badhe ngupiyâ supados sagêd malês kabêcikan tiyang sanes. Minangkâ tulâdhâ parâgâ ingkang tanggêl jawab dhumatêng pocap, patrap, gagasan kêpârâ ngurbanakên jiwâ râgânipun murih damêl karyenak tyas sasâmâ inggih mênikâ Adipati Karnâ. Adipati Karnâ sagêd dados patuladhan mênggah pakarti tanggêl jawab awit sadâyâ pocap, patrap, sâhâ gagasanipun. Kanggê damêl *karyenak tyas sasâmâ* mliginipun Raden Duryudânâ, Adipati Karnâ rilâ ngorbanakên jiwâ raganipun. Cariyos Adipati Karnâ ingkang tanggêl jawab dhumatêng pocap, patrap, sâhâ gagasan kamot wontên ing sêrat Tripâmâ pupuh dhandhanggulâ pådâ 6, pratelanipun.

Pada 6:

“Den mungsuhken kadang pribadi/aprang tandhing lan sang dananjaya/Sri Karna suka manaha/Dene sira pikantuk/Merga denya arsa males sih/Ira sang Duryudana/marmanta kalangkung/dennya ngetog kasudiran/aprang rame Karna mati jinemparing/sumbaga wirotama//”

Saking pratelan mênikå, ådipati Karna minångkå parågå ingkang tanggêl jawab. Damêl karyenak tyas sasåmå kanthi malês kabêcikanipun tiyang sanes. Purun malês kabêcikaning tiyang sanes têngêsipun kanthi lilå lêgåwå manungså purun caos kabêcikan dhumateng sanesipun minångkå sulihing tumindak bêcik ingkang sampun katindakakên dhumatêng kitå. Adhêdhasar pêthikan sêkar Dhandhanggulå pådå 6 (nênêm) ing nginggil, kacêthå bilih Adipati Karnå gadhah karakter sae inggih mênikå purun malês kabêcikaning tiyang sanes. Adipati Karnå rumaos kapotangan budi dhumatêng Prabu Duryudånå amargi sampun sukå kamulyaning gêsang. Prakawis mênikå ndadosakên Adipati Karna purun dipundhawuhi dening Prabu Duryudånå pêrang mêngsah sadherekipun piyambak inggih mênikå Arjuna. Tumindakipun Adipati Karnå minångkå piwalêsipun Adipati Karna dhatêng Prabu Duryudånå.

Budi pakarti tanggêl jawab parågå Adipati Karnå inggih mênikå purun malês kabêcikaning tiyang sanes. Patrap mênikå sagêd dipuntulådha såhå dipuncakakên dening soka kemawon. Babagan malês kabêcikan dhumatêng tiyang sanes sampun dados kuwajiban tiyang gêsang, kados ing ukårå ing ngandhap mênikå.

“Tulung-tinulung minangka kuwajibaning manungsa. Yen sampun dipuntulungi, sampun ngantos kesupen dhateng tiyang ingkang sampun sukå pitulungan. Pramila, walesana kabecikanipun kanca sampeyan kanthi eklas!

Pratelan ing nginggil nêdahaken bilih sok sintênâ sagêd nulâdhâ sâhâ ngêcakakên *budi pakarti* kanthi purun malês kabêcikaning tiyang sanes kanthi eklas dhumatêng tiyang ingkang sampun nate sukâ pitulungan. Sok sintênâ kemawon limrahipun sami mbiyantu ing kabêcikan. Salajêngipun tiyang ingkang sampun nampi kabêcikan, prayogi sagêd malês kabêcikan mênikâ.

Kajawi budi pakarti tanggêl jawab ingkang dipunwujudakên ing patrap, Adipati Karnâ ugi nêdahakên budi pakarti tanggêl jawab kanthi sêtyâ ing janjinipun. Pratelanipun kados ing ngandhap mênikâ.

“...Dene sira pikantuk/Merga denya arsa males sih/Ira sang Duryudana/marmanta kalangkung/dennya ngetog kasudiran/aprang rame Karna mati jinemparing/sumbaga wirotama//”

Sêtyâ ing janji atêgêsbotên cidrâ ing janji. Adhêdhasar pêthikan sêkar dhandhanggulâ pådâ 6 (nênêm) kacêthâ bilih Adipati Karnâ gadhah budi pakarti sae inggih mênikâ sêtyâ ing janji. Adipati Karnâ minangkâ senopati têtmtu sampun ngaturaken janji prasêtyanipun ngayahi jêjibahan. Pramilâ, sinaosâ pêrang mêngsah sêdherekipun piyambak inggih dipunlampahi awit janji prasêtyanipun minangkâ senopati.

Budi pakarti tanggêl jawab nuntut sabên tiyang tumindak kanthi lêtês, têtmtu kemawon lêtês manut pugêran. *Tumindakipun botên salewengan, tansah ngudi ing patrap, pocap, ugi gagasan ingkang jujur.* Awit sadâyâ tumindak mênikâ badhe damêl kasisahan tumrap tiyang sanes. Wontên ing têtêmbangan dolanan prakawis patrap punâpâdene gagasan ingkang nalisir saking paugêran wasânâ damêl kasangsaranipun tiyang sanes kacêthâ ing têtêmbang *gundhul-gundhul pacul.* Wondene cakêpanipun kados mênikâ.

“*gundhul-gundhul pacul..cul, gêmbelengan. Nyunggi..nyunggi wakul..kul.gêbelengan..wakul ngglempang sêgane dadi salatar...wakul ngglempang sêgane dadi salatar*” (Warih Jatirahayu & SuwarnaPringgawidagda, 2004: 20) .

Cakêpan têng dolanan mênika sagêd dipunmaknani patrap ugi gagasan ingkang nalisir saking paugêran. *Gundhul gundhul pacul gêmbelengan* ngêmu suraos bilih pêmimpin utawi pangarsa gadhah tanggêl jawab ingkang awrat. *Gundhul* utawi sirah ngêmu suraos para pêmimpin. *Pacul* mênika piranti kangge makarya tumrap para kadang tani ing wêwêngkon padesan. Pacul sagêd dipunmaknani bilih para pangarsa dados sarana kangge mujudakên gêsang sarwasarwi kacêkapan tumrap para kawulanipun. *Gêmbelengan* minangka tumindak ingkang nalisir. *Gundhul gundhul pacul gêmbelengan* nêdahakên patrap utawi gagasan pangarsa ingkang nggugu kêkajênganipun piyambak. Tansah salewengan, tumindakbotên jujur. *Wakul ngglempang sêgane dadi salatar* ngêmu suraos akibat ingkang dipuntampi nalika para pangarsa tumindakbotên sae. *Wakul ngglempang* dipunmaknani kacêkapan kabêtahanipun manungsabotên sagêd kagayuh têtah sêganipun utawi kamukten utawi karaharjan ugibotên sagêd dipun raosakên dening kawulanipun.

Kangge mujudakên budi pakarti tanggêl jawab wontên gêsang ing madyanipun masarakat kêtah dipunkupiyâ kanthi: anggenipun ngucap kanthi estu; sagêd dipunpitados, patrap sahâ gagasan tansah ngênêr dhumatêng tumindak ingkang sae, ugi tansah dipunkupiyâbotên nalisir saking paugêran,botên nggugu kêkajênganipun piyambak. Sadâyâ mênika kangge mujudakên gêsang ingkang tandah damêl karyenak tyas ing sasamâ.

3) *Sêngkud*

Wontên ing perangan ngajêng sampun dipunrêmbag budi pakarti sêngkud minangka satunggaling perangan saking *karaktêr religius*. Wontên ing pirêmbagan mênikâ badhe dipunandharakên budi pakarti sêngkud minangka salah satunggilipun *karaktêr* gotong royong. Miturut Suwardi Endraswârâ (2016) ngandharakên bilih gotong royong inggih mênikâ mujudakên kâcâ bênggâlâ pagêsan sosial ingkang ngêmot tradhisi guyup rukun. Tadhisi guyup rukun badhe ngatingalakên raos pasêdherekan.

Budi pakarti sêngkud têngêsipun nyambut damêl kanthi tumêmên botên gampang nglokro. Sêngkud inggih mênikâ kêgiatan ingkang dipuntindakakên sacârâ têmên-têmên tanpa raos kêsêl utawi lêrên sederengipun targetipun kasembadan ugi tansah nengenaken utawi nggatosaken kamareman asil ing saben-saben kegiatan ingkang dipuntindakaken. Sêngkud sagêd dipuntêgêsi minangka nyambut damêl kanthi têmên-têmên kangge nggayuh bab ingkang dados pêpenginanipun. Kanthi ngginakakên wêkdal sacârâ *optimal* kadhangkâlâbotên nggatosakên wêkdal, jarak sâhâ pêpalang-pepalang i ingkang dipunadhêpi. Kanthi tekad sâhâ kupiyâ ingkang têmên kangge nggayuh asil ingkang sae sâhâ *maksimal*.

Budi kaparti sêngkud wigatos sangêt dipuntindakakên awit, (1) sagêd nêdahaken potensi dhisi sacârâ maksimal, (2) sagêd ngewahi nasib supados langkung sae, (3) nêdahakên sikap tanggel jawab tumrap dhiri pribadi, tiyang sanes punâpadene lingkunganipun, (4) sagêd nggayuh kamandhirian lanbotên dados sangganipun tiyang sanes, (5) nêdahakên cêcawis supados sagêd nggayuh

gêsang ingkang langkung sae ing wêkdal salajêngipun. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti sêngkud têmtu kemawon tansah nindakakên rancangan sâhå kupiyå ingkang tumêmên ing gêsangipun.

Budi pakarti sêngkud mujudakên pêrilaku manungså ingkang aktip sâhå dipunsêngkuyung dening grêgêt ingkang makantar-kantar, botên loyo, mênåpå malih kêsed. Wondene tåndhå tandhanipun tiyang ingkang gadhah budi pakarti sêngkud inggih mênikå:(a) botên ngundur-undur pakaryan, (b) ngginakakên wêkdal kanthi sae,botên kakehan omong ananging nêngênakên asil ingkang nyåtå, (c) ngginakakên wêkdal kanthi optimal, sâhå (d) nyambut damêl kanthi têliti, têtib, sâhå têratur dipunkantheni grêgêt ingkang makantar-kantar.

Wontên ing *layang Sasmitå Titikå*, dipunpanggihakên ukårå-ukårå ingkang sagêd dipunmaknani minångkå budi pakarti sêngkud ingkang gayut kaliyan *karaktêr* gotong royong. Wondene pratelanipun kados makatên.

“.....mênåwå kêkarêpan kang grag grêg mungil mungil, sartå ikras ikris ora kênthêng manthêng sawiji iku iyå dadi nglingkunganat bakal ora” (kårå 5)

“ 4) anduweni katêmênan “ (kårå 10)

Saking pratelan *layang Sasmitå Titikå* ing nginggil sagêd dipunandharakên bilih budi pakarti sêngkud mênikå dipunlandhêsi kêkajêngan ingkang golong gilig. Wontên ing dhirinipun gadhah kêkajêngan ingkang kênthêng, manthêng lan tansah fokus dhumatêng targêt. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti sêngkud anggenipun makaryå têmtu dipunkantheni ugi raos tanggêl jawab ingkang têmên-têmên murih asilipun sagêd kasêmbadan.

Kêkajêngan ingkang golong gilig, kênthêng, manthêng, tansah gadhah grêgêt ingkang makantar-kantar mênika mênawi dipuncakakên kanggê nggayuh

pêpenginan têtmtu badhe enggal kasêmbadan. Samantên ugi mênawi kêkajêngan mênikâ dipungadhahi dening sabên-sabên tiyang minangkâ warganing masarakat têtmtu mênâpâ ingkang dipunpengini dening sadâyâ wargâ badhe kasêmbadan, weasânâ gêsangipun manungsâ wontên ing madyaning masarakat badhe sêkecâ.

Pêrilaku sêngkud kangge nyambut damêl sêsarêngan murih gêgayuhanipun sagêd kasêmbadan kacêtha wontên ing lêlagon Jâwâ “*gugur gunung*” yasanipun Ki Nartâ Sabdâ, wondene cakêpanipun makatên.

“Ayo kâncâ... ayo kâncâ ngayahi karyane prâjâ, Kene-kene-kene-kene gugur gunung tandang gawe, Sayuk-sayuk rukun bêbarêngan ro kancane, Lilâ lan lêngâwâ kanggo mulyaning Nêgârâ. Siji... loro.... Têlu... papat maju papat-papat...Diulang-ulungake amrih enggal rampunge.... Holobis kontul baris holobis.....kontul baris...Holobis....kontul baris holobis... kontul.....baris”(Warih Jatirahayu & SuwarnaPringgawidagda, 2004: 19).

Saking cakêpan lêlagon mênikâ sagêd dipunpethik *nilai-nilai* budi pakarti sêngkud ing salêbêtipun nyambut damêl sêsarêngan wontên ing madyanipun masarakat. Budi pakarti sêngkud ing antawisipun anggota-anggota masarakat badhe nuwuhakên gêsang guyup rukun. Guyup rukun kaliyan kâncâ, tânggâ têtpalih ugi kaliyan sadherek.

Gêsang guyup sâhâ rukun badhe ndadosakên raos têttrêm salêbêtipun manah. Pramilâ sok sintênâ kêdah ngupiyâ karukunan. Kanthi gêsang ingkang rukun sadâyâ sêdyâ badhe kalampahan ugi kasêmbadan. Wontên ing *sêrat Swaraning Asêpi* salêbêting nggayuh sêdyâ kêdah nêngênakên rukun sâhâ musyawarah saderengipun nêmtokaken katêtêpan. Wondene andharanipun ing ngandhap mênikâ:

“Awit saking punika murih sagêd kadumugen ing sêdyâ kitâ, kitâ kêdah nambahi ing karukunan kitâ, lan purun ngrêmbag punâpâ ingkang dados kabêtahanipun. Jalaran manawi tansah cêcongkrahan, têtubotên badhe sagêd kadumugen ing sêdyâ kitâ sadâyâ. (kaca: 5)

Pêthikan *teks* ing nginggil nêdahakên bilih sadâyâ ingkang dipunangkah sagêd kagayuh kanthi cârâ nambahi ing karukunan sâhâ purun ngrêmbag mênâpâ ingkang dados kabêtahanipun amargi mênawi tumindak cêcongkrahan sâhâ têbih saking karukunan, wusanipun botên badhe kadumugen sêdyanipun. Pramila rukun, musyawarah linandhêsan sêngkud wigatos sangêt kangge mujudakên gêgayuhan. Sêngkud anggenipun nyambut damêl sêsarêngan badhê ngasilakên asil ingkang sae, sadâyâ pakaryan mênawi katindakakên kanthi sarêng-sarêng têtentu enggal rampung. Nyambut damêl kanthi sêngkud lan katindakakên kanthi sarêng-sarêng sangsâyâ ngrakêtakên tangsuling pasêdherekan. Nyambut damêl kanthi sêngkud lan dipunkantheni raos eklas, lilâ lêngâwâ badhe pikantuk rahmat saking Gusti Allah.

4) Mêmikiran/mbangun Wawan Pirêmbagan

Budi pakarti mêmikiran mujudakên pêrilaku kangge ngrakêtakên tangsul pasêdherekan. Kanthi mêmikiran sagêd nglêstantunakên pasêdherekan sâhâ badhe mijilakên kasaenan. Kanthi mêmikiran prakawis ingkang awrat sagêd dipunudhari kanthi gampang. Budi pakarti mêmikiran utawi mbangun wawan pirêmbagan nêdahakên bilih tiyang gêsang botên sagêd gêsang piyambak, kosok wangsulipun kêdah wontên sêsambêtan kaliyan tiyang sanes. Kados unen-unen tiyang Jawi *rukun agawe santosa* inggih kanthi rukun sagêd nuwuhakên kakiyatan (Endraswara, 2014: 276).

Budi pakarti mêmmitran sâhâ mbangun wawan pirêmbagan kaliyan tiyang sanês kêdah têliti ugi ngati-ati. Ngikêt tangsuling kêkadangan prayogi ingkang sagêd nuwuhakên raos têntrem ing antawisipun tiyang-tiyang ingkang nglampahi. Awit, wontên ing jaman samênikâ madosi mitrâ ingkang tuhu tulus eklasbotên gampang. Mêmmitran sâhâ mbangun wawan pirêmbagan inggih mênikâpatrap ingkang nêdahakên raos rêmên micantên, srawung, sâhânindakakên têngbayatan kaliyan tiyang sanes. Qorib, lumantar Fitriyani Astuti (2018:117) ngandharakên babagan mitrâ sêjatos. Mêmmitran sêjatos kabangun kanthi nggatosakên gangsal bab ing antawisipun: (1) mupangat ingkang sagêd dipunsukakakên, (2) tulus sâhâ jujur, (3) têtêp wawan pirêmbagan, (4) nyingkiri utang amargi sagêd damêl risakipun mêmmitran, sâhâ (5) ngurmati katêtêpanipun mitrâ.

Wontên ing gêsang padintênan ing masarakat, mêmmitran sâhâ mbangun wawan pirêmbagan kados-kados sampun luntur. Raos ajen-ingajenan lumantar bâsâ katingal sangsâyâ mundur. Kathah lare jaman sakmênikâ ingkangbotên ngajeni dhumatêng tiyang sanes; guru wontên pawiyatan ugi tiyang sêpuh ing madyaning masarakat. Tiyang jawâ badhe mastani bilih lare jaman sakmênikâ sampun nilarakên Subasitâ. Wontên ing Bausastrâ, Subâsitâ têngêsipun tâtâkramaning (S. Prawiro Atmodjo, 1994: 371). Sadangunipun mênikâ tiyang Jawâ milâ kawêntar dhumatêng prinsip rukun sâhâ prinsipurmatingkang trêp “*empanmapan*, (Magnis Suseno, 1993: 39-60).

Minangkâ tuladhâ ingkang prasâjâ kemawon, bab ngaturakên *kulâ nuwun*, *nyuwun pangapuntên sâhâ matur nuwun*. Tigâ têtêmbungan mênikâ sagêd minangkâ sarânâ kangge nglêtantunakên ugi mbangun budi pakarti mêmmitran sâhâ

wawan pirêmbagan. Kanthi tigang têtêmbungan mênikå; *kulå nuwun, nyuwun pangapuntên sâhå matur nuwun* sagêd kangge ngukur budi pakartinipun lare. Tigang têtêmbung mênikå nalikå sambung gunêm kaliyan tiyang sanes milå kêdah dipungrêmbakakên ugi dipunlêstantunakên têtêmah mujudakên satunggaling padatan ingkang sae (Sigit Nugroho, 2019:22-23). Kanthi tigang têtêmbung mênikå, tangsul mêmèmitran sâhå mbangun wawan pirêmbagan sagêd lêstantun satêtêmah gêsang sagêd ayêm, têtêtrêm, ugi sêkecå.

Kanthi gêsang mêmèmitran sâhå komunikasi ingkang sae kaliyan tiyang sanes sagên nuwuhakên kabêgjan wontên ing gêsang. Prakawis kabêgjan awit anggenipun ngipuk-ipuk tangsuling mêmèmitran, wontên ing Layang Sasmitå Titikå pratelanipun kados mênikå:

“Kabêgjan iku ugå ânå nglingkunganate kang dadi titikane dumunung ânå ing worworan (kåcå 9)

Wontên ing pratelan mênikå nêdahakên bilih tiyang badhe manggih kabêgjan sagêd dipunmangêrtosi saking anggenipun kêkancan. Nalikå tiyang anggenipun milih kâncå utawi mitrå mênikå lêtês badhe nndadosakên sakecaning gêsang. Unen-unen Jåwå bab milih mitrå sampun ngantos cêdhak kêbo gupak. *Åjå cêdhak kêbo gupak* nêdahakên bilih watak, patrap utawi kapribaden manungså dipunpangaribawani dening anggenipun mêmèmitran ugi wawan pirêmbagan. Milå tiyang Jåwå anggenipun milih kâncå katindakakên kanthi kêbak ing pangatos-atos. Mêmèmitran sâhå mbangun wawan pirêmbagan kaliyan tiyang ingkang pakartinipun sae, mangaribawani patrapipun ugi sagêd sae.

Kosok wangsulipun nalikå mêmèmitran kaliyan ingkang pakartinipun awon sagêd mangaribawani patrap ingkang awon ugi. Pitutur ingkang gayut kaliyan

milih mitrâ dipunwucalakên dening Sunan Pakubuwana IV wontên ing *sêrat Wulangreh*. Wondene pratelanipun “ *yen wis tinitah wong agung, aja sirâ nggunggung dhiri, aja lêkêt lan wong alâ, kang alâ lakunireki, norâ wurung ngajak-ajak, satêmah anulari*” kalajêngakên pândâ candhakipun “ *yen wong anom opan wus tamtu, manut marang kang ngadhêpi, yen kang ngadhêp akeh bangsat, ora wurung bisâ juti, yen kang ngadhêp keh durjânâ, nora wurung bisâ maling*”. Saking têngang mênikâ sagêd kapêndhêt pituturipun supados ngatos-atos nalikâ milih mitrâ. Nalikâ pengin gadhah pakarti sae, kêdah kêkancan kaliyan tiyang ingkang pakartinipun sae. Sampun ngantos pengin gêsang ugi pakartinipun sae ananging anggenipun milih mitrâ malah mitrâ ingkang pakartinipunbotên sae. Wontên ing layang Sasmitâ Titikâ dipunprayogakakên nalikâ milih mitrâ kêdah ingkang sae ugi salaras ing pikajêngan. Wondene pratelan wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* kados mênikâ:

“ *Pirang bârâ gélêm sarawungan lan pawong mitrâ pândhâ gêgosokan kawruh kang anjalari ngrêbdaning budi iku sâyâ luwih prayogâ. Amargâ bisâ anjêmarake kaengêtan. Nanging nggone sarawunan kudu milih kang nunggal laras..(kâcâ 14)*

Saking andharan ing nginggil dipunprayogakakên supados milih mitrâ ingkang laras ing pamanggih. Kanthi pamanggih ingkang laras nndadosakên sansâyâ lantip ugi sagêd ngrêmbakakakên budi. Kanthi mênikâ, sagêd njêmbarakên dayaning pikir.

Wontên ing gêsang bêbrayan milâ badhe ngadhêpi manekâ warnâ jinis manungsâ. Wontên ingkang nalikâ mêmitran milâ tulus, ananging ugibotên sakêdhik ingkang malah damêl kapitunan kapârâ mênawi pêrlu ngorbanakên tiyang sanes kangge mujudakên pepenginan dhiri. Wontên ing *layang Sasmitâ*

Titikå jinis manungså ingkang rêmên damêl kacilakanipun tiyang sanes kapårå pèpenginanipun gêsang piyambakan kacêthå ing pratelan mênika:

“ Karêpe mung kudu miålå marang sêsåmå, malah marang kamelikan arêp urip dhewe. (kåcå 12)

Dhumatêng tiyang ingkang kados mêkatên prayogi dipun singkiri. Wontên ing sêrat Sånåsunu dipunpituturakên kadospundi milih kåncå ingkang sagêd ndugekakên kabingahan ing gêsang. Prakawis mênikå kacêthå wontên ing pupuh dhandhanggulå pådå 23, pratelanipun:

“ lawan apawongå mitrå kaki, sujanmå kang gêdhe ngamalirå, iyå ingkang ngamal saleh, kang anamur ing laku, kalakuan kang marang bêcik, iyå iku janmå ingkang, tan umbag tan sêngung, yen têtulung tan katårå, mring liyanê niat sidhêkah pikir, tumameng kautaman ”

Saking pethikan mênikå sukå pitêdah dhumatêng sok sintênå kemawon nalikå pados mitrå. Ngikêt tangsul pasêdherekan prayogi kaliyan mitrå ingkang agêng amal kasaenanipun. Prayogi gadhah mitrå ingkangbotên gumêdhe, pengin dipunalêmbånå. Nalikå têtulungbotên pengin kasumêrêpan tiyang kathah,botên umuk. Sadåyå mênikå katindakakên awit nglênggahi watak utåmå.“ *Karêpe mung kudu miala marang sêsåmå, malah marang kamelikan arêp urip dhewe. Kåcå: 12* nêdahakên pakarti manungså ingkang nggugu kajêngipun piyambak. Kêkancan kaliyan jinis manungså ingkang kados mênikå mênawi gêsang ing masarakat têtmtu badhe mbilaheni. Tiyang mênikåbotên sagêd dipunpitados, kapårå sagêd dados klilip.

Mitrå ingkang sêjatos têtmtu sagêd nyimpên wadosipun mitranipun. Prakawis ingkang wigatos badhe dipunsimpênbotên bakal dipunbiwarakakên dhumatêng tiyang sanes. Parakwis milih mitrå ingkang sagêd nyimpên wêwados,

dipunandharakên wontên ing *Sêrat Sånå Sunu* pupuh V dhandhanggula pådå 27, pratelanipun:

“ tinutupan wawadinireki, den amantêp sirå pawong mitrå, akakancan sasamine, kawulaning Hyang Agung, yen sirå tan biså sumingkir, tan amor ing ngakathah, ing kono sireku, bibisiking påncåbåyå, wing wong kathah marmå den abiså kaki, amomot mêngku pisah ”

Pethikan sêkar ing nginggil sukå pitutur supados mitrå sagêd njagi wêwadosipun kancanipun. Nalikå pikantuk panandhang ingkang ndadosakên runtik ing manah prayogi enggal kasingkirakên. Tiyang mêmitran kêdah gadhah sikap momot; têngsipun sagêd madhahi prakawis, mêngku têngsipun maklum dhumatêng kawontênan mitranipun, sårå misah têngsipun sagêd milah-milah prakawis ingkang nêmbè dipunadhêpi.

Mêmitran sårå mbangun wawan pirêmbagan kaliyan tiyang sanes ingkang sagêd ngangsalakên kabêgjan estunipun gumantung kaliyan ancas utawi tujuwan anggenipun sami sêsambêtan. Sinaosa anggenipun ngikêt tangsul mêmitran wontên ing margi lan tanpå kajarag ananging mênawi cocok lan samidene tanggap, mênikå badhe ngangsalakên kabêgjan. Ananging sinaoså tanggap ugi rêsep ananging namung nguntungakên dhiri, mênikåbotên badhe nuwuhakên kabêgjan. Prakawis mêmitran ingkang makatên dipunpanggihakên wontên ing *layang Sasmitå Wrnityå*, wondene pratelanipun:” *patêmone rêsep åpa kêmbå, tanggap åpå tumambuh. Yen rêsep sartå tanggap, iyå bakal pakoleh. Yen kêmbå sartå tumambuh , iyå bakale ora pakoleh. Sanadyan tanggap utåwå rêsepå, yen mung anggunêm sartå makolehakepêrlune dhewe, iyå bakal ora makolehi, ewådene yen pådhå ngrasakake kang dadi pêrlune sakaloron, iyå bakal makolehi, kajabå kang patêmon mung sadlerengan.*

Budi pakarti mêmistran sâhâ mbanun wawan pirêmbagan kaliyan tiyang sanes milâ kêdah linandhêsan samidene. Têgêsipun kangge nggayuh kabêgjan gêsang kaliyan tiyang sanes wontên ing masarakat kêdah samidene bantu binantu, ngicalakên raos ewêd sâhâ pakewêd, samidene tulung tinulung lan samudayanipun kangge kamulyaning sêsarêngan. Kangge nggayuh kabêgjaning gêsang bêbrayan wontên ing madyaning masarakat linandhêsan samidene kacêthâ wontên ing *Layang Sasmitâ Wrnityâ*, pratelanipun:” *yen bantu binantu pâdhâ ambirat pakewuh, sartâ gêlêm tulung tinulung ing karibêdan, iyâ bakal pakoleh. Yen mung amburu kacukupe dhewe, iyâ bakal tanpâ gawe*”. Saking pratelan mênikâ nêdahakên bilih kabêgjanipun tiyang gêsang bêbrayan mênikâ nalikâ samidene bantu binantu kanthi ngicalakên raos pêkewêd, ugi samidene tulung tinulung wontên ing karibêdan. Kanthi nindakakên mênikâ, kabêgjanipun gêsang bêbrayan badhe kasêmbadan. Kosok wangsulipun, mênawi namung ambujêng kabêtahanipun piyambakak têtmtu badhe musprâ tanpâ gunâ ugi botên sae.

Ngikêt tangsulipun mêmistran sâhâ mbanun wawan pirêmbagan kaliyan tiyang sanes prayogibotên namung kaliyan tiyang-tiyang ingkang cêlak kemawon, ananging kaliyan tiyang ingkang têbih papanipun prayogi dipunndadosakên mitrâ. Kanthi njêmbarakên tangsul anggenipun kêkadangan kaajab anggenipun pasedherekan ugi sansâyâ wiyar. Mitrâ sansâyâ kathah. Sampun ngantos kados dene têtêmbungan tiyang Jâwâ “ *kodhok ngêmuli lenge*”. Têtêmbungan mênikâ têtêgêsipun tiyang ingkangbotên wiyar wawasanipun. Inggang dipunsumêrêpi namung kawontênan ingkang cêlak kaliyan dhirinipun. Patrap ingkang kados mêkatên prayogi dipunsingkiri. Kathahipun sadherek, têtmtu anggenipun sami

gêsang badhe sakecå. Sakecanipun gêsang dipunsêbabakên kathah kancå ingkang badhe sami sukå pambiyantu mênawi nandhang kasisahan utawi karibêtan.

Budi pakarti mêmistran sårå mbangun wawan pirêmbagan mbêtahakên kupiyå ingkang têmên-têmên. Mêmistran sårå mbangun wawan pirêmbagan sampun ngantos dipuntindakakên kaliyan sanak sadherek sakiwå têngênipun. Awit mênawi namung kaliyan sanak sadherekipun ingkang cêlak, mratandhani cupêtipun tiyang anggenipun ngikêt tangsulipun kêkadangan. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå*, kapanggihakên prakawis budi pakarti mêmistran sårå mbangun wawan pirêmbagan kaliyan tiyang sanes supadosbotên namung kaliyan ingkang cêlak kemawon ananging ugi kaliyan ingkang têbih, wondene pratelanipun makatên.

“Sarta maneh ora kapengin sumurup ing papan pamikire muthêk bola bali mung mênyang tånggå têparone utåwå mênyang sanak sadulure kang pådha dêdunung ing cêdhak kang manggon ing ngadoh babar pisan wis ora dirasani”. (kåcå 13)

Pratelan *layang Sasmitå Titikå* ing nginggil ngajak dhumatêng sok sintênå kemawon supados anggenipun mêmistranbotên namung kaliyan tiyang ingkang cêlak papan dunungipun, ananging kaliyan ingkang têbih prayogi ugi dipunndadosakên mitrå. Kajawi mênikå, pratelan ing nginggil ngajak supados manungså sampun ngantos gadhah watak “*êmban cindhe, êmban siladan*”. Têmbung êmban têngêsipun nggendhong. Cindhe têngêsipun jarik ingkang alus, dene siladan inggih mênikå kulit dêling utawi êpring. Têtêmbungan “*êmban cindhe êmban siladan*” mêngku têngês patrapipun manungså ingkangbotên adil utawi pilih sih. Awit, mênawi manungså gadhah watak êmban cindhe êmban

siladan, patrap mênikå badhe ngrisak tangsul kêkadangn tundhanipun gêsang bêbrayan; wontên ing kulåwargå, masarakat, nêgari badhebotên têntrem. Pramilå, wontên ing gêsang bêbrayan dipunkupiyå supados tansah njagi watak ingkang adil.

Mêmitran kaliyan tanggå kêdah linandhêsan samidene ngudi karêmênan ingkang sagêd dipunraosakên dening sadâyånipun. Bab mênikå sagêd kasêmbadan saumpami wontên patrap ingkang samidene bantu binatu kangge nggayuh kabêtahanipun sêsarêngan. Prakawis mêmitran sårå mbangun wawan pirêmbagan kaliyan tånggå têpalih ugi kamot wontên ing *layang Sasmitå Wrnityå*, wondene pratelanipun “ *yen labuh linabuhan ing kabutuhan sårå mathuk pådha ngudi kasênêngan, iyå bakal pakoleh, têrkadang malah dadi sadulur. Yen mung tansah pamer-pameran angandhakake ajine duweke dhewe, sårå ora anggunêm kacingkranganing têtanggån, iyå bakal ora pakoleh, salawase tansah kumliyå*”. Saking pratelan mênikå cêthå bilih mêmitran sårå mbangun wawan pirêmbagan kaliyan tiyang sanes kedah linambaran patrap labuh linabuhan kangge nggayuh kabêtahan sartå samidene mathuk anggenipun ngupadi karêmênan kanthi sêsarêngan. Kosok wangsulipun, mêmitran ingkang linandhêsan patrap tansah pengin mamerakên kasugihan, kasuksesan, kapintêran dhiri tånpå pêrduli dhumatêng kakiranganipun tiyang sanes mênikå badhe ngrisak tangsuling mêmitran.

Budi pakarti mêmitran sårå mbangun wawan pirêmbagan wontên ing perangan *karaktêr* gotong royong ngajap supados nalikå ngikêt tangsuling kêkadangn sampun ngantos ningali umur, jêjêr priyå utawi wanitå saking calon

mitranipun. Sinaoså calon mitranipun sacårå umur taksih anem, ananging mênawi sagêd nndadosakên sakecaning gêsang prayogi dipunrakêti. Kosok wangsulipun, sinaoså calon mitrå sampun umur, mênawi nndadosakên gêsangbotên têntrem prayogi dipuntêbihi. Bab mênikå supados mênåpa ingkang dados gêgadhangan anggenipun mêmmitran sagêd kasêmbadan. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå*, prakawis milih mitrå supados botên nyawang umur ugi jêjêr priyå punåpå wanitå ananging kanthi panglimbang mitrå mênikå sagêd damêl bombonging pamikir kacêthå wontên ing pratelan mênikå:

“Mungguh sarawungan mau ora kudu milih kang lamak wayahe. Sanadyan nom tuwå, lanang wadon janji dadi bombonging pikir utåwå muwuhi pakoleh iya bêcik rinakêt kang nganti supêkêt... (kåcå 14)

Saking pratelan ing nginggil sukå pitutur dhumatêng sok sintêna kemawon nalikå milih mitrå. Tiyang mêmmitran sårå mbangun wawan pirêmbagan kaliyan tiyang sanes prayogibotên nyawang umur punåpå dene tumitahipun manungså; jalêr utawi sêtri. Bab ingkang wigatos nalikå mêmmitran inggih mênikå tiyang ingkang dados mitrå mênikå sagêd damêl bombong sårå sêkecaning gêsang. Tiyang mênikå padatan gadhah kawruh utawi kapintêran. Kawruh awujud kapintêran ingkang dipunkajêngakên inggih mênikå pintêr ing ulah kabatinan sårå estu-estu nguwaosi. Kosok wangsulipun mênawi kapintêranipun mênikå namung winatês ing kawruh lair, kêbak ing samudånå ugi tansah lêlamisan têmtu badhe mahanani risaking mêmmitran. Prakawis mêmmitran kaliyan tiyang pintêr, wontên ing *layang Sasmitå Wrinityå* dipunandharakên makatên, “*srawungan lan wong pintêr kang kawawas kawruhe, yen ulah ngelmu kabatinan kang kalayan yêkti, tåndhå bakal mahanani karaharjan. Dene yen wong pintêr mau kawruhe mung*

kawruh kalairan sartå disasapi gêlar, samudånå lêlamisan, tandha bakal mahanani karusakan”

Budi pakarti mêmitran sâhå mbangun wawan pirêmbagan milå estu wigatos sangêt kangge mujudakên gêsang ingkang têntrem ing madyaning masarakat. Kanthi samidene bantu-binantu, lung tinulung, ajen ingajenan ing antawisipun pârå anggota masarakat, badhe mahanani guyup sâhå rukunipun sadâyå wargå satêmah gêsang kanthi kêbak ing karaharjan badhe kasêmbadan.

5) *Lilå Eklas nindakakên pangurbanan*

Mujudaken perilaku manungsa ingkang sumadiya kanthi eklas sukå sedaya kemawon ingkang dipungadhahi, sinaosa badhe nukulaken utawi ngedalaken panandhang tumrap dhiri pribadinipun kangge bangsa lan negari. Budi pakarti purun korban estu dipunbêtahakên kangge mujudakên satunggaling gêgayuhan. Wontên ing pirêmbagan budi pakarti lilå eklas nindakakên pangurbanan minångkå perangan saking *karaktêr* gotong royong, atêgês ngajak dhumatêng sok sintêna kemawon purun ngorbanakên; pikiran, tênggâ, bândhå, beyå kapârå jiwå punåpå dene râgå kangge mujudakên gêgayuhan.

Ungkapan tiyang Jåwi “*Jêr basuki mâwå beyå*” milå trêp sangêd kangge nggambarakên prakawis mênika. Paribasan “*Jêr basuki mâwå beyå*” dumados saking têngbung *Jêr* ingkang têngêsipun “mulå mangkono, pancên, jalaran mangkono” (S. Prawiroatmodjo, 1994: 144), *basuki* ingkang gadhah têngês “rahayu utawi slamêt (S. Prawiroatmodjo, 1994: 30), *måwå* têngêsipun “nggawå, ngêmot, nganggo, kadunungan, jalaran” (S. Prawiroatmodjo, 1994: 210, kaliyan têngbung *beyå* ingkang têngêsipun “wragad” (S. Prawiroatmodjo, 1994: 33).

Kanthi makatên paribasan “*Jêr basuki Mâwâ beyâ*” mujudakên satunggaling pitutur ingkang têngêsipun sadâyâ pêpenginan, gêgayuhan têmtu mbêtahakên wragad utawi beyâ. Pangêrtosan wragad utawi beyâ wontên ing gêsangipun tiyang Jâwâbotên kêdah awujud artâ, ananging sagêd kemawon wujudipun têngâ, pikiran, wêkdal utawi pangorbanan sanes.

Wontên gêsang bêbrayan langkung-langkung ngrêmbag babagan gotong royong, têmtu kemawon kangge mujudakên satunggaling gêgayuhan milâ dipunbêtahakên pangorbaban. Ananging pangorbanan ingkang sampun dipuntindakakên prayogi sampun ngantos kangge pamrih pribadi. Atêngês, lilâ eklas nindakakên pangurbanan, katindakakên kanthi tulus ing manah, lêngâ lilâ kangge masarakat. Prakawis budi pakarti lilâ eklas nindakakên pangurbanan minangkâ perangan saking *karaktêr* gotong royong linambaran watak iklas tanpâ pamrih dhiri pribadi ugi dipunwucalakên wontên *layang Sasmitâ Titikâ*. Wondene pratelanipun kados makatên.

“....*Mungguh kang baku sajroning worworan mênâwâ wong mau wis ora ngtung kangelan bau suku sartâ pamikir....(kâcâ 10)*”

Saking pratelan mênikâ sagêd dipunmaknani bilih nalikâ gêsang sêsarêngan kangge mujudakên gêgayuhan milâ mbêtahakên pangorbanan. Ananging, pangorbanan mênikâ kêdah katindakakên kanthi iklas, botên melik pamrih pribadi. Jêr sadâyâ kangge kêmajêngan, karaharjan, katêntrêman sadâyânipun.

Kadhangkâlâ kangge mujudakên gêgayuhan ingkang badhe dipunraosakên dening sadâyâ anggota masarakat, dipunbêtahakên wêkdal kangge sinau, dhumatêng tiyang sanes wontên ing papan ingkang sanes ugi. Mênikâ

dipuntindakakên kajawi sagêd njêbarakên wawasan ananging ugi njêbarakên pasrawungan. Bab mênikå klingkunganpahan têmtu kemawon kêdah ngorbanakên wêkdal, wragad, punâpå dene têngå. Prakawis lilå eklas nindakakên pangurbanan wêkdal kangge njêbarakên pamikir ugi pasrawungan ingkang ancasipun kangge mujudakên karaharjan, katêntreman sâhå kêmajênganipun masarakat kanthi sêsarêngan wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kapanggihakên pratelan mênikå.

“Awit sâkå mangkono sabiså biså manungså åjå dhêmên ngundêr supâyå pikire orå ngênthêl bêcik kang kêrêp kakaring lêlungan sâkå ing ngomah dadi oleh padhang hawa (kåcå 13)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmaknani bilih manungså wontên ing gêsangipun prayogi tansah ngungak, ningali kawontênan ing sawawinipun lingkunganipun piyambak. Bab mênikå têmtu sagêd nambah wawasan tumrap tiyang mênikå. Nalikå pêngalaman tansâyå kathah badhe mangaribawani tumrap kêmajêngan masarakat. Ananging têmtu kemawon pêngalaman-pêngalaman ingkang migunani tumrap kêmajêngan masarakat. Kangge tambahing pêngalaman têmtu ugi dipunbêtahakên ragad, pikiran, têngå ugi wêkdal. Patrap-patrap ingkang purun korban ingkang dipungadhahi dening sabên-sabên anggota masarakat utawi sanesipun badhe njalari majêngipun masarakat wusånå gêgayuhan ingkang dipungadhang dening masarakat sagêd kasêmbadan.

Paribasan “*jêr basuki mâwå beyå*” kados ing nginggil sansâyå nêguhakên bilihbotên wontên satunggal pèpinginan sagêd kasêmbadan manawibotên ngginakakên pangorbanan. Minångkå tulådha, Bangsa indhonesia nalikå badhe nggayuh kamardikan ugi mbêtahakên beyå. Beyå wontên ing mriki botên winatês wujud artå, ananging langkung wiyar. Beyå têngesipun sagêd pikiran, båndha

donyá, wêkdal, tênggá, kapará jiwa punápá dene rága. Sadáyá pangorbanan mêniká katindakakên kanthi eklas kangge labuh labêt tumrap bångsá tuwin nêgari. Tuladha sanes bab purun kurban; kurban jiwa ugi rága kangge kuncaranipun nusá lan bångsá.

Parágá wayang Arjuná sagêd dados minångká tuládhá. Wontên ing sêrat Arjunáwiwáhá lampahan *Bêgawan Ciptaning* dipuncariyosakên naliká raden Arjuná nindakakên tãpãbrátã. Wontên ing gunung Indrãkilã Arjuna tãpã nyuwun sihing pãrã Dewã mugi trah Pandhãwã sagêd unggul jurit mêngsah pãrã Kurãwã. Raden Arjuná anggenipun tãpã wontên ing gunung Indrãkilã kanthi námã Bêgawan Mintãrãgã. Naliká nindakên tãpã brátã, raden Arjuná dipungodhã dening sadáyá panggodhã murih tapanipun sagêd badar. Ananging, kanthi eklasing manah linandhêsan purun korban kangge kuncaranipun trah Pandhãwã wasãnã raden Arjunãpikantuk kanugrahan wujud pusãkã panah Pasopati kangge nandhingi kridhanipun panah Kuntãwijãyã gadhahipun Adipati Karnã (PJ. Zoetmulder, 1994: 298-299).

Cariyos saking *sêrat Arjunawiwáhá* mêniká sagêd dipunpethik piwucal babagan lilã eklas nindakakên pangurbananipun Raden Arjunã. Raden Arjunã satriyã têdhak turunipun ratu gung binathãrã kanthi têkad lanambaran purun korban nindakakên siksã rágã kanthi tãpã brátã wontên ing gunung Indrãkilã. Sadayanipun katindakakên kanthi tatag, tabah cihnã sadáyá panggodhã sagêd kasingkirakên. Saking nindakakên tãpã brátã Raden Arjunã pikantuk kanugrahan saking pãrã Dewã.

Sadâyâ pepenginan têtmtu mbêtahakên beyâ ugi pangorbanan. Ananging, kêdah dipunemut bilih beyâ sâhâ pangorbanan mênikâ sampun ngantos nglirwakakên *nilai-nilai etika* ugimoral ingkang lêtês. Têgêsipun sadâyâ kêdah dipunkontrol dening *nilai-nilai kêbênararan*. Pramilâ, nalikâ manungsâ nyadhari bilih pèpinginan ingkang sampun kasêmbadan kagayuh kanthi beyâ ingkang awis, wêkdal ingkang dangu, têngâ ingkang kathah, tiyang badhe tansah eling sâhâ waspâdâ kangge njagi asilih pakaryanipun.

6) Rêmên têtulung

Mujudakên patrap manungsâ ingkang sumadiyâ kanthi eklas sukâ sadâyâ kemawon ingkang dipungadhahi kangge mbiyantu tiyang sanes ingkang mbêtahakên. Budi pakarti rêmên têtulung rakêt sangêt gayutanipun kaliyan pèdhuli dhumatêng sêsami utawi sosial. pèdhuli sosial inggih mênikâ sikap, patrap utawi tumindak ingkang tansah pengin sukâ pambiyantu dhumatêng tiyang sanes sâhâ masarakat ingkang mbêtahakên (Pusat Kurikulum sâhâ Pêrbukuan lumantar Sutrisnâ Wibâwâ, 2013:212). Budi pakarti rêmên têtulung mênikâ prayogi nyingkirakên patrap ngajêng-ajêng pituwas, atêgês têtulung ananging tanpâ pamrih.

Wontên ing pirêmbagan mênikâ, budi pakarti rêmên têtulung minangkâ satunggaling perangan saking *karaktêr* gotong royong ngajak supados nindakakên têtulung anangingbotên ngajêng-ajêng pikantuk pangalêmbânâ punâpâdene bêbânâ. Wontên ing gêsang tiyang Jâwâ dipunpangguhakên satunggaling paribasan ingkang rakêt sangêt kaliyan patrap manungsâ ingkang rêmên

nindakakên pakaryan kanthi têtulung dhumatêng tiyang sanês tanpå ngajêng-ajêng pikantuk bêbânâ; “ *Sêpi ing pamrih rame ing gawe*”.

Paribasan mênikâ ngêmot piwucal dhumatêng sok sintêna kemawon nalikâ nindakakên pakaryan mliginipun pakaryan ingkang asilipun dipunraosakên dening masarakat. *Sêpi ing pamrih* gadhah maknâbotên ngajab pamrih mênâpâ-mênâpâ gayut kaliyan ingkang dipuntindakakên. *Rame ing gawe* gadhah maknâ rêmên nyambut damêl, utawi nindakakên pakaryan kanthi têtêm-têtêm. Kadhangkâlâ pakaryan ingkang dipuntindakakên mênikâ kédah ngorbanakên mênâpâ kemawon. Bab mênikâ awit sianosâ tunâ ing babagan bândhâ, ananging sagêd ngangsalakên kadang ingkang kathah.

Budi pakarti rêmên têtulung miturut Suyadi (2013: 9) inggih mênikâ sikap sâhâ tumindak ingkang nêdahakên raos pêdhuli dhumatêng tiyang sanes punâpadene masarakat ingkang mbêtahakên. Miturut Samani sâhâ Hariyanto (2011: 51) ngandharakên tandhâ-tandhanipun tiyang ingkang gadhah *karaktêr* pêdhuli sosial, ing antawisipun: (1) mapanakên tiyang sanes kanthi sopan, (2) anggenipun micârâ kêbak ing raos santun, (3) ngaosi wontênipun prakawis ingkang bedâ antawisipun tiyang satunggal kaliyan sanesipun, (4)botên rêmên damêl kasangsaranipun tiyang sanes, (5)botên rêmên mêtik kauntungan saking tiyang sanes,(6) kwawi ngikêt mêmistran, (7) purun ambyur wontên ing kêgiyatan masarakat, (8) trêsnâ kaliyan tiyang sanes ugi titahipun Gusti sanesipun, (9) trêsnâ dhumatêng katêntreman nalikâ ngadhêpi satunggaling prakawis.

Saking andharan babagan ciri tiyang gadhah budi pakarti ing nginggil, wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* dipunpangguhakên pratelan ingkang

maknanipun nêdahakên budi pakarti rêmên têtulung utawi pêdhuli sosial.

Wondene pratelanipun inggih mênikâ:

“...Mungguh kang baku sajroning worworan mênawâ wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sartâ pamikir...(kâcâ 10)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmaknani bilih salêbêtipun gêsang sêsarêngan wontên ing masarakat milâ dipunbêtahakên budi pakarti rêmên têtulung anangingbotên ngajêng-ajêng pituwas utawi bêbânâ. Rêmên têtulung dipuntindakakên linandhêsan raos iklas tulus sâhâ tanpâ pamrih. Kosok wangsulipun tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti rêmên têtulung utawi pêdhuli sosial tumindakipun nêdahakên patrap ingkang sagêd damêl kasangsaranipun tiyang sanes. Kêkajênganipun namung pengin miâlâ sâhâ damêl kasangsaranipun tiyang sanes. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* patrap tiyang ingkang pêpinginanipun namung miâlâ dhumatêng sasaminipun linandhêsan nêpsu pengin gêsang piyambak dipunpangguhakên, wondene pratelanipun kados makatên.

“Karêpe mung kudu miala marang sêsâmâ, malah marang kamelikan arêp urip dhewe (Kâcâ 12)

Budi pakarti rêmên têtulung milâ bêtahakên kasadharan saking sok sintênâ kemawon. Kanthi rêmên têtulung ndadosakên manah têntrêm, gêsang ayêm. Budi pakarti rêmên têtulung ugi mbêtahakên pangurbanan. Pangurbanan mênikâ sagêd wujudipun bândhâ, beyâ, wêkdal lan sanes-sanesipun. Tiyang Jâwâ gadhah cêpêngan “ *tunâ sathak bathi sanak*”. Tunâ sathak bathi sanak asalipun saking têngbung tunâ têngêsipun rugi, kurang, sarwâ kêkurangan (S. Prawiroatmodjo, 1994: 400), têngbung sathak têngêsipun artâ, bathi têngêsipun untung, sâhâ têngbung

sanak têngsipun kulawargâ, sadherek (S. Prawiroatmodjo, 1994: 352). Tunâ sathah bathi sanak gadhah têngs rugi artâ ananging untung sadherek.

Tumrap gêsang tiyang Jáwâ, bilih kasugihan mênikâ botên sêdayanipun. Katêntreman, karaharjan wontên ing gêsangipun manungsâ botên dipuntêmtokakên kathahing bândhâ. Sêmantên ugi ukuran sughipun manungsâ botên adhêdhasar kathahing bândhâ donyâ. Kabagyaning manungsâ dipunraosakên ing dhiri pribadi sabên manungsâ awujud katêntreman gêsang. Ungkapan “*tunâ sathak bathi sanak*” nêdahakên sikap sâhâ patrap manungsâ kangge njagi karukunan. Karukunan mênikâ salah satunggalipun dipunkupiyâ kanthi rêmên têtulung. Kangge nindakakên têtulung têtentu kêkawon ugi mbêtahakên pangurbanan. Pangurbanan mênikâ sagêd wujudipun bândhâ, utawi artâ. Sadâyâ mênikâ dipunbêtahakên kangge lêstantunipun raos kêkadangan saha mujudakên budi pakarti rêmên têtulung utawi pêdhuli sosial.

7) *Adil*.

Mujudakên patrap ingkang botên bot sih, botên êmban cindhe êmban siladan. Sadâyâ tiyang gadhah hak nampi pangrêksâ, *pêndidikan*, gêsang sêjahtêra ingkang sami. S. Parwiroatmodjo sukâ têngs bilih adil inggih mênikâ jêjêg anggenipun ndhawahakên putusan; botên pilih sih (1994: 9). Mênawi dipunrunut bilih têtbung *adil* sakbotên-botênipun ngewrat kalih prakawis; (1) *adil individual*; inggih mênikâ adil gumantung pikajêngan sae utawi awon saking sabên-sabên indhividhu, sâhâ (2) adil miturut panguwaos anggenipun ngêcakakên kaadilan. (<https://www.Sridianti.com/macam-macam keadilan.html>).

Lumantar Sridianti, Aristotêlês mánthå babagan adil dados 4 (sêkawan), inggih mênikå: (1) *keadilan komutatif*; kêadilan komutatif inggih mênikå sukå keadilan kanthi nganggêp sami dhumatêng sadayå wargå tanpå ningali labuh labêtipun utawi jasanipun, (2) kêadilan distributif; kêadilan distributif inggih mênikå sukå kêadilan kanthi ningali tiyang utawi wargå ingkang badhe nampi laras kaliyan labuh labêt utawi jasa sårå *prestasi*, (3) *kêadilan kodrat lingkungan*; keadilan kodrat lingkungan inggih mênikå sukå satunggaling bab laras kaliyan mênåpå ingkang dipunparingakên dhumatêng kitå, sårå (4) *kêadilan konvensional*; inggih mênikå tiyang minångkå warga nêgårå sampun taat dhumateng aturan ingkang dipunwajibakên.

Silå kaping gangsal saking dhasar nêgårå Indhonesia ingkang ungêlipun “*keadilan sosial bagi seluruh rakyat indonesia*” sukå pitêdah sårå pandom kangge sukå kaadilan tumrap sadayå kemawon. Budi pakarti adil minångkå satunggaling perangan saking *karaktêr* gotong royong. Atêgês, kangge mujudakên raos ayêm, têtentrêm wontên ing masarakat sadayå pakaryan ingkang katindakakên kanthi gotong royong kêdah linambaran adil, têtmtu kemawon adil ingkang eklas.

Adil ingkang dipunraosakên dening masarakat utawi kêadilan sosial inggih mênikå atêgês kêadilan ingkang lumampah wontên ing masarakat. Bab mênikå têtmtu lumampah kangge sadayå tiyang ingkang dados wargå nêgari. Sacårå umum keadilan sosial atêgês bilih sadayå tiyang ingkang mapan wontên ing satunggaling nêgari pikantuk *pêrlakuan* ingkang adil wontên ing *ukum, politik, sosial, ekonomi* sårå kabudayan.

Keadilan sosial ugi ngêmot maknå kagayuhipun kêsêlarasan antawisipun pagêsangan pribadi sårå pagêsangan masarakat. Budi pakarti adil kangge mujudakên gêsang ayêm, têntrem wontên ing perangan *karaktêr* gotong royong milå kêdah linambaran raos eklas. Awit mênawibotên linambaran eklas botên badhe mujudakên tatanan adil wontên masarakat kanthi sae. Pramilå, saksagêd-sagêd raos eklas mênikå dipungadhahi dening sabên tiyang minångkå anggota masarakat.

Budi pakarti adil linambaran eklas dipuntêdahakên dening sabên tiyang kanthi sadâyå pikajênganipun namung tumuju dhumatêng kasucenipun utawi ancasipun. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti adil linambaran eklas botên badhe rêmên pikantuk bêbathen sinaoså agêng ananging kanthi tumindak ingkang botên sae. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kapanggihakên pratelan ingkang nêdahakên patrap ugi sikap ingkang adil lanambaran eklas. Wondene pratelanipun mêkatên;

“..karêpê mung marang kasucen nganti ora gêlêm katempelan rêgêding ati saglugud karêp mung kudu mulus lan murni sanadyan ånå kamelikan kang melok anggawå kauntungan kang gêdhe janji ora rêsik iya katampik. (kåcå 10)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmangêrtosi bilih tiyang ingkang gadhah bidu pakarti adil linambaran eklas, sadâyå patrap ugi sikapipun namung tumuju dhumatêng kasucen sårå tujuwan. Tiyang mênikå anggenipun tumindak katindakakên kanthi kêbak ing panglimbang, boen rêmên katempelan prakawis-prakawis botên sae ingkang nndadosakên rêgêdipun manah. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti adil linambaran eklas, anggenipun tumindak kanthi kêbak ing

tanggêl jawab sâhâ jujur. Mênawi dipuniming-imingi bêbânâ ingkang agêng mênawi asal saking tumindak nalisir têtubotên dipuntampi. Wontên ing jagad pawayangan, parâgâ ingkang gadhah budi pakarti adil, eklas sâhâ jujur inggih mênikâ prabu Yudhistirâ.

“Kacariyos Slingkunganinipun gêsang, Yudhistirâbotên nate goroh. Kacariyos nalikâ bêgawan Durnâ madêg dados senâpati agung wontên ing pêrang Barâtâyudâbotên wontên satriyâ pandhâwâ ingkang sagêd ngawonakên. Prabu Krêsnâ lajêng pados rekâ dâya kangge ngawonakên bêgawan Durnâ. Bêgawan Durnâ badhe nggrantês manahipun mênawi mirêng Aswâtâma, putranipun pêjah. Wêrkudârâ dipundhawuhi mêjahi liman estitâma titihanipun Bogadhentâ. Salajêngipun dipunbiwarakakên bilih Aswâtâma sampun gugur wontên palagan. Nalikâ mirêng kabar mênikâ, bêgawan Durnâ lajêng goreh manahipun. Pârâ pandhawa dipunpundhuti pirsâ mênâpâ lêrês Aswâtâma gugur. Pârâ prajurit pandhâwâ sami wangsulan bilih Aswâtâma sampun gugur. Bêgawan Durnâ lajêng mundhut pirsâ dhatêng Yudhistirâ ingkang milâ satriyâbotên sagêd goroh. Nalikâ begawan Durnâ mundhut pirsâ, Yudhistirâ namung mendel kemawon, botên sagêd caos wangsulan. Prabu Krêsnâ pados cârâ supados Yudhistirâ matur alon-alon pas wontên ing têtumbung Estitâma dipunlirihakên, “inggih bapâ hestitâma pêjah ing paprangan”. Bêgawan Durnâ mila sampun sêpuh ugi sudâ ing pamirêng. Nalikâ midhangêt mênikâ, bêgawan Durnâ lajêng kumyur, anggenipun majêng pêrang sudâ kakiyatanipun, awit rumaos tanpâ gunâ pados kamulyan. Putranipun namung sêtunggal sampun pêjah. Wasânâ bêgawan Durnâ sagêd dipunsedani. Yudhistirâ dados ratu ingkang ambêg adil pârâmartâ, sadâya kawula gêsang kanthi makmur, tâtâ titi têntrêm kartâ raharjâ (Warih jatirahayu & Suwarna Pringgawidagda, 2004: 48)

Kosok wangsulipun mênawi tiyangbotên gadhah budi pakarti adil linambaran eklas, sadâya patrap sâhâ sikapipun namung mbujêng karêmênanipun piyambak. Patrap ingkang kados mêkatên têtentu kemawon bakal têbih kangge mujudakên tatanan masarakat ingkang sae, ayêm, nêntrêmakên. Kapârâ tiyang mênikâ rêmênipun damêl kasangsaranipun tiyang sanes.botên rêmên nalikâ tiyang sanes pikantuk kamulyan. Cêkakipun tiyang mênikâbotên rêmên tiyang sanes

ngungkuli gêsangipun, kawidagdanipun, kalantipanipun. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* budi pakarti ingkang nêdahakên patrap sâhâ sikap botên adil, eklas punâpâ jujur kapanggihakên pratelan ingkang ungêlipun makatên.

“.....kang ditekadi mung amburu pakarêmane dhewe”.(kâcâ 11)

“Karepe mung kudu miala marang sesama, malah marang kamelikan arep urip dhewe”. (kâcâ 12)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmaknani bilih tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti adil linambaran eklas kinanthenan jujur gêsangipun namung mbujêng karêmênanipun piyambak. Kangge murih kasêmbadan mênâpâ ingkang dipunkajêngakên tiyang mênikâ kapârâ tegâ kaliyan tiyang sanes. Tiyang mênikâ tegâ damêl kasangsaranipun tiyang sanes. Tiyang mênikâ namung mikir dhiri pribadi tanpâ pêrduli dhumatêng tiyang sanes.

Wontên gêsang padintênan kadhang kâlâ dipunpanggihakên tiyang ingkang katingalipun sae. Patrap, pocap sâha tumindakipun ugi sae. Ananging, milâ tiyang mênikâbotên sampurnâ. Kadhangkâlâ wontên ing salêbêtipun batos sumimpên raos srei, drêngki,botên rêmên tiyang sanes nglangkungi kasagêdanipun. Wontên ing cariyos pawayangan parâgâ raden Arjunâ sagêd dipunndadosakên gambaranipun. Raden Arjunâbotên rilâ dhumatêng tiyang ingkang sagêd nglangkungi kasagêdaipun manah. Tiyang mênikâ inggih Ekalawyâ.

“Kacariyos Raden ekalawyâ nate badhe suwitâ dhumatêng bégawan Durnâ, ananging dipuntampik, awit Durnâ mênikâ dados gurunipunpârâ satriyâ Kurâwâ sâhâ Pandhâwâ. Raden Ekalawyâ lare miskinbotên gadhah bandhâ donyâ. Kanthi gêmblênging tekad Ekalawyâ lajêng damêl pêpêthan wujud bégawan Durnâ. Raden Ekalawyâ lajêng sinau manah dhumatêng pêpêthan

mênikå. Anuju satunggaling dintên bêgawan Durnå ngawontênakên gladhen manah tumrap pårå muridipun. Nalikå Arjunå sagêd manah kidang kalêrsan kidang mênikå ugi sagêd dipunpanah dening Raden Ekalawyå. Dening bêgawan Durnå lajêng dipunpadosi sintên tiyang ingkang kasagêdan bab manah nglangkungi Raden Arjunå. Wontên ing satêngahing wånå bêgawan Durnå sårå murid-muridipun kapanggih kaliyan Raden Ekalawyå. Ing ngriku bêgawan Durnå sumêrêp bilih Ekalawyå sagêd manah awit mênguru dhumatêng pêpêthan ingkang wujudipun sami kaliyan Bêgawan Durnå. Raden Arjunåbotên rêmên awit wontên tiyang sanes ingkang kasagêdanipun nglangkungi dhirinipun. Wasånå raden Ekalawyå kêdah kecalan jêmpol sisih têngên kangge pisungsung murid dhumatêng guru. Bab mênika awit Bêgawan Durnå sumêrêp bilih Raden Arjunåbotên rêmên kaliyan Raden Ekalawyå ingkang kasagêdan ing ngemu manah nglangkungi dhirinipun.

Budi pakarti adil lanambaran eklas sårå jujur milå kêdah dipunkupiyå dening sadåya tiyang minångkå anggota masarakat.kanthi budi pakarti mênikå kaajab tatanan masarakat ingkang sae, ayêm sårå tênrêm sagêd kasêmbadan.

d. Intêgritas

Intêgritas inggih mênikå konsistensi wontên ing salêbetipun dhiri manungså ingkang mijil nalikå pikiran, emosi-emosi sårå tumindak-tumindakipun makaryå sêsarêngan sacårå *harmoni* sartå salaras kaliyan normå lêrês sårå lêpat (John Garmo, 2013: 9). *Intêgritas* asring dipungayutakên kaliyan kêbajikan utawi *karaktêr* ingkang sae.

Têmbung *intêgritas* mulå bukanipun saking wot têmbung latin ingkang sami, inggih mênikå “*intêgêr*” têngsipun sadåyanipun utawi kangge nêdahakên satunggaling petangan ingkang wêtah utawi bulat, wilangan ingkang wêtahbotên wontên pècahanipun. Dados, satunggaling bab ingkang dipunwastani gadhah *intêgritas* têngsipun satunggaling bab ingkang wêtah ing samudayanipun,botên kabagi, atêgês nuansa kautuhanipun utawi wêtahipunbotên sagêd dipunicali

sinaosá satunggaling bab ingkang gadhah *intêgritas* dumados saking perangan ingkang kathah. Wêtah sâhá golong giligipun tansah kajagi minangkâ asil saking hubungan ingkang samidene kiyat ing antawisipun perangan - perangan. Idhentitas sabên perangan saking satunggaling bab ingkang gadhah *intêgritas* têtmu taksih sagêd dipunmangêrtosi, sinaosá fungsipun botên gampil dipunpisahakên saking fungsi perangan sadayanipun. Kanthi prasâjâ sagêd dipunwastani kompak dhumatêng manunggalipun perangan - perangan mênikâ (Endra, 2017 : 134) .

Karaktêr intêgritas botên sagêd dipungayuh lumantar pêmênuhan *hukum* lingkungan, ananging dipunkupiyâ sacârâ aktif lumantar pilihan idhentitas sâhá tumindak ingkang kêdahipun dipuntindakakên awit wontên *nilai* ingkang sae. Kanthi mênikâ, *intêgritas* botên mahyakakên kasunyatan ingkang dumados, ananging mênâpâ ingkang kêdahipun dipunkupiyâ. Pêran ingkang wigatos tumrap manungsâ inggih mênikâ nalikâ dipunkantheni *intêgritas*. Dipunajib sadâyâ putusan linambaran *moral* ingkang sae. Salajêngipun putusan sâhá tumindakipun manungsâ ingkang linambaran *moral* mênikâ kêdah nêdahakên idhentitas dhiri ingkang kawangun kanthi nêdahakên golong-giligipun *moral* wontên dhiri pribadinipun.

Karaktêr intêgritas wontên ing *Pêdoman Penguatan Pendidikan Karaktêr* dumados saking *subnilai intêgritas*, inggih mênikâ: jujur, trêsnâ dhumatêng kasaenan sâhá bab ingkang lêrês, sêtyâ, komitmên *moral*, anti korupsi, adil, tanggêl jawab, dados tulâdhâ, sâhá ngaosi tiyang sanes (Kêmêntrian Pêndidikan dan Kêbudayaan,2017: 9)

Adhêdhasar *subnilai karaktêr ingtêgritas* ing nginggil, panaliten *layang Sasmitâ Titikâ* manggihakên 17 (pitulas) *nilai* budi pakarti ingkang gayut kaliyan *karaktêr intêgritas*, inggih mênikâ: (1) Njagi aosing dhiri, (2) Njagi sucining dhiri, (3) Jujur, (4) Sopan Santun, (5) Ngromaosi mênawi lêpat, (6) Têlaten, (7) Gêmi, (8) Tanggêl jawab, (9) Sêngkud (10) Trêp kaliyan paugêran. (11) Bêkti, (12) Prasâjâ, (13) Wantun kurban, (14) Adil, (15) Rêmên têtulung, (16) Andhap asor, sâhâ (17) Wicaksânâ. pirêmbagan saking budi pakarti mênikâ badhe kaandharakên makatên.

1) Njagi Aosing dhiri

Budi pakarti njagi aosing dhiri inggih mênikâ satunggaling tatanan *nilai* ingkang rakêt sangêt gayutanipun kaliyan hak sâhâ martabat minangkâ jêjêripun manungsâ, inggih mênikâ wates-wates tumindakipun satunggaling tiyang ingkang wontên hubunganipun kaliyan patrap, pocap, panggalihan kanthi botên gumantung dhumatêng tiyang sanes dipunlandhêsi jiwa ingkang tulus sâhâ eklas.

Kupiyâ kangge ningkatakên dhiri murih dados pribadi ingkang luhur ugi gadhah aosing dhiri kédah dipungayuh. Wondene ciri utawi tandhanipun tiyang ingkang tansah ngupiyâ kangge njagi aosing dhiri, A. Tabrani Rusyan, dkk (tt: 15) mahyakakên,

- a) gadhah gêgayuhan luhur ingkang kédah dipunwujudakên kanthi tumêmên ugi kêbak ing kasadharan ,
- b) botên nindakakên prakawis-prakawis ingkang dipunawisi dening paugêran agâmâ, ugi pamarintah, ingkang sagêd damêl kapitunanipun pribadi punâpâdene masarakat ugi kulâwargâ,

- c) tansah têguh, kiyat ing pangandêl têmah sadåya pocapan, patrap tansah rêsik, sae ugi eklas,
- d) patrapipun tansah nêdahakên salaras kaliyan norma kangge njêjêgakên kaadilan ugi prakawis ingkang lêrês,
- e) tansah ngupiyå kangge mbelani prakawis ingkang adil ugi lêrês kanthi grêgêt ingkang makantar-kantar lainambaran eklas.

Kangge njagi aosing dhiri kajawi kados ingkang sampun kaandhar wontên ing nginggil, kêdah dipunkupiyå kanthi têmên-têmên ugi tansah lumintir inggih mênikå: (a) njagi tutuk; micårå ingkang sae, nêbihi pocap ingkang nndadosakên pitênah lan sakpanunggalanipun, (b) njagi astå; nêbihi tumindak ingkang sagêd damêl cilakanipun dhiri punåpådene tiyang sanes, kadostå: nyolong, nyopet, nggrathil, lan sanesipun, (c) njagi netrå; nêbihi saking tontonan ingkang botên pantês, sårå (d) njagi suku; nêbihi papan-papan ingkangbotên pantês.

Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kapanggihakên pratelan ingkang nêdahakên budi pakarti tiyang ingkangbotên sagêd njagi aosing dhiri. Tiyang ingkangbotên sagêd njagi aosing dhiri, pocap, patrap, ugi gagasanipun tansah tumuju dhumatêng tumindak ingkang nisthå. Wondene pratelan tiyang ingkangbotên sagêd njagi aosing dhiri kados ing ngandhap mênikå.

“....dhêmên anglakoni bébengkrahan nuruti kêkarêban kang ngombrå ombrå tanpå tumånjå, ngumbar angkårå murkå nguja håwå nêpsu tanpå duga(kåcå 10)

Pratelan ing nginggil mahyakakên tiyang ingkang botên sagêd njagi aosing dhiri. Tumindakipun tansah rêmên dhumatêng prakawis ingkangbotên sae. Nguja håwå nêpsu, ngumbar angkårå murkå, mbujêng rêmênipun piyambak tanpå

pêrduli dhumatêng tiyang sanes. Tiyang ingkang kados makatên mênikå padatan gadhah watak dur angkårå; *adigang adigung, adigunå*.

Adigang, adigung, adigunå wontên ing pagêsangan tiyang Jåwå kangge nelakakên tiyang ingkang kumalungkung, umuk, gumêdhe. Miturut Pardi Suratno (2006: 341-342) . Adigang inggih mênikå watak kidang; ngumokakên kakiyatan ugi kalantipan anggenipun sagêd mlajar kanthi cêpêt ugi trêngginas, adigung minångkå gêgambaran watak gajah ingkang tansah rumaos agêng, kiyat têtah nganggêp sadâyå tiyang sagêd dipunkawonakên, dene adigunå minångkå watak ulå ingkang gadhah wiså. Wiså sagêd mndadosakên tiwasipun tiyang sanes.

Ungkapan *adigang, adigung, adigunå* mujudakên pêpeling kangge soksintênå kemawon ingkang gadhah kalangkungan (kakiyatan, kalêngahan, ugi panguwaos) supados botên tumindak sawiyah-wiyah, dêgsiyå dhumatêng pêpadhå. Tiyang ingkang tansah njagi aosing dhiri têtmtu anggenipun tumindak bakal nêbihi watah adigang, adigung, adigunå. Tiyang gadhah ngajeni aosing dhiri tansah sadhar bilih kakiyatan, kalênggahan, ugi panguwaos mênikå namung titipan saking Gusti Allah lumantar masarakatipun. Tiyang ingkang tansah njagi aosing dhiri badhê tansah eling lan waspådå lan badhe ngginakakên sadâyå titipan mênikå kangge kamakmuranipun tiyang sanes. Tiyang ingkang tansah njagi aosing dhiri badhe tansah emut dhumatêng pitutur “*Åjå dumeh*”; nêbihiwatak angkåråmurkå. Miturut Suwardi Endraswara (2013: 37) watak angkåråmurkå inggih mênikå watak ingkang jinurung dening pêpenginan sårå raos ingkang sarwå-sarwi langkung tinimbang tiyang sanes. Pengin langkung gadhah

panguwaos, langkung sugih langkung mrabawani ananging dipungayuh kanthi carâ-carâ ingkang nisthâ.

Kangge mujudakên budi pakarti njagi aosing dhiri têtmtu kêdah dipunkipuyâ dening sabên-sabên manungsâ. Aosing dhiri ingkang dipungadhahi manungsâ badhe kagayuh awit saking paringipun tiyang sanes. Tiyang sanes badhe ngaosi awit milâ tiyang mênikâ pantês pikantuk pangalêmbânâ ugi pantês dipunaosi dhirinipun. Tiyang sanes badhe ngaosi awit wontên sarat-sarat têtamtu, kadostâ: tiyang mênikâ gadhah kasagêdan utawi kawruh ingkang wontên ginanipun tumrap tiyang sanes. Gadhah kasagêdan ingkang sagêd dipunraosakên dening tiyang sanes, gadhah kagunan ingkang sagêd dipunginakakên dening tiyang sanes têtamah gêsangipun mindhak sae, gadhah labuh labêt, grêgêt wontên ing gêsangipun têtaman tiyang sakiwâ têngênipun ngaosakên bilih tiyang mênikâ pantês dipunaosi. Kosok wangsulipun tiyang sanes botên badhe ngaosi awit tiyang mênikâ milâ botên sagêd dipunaosi. Kajawi mênikâ, tiyang mênikâ milâ botên sagêd njagi aosing dhiri. Bab mênikâ awit botên purun ngangsu kawruh, botên ngupiyâ murih lantip ing pamikiripun sâhâ pintêring pangrâsâ, ugi trampiling ragâ. Pikajênganipun namung mbujêng rêmênipun piyambak.botên pengin prihatos, pêpenginanipun namung nganggur nanging sagêd nêdhâ sâhâ nedrâ ecâ lan sakecâ.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*, tiyang ingkangbotên sagêd njagi aosing dhiri kapanggihakên pratelanipun kados makatên.

“.....awakke dhewe ora anduweni kawruh, ora anduweni kapintêran, ora anduweni kagunan, ora anduweni kawêkêlan , ora anduweni kêlantipan, ora anduweni kuwanthen, sartâ ora anduweni katêmênan apa dene ora anduweni

lêlabêtan bêcik kang kaesthi mung thênguk-thênguk nganggur ngêthêkur tansah ngulah kapenaking awak, doyan mêmangan tanpå planggêran watone mung janji arêp bae sudhi tumandang ing gawe sudhi mêmikir marang kabêcikan.....(kacå 10-11)

Pratelan ing nginggil mahyakakên manungså ingkangbotên sagêd njagi aosing dhiri. Awit milåbotên purun nindakakên samukawis kupiyå kangge mujudakên aosing dhirinipun. Nalikå manungså sampunbotên pêrduli dhumatêng wigatosipun kawruh, kapintêran, kagunan, kawêkêlan, kalantipan, kuwanthen, katêmênan nindakakên samukawis, namung mbujêng sakecaning badan, nêdhå nendra ecå såhå sakecå langkung-langkung botên purun mikir bab-bab ingkang tumuju dhumatêng kasaenan manungså mênikå sagêd kawastanan manungså cilåkå ingkang rêmên tumindak nisthå.

2) *Njagi sucining dhiri*

Budi pakarti njagi sucining dhiri inggih mênikå satunggaling sikap mêpêr pribadi saking sadâyå tumindak, pocap, utawi patrap ingkang sagêd ngasorakên dhiri. Kangge mujudakên budi pakarti mênikå milå kêdah dipunkupiyå kanthi têmên-têmên. Salah satunggal kupiyå ingkang sagêd dipuntindakakên inggih mênikå kanthi nglaras råså såhå angon råså Jåwå. Wontên ing gêsangipun, manungså kadhangkålå tumindak nalisir saking nuraninipun. Bab mênikå ndadosakên raos lingsêm utawi nandhang kawirangan dhumatêng tiyang mênikå. Lingsêm utawi isininggih mênikå raos lingsêm nindakakên patrap, pocap ingkang “saru”, murih botên dipunarani tumindak ingkang botên-botên dening tiyang sanes. Wirang inggih mênikå kawontênan dhiri ingkang langkung awrat tinimbang isin såhå sagêd ndadosakên prakawis ingkang drawasi, awit wontên gayutipun kaliyan tiyang kathah (Suwardi Endraswara, 2013: 154).

Råså wontên ing budâyå Jåwå botên namung emosi, ananging manunggalipun *intuisi, akal sâhå nalar* ingkang sae. Råså mênikå sukå panjurung dhumatêng rahså. Rahså inggih mênikå penggalih ingkang lèbêt; lêmbatipun panggalih ingkangbotên sagêd dipunpadosi tandhingipun. Tiyang ingkang sagêd ngêndhaleni råså têtmu sagêd njagi sucining dhiri. Kanthi angon råså sâhå nglaras råså sadâyå pocap, patrap, pênggalihan badhe katindakakên kanthi kêbak ing pangatos-atos, kêbak ing panglimbang. Bab mênikå kaajab murih sadayanipun pinanggih sae. Sae tumrap dhiri pibadi ugi sae tumrap tiyang sanes.

Angon råså sâhå nglaras råså mujudakên kupiyå kangge rêrêsik dhiri. Rêsik sacårå ràgå ugi rêsik sacårå rohani. Rêsiking ràgå punâpå dene jiwa mahanani sadâyå pocap, patrap ugi gagasan katindakakên kanthibotên wontên sêsanggêman ingkang sagêd ngrêridu ugi dados pèpalang mênâpå ingkang dados tujuwan. Angon råså sâhå nglaras råså milå wigatos sangêt tumrap gêsang. Gêsang pribadi ugi gêsang wonten ing masarakat. Pramilå, kangge mujudakên rêsik dhiri kèdah ngupiyå sadâyå mêmalaning badan kèdah dipunrêsiki langkung rumiyin, inggih badan sacårå rohani ingging badan sacårå jasmani. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kupiyå kangge rêrêsik dhiri nyingkirakên sadâyå mêmålå kapanggihakên pratelan kados mênikå.

“Luwih maneh mênâwå arêp lèlungan adoh sadurunge mangkat mêmalaning awak kudu dirêsiki dhisik. (kåcå 4)

Saking pratelan ing nginggil, sagêd dipunmaknani bilih manungså ingkang badhe lèlungan utawi mèdal saking griyanipun prayogi sadâyå mêmalaning badan kèdah dipunrêsiki langkung rumiyin. Têmbung lèlungan ing nginggil sagêd

dipunmaknani ngikêt mêmistran kaliyan tiyang sanes. Atêgês, nalikå badhe ngrêmbakakakên tangsul kêkadangan prayogi linambaran manah ingkang suci.

Råså ingkang dipungadhahi manungså ingkang thukul badhe ngrêmbåkå ngêdalakên budi. Budi inggih mênikå pangangên-angên ingkang sae; sehat. Nalikå råså kaliyan budi manunggal badhe ngêdalakên manah ingkang wêning. Kanthi manah ingkang wêning, manungså sagêd manggalih kanthi wicaksånå. Kawicaksanan ngêdalakên who, inggih mênikå sucining dhiri. Njagi sucining dhiri nuntut manungså tumindak dhumatêng kasaenan. Pocap, patrap såha gagasanipun namung tumuju dhumatêng kasaenan, kasucian. Sadâyå mênikå awit kangge njagi sucining dhiri, nêbihakên dhiri saking prakawis-prakawis ingkangbotên sae. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kapanggihakên pratelan ingkang maknanipun nêdahakên budi pakarti njagi sucining dhiri. Wondene pratelanipun inggih mênikå.

“...karêpe mung marang kasucen nganti ora gêlêm katempelan rêgêding ati saglugud karêpe mung kudu mulus lan murni sanadyan ånå kamelikan kang melok anggåwå kauntungan kang gêdhe janji ora rêsik iya katampik. (kåcå 10)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmaknani bilih tiyang ingkang tansah ngupiyå njagi sucining dhiri sadâyå pocap, patrap punåpådene pênggalihanipun tansah tumuju dhumatêng kasucening dhiri. Tiyang mênikåbotên purun katempelan rêgêd sinaoså alitipun saglugud kemawon.sadâyå dipuntindakên kanthi jêjêg, têmên såhå eklas. Tiyang ingkang tansah njagi sucining dhiri tansah ngupiyå nêbihakên dhirinipun saking tumindak nisthå. Sinaoså badhe pikantuk bêbånå ingkang agêng, ananging mênawi kagayuh kanthi

tumindak ingkang botên sae têtmu botên badhe dipuntampi. Kanthi nindakakên mênikâ manungsa badhe manggihakên kabingahan lan têbih saking raos sisah.

Miturut *Sêrat Pustâkarâja Purwâ* anggitanipun R.Ng. Ranggâwarsita lumantar Suwardi Endraswara (2013: 156-157), kabingahaan punâpadene kasisahan wontên ing gêsangipun tiyang Jâwâ gumantung 7 (pitung) parakwis, inggih mênikâ:

- 1) *Kasuran*; têngêsipun raos wantun utawi kêkêndêlan. Kêkêndêlan sagêd nndadosakên tiyang dipunormati. Kêndêl ing mriki maksudipun kêndêl kangge mbelani bêbêner.
- 2) *Kagunan*; têngêsipun kapintêran, kalantipan utawi katrampilan.
- 3) *Kabêgjan*; têngêsipun kauntungan, kauntungan dipunsêbabakên saking kupiyâ ingkang sampundipuntindakakên.
- 4) *Kabrayan*; têngêsipun gadhah kêturunan.
- 5) *Kasinggihan*; têngêsipun gadhah kalênggahan ingkang nndadosakên tiyang sanes ngormati.
- 6) *Kayuswan*; têngêsipun panjang yuswâ kinanthenan suci ing budi.
- 7) *Kawidagdan*; têngêsipun wilujêng ing gêsangipun.

Tiyang ingkang sagêd nindakakên pitung prakawis mênikâ têtmu gêsangipun badhe manggih ing kabingahan. Kabingahan mênikâ awit kupiyâ nglaras råsâ sâhâ angon råsâ. Tiyang ingkang sagêd nglaras rasâ punapadene angon råsâ sagêd kawastanan tiyang ingkang tansah njêjêgakên budi pakarti njagi sucining dhiri.

3) *Jujur utawi blakå*

Budi pakarti jujur utawi blakå inggih mênikå sikap utawi sipat manungså ingkang mratelakakên satunggaling bab kanthi mênapå wontênipun, botên dipuntambahi punåpådene dipunkirangi. Sipat jujur mênikå kédah dipuncêpêng dening sabên manungså, awit sipat sårå sikap mênikå minångkå prinsip *baku* saking kapribaden manungså. Jujur ugi sagêd dados kårå saking *akhlak* manungsåképara kapribaden bångså. Awit saking menikå, milå kêjujuran ajinipun inggil sangêt wontên ing gêsang manungså.

Budi pakarti jujur sagêd dados modhal kangge nggayuh kapitadosan saking tiyang sanes. Minangkå tulådha, umpami satunggaling tiyang sampun gadhah kêjujuran limrah bilih tiyang mênikå dipunwastani sagêd dipunpitados, dipunparingi amanah dening tiyang kathah. Salajêngipun amanah mênikå badhe dipunaturakên dhumatêng tiyang ingkang hak nampi amanah mênikå. Tiyang ingkang jujur badhe ngraosakên têtêrêm nalikå nglampahi gêsang wontên ing donyå mênikå. Kados mênåpå risakipun donyå sakumpami tiyang-tiyang ingkang gadhah watak jujur botên kathah.

Têmbung jujur wontên ing bausastra têngesipun” jêjêging manah; botên *curang/culikå*” (KUBI, 1991: 424). Jujur inggih mênikå sikap sårå pocap, ugi tumindak ingkang nêdahakên manunggaling pangêrtosan, têtêmbungan, sårå tumindak (mangêrtosi mênåpå ingkang lêtês, ngaturakên ingkang lêtês ugi nindakakên ingkang lêtês) satêmah ndadosakên tiyang ingkang kawogan minångkå pribadi ingkang sagêd dipunpitados.

Tumindak jujur, botên badhe damêl tunaning dhiri, kêpårå malah kathah bab ingkang sagêd dipunpêthik saking kejujuran. Kêjujuran mbêtå munpangat ingkang kathah sangêt, kadostå; tiyang sagêd dipunpitados, dipunrêmêni tiyang sanes, gampil pikantuk padamêlan, lan ingkang paling wigatos inggih mênikå dipuntrêsnani dening Gusti Allah. Kêjujuran sagêd nggampilakên tiyang pikantuk padamêlan awit mênikå minångkå bab ingkang wigatos sangêt saking kapribadên satunggaling tiyang ingkang sagêd dipundadosakên pandom nalikå nindakakên sadâyå pakaryanipun.

Budi pakarti jujur têngêsipun sagêd dipunpitados, patrap sårå pocap laras kaliyan pêrkawis ingkang lêrês. Jujur sagêd ugi dipunsêbat kanthi lêrês, sukå satunggaling bab utawi pêrkawis ingkang lêrês utawi laras kaliyan kasunyatan. Budi pakarti jujur dumados saking: (a) Lêrês wontên ing pocapan; ngandharakên satunggaling bab laras kasunyatan, (b) Lêrês wontên ing niat sårå kêkajêngan, (c) Lêrês wontên ing têkad (d) Lêrês kanthi botên cidrå ing janji, sårå (e) Lêrês wontên ing tindak tanduk. Budi pakarti jujur wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kamot pratelan mênikå.

- “ 1) *Ora duwe lêayanan prajanji kasagahan, sêmayan, lan sasanggêman kang kasingsêtan dening liyan (kåcå 7)*
2) *Pangucape ora patitis, tansah anggladrah tånpå tumånjå*
3) *Pratingkahe ambalask tansah ora jujur.*
4) *Lakune tansah salewengan. (kåcå 8)*

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmangêrtosi bilih budi pakarti jujur utawi blåkå diperang dados kalih, inggih mênikå jujur wontên pocap sårå jujur wontên patrap. Jujur wontên pocap dipuntêdahakên kanthi botên gadhah lêayanan prajanji kasagahan, sêmayan, sårå sasanggêman ingkang kasingsêtan

dêning liyan sâhâ pocapan ingkang tansah patitis, botên anggla drahan tanpå tumånjâ. Pocap ingkang jujur badhe mahyakaên punâpå kemawon kanthi mênâpå kasunyatanipun lumantar pocap. Ngaturakên prakawis kanthi mênâpå wontênipun nndadosakên manah bingah tumrap dhiri ugi bingah tumrap ingkang midhangêt. Minângkâ tulâdhâ pocap ingkang nêdahakên budi pakarti jujur lumantar pocap kados satunggaling cariyos anggitanipun Niek Sukandi (1966) kanthi irah-irahan “*Pandleminge Kenya Kasmaran*”.

“Kacariyos satunggaling kênyâ makaryâ dados guru. Namanipun Murtiningsih. Murtiningsih anggenipun mucal wontên ing satunggaling pawiyatan. Piyambakipun ndhêrêk bugêdhenipun, awit griyanipun milâ têbih saking anggenipun mucal. Bu gêdhenipun kagungan putrâ kakung asmâ Harsono. Tiyangipun bagus ugi pintêr. Harsono saweg kuliah wontên satunggaling pawiyatan luhur jurusan arsitektur. Kangmasipun bu guru Murtini; Harsono kalêrêsan sampun gadhah pacangan. Wontên ing salêbetipun manah, Murtini thukul raos trêsnâ dhumatêng Harsono, ananging têtubotên sae tumrap Murtini dene trêsnâ dhumatêng kangmasipun. katrêsnanipun Harsono kaliyan pacanganipun pranyâtâbotên langgêng awit pacanganipun tumindak sedheng kaliyan managêripun. Bab mênika nndadosakên Harsono dados nglokro. Mangêrtosi bab mênikâ, bu Murtiningsih; rayinipun tansah ngarih-araih murih kangmasipun gadhah grêgêd malih lan dados tiyang ingkang sukses. Kanthi pambombong saking rayinipun; inggih bu guru Murtiningsih, Harsono sagêd lulus dados insinyur ingkang kondhang. Anuju sawijining dintên Harsono pikantuk kabar bilih badhe nyambut damêl proyek wontên ing njaban kithâ. Prakawis mênikâ nndadosakên bu Guru ingkang milâ trêsnâ sangêt dhumatêng kangmasipun; Harsono dados goreh. Wusâna bu guru Murtiningsih sakit. Wontên ing sakitipun bu guru blâkâ bilih piyambakipun trêsnâ dhumatêng kangmasipun inggih Harsono. Sumrêrêp kados mêkatên budhenipun rêmên sangêt dene bu Guru Murtiningsih sampun walaka, nelakakên katrêsnanipun dhumatêng Harsono. Ing wasâna, bu guru Murtiningsih kaliyan Harsono sagêd gêsang bèbrayatan kanthi kêbak ing kabingahan”

Saking cariyos ing nginggil mahyakaên bilih kanthi pocapan kang jujur nndadosakên gêsang sêkecâ. botên wontên sêsanggêman wontên ing manah.

Tiyang ingkangbotên sagêd nelakakên pocap jujur sagêd damêl badan sakit, awit wontên sêsanggêman ingkang taksih kasanggi.

Budi pakarti jujur sanesipun dipunwujudakên kanthi patrap. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* patrap jujur kapanggihakên pratelanipun kados makatên.

“3) *Pratingkahe ambalask tansah ora jujur.*

4) *Lakune tansah salewengan*” (kacå 8)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmangêrtosi bilih tiyang ingkang botên jujur patrap sâhå tumindakipun tansah salewengan, têbih saking tumindak utami. Patrap ingkang kados makatên têngtu kemawon badhe damêl kapitunanipun tiyang kathah. Kathah tumindak ingkang botên jujur, nalisir saking paugêran sâhå damêl kapitunanipun tiyang kathah. *Oknum-oknum* ingkang gadhah kalênggahan kadhangkålå ngginanakên panguwaosipun kangge tumindak ingkangbotên jujur, korupsi umpaminipun. Kathah pårå oknum ingkang nindakakên korupsi; ngginakakên artanipun tiyang kathah kanggé nyêmadani pêpenginan pribadi. Pramilå, tumrap gêsangipun manungså murih sagêd migunani tumrap tiyang sanes, bångså tuwin nagari ugi agami kêdah ngupiyå pocap, patrap ugi tumindak jujur.

Tiyang ingakng gadhah budi pakarti jujur utawi blåkå mêsthi gadhah pikajêngan sâhå tumindak ingkang botên cêngkah kaliyan nirani ugi kapitadosanipun. Tumindak jujur dhumatêng tiyang sanesbotên badhe klingkunganpahan mênawibotên jujur kaliyan dhiri pribadinipun. Kadhangkålå tumindak jujur ndadosakên botên sakecå tumrap dhiri punåpå tiyang sanes. Tumindak jujur milå mbêtahakên kêkêndêlan, inggih kêkêndelan batos ugi kêkêndêlan lair. Asring ugi kanthi tumindak jujur ndadosakên tiyang sanes

gêsangipunbotên sae, awit rumaos mênâpâ ingkang katindakakên sadangunipun mênikâ nisthâ badhe konangan dening tiyang ingkang gadhah budi pakarti jujur.

Sutrisna Wibawa (2013: 167-168) sukâ tulâdhâ patrap Seh Amongrâgâ ingkang kanthi jujur ugi satriyâ ngakêni kalêpatanipun awit kanthi tumêmên anggenipun sêmedi, ngibadah pranyâtâ santrinipun ingkang nâmâ Jamal sâhâ Jamil sampun tumindak nisthâ. Jamal sâhâ Jamil ngginakakên ilmu sihir têtah masarakat rumaos kenging gêndam. Seh Amongrâgâ botên pêrduli dhumatêng patrapipun santri kêkalih wau. Seh Amongrâgâ kanthi jujur ngrumaosi lêpat lan wasânâ nampi paukuman sinaosâbotên dhirinipun ingkang tumindak lêpat. Wondene pratelanipun wontên ing *Sêrat Cênthini* lumantar Sutrisna Wibawa kados makatên.

“ Aneng kanigârâ dhusun, dadyâ gununganing janmi, gêng luhur ing masjidirâ, kêbak ingkang pârâ santri, nanging tan tulus santrinyâ, sarengate bosah-basih,

Tanpâ tâtâ salatipun, sking kayungyun ningali, kaelokan sukânirâ, pakartine Jamal Jamil, akaryâ pangeram-eram, dadyâ pangunguning janmi,

Atilar salating waktu, sagunging wong tanpâ budi, kadyâ ginêndam ing kêmat, bilulungan sabên ari, jalu kalawan wanitâ, tanpâ tâtâ laki rabi,

Lir sato pêpindhanipun. Mangkânâ ki Jamal Jamil, ingujâ sasolahirâ, dene risang Amongragi, langkung manungku ing pujâ, tawakup”

Pratelan ing nginggil nyariyosakên bilih Seh Amongrâgâ kaladuk tumêmên anggenipun sêmbahyang ngantosbotên mangêrtosi patrapipun Jamal sâhâ Jamil inggih santrinipun ingkang sampun tumindak nalisir saking paugêran. Sinaosâ tumindak nisthâ ingkang sampun dipuntindakakên dening santrinipun, ananging Seh Amongrâgâ kanthi jujur, satriyâ ngakeni bilih mênikâ dados tanggêl

jawabipun Seh Amongrâgâ. Wasânâ Seh Amongrâgâ pikantuk paukuman saling rãjã minãngkã panguwaos. Pratelanipun kados ing ngandhap mênikã.

“ Amongrãgã amangsuli, dhuh Kyai sampunsandeyã, sampun kandhãdhã ing mangke, kathahing dosã manirã, anandhang kang pidãnã, kawêngku adiling ratu dadyã kamulyaning suksmã”

4) Sopan Santun

Budi pakarti sopan santun mujudaken tatacara ingkang ngatur pagesangan manungsa ing saben dinten kanthi sae temah sedayanipun lumampah kanthi lancar. Sopan santun saking têbung sopan ingkang têngêsipun sumêrêp ing tâtã krãmã (S. Prawiroatmodjo, 1994: 368) kaliyan santun ingkang têngêsipun pangandikan. Budi pakarti sopan santun nyakup patrap sãhã pocap ingkang ngugêmi tâtã krãmã ugi subã sitã. Sopan santun sajatosipun minãngkã tata cãrã ingkang ngatur pagêsangan manungsã ing sabên dintênipun murih sadâyãnipun lumampah kanthi lancar.botên wontên prakawis ingkang ngrêridhu inggih ing pamikir sãhã pangraos. Budi pakarti sopan santun lanandhêsan patrap, pocap ingkang prasãja ugi samidene ngaosi sãhã mapanakên samukawis wontên ing papan ingkang trêp.

A. Tabrani Rusyan, dkk (tt: 39-40) sukã tulãdhã ingkang prayogi dipungatosakên kangge mujudakên budi pakarti sopan santun. Inggih mênikã:

- a) Ngaosi tiyang sanes ingkang sampun tumindak sae dhumatêng kitã
- b) Sagêd mêmêr dukã ugi emosi sãhãbotên gampil runtik manahipun.
- c) Gadhah toleransi utawi ngajeni ing ngasanes sãhã sagêd nglarasakên dhiri wontên ing lingkungan papan dunungipun.

- d) Botên migatosakên dhiri pribadi,
- e) Tansah ngupiyâ damêl rêmênipun tiyang sanes,
- f) Botên ngginakakên kalênggahan, kawruh, utawi kasugihan kangge tumindak ingkangbotên sae,
- g) Botên ngugungakên kawidagdan, kaprawiran, kasulistyan,
- h) Botên bedakakên manungsâ adhêdhasar kalênggahan, kasugihan, katurunan, ugi warni kulit,
- i) Botên rêmên goroh,
- j) Purun nggatosakên tiyang sanes, sâhâ
- k) Purun micârâ ugi ngandharakên pamanggih sacârâ jujur, sâhâ kanthi cârâ ingkang lêrês ugi sae.

Tiyang tumindak linambaran budi pakarti sopan santun anggenipun nindakakên botên namung kangge tiyang sanes, ananging ingkang wigati kangge kasaenan dhiri murih gêsangipun sagêd sêkecâ, ayêm, têntrem. Sopan santun milâbotên dipunapalakên, ananging kêdah dipuncakakên wontên ing gêsang padintênan. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti têtmtu badhe ngaosi tiyang sanes. Tiyang mênikâ botên badhe damêl runtikipun tiyang sanes.

Wontên *layang Sasmitâ Titikâ* kapanggihakên pratelan ingkang nêdahakên patrap pocap ingkang kirang jangkêp budi pakartinipun sopan santun, têtamah nndadosakên runtiking panggali ugi risakipun pasêdherakan. Wondene pratelanipun makatên.

“Kâyâtâ maneh: wong ajak-ajak prêkârâ remeh yaiku yen anjagong mênyang tanggane diajak barêng wangsulane kang diajak kamanah rumiyin iku ugâ nelakake ora kadadiyan. Kang diwangsuli grênêngan ing batin prakârâ gampang gampang bae kathik kangelan têtên pamikire. Wong diajak

barêng anjagong iku rak mung gëlêm lan ora. Dadak sêmâyâ dipikir dhisik kêbangêtên têmên gone ahli piker. Apå pikire iku ora tau dianggo mikir, ing wêkasan tumêkaning gawe kang ngajak barêng ora sidå ngampiri sêbab wis anyêl. Dadi mung mangkat anjagong dhewe-dhewe. (kåcå 6)

Saking pratelan mênikå sagêd dipunmangêrtosi anggenipun patrap ugi pocap ingkang ndadosakên runtik ing manah. Patrap ugi pocap ingkang kirang nêngênakaen budi pakarti sopan santun. Wontên ing pratelan mênikå dipunparingi tulådha ingkang pråsajå. Bab njagong. Wontên gêsang bêbrayan masarakat Jåwå, tradhisi njagong kados dene sampun ambalung sumsum. Sabên-sabên wontên tiyang gadhah damêl (supitan, mantu, pacangan lan sanesipun) tanggå têpalih ugi sanak sadherek sami rawuh anjagong. Tradhisi njagong mênikå kêjawi sukå pambiyantu kangge ngentheng-enthengakên sasanggan, ananging ugi ngatingalakên kados pundi gêsang pasêdherekan.

Wontên ing cariyos mênikå namung prakawis pråsajå ndadosakên gêsang bêbrayan dados congkrah.. Tiyang dipunajak njagong mênikå namung njawab purun napå botên, dados botên pêrlu sêmâyå. Jawaban ingkang botên cêthå kanthi sêmâyå kanthi dipunpikir rumiyin mratandhani bilih tiyang mênikå sagêd damêl runtiking manah. Wêkasan anggenipun kêkancan ugi pasêdherekan botên sae.

Budi pakarti sopan santun ingkang dipungadhahi dening sabên tiyang sagêd dipunmangêrtosi anggenipun mocap ugi matrap. Sabên tiyang têtmtu gadhah pangajap sadâyå saolah bâwå ugi pocapan sagêd mranani tumrap tiyang sanes. Cårå supados pocap ingkang sagêd mranani tumrap tiyang sanes inggih mênikå kanthi ngginakakên bâså ingkang laras, lêrês, ugi santun. Baså ingkang laras têngêsipun bâså ingkang jumbuh kaliyan panganggenipun. Wontên ing swasånå kados mênåpå bâså mênikå prayogi dipunginakakên. Båså ingkang lêrês têngêsipun

báså ingkang cocok kaliyan parâmâsastranipun. Têgêsipun, jumbuh kaliyan pranatan báså mênikå. Salajêngipun santun, santun têtêgêsipun báså ingkang sagêd njagi harkat sâhå martabat kapribadenipun satêmah pangandikanipunbotên damêl sêngkêl manahipun tiyang sanes (Pranowo & Sri Ratna Saktimulya, 2017: 2-3).

Budi pakarti sopan santun milå mênawi katindakakên badhe damêl rêmênipun dhiri ugi tiyang sanes. Minangkå tulådha cariyos ingkang nêdahakên sopan santun ingkang sagêd damêl bombong ugi rêmênipun tiyang sanês inggih mênikå paraga Rapingun wontên ing cariyos “*Ngulandâra*” novel anggitanipun Margånå Djåjatmadjå. Wondene cariyosipun makatên.

“...sopiripun lajêng mandhap murugi oto ingkang mogok. Sanadyan wekdal samantên taksih grimis,botên karaosakên. Sarêng cêlak sopir lajêng taken têtêmbungipun andhap asor: “punåpåå ndåra kendêl mriki?” Priyantun jalêr lajêng mandhap saking oto lan maspadakakên dhatêng tiyang ingkang taken. Ing manah kewêden anggenipun badhe mangsuli, awit ingkang taken wau radi ngodêngakên manah. Sabab tiyangipun brêgas, tåtå kramanipun jangkêp. Yen kaanggêpå sopir limrahbotên pantês....”

Saking pêthikan cariyos mênikå mahyakakên bilih kanthi tåtåkråmå ingkang jangkêp ndadosakên tiyang ingkang mirêngakên punåpå dene mirêngakên rêmên. Kajawi mênika kanthi pocap sâhå patrap ingkang nêdahakên jangkêpipun sopan santun ndadosakên tiyang sanês ugi thukul raos kangge ngaosi. Dados thukul raos kurmat-kinormatan. Kangge mujudakên budi pakarti sopan santun milå dipunbêtahakên watak lêmbeh manah ugi andhap asor. Wontên ing gêsang tiyang Jåwå, ungkapan *lêmbeh manah andhap asor* rakêt sangêt gayutanipun kaliyan njagi hubungan sacåra sosial kaliyan tiyang sanes. Ungkapan mênika dumados saking rêroncening têtêmbung lêmbeh ingkang têtêgêsipun rêndhah utawi êndhek; manah têtêgêsipun ati; andhap asor têtêgêsipun botên kumalungkung utawi jumåwå.

Nalika ngikêt tangsul pasêdherakan ugi njagi anggenipun kêkadangan milå sikap lêmbeh manah sâhå andhap asor kêdah dipunudi. Etika tiyang Jåwå sukå paugêran bilih manungsa prayogi nêbihi sikap jumåwå, kumalungkung lan patrap-patrap botên sae sanesipun. Kanthi nebihi tumindak ingkangbotên sae mênikå, tangsul kêkadangan ugi pasêdherekan badhe lêstantun. Sadâyå mênikå minangkå landhêsan kangge mujudakên budi pakarti sopan santun wontên ing gêsang; inggih gêsang sacårå pribadi punåpadene gêsang wontên ing madyaning masarakat

5) *Ngromaosi Mênawi Lêpat*

Budi pakarti ngrumaosi lepat nalikå tumindakipun nalisir saking paugêran mujudakên mawas dhiri saking tumindak ingkang sampun dipuntindakakên, têngêsipun nyadhari sâhå ngakêni bilih patrapipun bedå kaliyan *nilaimoral* wontên ing madyaning masyarakat. Kangge mangêrtosi bilih ingkang katindakakên mênikå lêpat utawi lérês pramilå kêdah mangêrtosi kawontênan-kawontênan kados mênikå:

- a) Sadhar kanthi saestu bilih wontên paugêran-paugêran tærtamtu ingkang lumampah wontên ing masarakat,
- b) Nampi kêwajiban, sâhå sagêd ngêndhaleni patrap, tumindak laras kaliyan standar ingkang sampun dipuntampi,
- c) Ngrumaosi gadhah tanggêl jawab awit sadayå tumindak nalisir saking standar kasêbat sâhå ngakêni kalêpatanipun awit sadâyå tumindak ingkang sampun dipunlampahi,
- d) Pêrlu sangêt gadhah kagunan kangge mbiji dhiri pribadi,

- e) Asring nindakakên mawas dhiri murih sagêd tumindak sâhâ nglampahi prakawis-prakawis wontên ing margi ingkang lêtês (A. Tabrani Rusyan, dkk, tt: 44-45)

Ngrumaosi lêpat awit tumindak ingkang sampun nalisir saking paugêran ugi nukulakên raos lingsêm wontên ing dhirinipun. Ngrumaosi lêpat sâhâ raos lingsêm dados piranti ingkang sae kangge njagi larasipun patrap kaliyan *nilaimoral* ingkang lumampah wontên ing masarakat.

Ngrumaosi lêpat ugi lingsêm kangge gaman mujudakên gêsang ayêm sâhâ têtêrêm. Nalikâ manungsâ gadhah budi pakarti ngrumaosi lêpat nalikâ patrap, pocapanipun nalisir saking paugêran ugi gadhah raos lingsêm nalikâ nindakakên sadâyâ mênikâ sagêd dados pancadan kangge gêsang ingkang langkung sae. Kanthi gadhah raos lêpat ugi raos lingsêm nalikâ tumindakipun nalisir mênikâ nêdahakên bilih tiyang mênikâ kwawi njagi patrap ingkangbotên sae lan nindakakên ingkang sae, satêmah manungsâ kaajab sagêd tumindak kanthi sae lan lêtês wontên ing pagêsangan padintênan. Kanthi gadhah budi pakarti ngrumaosi lêpat sâhâ lingsêm nalikâ tumindak botên sae, tiyang-tiyang têtmtu badhe sami ngatos-atos salêbêtipun mocap, tumindak wontên ing gêsangipun. Ngrumaosi lêpat ugi rumaos lingsêm mujudakên kasadharan budi luhur ingkang sagêd nndadosakên patrap ingkang katindakakên tumuju dhumatêng norma ingkang lumampah wontên ing masarakat.

Budi pakarti ngrumaosi lêpat nalikâ tumindakipun nalisir saking paugêran milâ mbêtahakên manah ingkang dhadhag. Awit,botên gampil manungsâ mênikâ nglênggânâ saking tumindakipun ingkang botên lêtês. Kathah tiyang

ingkangbotên rêmên dipunlêpatakên sinaosâ mênâpâ ingkang dipuntindakakên milâ botên lêrês. Bab mênikâ kêdah dipunbêtahakên eling sâhâ waspâdâ murih mênâpâ ingkang katindakakên kêbak ing pangatos-atos. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* kapanggihakên pratelan ingkang nêdahakên budi pakarti ngrumaosi lêpat nalikâ tumindakipun nalisir saking paugêran ingkang lêrês. Wondene pratelanipun kados makatên.

“Yen wis kâyâ mangkono manungsâ kudu yitnâ ngandhêgi karêpe. Ajâ nganti nglalu kabanjur lali balik dienggal adus sagêbyur esuk sore ajâ nganti kêndhat supâyâ bisâ ngangkat ngênthêling kaengêtan rumangsâ yen manungsâ kasinungan apês. Mulane kang prayogâ banjur tobat. Nêlângsâ nyuwun pangapurâ” (kacâ 9)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmaknani bilih kangge mêpêr tumindak ingkangbotên sae; tumindak nisthâ manungsâ kêdah tansah prayitnâ lanbotên nilar ing wêwekâ. Awit mênawi tumindak mênikâ dipunjarakên kemawon sagêd ndadosakên prakawis ingkangbotên sae. Pratêlan mênikâ ugi sukâ piwucal supados tumindak ingkang nalisir saking paugêran mênika enggal dipunrêsiki. Mênawi tumindakipun estu sagêd damêl kasangsaranipun tiyang sanes prayogi enggal nyuwun pangapuntên. Manungsâ ingkang gadhah budi pakarti ngrumaosi lêpat nalikâ tumindakipun nalisir saking paugêran têtmtu sadhar bilih sâpâ nandur bakal ngundhuh.

Kadhangkâlâ kanthi têtêmbungan sâpâ sirâ sâpâ ingsun ndadosakên manungsâbotên purun nglênggânâ pocap, patrapipun ingkangbotên lêrês. Tiyang ingkang kados mênikâ têtmtubotên mangêrtos maknâ saking unen-unen tiyang Jâwâ bilih “Sâpâ Salah Seleh”. Têtêmbungan mênikâ sajatosipun kangge sukâ pemut dhumatêng sok sintênâ kemawon supados sagêd ngêndhaleni dhiri saking

tumindak nisthå. Såpå salah seleh sukå piwucal bilih sintên ingkang tumindak salah utawi lêpat têtntu badhe nampi pituwas saking tumindakipun mênikå. Unen-unen såpå salah seleh milå sagêd mêmêr raos mangkêl, anyêl awit tumindak ingkangbotên sae dhumatêng dhiri. Minångkå tulådha såpå salah seleh; tiyang ingkang tumindak nyolong sagêd kemawon selak saking pandakwå kanthi pawadanbotên wontên sêksi ugi bukti ananging wontên ing gêsangipun tiyang Jåwå yakin bilih Gustibotên sare. Tiyang sagêd selak saking pandakwanipun tiyang sanes, ananging Gusti Mãhå Mangêrtos. Gusti Allah têtntu badhe paring pemet dhumatêng tiyang mênikå, wujudipun gumatung kêsanipun Gusti Allah.

Tiyang ingkang tumindak lêpat prayogi enggal dipunemutakên, awit mênawi sampun dados pakulinan, tiyang mênikå nganggêp bilih tumindak ingkang sêjatosipun lêpat dipunanggêp tumindak ingkang lêrês. Bab mênikå kados ingkang kacêthå wontên ing sêkar mãcåpat pupuh gambuh, mênggah pratelanipun makatên. “ *Sêkar gambuh ping catur, kang cinatur polah kang kalantur, tanpå tutur katulå-tulå katali, kadaluwarså kpatuh, katlêtuh pan dadi awon*”. Sêkar mênikå sukå pemet dhumatêng sok sintênå kemawon bilih tumindakbotên sae milå kêdah dipunemutakên. Awit mênawi dados pakulinan lanbotên enggal kaemutakên mênikå dados padatan ingkangbotên sae. Wasåna nndadosakên parakawis ingkangbotên sae. Jumbuh kaliyan sêkar ing nginggil, sêkar gambuh sanesipun ugi sukå pemet dhumatêng tumindak ingkang botên sae. Wondene pratelanipun makatên. “ *yen mbêrung andalarung, anuruti polah kang tan urus, ra orane biså têntrem jroning urip, dhêstun malah såya kuwur, jroning nala tan gumolong*”. Kadosdene sêkar gambuh ingkang kapisan, sêkar gambuh

kaping kaling sukå pmut dhumatêng tumindak ingkang sae. Tumindak nistha;botên sae kanthi nuruti pikajêngan ingkang awon nndadosakên gêsangbotên têntrem,botên sakecå. Kanthi tumindak awon kangge mbujêng kêkajêngan ingkang nistha nndadosakên manah sangsâyå kuwur,botên nêntremakên têmah wontên ing manah ugibotên sagêd tumêmên anggenipun nglampahi gêsang.

Budi pakarti ngrumaosi lêpat ugi lingsêm nalikå tumindakipun nalisir saking paugêran nndadosakên manah dados têntrem, awitbotên wontên sasanggan ingkang sagêd nndadosakên manahbotên jênjêm. Milå, prayogi nalikå tumindak lêpat den enggal nglênggånå kalêpatanipun, enggal nyuwun pangapuntên salajêngipun wontên ing manah gadhah tekadbotên badhe nindakakên tumindak ingkang nalisir mênikå.

6) Têlaten

Budi pakarti têlaten inggih mênikå satunggaling pêrilaku kanthi ngati-ati utawi cêrmat sårå saksåmå dhumatêng satunggaling bab, inggih dhumatêng satunggaling pakaryan utawi satunggaling kêgiyatan. Hasil saking pêrilaku mênikå badhe nuwuhakên raos rêmên utawi ngrêmênakên (A. Tabrani Rusyan,dkk. Tt: 57-58). Mênggah tandhanipun tiyang ingkang gadhah budi pakarti têlaten inggih mênikå:

- a) Cêrmat nalikå sumêrêp satunggaling bab, inggih mênikå sagêd manggihakên bab-bab ingkang sagêd damêl tunanipun dhiri punåpadene tiyang sanes,

- b) Tansah manggihakên kawilujêngan nalikå nindakakên satunggaling pakaryan. Nalikå nindakakên satunggaling pakaryan, anggenipun nindakakên kanthi lèrês sàhå sae.

WJS. Poewadarminta, (1939: 609) sukå andharan bilih têmbung tlaten têngêsipun nindakakên mênåpå kemawon tansah taberi sàhå sabar.

Wontên pagêsangan manungså sagêd kapanggihakên wujud-wujud budi pakarti têlaten, antawisipun inggih mênikå:

- a) Têlaten anggenipun sinau
- b) Têlaten anggenipun nyambut damêl
- c) Têlaten nalikå pados satunggaling barang
- d) Têlaten anggenipun nindakakên pakaryan, lsp.

Nalikå tiyang anggenipun nindakakên satunggaling ayahan dipunlandhêsi budi pakarti têlaten têmtu asilipun ugi sae. Kosok wangsulipun mênawibotên dipunlandhêsi budi pakarti têlaten asilipunbotên sae têtah nndadosakên kuciwå tumrap dhiri punåpådene tiyang sanes.

Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* dipunpanggihakên pratelan ingkang nêdahakên patrap manungså ingkangbotên linandhêsan budi pakarti têlaten. Wondene pratelanipun kados makatên.

“*Kåyåtå wong arêp lêlungan luru panggaweyan pikire mangu-mangu gå arêp mangkat gå ora dumadakan lakune dadi kangelan ånå bae pangkalane*”(kåcå 5)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmaknani bilih sabên-sabên tiyang kêdah gadhah pakarti têlaten nalikå badhe nindakakên satunggaling ayahan.

Nalikå badhe nindakakên satunggaling pakaryan sampun ngantos manahipun mangu-mangu, botên yakin. Tiyang badhe nyambut damêl prayoganipun kinanthenan raos tanggêl jawab, ugi manah madhêp mantêp. Awit nalikå satunggaling pakaryan mênikåbotên linandhêsan budi pakarti têlaten badhe nndadosakên pêpalang satêmah asilipunbotên sae.

Kangge nyêkapi kabêtahan, manungså milå kêdah nyambut damêl. Nyambut damêl mênåpå kemawon ugêr botên nalisir saking karsanipun Gusti têtmtu sae. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti têlaten badhe nglêlimbang sadâyå pakaryanipun kanthi cêrmat satêmah nndadosakên bombonging manah tumrap tiyang sanes. Tiyang têlaten anggenipun nyambut damêlbotên grusa grusu. Tiyang têlaten padatan anggenipun makaryå kinanthenan watak jujur. Tiyang ingkang têlaten ugi jujurbotên gampil kenging pambujuking patrap ingkang botên sae; patrap nisthå. Sinaoså dipuniming-imingi pikantuk bêbanå ingkang agêng, ananging mênawi botên sae têtmtu inggih botên badhe dipun tampi.

Kangge nggayuh asil ingkang sae ugi damêl rêmêning manahbotên namung dhiri ananging ugi tiyang sanes milå sadâyå pakaryan kêdah dipuntindakakên kanthi têlaten, jujur ugi tansah srêgêp såhå tumêmên. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kapanggihakên pratelan ingkang nêdahakên pakarti srêgêp ugi tumêmên. Srêgêp såhå tumêmên nalikå makaryå asilipun ugi badhe sae. Wondene pratelanipun kados makatên.

“1) *Anduweni kawêkêlan*” (*kåcå 10*)

Têmbung wêkêl têngêsipun srêgêp sartå tumêmên (WJS. Poerwadarminta, 1939: 660). Wontên ing pagêsangan tiyang Jåwå kapanggihakên sêsanti gêmî

sêtiti ngati ati. Sêsanti mênikå sukå pitutur dhumatêng sok sintêna kemawon nalikå nindakakên pakaryan prayogi linambaran gêmi atêgês botên ngêbreh; botên sok. Sabên-sabên ngêdalakên artå dipunlêlimbang saestu. Mênawi botên wontên ginanipun têmtu botên badhe diputumbas. Sêtiti ngati ati nêdahakên patrap ingkang kêbak ing pangatos-atos. Sêsanti gêmi sêtiti ngati ati ugi ngajak dhumatêng sok sintêna kemawon supados nalikå tumindak wontên ing pakaryan ugi kêdah kêbak ing kawicaksanan. Watak wicaksana nêbihakên manungså tumindak culikå ugi nisthå. Budi pakarti têlaten, jujur, srêgêp linandhêsan tumêmên ugi kaandharakên wontên ing *sêrat Sånå Sunu* pupuh dhandhanggulå pådå 20 sårå 21. Wondênê pratelanipun makatên.

Pådå 20:

“ sangklaning artå yen tan prayogi, away arsa sanadyan kathah, yen durung sah away pinêt, sathithik yen panuju, den pakolih amburu asil, liring pakoling ingkang, sah têrang ing kukum, tuwin ta wêwêkas ing wang, yen akasap mrip upå jiwå ngaurip, aywå nganakkên artå ”

Pådå 21:

“ Nora arus nadyå enggal sugih, ing wasånå sirå nêmu pårå, kapan nora warise, saking pårå luluhur, kasab iku ingkang utami, among tani sasawah, gagå ananandhur, akeh warnaning ngakasab, lakonana den taberi den nastiti, abot wong golek papan

Saking pethikan sêkar mênikå kawahyakakên bilih sadâyå manungså kêdah emut nalikå artå dipungayuh kanthi carå-carå ingkang botên lêrês prayogi botên dipuntampi sinaoså pikantuk asil kathah. Dipunpituturakên ugi bilih nalikå nyambut damêl kêdah katindakakên kanthi taberi, srêgêp sårå tumêmên. Budi pakarti têlaten inggih mênikå satunggaling pêrilaku kanthi ngati-ati utawi cêrmat sårå saksåmå dhumatêng satunggaling bab, inggih dhumatêng satunggaling

pakaryan utawi satunggaling kêgiyatan. Hasil saking pêrilaku mênikå badhe nuwuhakên raos rêmên utawi ngrêmênakên. Pramila sok sintênå kemawon, nalikå nindakakên satunggaling ayahan kêdah linambaran pakarti têlaten, jujur, srêgêp sårå tumêmên. Kanthi mênikå asiling pakaryan têtmtu badhê sae lan ndadosakên marêmipun dhiri punåpådene tiyang sanes.

7) *Gêmi*

Budi pakarti gêmi têtgêsipun kêbak ing pangatos-atos nalikå ngginakakên satunggaling bab sagêd artå, wêkdal utawi sanesipun. Wontên gêsang padintênan prayogi sabên manungså anggenipun nglampahi kanthi prasåjå. Prasåjå wontên mrikibotên atêgês mênging tiyang kangge gêsang sugih. Ananging, gêsangbotên mubra-mubru. Sabên manungså milå dipunajak supados sagêd ngupiyå gêsang supados sagêd kacêkapan. Lampahipun kados pundi, têtmtu kemawon srånå nyambut damêl. Kanthi nyambut damêl sårå angangsalakên asil, têtmtu sadåyå panjangkå sagêd kasêmbadan. Ananging kanthi artå utawi asil saking nyambut damêl mênikå dipunajab sagêd dipuncakakên kanthi kêbak ing pangatos-atos. Langkung malih dipunajap kitå ugibotên nglirwakakên dhumatêng sadherek sakiwå têngên ingkang taksih gêsang sarwå sarwi kêkirangan.

Wontên gêsang bêbrayan ing masarakat asring kapanggihakên sêsanti “*Hemat Pangkal Kaya*”. Sêsanti mênikå ngajak supados anggenipun ngêcakakên asil saking nyambut damêl katindakakên kanthi gêmi. Awit kanthi gêmi nndadosakên sadåyå pêpenginan sagêd kasêmbadan. Gêmi milå bedå kaliyan pêlit. Gêmi mênikå ngêcakakên kanthi kêbak ing pangatos-atos sårå panglimbang, ananging mênawi pêlit mênikå watak ingkangbotên sae. Tiyang gêmibotên tegå

nalikå ningali tanggå sakiwå têngênipun nandhang kakirangan. Kosok wangsulipun tiyang pêlit nalikå sumêrêp tanggå kiwå têngênipun nandhang kacingkrangan, sinaoså gadhah artå kathah têtêp kemawonbotên pengin sukå pambiyantu. Patrap gêmi sagêd katindakakên sadâyå manungså.

Miturut A. Rusyan Tabrani, dkk,(tt: 61) tandhå tandhanipun tiyang ingkang gadhah budi pakarti gêmi inggih mênikå:

- a) Nalikå mblanjakên artanipun laras kaliyan kabêtahan,
- b) Botên mubra-mubru anggenipun ngêcakakên artå langkung-langkung namung kangge amburu *gensis*,
- c) Botên mbanjakakên artå kangge tumbas barang ingkang sakintênipunbotên dipunginakakên,
- d) Botên rêmên jajan, artå dipunsimpên utawi dipuntabung.

Tiyang ingkang gadhah budi pakarti gêmi têmtu anggenipun ngêcakakên artåbotên badhe nglangkungi pamêdalipun. Awit mênawi mênikå katindakakên têmtubotên bakal sae tundhanipun. Wontên sêsanti “ *Besar Pasak Daripada Tiang*”. Sêsanti mênikå sukå pemit dhumatêng sok sintênå kemawon nalikå ngêcakakên artå sampun ngantos nglangkungi pamêdalipun. Mênawi ngantos nglakungi pamêdalipun wasånå kangge nyêkapi kabêtahan sanesipun têmtu badhe pados sambutan dhatêng pundi-pundi. Mênawi sampun kêkathahên sambutan têmtu gêsang dadosbotên sêkecå,botên têntrêm lan manahipun kêbak ing was sumêlang. Pramilå kangge ngawekani prakawis mênika, prayogi sabên tiyang sampun ngantos nilar ing kaprayitnan. Tiyang kédah sagêd ngêndhaleni dhiri

supadosbotên kajêgur wontên ing gêsang kêbak kasangsaran amargibotên gadhah budi pakarti gêmi.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*, kapanggihakên pratelan ingkang sagêd dipunmaknani minangkâ wujud pemuat dhumatêng sok sintênâ kemawon supados sagêd tansah prayitnâ ugi ngêndhaleni pikajêngan. Wondene pratelanipun kados makatên.

“...*Yen wis kâyâ mangkono manungsâ kudu yitnâ ngandhêgi karêpe*” (kâcâ 9)

Saking pratelan mênikâ sagêd dipun maknani bilih kêkajêngan milâ kêdah dipunturuti, ananging mênawi botên wontên manfaatipun prayogi dipunsingkiri. Manungsâ sampun ngantos nilar kaprayitnan. Kêdah emut kawontênan dhiri ugi sakiwâ têngênipun. Kadhangkâlâ nalikâ pikantuk artâ utawi rêjêki ingkang langkung, asring manungsâ kêsupen dhumatêng ingkang paring. Manungsâ ugi kêsupen dhumatêng sanak sadherek, tanggâ têpaling ingkang taksih nandhang kakirangan. Pramilâ saking mênikâ sadâyâ kêkajêngan ingkangbotên wontên pigunanipun prayogi dipunsingkiri. Manungsâ kêdah sagêd mêtêp hâwâ nêpsu. Kangge mujudakên watak ingkang sagêd ngêndhaleni dhiri tumrap panggodhanipun gêbyaring donyâ, dipun bêtahakên lantiping pamikir sâhâ lantiping pangraos. Bab mênikâ ugi kamot wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* supados sok sintênâ manungsâ gadhah kalantipan.

“.....

2. *Anduweni kalantipan*” (kâcâ 10)

Budi pakarti gêmi milâ kêdah linambaran lantip ing pamikir sâhâ lantip ing pangraos. Suwardi Endraswara (2013) sukâ têngês prakawis mênikâ kanthi

manungså k dah eling s h  wasp d . Eling lan wasp d  nndadosak n k sadharan dhiri murih tumindak kanthi k bak ing pangatos-atos. Tiyang ingkangbot n gadhah budi pakarti g mi, g sangipun k bak ing p penginan; tansah ng breh. M nawi patrap manungså ingkang kados makat nbot n kaemutak n ing t mbe g sangipun sag d nglirwakak n kuwajibanipun. K wajiban dhumat ng dhiri, masarakat, ugi k wajiban dhumat ng b ngs  tuwin nagari. Kangge p peling supados manungså tansah emut bilih g sang m nik  sampun ngantos mbuj ng barang kadonyan. Ananging ugi k dah emut bilih manungså bot n langg ng. Manungså badhe n mahi p p jah, kados cak pan s kar Asm r d n  B w r ga m nik , “ *Pom -poma w kas mami, anak putu  j  len ,  j  katungkul uripe, lan  j  duwe kar man, marang p paes dony , siyang dalu dipunemut, yen urip manggih hant k *”.

Wont n ing cak pan s kar m nik  ngemutak n dhumat ng sok sint n  kemawon supados sampun ngantos buj ng endahing dony ; g byaring jagad. Mbuj ng kar m nan r g  ingkang s jatosipunbot n tum nj . Wont n cak pan m nik  ugi caos p peling bilih g byaring dony , endahing jagad sipatipun namung saunt r . Manungså badhe manggih p jah.

S pisan malih mil  budi pakarti g mi badhe nndadosak n manungså wicaks n . Wicaks n  anggenipun mikir ugi wicaks n  anggenipun tumindak. Kanthi g sang k bak ing pangatos-atos linambaran kawicaksanan t mtu badhe ndadosak n bingahing dhiri ugi sasami. J r sadaya m nik  kangge karyenak tyasing sasama.

8) *Tanggung jawab*

Wontên ing perangan *religius, nasionalis*, sâhâ gotong royong babagan budi pakarti tanggung jawab sampun dipunrêmbag. Dipunandharakên budi pakarti tanggêl jawab gayutanipun kaliyan *karaktêr religius*, tanggêl jawab gayutanipun kaliyan *karaktêr nasionalis*, sâhâ tanggêl jawab gayutanipun kaliyan gotong-royong. Wontên ing pirêmbagan mênikâ badhe dipunandharakên budi pakarti tanggêl jawab gayutanipun kaliyan *karaktêr intêgritas*.

Miturut Sutrisnâ Wibawâ (2013: 135), bilih budi pakarti tanggêl jawab inggih mênikâ kêwajiban nanggêl sadâyâ patrap ingkang dipuntindakakên dening tiyang sampun laras kaliyan kodrat manungsâ. Wantun tanggêl jawab têngêsipun bilih manungsâ wantun nêmtokakên, wantun mêsthekakên, bilih tumindakipun mênikâ sampun laras kaliyan tuntutan kodrat manungsâ sâhâ namung amargi kodrat, patrap mênikâ dipuntindakakên.

Miturut Poedjawijatna (1982), budi pakarti tanggêl jawab mênika rakêt gayutanipun kaliyan prakawis ingkang kajarang. Tiyang kêdah wantun tanggêl jawab dhumatêng tumindakipun ingkang dipunjarag. Bab mênikâ atêgês bilih manungsâ kêdah sagêd ngaturakên kanthi blâkâ dhatêng nuranipun, bilih tumindakipun laras kaliyan tuntutan nuranipun. Tanggêl jawab inggih mênikâ kêyakinan bilih pocap sâhâ patrapipun mênikâ sae.

Salajêngipun Frans Magnis Susena lumantar Sutrisna Wibawa (2013: 136) ngandharakên bilih tanggêl jawab têngêsipun (1) sumadiyâ kangge nindakakên mênâpâ kemawon ingkang kêdahipun dipuntindakakên kanthi saksae-saenipun.

Budi pakarti tanggel jawab inggih mênikå *sikap* sâhå patrap satunggaling tiyang gêsang kangge nindakakên jêjibahan sâhå kuwajiban ingkang kêdahipun dipuntindakakên tumrap dhiri pribadi, masarakat, lingkungan (lingkungan, *sosial*, sâhå budâyå), nagari, sâhå Gusti Inkang Mâhå Agung. Gadhah budi pakarti tanggêl jawab atêgês satunggaling sikap dhumatêng tugas ingkang dipunparingakên lan kaikêt kangge ngrampungakên tugas mênikå. (2) sikap tanggêl jawab nglangkungi sadâyå etika paugêran (3) wawasan tiyang ingkang sumadiyå kangge tumindak tanggêl jawab ingkang sacârå prinsipial tanpå watês. Kanthi andharan mênikå, bilih budi pakarti gadhah watak tanggêl jawab badhe tumindak kanthi têmên-têmên. Nalika nindakakên sadâyå tugas badhe dipuntindakakên kanthi têmên.

Budi pakarti tanggêl jawab inggih mênikå wantun ndhadhagi sadâyå prakawis ingkang thukul amargi patrap, pocap sâhå tumindakipun. Tiyang ingkang gadhah *karaktêr* tanggêl jawab linambaran intêgritas ingkang saestu inggil têmtu badhe nampi sadâyå resiko ingkang dipunsêbabakên saking pocap, patrap sâhå tumindakipun. Tiyang ingkang gadhah *intêgritas* wontên ing babagan tanggêl jawab sâdâya pocapan tansah patitis; ngêmot têgês. Pocapanipun sagêd dipunpitados dening sok sintênå kemawon. Kêjawi mênikå, tiyang ingkang gadhah budi pakarti tanggêl jawab sâhå intêgritasipun inggil, sadâyå tumindak, gagasan punåpådene pucapanipun tansah jujur.botên wontên ingkang dipunsidhêm. Tindak-tandukipun ugi kêbak ing pangatos-atos. Pikiran, pangraos, pocapanbotên nalisir saking paugêran. Kajawi saking mênikå, tiyang ingkang gadhah tanggêl jawab solah bawanipun tansah antêng, manthêng;botên goreh.

Kosok wangsulipun tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti tanggêl jawab linambaran intêgritas têmtu pocapanipun tansah nggladrah;botên wontên kasunyatanipun. Bêbasan kakehan gludhuk kurang udan. Tumindakaipun tansahbotên sae, pocap, patrap ugi gagasanipun tansahbotên jujur, tumindakipun kêbak ing patrap ingkang nalisir saking paugêran. Kêjawi mênikå salah bawanipun ugi tansah goreh,botên antêp punâpådene mantêp.

Budi pakarti tanggêl jawab ingkang wontên gayutanipun kaliyan *karaktêr ingtêgritas* sagêd dipunpanggihakên wontên ing *layang Sasmitå Titikå*, wondene pratelanipun kados makatên.

- “ 1).....
2). *Pangucape ora patitis, tansah anggladrah tânpå tumanjå*
3). *Pratingkahe ambalask tansah ora jujur*
4). *Lakune tansah salewengan*
5). *Linggihe moyeg tansah ora jênjêm” (kåcå 8)*

Saking pratelan menikå nêdakahakên patrap tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti tanggêl jawab. Pocap, patrap ugi salah bâwå ingkangbotên sae. Tiyang ingkang tunå ing tanggêl jawab miturut layang Sasmitå Titikå dipuntandhani kanthi; Pangucape ora patitis, tansah anggladrah tânpå tumanjå, Pratingkahe ambalask tansah ora jujur, Lakune tansah salewengan sâhå Linggihe moyeg tansah ora jênjêm. Kajawi saking pocap, patrap, salah bâwå ingkangbotên sae, pranyåtå tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti tanggêl jawab ing gagasan sâhå pikajêganipun ugi nêdahakên bab ingkang botên sae. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå*, gagasan sâhå pikajêgan ingkang nêdahakên tiyangbotên gadhah budi pakarti tanggêl jawab pratelanipun kados makatên.

“...*karêpe mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwâ, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pâdhâ kasingkur*” (kacå 8)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmangêrtosi bilih tiyang ingkangbotên gadhah *karaktêr* tanggêl jawab linambaran *karaktêr* intêgritas gagasan sâhå pikajênganipun tansahbotên sae. Tiyang mênikåbotên maelu dhumatêng sadâyå pitutur sae. Inggih pitutur saking tiyang sêpuh, tiyang sanes punåpådene piwucal ingkang kamot wontên kitab-kitab . sadâyå kasaenan ingkang dipunpituturakenbotên dipuntampi. Sadâyå dipunsêpelekakên.

Tiyang ingkang gadhah budi pakarti tanggêl jawab linambaran *intêgritas* sinaoså dipundamêl kuciwå dênning tiyang sanes, ananging botên ndadosakên raos sêngit wontên ing manahipun. Tiyang ingkang damêl sêrik manahipun kapårå têtêp dipunbelani, dipuntrêsni. Botên gampil nrêsni tiyang sanes ingkang sampun damêl sêdhih ugi runtiking manah. Ananging, tiyang ingkang gadhah tanggêl jawab ugi *intêgritas* botên mênggalih babagan mênikå lan kanthi tulus badhe sukå pangapuntên ugi tansah nrêsni.

Wontên ing novêl kanthi irah-irahan “ *Panggodhaning Iblis*” sêratanipun Any Asmara (1964) dipuncariyosakên bab prakawis mênikå. Wondene cariyosipun makatên.

“ *Mulyono kaliyan Sunarti mênikå kêkancan wiwit saking sêkolah wontên ing SPG. Kêkalhipun sêjatosipun samidene gadhah raos trêsni antawis sêtunggal kaliyan sêtunggalipun. Ananging pranyata tiyang sêpuhipun Sunartibotên sarujuk sêsambêtan trêsni mênikå, jalaran Mulyono tiyang ingkang mlarat. Mulyono milå anakipun råndhå ingkang dipuntilar pêjah garwanipun. Kêjawi mênikå R. Djodigdo; bapakipun Sunarti langkung sarujuk kaliyan Darmono. Darmono mênikå putranipun juragan bathik, dados turunanipun tiyang sugih. Ananging watakipun Darmonobotên sae.*”

Awit pambujukipun R. Djodigdo, Sunarti dados malik sêngit ingkang ngigit igit dhumatêng Mulyono. Saben-saben kêpanggih Mulyono, Sunarti tansah nêdahakên raosbotên rêmên. Asring Mulyono ngemutakên Sunarti mênggah watakipun Darmono. Sadâyâ kupiyâ kangge ngemutakên tansah dipuntampi kanthi kêbak ing raos sêngit. Sinaosâ asring dipundamêl sêrik dening Sunarti, Mulyono têtêpbotên rilâ mênawi Sunarti dados kurban hâwâ nêpsunipun Darmono. Tekadipun Mulyono têtêp badhe njagi Sunarti. Satunggaling dintên wontên kêdadosan ingkang mênawibotên dipuntulungi dening Mulyono, Sunarti badhe nandhang wirang ingang agêng. Darmono pengin ngrudâpêksâ Sunarti kanthi ngancam mênawi Sunartibotên dipunlanggati badhe dipunpêjahi. Rahayunipun wontên Mulyono ingkang sagêd nulungi Sunarti. Darmono kaliyan Mulyono dados pãncâkârâ, wasânâ Darmono ngajal kenging glathinipun piyambak. Mulyono dipuntahan dening pihak polisi. Wontên ing pêsidhangan Mulyono dipunbebasakên awitbotên kiyat buktinipun. Wasânâ Sunarti sadhar lan dados sêtunggal kaliyan Mulyono mbangun brayat”

Saking cariyos mênikâ sagêd dipunpêndhêt pitutur bilih tanggêl jawab bêtahakên jiwâ wantun kêkorban. Tanggêl jawab mênikâ ngêmot resiko. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti tanggêl jawab têtmtu wantun ndhadhagi sadâyâ resiko mênikâ. Langkung-langkung tanggêl jawab mênikâ kinanthenan raos tulus kangge mbiyantu tiyang sanes. Bab mênikâ têtmtu badhê damêl marêming dhiri ugi rêmêning tiyang sanes..

9) Sêngkud

Wontên ing nginggil sampun dipunrêmbag budi pakarti sêngkud gayutanipun kaliyan *karaktêr religius, nasionalis* sâhâ gotong royong. Wontên ing pirêmbagan mênikâ badhe dipunandharakên budi pakarti sêngkud gayutipun kaliyan *intêgritas*.

Budi pakarti sêngkud mujudakên pêrilaku manungsâ ingkang aktip sâhâ dipunsêngkuyung dening grêgêt ingkang makantar-kantar, boten loyo, saha kesed,

cirinipun; (a) botên ngundur kanthi ngulur pakaryan, (b) ngginakakên wekdal kanthi sae, botên kakehan omong tanpa asil, (c) ngginakaken wêkdal kanthi optimal sâhâ maksimal, (d) nyambut damêl kanthi têliti, têrtib, sâhâ têratur dipunkantheni grêgêd ingkang makantar-kantar. Budi pakarti sêngkud rakêt sangêt kaliyan têmbung *Etos kerja*. *Etos kerja* inggih mênikâsikap sâhâ tumindak ingkang gêsang ingkang nêdahakên grêgêt sâhâ estu anggenipun nindakakên satunggaling pakaryan.

Budi pakarti sêngkud nêdahakên tumindak ingkang kêbak ing pangati-ati ananging kangge ngudi asil ingkang paling sae. Tiyang ingkang gadhah watak sêngkud botên namung fokus dhumatêng hasil, ananging ugi dhatêng proses.

Budi pakarti sêngkud wigatos sangêt dipuntindakakên awit kanthi sêngkud, (1) sagêd nêdahakên potensi dhisi sacârâ maksimal, (2) sagêd ngewahi nasib supados langkung sae, (3) nêdahakên sikap tanggêl jawab tumrap dhiri pribadi, tiyang sanes punâpâdene lingkunganipun, (4) sagêd nggayuh kamandhirian lan botên dados sangganipun tiyang sanes, (5) nêdahakên cêcawis supados sagêd nggayuh gêsang ingkang langkung sae ing wêkdal salajêngipun.

Tiyang ingkang gadhah budi pakarti sêngkud têtmu kemawon tansah nindakakên rancangan sâhâ kupiyâ ingkang tumêmên ing gêsangipun anggenipun nindakakên samukawis pakaryan dipuntindakakên kanthi kêncênging tekad. Pikajênganipun kiyat kangge nggayuh mênâpâ ingkang dipunpengini. Sabên nindakakên pakaryan tansah linambaran targêt ingkang badhe dipungayuh. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti sêngkud anggenipun makaryâ tansah fokus. botên

minggrang minggring. Wontên ing *layang Sasmitå Titikå* budi pakarti sêngkud mênikå sagêd dipunpanggihakên. Wondene pratelanipun kados makatên.

“.....*menawa kecarepan kang grag greg mungil mungil, sarta ikras ikris ora kentheng mantheng sawiji iku iya dadi nglingkunganat bakal ora pakoleh*”
(*kåcå 5*)

Kajawi kêkajêngan ingkang kiyat, kêncêng, manthêng linambaran nggayuh targêt ingkang badhe dipunwujudakên, budi pakarti sêngkud ugi nêdahakên antêping tekad. Sabên nindakakên pakaryan tansah katindakakên kanthi tumêmên botên sêmbrånå. Awit mênawi pakaryan katindakakên kanthi sêmbrånå têtmu asilipun botên sae. Prakawis nindakakên pakaryan kanthi tumêmên menikå, wontên ing *layang Sasmitå Titikå* dipunpanggihakên pratelanipun, inggih mênikå;

“4) *anduweni katêmênan*”(*kåcå 10*)

Kangge mujudakên gegayuhanipun sabên manungså mbêtahakên grêgêt. Grêgêt ing pamikir ugi ing tumindak. Kadhangkålå kangge mujudakên gêgayuhanipun ugi dipunbêtahakên raos lilå eklas nindakakên pangurbanan. Inggih kurban wêkdal, båndhå ugi beyå. Tiyang ingkang manthêng anggenipun badhe mujudakên gêgayuhanipun asring sampun botên mênggalihakên anggenipun kangelan. Inggih kangelan tênggå, beyå ugi pamikir. Wondene pratelanipun wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kados makatên.

“....*mênåwå wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sartå pamikir....*(*kåcå 10*)

Budi pakarti Sêngkud milå minångkå salah satunggalipun wujud tiyang gadhah *karaktêr intêgritas*. Wontên ing jagad pewayangan, budi pakarti sêngkud

minangkå wujud tiyang ingkang gadhah *karaktêr intêgritas* inggih mênikå Raden Aryå Wêrkudårå wontên ing lampahan “*Dewå Ruci*”.

“ *Kacariyos bêgawan Durnå dipunsuwuni pamrayogi dening Raden Duryudånå murih pårå Pandhåwå sagêd pêjah. Bêgawan Durna damêl kupiyå kangge nyirnakakên Raden Wêrkudårå. Dening Bêgawan Durnå, Raden Wêrkudårå dipunutus ngupadi kayu gung susuhing angin. Sêjatosipun mênikå pokal licikipun Bêgawan Durnå kangge nyingkirakên Raden Wêrkudårå. Kanthi tekad ingkang kiyat Raden Wêrkudårå nindakakên ayahan mênikå. Kupiyå kangge nyirnakakên Raden Wêrkudåråbotên kasil. Salajêngipun Bêgawan Durnå damêl kupiyå malih kanthi sukå dhawuh dhumatêng Raden Wêrkudårå supados ngupadi toyå pagêsangan inggih mênikå Toyå Pawitrå. Kanthi tekad ingkang kiyat, sêngkud, ugibotên gadhah raos ajrih Raden Wêrkudårå sagêd nindakakên ayahan mênikå, kapårå Raden Wêrkudårå pikantuk wêjangan saking Dewå Ruci bab kasampurnaning gêsang.*”

Cariyos mênikå sukå piwucal dhumatêng sok sintênå kemawon bilih pakaryan ingkang dipuntindakakên kanthi tekad ingkang kiyat, kênthêng, manthêng ugi sêngkud badhe ngasilakên bab ingkang sae. Gesang badhe kacêkapan saha pikantuk karaharjan.

10) Trêp Kaliyan Paugêran

Wontên ing nginggil sampun dipunandharakên budi pakarti Trêp kaliyan paugêran minangkå salah satunggaling perangan saking *karaktêr religiussåhå nasionalis*. Salajêngipun, wontên ing andharan mênikå badhe dipunrêmbag budi pakarti *Trêp kaliyan Paugêran* gayutanipun kaliyan *karaktêr intêgritas* ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitå Titikå*.

Budi pakarti Trêp kaliyan paugêran inggih menikå mujudaken perilaku taat utawi patuh; inggih menika ketaatan dhumateng paugeran utawi tata tertib sanesipun. Tumindak dhisiplin têngsipun taat dhumatêng aturan ingkang

lumampah (. A. Tabrani Rusyan, dkk., tt:73). Darmiyati Zuchdi lumantar Sutrisnå Wibawå, 2013: 213) ngandharakên bilih trêp kaliyan paugêran inggih mênikå sikap sårå pêrilaku ingkang nêdahakên kêtêrtiban sårå patuh dhumatêng samukawis paugêran punåpå dene kêtêntuan.Dene manut andharanipun Moh. Shochib (1989: 3) dhisiplin minångkå raos patuh nindakaken aturan sårå pandom awit thukul saking raos sadhar dhiri,botên awit ajrih dhumatêng ukuman. Dhisiplin minångkå raos patuh kangge ngurmatisårå nindakakên satunggaling *sistem* ingkang nndadosakên tiyang patuh dhumatêng paugêran utawi parintah ingkang lumampah.

Tumrap tiyang ingkang gadhah intêgritas , ngêcakakên pakarti trêp dhumatêng paugêranbotên mujudakên prakawis ingkang angel. Tiyang ingkang njunjung inggil paugêran wontên ing gêsangipun sampun kulinå nindakakên paugêran-paugêran mênikå tanpå botên wontên pêksan. Wontên ing gêsangipun sadåyå katindakakên kanthi têtib, tumêmên têmah nndadosakên manah rêmên. Rêmên tumrap dhiri ugi rêmên mênggahing tiyang sanes. Tiyang ingkang gadhah intêgritas ing babagan trêp dhumatêng paugêran nalikå nindakakên sadåyå ayahanipunbotên gadhah pangajêng ajêng pikantuk pangalêmbånå. Kajawi mênikå, ugibotên bakal tumindak ingkang botên jujur, awit wontên ing dhirinipun sampun tumanêm watak dhisiplin; watak trêp dhumatêng paugêran. Tiyang ingkang gadhah intêgritas ing babagan trêp dhumatêng paugêran, manawi nindakakên pakaryan ingkang radi klentu utawi nalisir amargi botên mangêrtos, piyambakipun kanthi lêngå lilå nampi panyaruwe saking tiyang sanes.

Kosok wangsulipun tiyang ingkangbotên gadhah intêgritas ing babagan trêp ing paugêran tumindakipun tansah botên sae. Sabên-sabên nindakakên pakaryan, sadâyâ ingkang katindakakên ngêmot pamrih. Tumindakipun botên eklas, rêmên pikantuk pangalêmbâna saking tiyang kathah. Kajawi mênikâ, tiyang ingkangbotên gadhah *intêgritas* ing babagan trêp dhumatêng paugêran nalikâ tumindak lêpat, nalikâ dipunsaruwe botên trimah. Tiyang ingkang kados makatên ugi rêmên sangêt tumindak ingkang botên jujur. Mênawi gadhah pikajêngan ugi botên sagêd dipunpênggak. Tiyang ingkang kados makatên milâ sagêd ndadosakên cilakaning dhiri ugi tiyang sanes. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* patrap tiyang ingkang botên gadhah *intêgritas* ing babagan trêp ing paugêran kapanggihakên pratelanipun kados makatên.

“.....mung dhêmên anggung ginunggung ambêg dhumukun, gumuru, gumaib, gumagus, gumagah, kumasurâ wis ora ngengeh ngengeh nganti ngorakake marang kêkêndêlane liyan, dhêmên ubyang ubyung kang tânpâ kusur, dhêmên sâbâ balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpê mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwâ, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pâdhâ kasingkur”(kâcâ 11)

Wontên ing gêsang padintênan milâbotên gampil manggihakên tiyang ingkang gadhah intêgritas ing babagan trêp ing paugêran. Kathah oknum pêjabat ingkang sami bêngak-bêngok babagan intêgritas, dhisiplin ananging nyatanipun oknum mênikâ piyambak ingkang botên sagêd dados tulâdhâ. Tiyang ingkangbotên gadhah intêgritas ing babagan trêp ing paugêran sadâyâ pocap, patrap, gagasan tansah cêngkah kaliyan paugêran. Namung ambujêng karêmênanipun piyambak, botên pêrduli dhumatêng tiyang sanes. Wontên ing

cariyos novel “ *Panggodhaning Iblis*” sêratanipun Any Asmara kapanggihakên parâgâ ingkang patrap, pocap sâhâ gagasanipun têbih saking *intêgritas*. Parâga Darmono inggih putranipun Kadji Supingi. Dipuncariyosakên bilih *Darmono mênika putranipun Kadji Supingi juragan bathik ingkang kondhang sughipun. Wiwit alit Darmono gêsangipun sarwâ sarwi kacêkapan. Mênâpâ ingkang dipunsuwun kêdah kasêmbadan. Darmono milâ anak tunggal dados mênâpâ ingkang dipunpengini tansah kasêmbadan. Emanipun, watakipun Darmonobotên sae. Nate bapakipun; Kadji Supingi sukâ pemut dhumatêng Darmono ananging sadâyâ pemutbotên nate dipungugu dening Darmono. Darmono rêmên sâbâ ing papan-papan ingkangbotên pantês, rêmên damêl dolanan piyantun estri. Kathah kancanipun estri dados korban hâwâ nêpsunipun Darmono. Wasânâ nalikâ badhe ngrudâ pêksâ Sunarti; kancanipun, Darmono nêmahî tiwas. Tiwas dening glathi ingkang dipunbêta Darmono piyambak.*

Saking cariyos mênikâ sagêd dipunpêndhêt pituturipun bilih tiyang ingkangbotên gadhah intêgritas ing babagan trêp ing paugêran gêsangipun tansah damêl sisahipun tiyang kathah. Raos marêm, sênêng namung karaosakên piyambak awit sagêd ngujâ hâwâ nêpsunipun. Tiyang ingkangbotên gadhah intêgritas ing babagn trêp ing paugêran badhe badhe nêmahî kacilakan kados lêlampahanipun Darmono ing cariyos mênikâ.

11) Bêkti

Pirêmbagan babagan budi pakarti bêkti ing nginggil sampun dipun andharakên wontên ing perangan budi pakarti sêtyâ gayutanipun kaliyan karatêr nasionalismê. Wontên ing pirêmbagan menikâ badhe dipunandharakên budi

pakarti sêtyå utawi bêkti gayutanipun kaliyan intêgritas manungså. Budi pakarti bêkti utawi sêtyå mujudakên pêrilaku tundhuk sâhå patuh kanthi urmat dhumatêng tiyang sêpuh utawi guru ugi bångså tuwin nêgari. Taat, patuh nindakakên sadâyå pêrintahipun laras kaliyan margi ingkang lêrês. Bêkti inggih mênikå satunggaling rêrangken kêgiyatan ingkang dipuntindakakên kangge mujudakên manungså ingkang taat sâhå patuh linandhêsan raos urmat sâhå urmat dhumatêng mênåpå ingkang dados kuwajiban (A. Tabrani Rusyan, tt: 80). Prawiroatmodjo (1993: 361) ngandharakên bilih bêkti utawi sêtyå inggih mênikå tansah mantêp lan tuhu dhumatêng pasuwitan.

Budi pakarti bêkti sâhå sêtyå mujudakên pêrilaku tundhuk sâhå patuh kanthi urmat dhumatêng tiyang sêpuh utawi guru ugi kancå. Taat, patuh nindakakên sadâyå printahipun laras kaliyan margi sâhå paugêran ingkang leres. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti bêkti têmtu sadâyå awit panjurung saking salêbetipun dhirinipun manungså. Sacårå sadhar tanpå pêksan badhe ngestokakên dhawuh-dhawuh ingkang dados sangganipun. Sadâyå mênikå dipunbêtahakên têkad kangge labuh labêt dhumatêng tiyang ingkang ndhawuhi. Pramilå, tiyang ingkang gadhah budi pakarti sêtyå têmtu linambaran lêlabêtan ingkang sae dhumatêng tiyang ingkang dipunbêktosi mênikå.

Tiyang ingkang gadhah budi pakarti bêkti ugi sêtyå têmtu nampi kanthi rêmên sadâyå pituturipun tiyang sêpuh ugi pituturipun para guru. Kosok wangsulipun tiyang ingkang botên gadhah budi pakarti bêkti utawi sêtyå; khianat, têmtu botên gadhah lêlabêtan ingkang sae dhumatêng tiyang ingkang dhawuhi. Kajawi mênikå ugi botên rêmên mênawi dipunpituturi dening tiyang sêpuh

punapadene guru. Sadaya piwucal boten dipunturut awit ing dhirinipun cumondhok watak khianat. Tiyang ingkang kados makaten menika prayogi dipunsingkiri. Wonten ing *layang Sasmita Titika* kapanggihaken pratelan ingkang saged dipunmaknani patrap tiyang ingkang boten gadhah budi pakarti bekti utawi setya. Wondene pratelanipun kados makaten.

“1. Ora anduweni lelabetan becik. (kaca 11)

“...ora doyan marang wulanging wong tuwa, ora maelu marang susulanging layang, sakehing pitutur wis padha kasingkur. (kaca 11)

Pratelan wonten *layang Sasmita Titika* menika suka piwucal bilih budi pakarti bekti utawi setya betahaken lelabetan ingkang sae. Sadaya menika katindakaken murih ingkang suka dhawuh rumaos bombong. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti bekti nalika dipunpituturi tansah nampi kanthi remen awit sadaya printah menika seatosipun kangge mangertosi bektosipun dhumateng ingkang suka pitutur. Dhumateng tiyang ingkangboten gadhah pakarti bekti ugi setya prayogi dipunsingkiri. Awit menawi dipunjak dados kancu saged ndadosaken ketularan tumindak ingkang boten sae. Sêsanti tiyang Jawa “Aja cedhak kebo Gupak” saged minangka pepeling kangge nebihi tiyang ingkang pakartinipunboten sae.

Tiyang ingkang gadhah integritas ing babagan bekti utawi setya mila ing wêkdal samènikaboten gampil dipunpanggihaken. Bèkti ugi setya dados barang ingkang aji sangêt. Bèkti dhumateng tiyang sèpuh, bèkti dhumateng guru, bangsa lan negara punapadene kancu sangêt dipunbetahaken kangge lèstantunipun pagésangan. Inggih gêsang sacara pribadi inggih gêsang ing madyaning masarakat. Bèkti ugi setya mila kedah dipunwujudaken kanthi nyataboten namung

wontên ing lesan. Sutrisnå Wibåwå (2013: 178-184) sukå andharan lumantar panalitenipun “ *Filsafatmoral Seh Amongraga dlingkungan Serat Centhini: Sumbangsihnya bagi Pendidikan Karakter*” bilih bêkti ugi kasêtyan sagêd dipunwujudakên, a) bêkti ugi sêtyå dhumatêng kulawargå; bêkti ugi sêtyanipun garwå dhumatêng sisihan, sisihan dhumatêng garwå, b) bêkti ugi sêtyå dhumatêng kancå; kancå satunggal kaliyan kancå sanesipun.

12) Prasåjå

Budi pakarti prasåjå mujudakên pêrilaku gêsang manungså ingkang dipunlampahi sacårå wajar sårå botên mubra-mubru, botên sok sugih, boros. Kanthi budi pakarti prasåjå manungså dipunajib sagêd gêsang kanthi hêmat dipunkantheni rêmên anggenipun makaryå sårå mêmpeing. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti prasåjå anggenipun nglampahi gêsang linambaran mênåpå ingkang umum katindakakên. Sinaoså sugih båndhå punåpådene artå anangingbotên rêmên mamerakên kasugihanipun. Tumrap tiyang ingkang gadhah budi pakarti prasåjå badhe nyingkiri tumindak dur angkårå. Sêsanti “Åjå dumeh” sagêd kangge nelakakên tiyang ingkang sugih anangingbotên mamerakên kasugihanipun. Tiyang mênikå tansah “kêbat kliwat”. Sêsanti kêbat kliwat katujokakên kangge mbangun sikap ingkang kêbak ing pangatos-atos nalikå nindakakên satunggaling kêgiyatan punåpådene ayahan.

Budi pakarti prasåjå nêdahakên manungså ingkang gêsangbotên rêmên pamer. Tiyang prasåjå anggenipun nglampahi gêsang tansah kêbak ing panglimbang. Panglimbang ingkang lanambaran kawicaksanan. Tiyang ingkang gêsang prasåjåbotên atêgês tiyang mênikå botên gadhah dåyå; botên gadhah

kalangkungan. Tiyang prasâjâ anggenipun gêsang kêbak ing raos têntrem, ayêm salêbêtipun batos. Kosok wangsulipun tiyang ingkang ngêbreh gêsangipun tansah ambujêng hâwâ nêpsu. Tiyang mênikâ wujud saking jiwa *hedonis*. Jiwa hedonis têngêsipun tiyang ingkang ngêmungakên madosi kanikmataning râgâ lan nglirwakakên sukmanipun.

Tiyang ngêbreh padatan namung rêmên pikantuk pangalêmbânâ. Rêmên dipunsubyâ-subyâ, dipunanggêp tiyang ingkang pintêr, wicaksanâ. Kangge nuruti pikajênganipun ing babagan dhahar punâpadene nendrà, tiyang ingkang ngêbreh nindakakên sadayanipun murih kasêmbadan. Tiyang mênikâ botên tidhâ-tidhâ nindakakên padamêlan ingkang cêngkah kaliyan paugêran. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* kapanggihakên pratelan ingkang sagêd dipunmaknani minangkâ tiyang ingkang botên gadhah budi pakarti prasâjâ. Wondene pratelanipun kados makatên.

“...mung dhêmên anggung ginunggung ambêg dhumukun, gumuru, gumaib, gumagus, gumagah, kumasurâ wis ora ngengeh ngengeh nganti ngorakake marang kêkêndêlane liyan, dhêmên ubyang ubyung kang tanpâ kusur, dhêmên sâbâ balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpe mung ambêrung lan ambêkung ora doyan marang wulanging wong tuwa, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pâdhâ kasingkur”. (kâcâ 11)

Saking pratelan ing nginggil nêdahhakên tiyang ingkangbotên gadhah budi pakarti prasâjâ. Wontên ing gêsangipun manungsâ milâ wontên kalih prakawis ingkang samidene kosok wangsul. Wontên sae wontên awon, agêng kaliyan alit, nisthâ-utâmâ. Budi pakarti prasâjâ minangkâ wujud saking tumindak utâmâ. Sinaosâ pinunjul, tiyang ingkang prasâjâ botên ngunggulakên dhirinipun. Sadâyâ katindakên kanthi andhap asor. Tiyang ingkang kados makatên sagêd

dipunwastani sagêd ngunjara setan. Têtêmbungan ngunjara setan gadhah têngs tiyang ingkang sagêd ngêndhaleni hawa nêpsu. Tiyang menika sagêd mepêr hawa nêpsu. Kangge mepêr hawa nêpsu dipunbêtahakên watak eling sâha waspada.

Tiyang ingkang gadhah *intêgritas* ing babagan gêsang prasaja mujudakên tiyang ingkang wicaksana. Sagêd ngunjara setan, atêngs mepêr hawa nêpsu. Budi pakarti prasaja menika ugi dipunwêjangakên dening Pakubuwana IV wontên ing *Sêrat Wulangreh* lumantar Pardi Suratno, dkk (2006: 500). Wondene pethikanipun makatên, “*padha gulangên ing kalbu, ing sasmita amrih lantip, aja pijêr mangan nendra, kaprawiran den kaesthi, pesunen sariranira, sudanên dhahar lan guling*”. “*dadiya lakunireki, cêgah dhahar lawan guling, lan aja asuka-suka, anganggoa sawatawis, ala watêke wong suka, nyuda parayitnaning batin*”.

Tiyang ingkang gadhah *intêgritas* ing babagan gêsang prasajabotên ambujêng karêmênan kemawon. Inkang katindakakên kangge mbujêng luhuring budi. Tiyang prasaja sagêd ngêndhaleni nêpsu badanipun kanthi ngirangi anggenipun dhahar kaliyan sare. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti prasaja anggenipun nglampahi gêsang botên mubra mubru mbujêng sênênging pribadi. Anggenipun ngginakakên sadaya ingkang dipungadhahi kanthi wajar. Awit, tiyang menika sadhar mênawi nuruti hawa nêpsu badhe ngirangi kaprayitnaning sâha waspadaning dhiri.

13) Lilâ Eklas nindakakên pangurbanan

Wontên ing nginggil sampun dipunandharakên budi pakarti lilâ nindakakên pangurbanan gayutanipun kaliyan *karaktêr* gotong royong.

Salajêngipun wontên ing perangan menikå badhe dipunrêmbag budi pakarti lilå eklas nindakakên pangurbanan gayutanipun kaliyan *karaktêr intêgritas*.

Budi pakarti lilå eklas nindakakên pangurbanan mujudaken pêrilaku manungså ingkang sumadiyå kanthi eklas sukå sådåyå kemawon ingkang dipungadhahi, sinaosa badhe nukulaken utawi ngêdalakên panandhang tumrap dhiri pribadinipun kangge tiyang sanes, masarakat, bangsa lan negari. Budi pakarti purun korban estu dipunbêtahakên kangge mujudakên satunggaling gêgayuhan. Wontên ing pirêmbagan budi pakarti purun korban minångkå perangan saking *karaktêr intêgritas*, atêgês ngajak dhumatêng sok sintêna kemawon purun ngorbanakên; pikiran, tênggâ, båndhå, beyå kapårå jiwå punåpå dene rågå kangge mujudakên gêgayuhan.

Ungkapan tiyang Jáwi “*Jêr basuki mårå beyå*” milå trêp sangêd kangge nggambarakên prakawis mênika. Paribasan “*Jêr basuki mårå beyå*” dumados saking têngbung *Jêr* ingkang têngêsipun “mulå mangkono, pancên, jalaran mangkono” (S. Prawiroatmodjo, 1994: 144), *basuki* ingkang gadhah têngês “rahayu utawi slamêt (S. Prawiroatmodjo, 1994: 30), *mårå* têngêsipun “nggawå, ngêmot, nganggo, kadunungan, jalaran” (S. Prawiroatmodjo, 1994: 210, kaliyan têngbung *beyå* ingkang têngêsipun “wragad” (S. Prawiroatmodjo, 1994: 33). Kanthi makatên paribasan “ *Jêr basuki Mårå beyå*” mujudakên satunggaling pitutur ingkang têngêsipun sadåyå pênginginan, gêgayuhan têngtu mbêtahakên wragad utawi beyå. Pangêrtosan wragad utawi beyå wontên ing gêsangipun tiyang Jáwåbotên kédah awujud artå, ananging sagêd kemawon wujudipun tênggâ, pikiran, wêkdal utawi pangurbanan sanes.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* kapanggihakên pratelan ingkang sagêd dipunmaknani minangka budi pakarti purun kurban gayutanipun kaliyan *intêgritasipun* manungså. Wondene pratelanipun makatên.

“...*Mungguh kang baku sajroning worworan mênawå wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sartå pamikir*” (kacå 10)

Saking pratelan mênikå sagêd kapêndhêt maknanipun bilih wontên ing gêsang kangge mujudakên satunggaling gêgayuhan milå bêtahakên pangorbanan. Ananging tumrapipun tiyang ingkang gadhah *intêgritas*, prakawis pangoranan botên ndadosakên sêsanggen ingkang awrat. Tiyang ingkang gadhah *intêgritas* ing babagan wantun kurban kados dene wantun ngalah ananging gadhah pangajab luhur ing wêkasanipun. Sêsanti wani ngalah luhur wekasanipun gadhah makna minangka wujud tenggang rasa. Tiyang Jåwå ngupiyå botên nêngênakên pamrih pribadi ananging mligi kangge ngajeni ugi damêl rêmening tiyang kathah sinaoså kêdah ngorbanakên mênåpå kemawon ingkang dipungadhahi.

Wontên ing *sêrat Durcårå Arjå*, paråga mbok Gunåwicårå sagêd dipunndadosakên gêgambaran tiyang ingkang gadhah *intêgritas* wontên ing babagan wantun kurban. Wondênê ringkêsan cariyosipun makatên.

“*Kacariyos saksampunipun katilar bojonipun, mbok Gunåwicårå gêsang piyambakan. Mbok Gunåwicårå dados råndhå, råndhå ingkang sugih. Milå båndhå tilaranipun Kyai Gunåwicårå kathah sangêt. Sakderenipun tilar donyå, Kyai Gunåwicårå wêling dhumatêng mbok Gunåwicårå bab patrap ingkang kêdah dipunlampahi wontên ing nglingkungan donyå mênikå. Wontên ing gêsangipun sasampunipun dipuntilar garwanipun, mbok råndhå Gunåwicårå nglingkungani kêdadosan-kêdadosan ing manêkå warni. Kêdadosan-kêdadosan ingkang mrihatosakên, nrênyuhakên, ngajrihakên kapårå kêdadosan ingkang badhe nndadosakên mbok råndhå kêcalan nyawanipun. Ananging, kanthi lantiping pangraitå, wantun ngurbanakên båndhå kapårå nyawanipun pranyåtå nndadosakên gêsangipun mbok Råndhå*”

Gunåwicårå dados wilujêng, sårhå manggihakên kaêntrêman ugi kagêgjan. Kanthi kalintipan sårhå kupiyå ingkang katindakakên dening mbok Råndhå Gunåwicårå, piyambakipun pikantuk ganjaran, pikantuk bêrkah kalênggahan saking Sang Panguwaos. Sultan sukå kalênggahan dhumatêng mbok Råndhå Gunåwicårå. Wasånå mbok Råndhå Gunåwicårå dipunnormati, dipunrêmêni tiyang kathah awit saking patrapipun mbok Råndhå ingkang lilå eklas nindakakên pangurbanan linambaran watak intêgritas. Gêsangipun mbok Råndhå tansah ayêm, têntrêm kanthi pinaringan asmå Nyai Sêdhåmirah. “

Saking cariyos mênikå sagêd dipunpêthik pituturipun bilih sok sintênå kemawon nalikå ngadhêpi satunggaling prakawis wontên ing gêsangipun prayogi dipunlampahi kanthi eklas. Mênggalih kanthi wicaksånå ugi wantun kurban; korban wêkdal, pênggalihan, båndhå, beyå ugi nyåwå dipunlampahi. Jêr nalikå sadâyå mênikå dipunlampahi kanthi eklas sårhå ing manahipun rumaos bilih sadâyå mênikå milå karsanipun Gusti ingkang Maha Kuwaos têtmu Panjênênganipun botên negakakên. Gusti Allah badhe sukå pitulung dhumatêng tiyang ingkang gadhah intêgritas. Gusti Allah badhê mangsulakên kanthi matikêl-tikêl saking pangorbanan ingkang sampun katindakakên kados lèlampahanipun mbok Råndhå Gunåwicårå wontên cariyos ing nginggil.

14) Adil

Budi pakarti adil gayutanipun kaliyan *karaktêr* gotong royong ing perangan ngajêng sampun dipunrêmbag. Salajêngipun wontên andharan mênikå badhe dipunrêmbag budi pakarti adil gayutanipun kaliyan *intêgritas*. Budi pakarti adil mujudakên patrap ingkangbotên bot sih,botên êmban cindhe êmban siladan. Sadâyå tiyang gadhah hak nampi pangrêkså, *pêndidikan*, gêsang sêjahtêra ingkang sami. S. Parwiroatmodjo sukå têngês bilih adil inggih mênikå jêjêg anggenipun ndhawhakên putusan;botên pilih sih (1994: 9).

Kados ingkang dipunandharakên dening Sridianti, bilih budi pakarti adil mênawi dipunrunut saking têmbungipun, bilih têmbung *adil* sakbotên-botênipun ngewrat kalih prakawis; 1) adil *individual*; inggih mênikå adil gumantung pikajêngan sae utawi awon saking sabên-sabên indhividhu, sårå 2) adil miturut panguwaos. Maksudipun kadospundi panguwaos anggenipun ngêcakakên kaadilan (<https://www.Sridianti.com/macam-macam keadilan.html>).

Lumantar Sridianti, Aristotêlês merang adil dados 4 (sêkawan), inggih mênikå: (1) *keadilan komutatif*; *kêadilan komutatif* inggih mênikå sukå keadilan kanthi nganggêp sami dhumatêng sadayå wargå tanpå ningali labuh labêtipun utawi jasanipun, (2) *kêadilan distributif*; *kêadilan distributif* inggih mênikå sukå kêadilan kanthi ningali tiyang utawi wargå ingkang badhe nampi laras kaliyan labuh labêt utawi jasa sårå *prestasi*, (3) *kêadilan kodrad* lingkungan; keadilan kodrat lingkungan inggih mênikå sukå satunggaling bab laras kaliyan mênåpå ingkang dipunparingakên dhumatêng kitå, sårå (4) *kêadilan konvensional*; inggih mênikå tiyang minångkå warga nêgårå sampun taat dhumateng aturan ingkang dipunwajibakên.

Budi pakarti adil ingkang dipungadhahi dening tiyang ingkang gadhah *karaktêr* intêgritas dipunwujudakên wontên pocap, patrap ugi gagasan. Wontên ing pocapan tiyang ingkang gadhah intêgritas ing babagan budi pakarti adil têtmtu linambaran kawicaksanan. Pocapanipun tansah ngêmot têngês.botên badhê damêl sêrikipun tiyang ingkang sami midhangêtakên. Sadayå pocapanipun tansah sakecå dipunpirêngakên. Wontên patrap, tiyang ingkang gadhah intêgritas ing babagan budi pakarti adil anggenipun tumindak linambaran têtadbotên pengin tiyang sanes

nglingkungani kapitunan.botên pengin tiyang sanes nandhang kacingkrangan. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti adil angenipun tumindak tumuju dhumatêng katêntreman, kabingahan, sâhâ bingahing manah tiyang kathah. Tiyang mênikâ tansah ngupadi “*Karyenak Tyasing Sasâma*”.

Patrap ingkang tansah tumuju dhumatêng *karyenak tyasing sasâma* mênikâ ngupiyâ kangge mujudakên bingahing tiyang sanes. Wontên ing mrikibotên kanthi cârâ ingkang nalisir kadostâ; suap punâpadene nyogok ananging kanthi patrap ingkang wicaksânâ. Tiyang ingkang gadhah intêgritas ing babagan budi pakarti adil patrapipun botên kangge mulyaning dhiri pribadi kanthi ngorbanakên tiyang sanes. Kosok wangsulipun tiyang ingkang sawênang-wênang ingkang dipuntindakakên tansah bujêng karêmênanipun piyambakbotên pêrduli dhumatêng tiyang sanês. Kajawi mênikâ patrap tiyang ingkang sawênang-wênang tansah damêl kasangsanipun tiyang sanes. Inkang dipuntindakakên tansah damêl kapitunanipun tiyang sanes. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* patrap ingkang nêdahakên tiyangbotên gadhah intêgritas ing babagan budi pakarti adil kapanggihakên ing pratelan mênikâ

.“....kang ditekadi mung amburu pakarêmane dhewe”.(kâcâ 11)

“...Karêpe mung kudu miala marang sêsâma, malah marang kamelikan arêp urip dhewe. (kâcâ 12)

Salajêngipun adil ing gagasan. Tiyang ingkang gadhah *intêgritas* ing babagan budi pakarti adil kanthi dipunwujudakên ing gagasan nêdahakên sadâyâ gagasanipun tumuju dhumatêng kasaenan. Gagasanipun tansah linambaran sucinipun manah. Sampun ngantos gagasanipun samangke damêl kasangsanipun

tiyang sanes. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti adil, dipuntêdahakên kanthi pikajênganipun tansah tumuju dhumatêng kasucen.botên purun katempelan rêgêding manah. Gagasanipun tansah tulus eklasbotên gadhah melik sakêdhik kemawon. Pratelan wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang nêdahakên tiyang ingkang gadhah intêgritas ing babagan budi pakarti adil wontên gagasan kados mênikâ.

..karêpê mung marang kasucen nganti ora gêlêm katempelan rêgêding ati saglugud karêp mung kudu mulus lan murni sanadyan anâ kamelikan kang melok anggawâ kauntungan kang gêdhe janji ora rêsik iya katampik. (kâcâ 10)

Wontên ing gêsang padintênan tiyang ingkang gadhah *intêgritas* ing babagan budi pakarti adil; adil wontên ing pocapan, gagasan ugi patrap sagêd kawastanan tiyang ingkang gadhah watak *berbudi bawâ laksânâ*. Têmbung berbudi têngêsipun gadhah watak, gadhah budi; bâwâ têngêsipun pocapan, sâhâ laksânâ têngêsipun laku utawi lampah. Berbudi bâwâ laksânâ minangkâ gambaran watak tiyang ingkang gadhah pribadi konsêkuwen wontên pocapan, gagasan punâpâdene tumindak. Tiyang ingkang gadhah watak berbudi bâwâ laksânâ badhe sukâ katêntreman sâhâ kamarêman dhumatêng sok sintênâ kemawon. Tiyang ingkang gadhah intêgritas babagan budi pakarti adil badhe nyingkiri tumindak sêrakah, srei, drêngki, jahil sâhâ mêtihakil. Amargi sêrakah, srei, drêngki, jahil, mêtihakil manungsâ pengin enggal sugih kanthi ngapusi sâhâ korupsi; damêl ruginipun tiyang kathah. Wasana pocap. Patrap, ugi gagasan sagêd mangaribawani tumrap gêsangipun piyambak punâpâdene tiyang sanes. Jêr ajining dhiri dumunung ing lathi, ajining awak dumunung ing tumindak, sâhâ ajining badan dumunung ing gagasan.

15) Rêmên têtulung

Wontên ing perangan *karaktêr* gotong royong babagan budi pakarti rêmên têtulung sampun dipunandharakên wontên ing ngajêng. Salajêngipun wontên ing pirêmabagn mênikâ badhe dipunandharakên budi pakarti rêmên têtulung gayutanipun kaliyan *karaktêr* intêgritasipun manungsâ.

Budi pakarti rêmên têtulung mujudakên patrap manungsâ ingkang sumadiyâ kanthi eklas sukâ sadâyâ kemawon ingkang dipungadhahi kangge mbiyantu tiyang sanes ingkang mbêtahakên. Budi pakarti rêmên têtulung rakêt sangêt gayutanipun kaliyan pêdhuli dhumatêng sêsami utawi sosial. pêdhuli sosial inggih mênikâ sikap, patrap utawi tumindak ingkang tansah pengin sukâ pambiyantu dhumatêng tiyang sanes sâhâ masarakat ingkang mbêtahakên (Pusat Kurikulum sâhâ Pêrbukuan lumantar Sutrisnâ Wibâwâ, 2013:212).

Budi pakarti rêmên têtulung milâ nêdahakên satunggaling ciri tiyang ingkang gadhah intêgritas. Kanthi budi pakarti rêmên têtulung ndadosakên ngrêmbakanipun jiwa sosial. Kanthi sadhar sâhâ tinarbukâ badhe ngatinglakên sikap kapêrdulen dhumatêng tiyang sanes. Bab mênikâ anjalari komunikasi ing antawisipun manungsâ minangkâ anggota masarakat badhe sae. Rêmên têtulung nêdahakên *empati* dhumatêng ingkang dipunraosakên dening tiyang sanes. Budi pakarti sâhâ mêmitran. Mêmitran sâhâ pêrduli sosial inggih mênikâ sikap sâhâ patrap ingkang tinarbukâ dhumatêng tiyang sanes lumantar mbangun wawan pirêmbagan ingkang santun satêmah mawujud raos kêgotong royongan samidene bantu binantu têmah gêsang badhe manggih karaharjan. Budi pakarti rêmên têtulung ingkang dipungadhahi dening tiyang ingkang gadhah intêgritas sagêd

dipuntingali wontên patrap sâhå pocap kanthi nêdahakên sikap anggenipun mêmitran sâhå mbangun wawan pirêmbagan. Wondene tândhå tandhanipun ing antawisipun; (a) ngaosi pamanggih tiyang sanes, (b) sukå panjurung sâhå panyêngkuyung dhumatêng tiyang sanes, (c) tansah purun sukå pêparing dhumatêng tiyang sanes, (d) tansah nêngênakên musyawarah kangge ngudhari samukawis prakawis, (e) tansah nêngênakên kawigatosanipun dhumatêng tiyang sanes, (f) tansah ngupiyå ngrêmbakakakên sikap dhemokratis, (g) remên gêsang sacårå gotong –royong, (h) sagêd makaryå kanthi sêsarêngan.

Budi pakarti rêmên têtulung mênikå prayogi nyingkirakên patrap ngajêng-ajêng pituwas, atêgês têtulung ananging tanpå pamrih. Watak ingkang rêmên têtulung mênikå ingkang lajêng dipunsêbat pêdhuli sosial. Dêne pêdhuli sosial inggih mênikå sikap sâhå patrap ingkang nggambarakên pêdhuli dhumatêng tiyang sanes punåpådene masarakat. Midherek Samani sâhå Hariyanto lumantar Layyinatun Syifa (2015:5) bilih cirinipun tiyang ingkang gadhah watak pêdhuli sosial ing antawisipun inggih mênikå, (a) dhumatêng tiyang sanes tansah tumindak kanthi sopan, (b) pocapanipun kêbak ing raos santun, (c) kurmat-kinurmatansinaoså pamanggih sâhå kêyaninanipun bedå, (d) botên rêmên damêl cilakanipun tiyang sanes, (e) botên rêmên mêtihik kauntungan saking tiyang sanes, (f) sagêd dipunajak mêmitran sâhå gotong royong, (g) purun ambyur wontên ing kêgiatan masarakat, (h) nrêsnani tiyang sanês ugi titahipun Gusti Allah sanesipun sâhå, (i) trêsnå dhumatêng katêntreman nalika ngadhêpi prakawis.

Saking andharan babagan ciri tiyang gadhah budi pakarti pêdhuli sosial sâhå rêmên têtulung ing nginggil, wontên ing *layang Sasmitå Titikå*

dipunpanggihakên pratelan ingkang maknanipun nêdahakên budi pakarti rêmên têtulung utawi pêdhuli sosial. Wondene pratelanipun inggih mênikâ:

..“.....*Mungguh kang baku sajroning worworan mênawâ wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sartâ pamikir....(kâcâ 10)*

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmaknani bilih salêbêtipun gêsanging manungsâ milâ dipunbêtahakên budi pakarti rêmên têtulung. Rêmên têtulung ugi pêdhuli sosial ing mriki linambaran intêgritas ingkang inggil kanthi botên ngajêng-ajêng pituwas utawi bêbânâ. Rêmên têtulung dipuntindakakên linambaran raos ikhlas tulus sâhâ tanpâ pamrih. Kosok wangsulipun tiyang ingkang botên gadhah budi pakarti rêmên têtulung utawi pêdhuli sosial tumindakipun nêdahakên patrap ingkang sagêd damêl kasangsaranipun tiyang sanes. Kêkajênganipun namung pengin miâlâ sâhâ damêl kasangsaranipun tiyang sanes. Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* patrap tiyang ingkang pêpinginanipun namung miâlâ dhumatêng sasaminipun linandhêsan nêpsu pengin gêsang piyambak dipunpanggihakên, wondene pratelanipun kados makatên.

..“ *Karêpe mung kudu miâlâ marang sêsâmâ, malah marang kamelikan arêp urip dhewe. (kâcâ 12)*

Budi pakarti rêmên têtulung milâ bêtahakên kasadharan saking sok sintênâ kemawon. Kanthi rêmên têtulung nndadosakên manah têntrêm, gêsang ayêm. Budi pakarti rêmên têtulung ugi mbêtahakên pangurbanan. Pangurbanan mênikâ sagêd wujudipun bândhâ, beyâ, wêkdal lan sanes-sanesipun. Tiyang Jâwâ gadhah cêpêngan “ *tunâ sathak bathi sanak*”. Tunâ sathak bathi sanak asalipun saking têngbung tunâ têngêsipun rugi, kurang, sarwâ kêkurangan (S. Prawiroatmodjo, 1994: 400), têngbung sathak têngêsipun artâ, bathi têngêsipun untung, sâhâ têngbung

sanak têngsipun kulawargâ, sadherek (S. Prawiroatmodjo, 1994: 352). Tunâ sathah bathi sanak gadhah têngs rugi artâ ananging untung sadherek.

Wontên ing pirêmbagan mênikâ, budi pakarti rêmên têtulung minangkâ satunggaling perangan saking *karaktêr* intêgritas ngajak supados nindakakên têtulung anangingbotên ngajêng-ajêng pikantuk pangalêmbânâ punâpadene bêbânâ. Wontên ing gêsang tiyang Jâwâ dipunpangihakên satunggaling paribasan ingkang rakêt sangêt kaliyan patrap manungsâ ingkang rêmên nindakakên pakaryan kanthi têtulung dhumatêng tiyang sanês tanpâ ngajêng-ajêng pikantuk bêbânâ; “*Sêpi ing pamrih rame ing gawe*”.

Paribasan “*Sêpi ing pamrih rame ing gawe*”. ngêmot piwucal dhumatêng sok sintêna kemawon nalikâ nindakakên pakaryan mliginipun pakaryan ingkang asilipun dipunraosakên dening masarakat. *Sêpi ing pamrih* gadhah maknâbotên ngajab pamrih mênâpâ-mênâpâ gayut kaliyan ingkang dipuntindakakên. *Rame ing gawe* gadhah maknâ rêmên nyambut damêl, utawi nindakakên pakaryan kanthi têmên-têmên. Kadhangkâlâ pakaryan ingkang dipuntindakakên mênikâ kêdah ngorbanakên mênâpâ kemawon. Bab mênikâ awit sianosâ tunâ ing babagan bândhâ, ananging sagêd ngangsalakên kadang ingkang kathah.

Tumrap gêsang tiyang Jâwâ, bilih kasugihan mênikâbotên sadayanipun. Katêntreman, karaharjan wontên ing gêsangipun manungsâbotên dipuntêmtokakên kathahing bândhâ. Sêmantên ugi ukuran sughipun manungsâbotên adhêdhasar kathahing bândhâ donyâ. Kabagyaning manungsâ dipunraosakên ing dhiri pribadi sabên manungsâ awujud katêntreman gêsang. Ungkapan tunâ sathak bathi sanak nêdahakên sikap sâhâ patrap manungsâ kangge

njagi karukunan. Karukunan mênikå salah satunggalipun dipunkupiyå kanthi rêmên têtulung. Kangge nindakakên têtulung têmtu kêdawon ugi mbêtahakên pangurbanan. Pangurbanan mênikå sagêd wujudipun båndhå, utawi artå. Sadâyå mênikå dipunbêtahakên kangge lêstantunipun raos kêkadangan sahå mujudakên budi pakarti rêmên têtulung utawi pêdhuli sosial.

16) *Andhap asor*

Budi pakarti andhap asor nêdahakên tiyang ingkangbotên umuk, angkuh, kumalungkung, adigang adigung adigunå, watak dir, nyêpelakakên dhumatêng tiyang sanes lan sanesipun. Tiyang ingkang dipunanggêp sugih dening masarakat ing sakiwå têngenipun, pêjabat ingkang gadhah kalênggahan kinurmatan, tiyang ingkang wasis nalikå pocap sâhå patrapipun botên umuk, kumalungkung mênikå ingkang dipunwastani tiyang ingkang gadhah intêgritas kanthi watak andhap asor.

Tiyang ingkang andhap asor têmtu dipunrêmêni dening tiyang kathah. Tiyang ingkang kados makatên ugi badhe dipunaosi sâhå gadhah kawibawan. Kosok wangsulipun, tiyang ingkang angkuh, dêgsurå, kumalungkung, kumintêr badhe kathah mêngsahipun, botên dipunaosi sâhå dipunrêmêni dening tiyang kathah. Kangge ngupiyå murih dados tiyang ingkang andhap asor wontên ingkang kêdah dipungatosakên (A. Rusyan Tabrani, dkk.Tt: 114) inggih mênikå:

- a) Botên jumåwå, dêgsurå sinaoså dados tiyang sugih utawi gadhah kalênggahan inggil,
- b) Tansah njagi tangsul pasêdherekan sâhå mêmitran kaliyan tiyang sanes. Wontên ing ngarsanipun Gusti ingkang Måhå Kuwaos kalênggahan sabên tiyang mênikå sami.

- c) Botên tumindak *eklusif* kanthi botên rêmên migatosakên dhumatêng sadherek ingkang kêkirangan. Ananging, tansah ambyur wontên ing kalanganipun sadherek ingkang kirang mampu sâhâ sukâ panjurung panyêngkuyung murih gêsangipun sagêd sakecâ.
- d) Botên umuk sinaosâ kasunyatanipun milâ pinunjul gêsangipun.

Frans Magnis-Susena lumantar Sutrisnâ Wibâwâ (2013: 173) ngandharakên bilih watak andhap asor inggih mênikâ dâya kêkiyatan batin kangge mawas dhiri laras kaliyan kasunyatanipun. Tiyang ingkang andhap asor botên namung ningali kêkirangan saking dhiri ananging ugi dâya ingkang linangkung.

Tiyang ingkang gadhah intêgritas ing babagan budi pakarti andhap asor, tansah njujung inggil patrap “têpâ salirâ lan bisâ rumangsâ”. Têpâ salirâ têngêsipun kwawi ngukur dhiri pribadi satêmah kanthi kasadharan purun ngurmatitiyang sanes. Bisâ rumangsâ têngêsipun kwawi ngraosakên prakawis-prakawis ingkang dipunlingkugani dening tiyang sanes (Endraswara, 2016: 60). Kosok wangsulipun tiyang ingkang botên gadhah budi pakarti andhap asor têtmu badhe têtih saking raos “têpâ salirâ punâpadene bisâ rumangsâ”. Tiyang mênikâ namung nggugu pikajênganipun piyambak, botên sagêd ngukur dhiri pribadi. Kajawi mênikâ tiyang ingkang têtih saking raos têtâ salirâ sâhâ bisâ rumangsâ badhe botên kaconggah ngraosakên prakawis-prakawis ingkang dipunandhêpi, dipunlingkugani sâhâ dipunraosakên dening tiyang sanes.

Tiyang ingkang têtih saking budi pakarti andhap asor namung rêmên pikantuk pangalêmbânâ, awit rumaos dados tiyang ingkang pintêr, gagah, bagus, rumaos ingkang paling sae piyambak tanpâ ningali tiyang sanes, rêmên ubyang-

ubyung ingkang botên wontên tanjanipun, tumindakipun tansah botên jujur lan sanesipun. Patrap tiyang ingkang botên gadhah *intêgritas* ing babagan budi pakarti andhap asor, wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* pratelanipun kados makatên.

“...mung dhêmên anggung ginunggung ambêg dhumukun, gumuru, gumaiib, gumagus, gumagah, kumasurâ wis ora ngengeh ngengeh nganti ngorakake marang kêkêndêlane liyan, dhêmên ubyang ubyung kang tanpå kusur, dhêmên sâbâ balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpê mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwâ, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pâdhâ kasingkur. (kâcâ 11)

Pratelan ing nginggil nêdahakên tiyang ingkang botên gadhah pakarti andhap asor. Sipatipun tansah tumuju dhumatêng tumindak angkârâmurkâ. Angkârâ murkâ têngêsipun watak ingkang dipunjurung dening pêpenginan supados langkung kuwâsâ, langkung sugih, langkung gadhah kawibawan, ananging katindakakên kanthi cârâ-cârâ ingkang botên lêtês. Watak angkârâ murkâ mênikâ padatan dipunsarêngi watak ingkang licik sâhâ julik (Endraswara, 2013: 37). Watak angkârâ murkâ mênikâ padatan rêmên damêl kacilakanipun tiyang sanes.

Tiyang ingkang andhap asor badhe tansah ngupiyâ karaharjanipun tiyang sanes; damêl rêmênipun tiyang sanes, “*karyenak tyasing sasâmâ*”. Kupiyâ kangge damêl *karyenak tyasing sasâmâ* atêgês damêl bingahipun tiyang sanes. Têmtu kemawon damêl bingahing tiyang sanes mênikâbotên ngginakakên cârâ-cârâ ingkang nisthâ, kadostâ nyogok utawi suap.

Watak andhap asor asring dipundaosakên sêtunggal kaliyan lêmbeh manah. Andhap asor sâhâ lêmbeh manah wontên ing pagêsan tiyang Jâwâ minangkâ salah satunggaling cêpêngan gêsang. Tiyang Jâwâ sadhar sâhâ ngakêni

bilih sadâyâ ingkang dipungadhahi mênikâ minangkâ titipanipun Gusti Allah. Kanthi mênikâ tiyang Jáwâ lajêng gadhah pamanggih bilih sadâyâ mênikâ sipatipun namung sauntarâ utawi botên langgêng.

Tiyang andhap asor wontên ing gêsangipun tansah kêbak ing panglimbang, bisâ rumangsâ botên rumangsâ bisâ. Bisâ rumangsâ tumrap tiyang ingkang gadhah intêgritas ing babagan andhap asor inggih mênikâ kawontênan nalikâ manungsâ tansah tumindak kanthi lêmbah manah sâhâ andhap asor. Bisâ rumangsâ mujudakên sikap kangge mawas dhiri dhumatêng kêsagêdan, kawidagdan, kapintêran dhirinipun satêmah sagêd sukâ panyêngkuyung tumrap manungsâ tumindak kanthi arif sâhâ wicaksânâ. Tiyang ingkang gadhah pakarti andhap asor botên rêmên sukâ panyacad dhumatêng tiyang sanes, awit sadhar bilih dhirinipun piyambak ugi kathah kêkiranganipun.

Tiyang ingkang andhap asor badhe mangaribawani bab ingkang sae. Inggih tumrap dhiri pribadi punapadene tiyang sanes. Tiyang andhap asor botên badhe dhumawah wontên tumindak kanthi sukâ panyacad dhumatêng tiyang sanes ananging malah badhe damêl bingah, têntrêm, sâhâ raharjanipun tiyang sanes. Watak andhap asor saha lêmbah manah dados margining gêsang sae tumrap manungsâ. Kaluhuran, kahormatan, kawidagdan sagêd dipungayuh lumantar watak andhap asor. Wontên ing pagêsangan tiyang Jáwâ kangge nêdahakên bilih andhap asor sagêd dados margi kangge nggayuh gêsang sae dipunronce wontên têtêmbangan macapat mijil, “ *dêdalane gunâ lawan sékti, kudu andhap asor, wani ngalah luhur wêkasane, tumungkulâ yen dipundukani, bapang den singkiri, anâ catur mungkur*”

17) *Wicaksånå*

Budi pakarti wicaksånå mujudakên pêrilaku sårå sikap ingkang maujud ing gêsang padintênan kanthi ngginakakên akal sårå pikiran ingkang sêhat (*rasional*), botên pitados dhumatêng mistik utawi khayalan. Cirinipun; (a) botên gampil muring; boten gampil nglokro, (b) botên enggal sukå ukuman mênawi dereng cêthå prakawisipun, (c) botên enggal damêl putusan saderengipun nglêlimbang kanthi têmên, (d) botên grusa-grusu.

Suwardi Endraswara, (2016: 36-37) ngandharakên bilih tiyang wicaksånå mênikå soksintênå kemawon ingkang sagêd ngginanakên råså pangrasanipun. Råså pangråså inggih mênikå minångkå kênthosing råså. Kanthi råså pangråså mênikå manungså dipuntuntun sagêd mikir sacårå rasional, nalar wêning sårå mikir bab-bab ingkang sae. Råså pangråså ingkang paling lêbêt salajêngipun dipunwastani råså sêjati. Råså sêjati ngajak dhumatêng sok sintênå kemawon mikir sacårå rasional, nalar wêning, sårå botên gadhah kêkajêngan sukå piwalês dhumatêng tiyang sanes. Tiyang ingkang wicaksånå inggih mênikå tiyang ingkang dunung; ngêrtos dhiri pribadinipun. Suwardi Endraswara (2013: 170) mastani bilih tiyang ingkang sagêd mangêrtosi “dhirinipun” kanthi sêsêbatan tiyang ingkang kasinungan “*pangawikan pribadi*”. Pangawikan têngêsipun kawruh utawi ilmu bab dhiri pribadi. Tiyang ingkang “dunung” dhumatêng dhirinipun, sumêrêp jiwaniipun tåndhå bilih tiyang mênikå sampun wikan “*dunung dhiri*”.

Tiyang ingkang gadhah *intêgritas* ing babagan kawicaksanan badhe ngëndaleni sadåyå pikajêngan ingkang botên sae. Tumindakipun kêbak ing pangatos-atos. Tansah prayitnå ing samukawisipun. Kados sampun

dipunandharakên ing nginggil bilih tandhanipun tiyang wicaksânâ inggih mênikâ: (a) botên gampil muring; boten gampil nglokro, (b) botên enggal sukâ ukuman mênawi dereng cêthâ prakawisipun, (c) botên enggal damêl putusan saderengipun nglêlimbang kanthi têmên, (d) botên grusa-grusu. Saking ciri budi pakarti wicaksânâ mênikâ, wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* kapanggihakên pratelan bilih tiyang ingkang wicaksânâ têngtubotên gampil nglokro, botên enggal damêl putusan saderengipun nglêlimbang kanthi têmên, sâhâ botên grusa-grusu. Wondene pratelanipun kados makatên.

“.....manungsâ kudu yitnâ ngandhêgi karêpe. Âjâ nganti nglalu kabanjur lali balik dienggal adus sagêbyur esuk sore âjâ nganti kênndhat supâyâ bisâ ngungkat ngênthêling kaengetan rumangsââ yen manungsâ kasinungan apês. Mulane kang prayogâ banjur tobat. Nêlangsa nyuwun pangapurâ sartâ pitulunganing sukma.(kacâ 9)

Saking pratelan mênikâ sagêd dipunmaknani bilih budi pakarti wicaksânâ sagêd nêdahakên tiyang ingkang gadhah intêgritas. Tiyang ingkang wicaksânâ tansah tumindak kanthi sabar. Pikajêngan-pikajênganipun dipunlêlimbang kanthi têmên murihbotên nndadosakên kasangsaraning dhiri punâpâdene tiyang sanes. Tiyang wicaksânâ tansah nglênggânâ bilih dhirinipun mênikâ minangkâ titahipun Gusti ingkang kêbak ing kalêpatan. Nalikâ tumindak lêpat, tiyang ingkang wicaksânâ enggal martobat dhumatêng Gusti.

Patrap tiyang ingkang gadhah *intêgritas* ing pakarti wicaksânâ, têngtu kêbak ing panglimbang. Sadâyâ dipunpetang murihbotên damêl kuciwâ. Inggih kuciwâ tumrap dhiri punâpâdene tiyang sanes.

Tiyang ingkang wicaksânâ anggenipun manggalih sampun ngantos kadosdene bêbasan “*kasandhung ing warata, kabêntus ing awang-awang*”. Sacârâ

mlâhâ milâ mênikâ mokal.botên wontên tiyang kêsandhung ing margi ingkang râtâ.botên wontên tiyang kabêntus ing awang-awang. Sêsanti kêsandung ing waratâ kabêntus ing awang-awang gadhah maknâ bilih sabên-sabên manungsa kêdah gadhah sikap kêbak ing wêwekâ utawi pangatos-atos. Kejawi mênikâ, sêsanti kasandhung ing waratâ kabêntus ing awang-awang ugi sukâ pitutur supados sadâya pakaryan ingkang dipuntindakakên kêdah dipuntindakakên kanthi cêrmat, sêtiti, sâhâ ngati-ati.

Kanthi kêbak ing pangati-ati sâhâ botên grusa-grusu tiyang wicaksânâ sagêd nyingkiri bêbêndu ingkang badhe dados pêpalang nalikâ nindakakên pakaryan. Nalikâ tiyang sampun tumindak kêbak ing panglimbang, ngatos-atos,botên grusa-grusu ananging taksih nglingkungani kasangsaran, tiyang wicaksânâbotên lajêng muring. Nalikâ ngadhêpi sadâya mênikâ tiyang ingkang wicaksânâ lajêng pasrah sumarah dhumatêng Gusti. Wontên ing gagasanipun, sadâya lêlampahan mênikâ minangkâ kangge langkung mawas dhiri, sâhâ proses ngangsu kawruh; kawruh babagan gesang kanggê tumapak gêsang langkung sae.

e. Mandhiri

Mandhiri inggih mênikâ sikap sâhâ patrap ingkang nêdahakên botên gampil gumantung dhumatêng tiyang sanes kangge nindakakên sâhâ ngrampungakên sadâya ayahan. Mandhiri sagêd ugi dupuntêgêsi minangkâ sikap sâhâ patrap ingkang botên gumantung dhumatêng tiyang sanes; ngginakakên tênggâ pikiran, sâhâ wêkdal kangge mujudakên pangajêng –ajêng, gêgayuhan, sâhâ pangimpen.

Budi pakarti mandhiri wontên dhirinipun manungså botên sagêd dipuntingali saking umuripun, ananging saking patrap sårå sikapipun. Tiyang ingkang umuripun langkung sêpuh dereng têtentu gadhah kamandhirian.

Wontên ing 5 (gangsal) poros *pênguatan pendidikan karakter, karakter* mandhiri dumados saking perangan-perangan *nilai* mandhiri inggih mênikå: sêngkud, tangguh, botên gampil kêmbå, profesional, ngulir budi, kêndêl, sårå dados pembelajar slingkunganipun gêsang (Kêmêntrian Pêndidikan dan Kebudayaan, 2017: 9)

Adhêdhasar sub*nilai* mandhiri ing nginggil, *karakter* mandhiri wontên ing *layang Sasmitå Titikå* kapanggihakên 2 (kalih) budi pakarti ingkang sagêd dipunlêbêtakên wontên ing *karakter* mandhiri, inggih mênikå: (a) srêgêp, sårå (b) mandhiri. Andharan saking sabên budi pakarti mênikå badhe dipunrêmbag kados ing ngadhap mênikå.

i. Srêgêp

Budi pakarti srêgêp inggih mênikå satunggaling pêrilaku ingkang nêdahakên tumindak mêmêng, tumuju dhumatêng satunggaling pakaryan kangge mujudakên tujuwan sårå gêgayuhan. Budi pakarti srêgêp minångkå satunggaling perangan saking *karakter* mandhiri. Srêgêp nalikå nindakakên pakaryan atêgês nyingikiri saking tumindak kêsed, nglokro, botên rêmên ngupiyå kanthi tumêmên. Kangge ngrêmbakakên budi pakarti srêgêp sagêd dipunkupiyå kanthi ngginakakên wekdal ingkang longgar.

Tiyang ingkang gadhah budi pakarti srêgêp ngginakakên wêkdalipun kangge tumindak, makaryâ kanthi optimal. Wondene tandhanipun tiyang srêgêp inggih mênikâ:

- a) ngrampungakên tugas kanthi wêkdal ingkang dipuncawisakên,
- b) ngginakakên wêkdal longgar kanthi saksae-saenipun,
- c) mujudakên gagasan sâhâ idhenipun wontên pakaryan,
- d) nganalisis sadayâ prakawis ingkang dipunpanggihi wontên pakaryanipun,
- e) nalikâ botên paham, botên tidhâ-tidhâ nyuwun pirsâ dhumatêng tiyang ingkang dipunanggêp mumpuni,
- f) tansah ningkatakên ayahanipun kanthi cârâ nyinaoni sâhâ ngaji kanggê sansâyâ lantip anggenipun nindakakên ayahan, lan sanesipun.

Wontên satunggaling paribasan “ *Rajin Pangkal Pandai*” gadhah makna bilih kanthi tumindak srêgêp samangke nndadosakên tiyang sugih. Têmbung sugih sampun ngantos dipunmaknani sacârâ mlâhâ “ wontên gayutipun kaliyan bândhâ donyâ”. Sugih wontên ing têtêmbungan mênikâ maknanipun wiyar sangêt. Tiyang ingkang srêgêp sagêd sugih kawruh, sugih mitrâ, sugih kawicaksanan, sugih kêkêndêlan lan sanesipun. Milâ tiyang ingkang srêgêp nndadosakên dhiri sagêd kêbak ing samudayanipun. Satêmah kanthi mandhiri sagêd gêsang kanthibotên damêl repotipun tiyang sanes. Mandhiri wontên ing mrikibotên atêgêshotên bêtahakên tiyang sanês, ananging sagêd gêsang kanthi limrah; botên damêl kasisahan tiyang sanes.

Kosok wangsulipun srêgêp inggih mênikâ kêsed. Tiyang kêsed mênikâ sagêd dipunparibasakakên rêmên “mbândâ tangan” utawi “ *berpangku tangan*”.

Tiyang ingkang gadhah padatan mbândâ astâ inggih menikâ tiyang ingkang kêsed anggenipun makaryâ. Gêsangipun namung dipunginakakên kangge onggang-onggang. Pêpinginanipun mangan ecâ, turu sakecâ, nyandhang bêcik sâhâ gadhah artâbotên sakêdhik. Tiyang kados makatên mênikâ padatan botên gadhah kawruh ingkang manjilâ, botên gadhah kapintêran, nalikâ nindakakên pakaryan anamung sêmbrânâ; botên tumêmên, botên gadhah kalantipan. Tiyang ingkang kêsed pêpinginanipun namung thênguk-thênguk nganggur botên nyambut damêl ananging gadhah artâ kathah, mênawi mangan ugi ingkang ecâ. Patrap tiyang kêsed wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* pratelanipun kados makatên.

“.....awakke dhewe ora anduweni kawruh, ora anduweni kapintêran, ora anduweni kagunan, ora anduweni kawêkêlan , ora anduweni kèlantipan, ora anduweni kuwanthen, sartâ ora anduweni katêmênan apa dene ora anduweni lêlabêtan bêcik kang kaesthi mung thênguk-thênguk nganggur ngêthêkur tansah ngulah kapenaking awak, doyan mêmangan tanpâ planggêran watone mung janji arêp bae sudhi tumandang ing gawe sudhi mêmikir marang kabêcikan.....(kâcâ 10-11)

Tiyang ingkang srêgêp milâ ndadosakên dhirinipun sagêd manggih kamulyan ing têmbenipun. Babagan pituwas ingkang badhe dipunlingkungani dening tiyang ingkang srêgêp kados pituturipun Susuhunan Pakubuwânâ IV wontên *Sêrat Wulangreh* ingkang sampun dipundudut isinipun dening Sri Wintala Achmad (2016: 152-154). Wondene andharanipun kaperang dados 6 (ênêm) inggih mênikâ: *kapisan*, Pârâ mudhâ tarunâ sampun ngantos namung rêmên nêdhâ sâhâ tilêm. Piwucal mênikâ ngêmot têngês supados pârâ nem-neman kêdah sêngkud anggenipun nindakakên tâpâ ngrame. Tâpâ ngrame têngêsipun tansah makaryâ; nyambut damêl. Kanthi nyambut damêl dipunajap pârâ mudhâ sagêd

sukå maknå dhumatêng gêsangipun botên namung gêsang mligi gêsang, ananging gêsang ingkang sagêd migunani tumrap dhiri, masarakat, bångså ugi nagari. *Kaping kalih*, Pårå mudhå kêdah gadhah têkad ingkang kiyat, botên mangu-mangu. Kanthi têkad kiyat badhe ndayani kangge mujudakên sadâyå pèpenginan murih sagêd kasêmbadan.

Kaping tigå, Pårå mudhå sampun ngantos ninggal wewekå, kadlarung-dlarung ing raos sukå gambirå nalikå pikantuk kalênggahan. Awit nalikå nglirwakakên kaprayitnan, nndadosakên kirang ing kaprayitnan têmah dados angkuh, umuk, gumêdhe. Bab mênikå sagêd nndadosakên kasangsaran wontên ing gêsang. *Kaping Sekawan*, Pårå mudhå kêdah srêgêp ngangsu kawruh. Nalikå sampun sugih kawruh, dipunajap kadosdene pantun. Sansâyå isi sansâyå tumungkul.

Kaping gangsal, Pitutur dhumatêng pårå mudhå supadosbotên kekancan kaliyan tiyang ingkangbotên sae. Sinaoså tiyang menika gadhah kalênggahan ananging menawi budi pakartinipun awon prayogi dipunsingkiri. Kosok wangsulipun sinaoså tiyang pårå sudrå, menawi budi pakatinipun sae prayogi dipuncêlaki lan dipunndadosakên mitrå, sårå *kaping ênêm* Pitutur dhumatêng pårå mudhå supados tansah ngudi kawruh dhumatêng tiyang ingkang saestu sampun pånå ing pamawas sårå lêbdå ing pitutur.

ii. Mandhiri

Budi pakarti mandhiri mujudakên satunggaling pèrilaku ingkang sae kanthibotên nggantugakên gêsangipun dhumatêng tiyang sanes. Wontên ing Bausastrå, têmbung mandhiri têngsipun kanthi kawontênan sagêd madêg

piyambak;botên gumantung tiyang sanes. Mandhiri utawi mandhireng pribadi têngsipun prakawis utawi kawontênan sagêd madêg piyambak tanpâ gumantung dhumatêng tiyang sanes. Têmbung mandhiri, têngsipun sami kaliyan *bêrdikari*, inggih mênikâ madêg kanthi sukunipun piyambak; botên gumantung dhumatêng tiyang sanes (<http://subang-gemilang.blogspot.com/2011/05/pendidikan-karakter-mandiri.html>).

Suparman (2003: 31) mahyakakên bilih *pêndidikan karaktêr* mandhiri inggih mênikâ kupiyâ mujudakên akhlak, watak, budi pêkêrti, sâhâ mental manungsâ supados gêsangipunbotên gumantung dhumatêng tiyang sanes,botên gumantung dhumatêng pambiyantunipun tiyang sanes. Kupiyâ mênikâ gadhah ancas supados sabên-sabên manungsâ ingkang yakin dhumatêng dhirinipun piyambak salêbetipun nindakakên satunggaling ayahan.

Budi pakarti mandhiri nêdhakên grêgêt manungsâ ingkang tansah sukâ panjurung sâhâ panyêngkuyung kangge ngrampungakên prakawis-prakawis wontên gêsangipun satêmah gadhah tekad kangge nukulakên gagasan, gadhah kreasi, gadhah inovasi, proaktif, sâhâ sêngkud. Budi pakarti mandhiri njurung manungsâ gadhah dâya kêngendêlan kangge tumindak,botên pasrah, nglokro, kêbak dâya kêkiyatan sâhâ gadhah grêgêd ingkang makantar-kantar kangge mujudakên gêsang sae, tênrêm, sêkecâ wontên wêkdal-wêkdal candhakupun.

Miturut A. Tabrani Rustyan, dkk.(Tt: 67-68) bilih tândhâ tandhanipun tiyang mandhiri inggih mênika.

- a) gadhah gêgayuhan; gêgayuhan katêtêpakên adhêdhasar mawas dhiri kanthi gamblang. Mangêrtosi kasagêdan, kalantipan, bakat, pêpenginan, sikap sahâ kêkirangan dhiri,
- b) sagêd ngginakakên kalodhangan; kadhangkâlâ kalodhanganbotên dumados kaping kalih. Kanthi mênikâ tiyang mandhiri sagêd ngginakakên kalodhangan mênikâ kanthi sae têmah gêgayuhanipun kasêmbadan,
- c) pitados dhumatêng dhiri pribadi; pitados dhumatêng kasagêdan piyambak badhe nuwuhakên pikiran ingkang sae. Wontên ing pikiranipun gadhah pamanggih bilih nalikâ tiyang sanes sagêd nindakakên, piyambakipun pitados bilih dhirinipun ugi sagêd.
- d) kanthi mêmêng makaryâ murih sukses; tiyang ingkang gadhah budi pakarti mandhiri botên badhe nglokro nindakakên ayahanipun. Sinaosâ ayahanipun dipunmanah awrat, ananging kanthi grêgêd, dâya ngulir budi sahâ dâya inisiatip tiyang mandhiri badhe ngramungakên ayahanipun kanthi sae.

Kados sampun dipunandharakên ing nginggil bilih budi pakarti mandhiri inggih mênikâ mujudakên satunggaling pêrilaku ingkang sae kanthibotên nggantugakên gêsangipun dhumatêng tiyang sanes. Wontên ing Bausastrâ, têmbung mandhiri têngêsipun kanthi kawontênan sagêd madêg piyambak; botên gumantung tiyang sanes. Wontên *layang Sasmitâ Titikâ* pratelan ingkang nêdahakên budi pakarti mandhiri inggih mênikâ.

“2) *Ora anduweni butuh anjaluk pitulungane liyan (kâcâ 7)*

- 3) ora anduweni kamelikan marang darbeking liyan (kåcå 7)
- 5) ora kapengin nulad kang dadi lakuning liyan (kåcå 7)
- 6) ora kapengin mêthik kawruh kang dadi panêmuning liyan (kåcå 7)
- ..”Samubarang tindak kacongah nglakoni sartå ngrasakake dhewe (kåcå 7)

Saking pratelan ing nginggil sagêd dipunmangêrtosi bilih tiyang ingkang gadhah budi pakarti mandhiri tansah pitados dhumatêng kakiyatanipun piyambak. Tiyang mandhiri nyingkiri tumindak kridhå lumahing astå. Mênawi botên kapêkså tiyang mandhiri botên badhe nyuwun pitulungan tiyang sanes. Kajawi mênikå, tiyang mandhiri kêbak ing dâya ngulir budi; kreatif.botên rêmên tiru-tiru dhumatêng pakaryanipun tiyang sanes. Samantên ugi, tiyang mandhiri tansah pitados dhumatêng dâya kêkiyatan, dayå pamikir piyambak satêmah botên pengin nulad menåpå ingkang sampun katindakakên dening tiyang sanes.

Tiyang mandhiri tansah mêmêng anggenipun sinau; ngangsu kawruh. Tansah ngasah lantiping budi. Ngasah lantiping pamikir murih pikiranipun landhêp. Tiyang ingkang kados makatên têtubotên gadhah pamikiran kangge niru, mêthik kawruhipun tiyang sanes. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti mandhiri, kanthi tekad ingkang kiyat, grêgêt ingkang makantar-kantar tansah sumadiyå nindakakên sadayå pakaryan. Wontên ing dhirinipun sampun tumanêm bilih samubarang pakaryan sagêd dipunayahi utawi kacongah. Tiyang mandhiribotên gampil nglokro. Tiyang mandhiri botên namung pitados mênåpå ingkang dipunaturakên tiyang sanês, saderengipun nindakakên piyambak.

Saking andharan ing nginggil sasampunipun dipunkêlompokakên kados tabel 5 *Nilai-nilai Budi Pakarti wontên ing Layang Sasmitå Titikå* ing ngandhap mênikå;

No	Katêgori 5 (gangsals) poros PPK	Unit-unit budi pakarti
1	<i>Religius</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Sabar 2. Nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah 3. Eklas 4. Tanggung jawab 5. Sêngkud 6. Trêp kaliyan paugêran
2	<i>Nasionalis</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kêndêl 2. Taat/Patuh 3. Tanggung jawab 4. Trêp kaliyan paugêran 5. Bêkti
3	Gotong royong	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kurmat-kinormatan 2. Tanggung jawab 3. Sêngkud 4. Mêmmitran 5. Lilâ eklas nindakakên pangurbanan 6. Rêmên têtulung 7. Adil
4	<i>Integritas</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Njagi aosing dhiri 2. Njagi sucining dhiri 3. Jujur 4. Sopan Santun 5. Ngromaosi mênawi lêpat 6. Têlaten 7. Gêmi 8. Tanggung jawab 9. Sêngkud 10. Trêp kaliyan paugêran 11. Bêkti 12. Prasâjâ 13. Lilâ eklas nindakakên pangurbanan 14. Adil 15. Rêmên têtulung 16. Andhap asor 17. Wicaksânâ
5	Mandhiri	<ol style="list-style-type: none"> 1. Srêgêp 2. Mandhiri

2. Nilai-nilai Budi Pakarti layang Sasmita Titika cundhukipun kaliyan 18 (wolulas) Nilai-nilai Karaktêr miturut Undhang-undhang No. 20 tahun 2003

Driyarkara lumantar Sutrisna Wibawa (2013: 199-200) ngandharakên bilih pëndidhikan inggih mênika *fenomena fundamental* utawi *asasi* wontên ing gêsangipun manungsa. Dumadosipun *pendidikan* namung wontên ing pagêsanganipun manungsa, bilih sabên wontên manungsa, têmtu badhe wontên ingkang dipunwastani *pendidikan*.

Driyarkara lumantar Sutrisna Wibawa ugi, ngandharakên 3 (tigang) rumusan babagan *pendidikan* inggih mênika: kapisan, *pendidikan* inggih mênika gêsang sêsarêngan wontên ing panunggilanipun tritunggal; bapak-ibu-pâra putra, ing mriku dumados pemanusiaan lare, ingkang salajêngipun dumados *proses* mawujudakên manungsa wontên ing dhirinipun minangka manungsa purnawan. Mawujudakên manungsa kanthi gêsang sêsarêngan bapak-ibu-pâra putra gadhah 2 (kalih) makna, inggih mênika (a) kanthi mênika dipunrumusakên mênapa ingkang padatanipun kalampahan, sahâ (b) rumusan mênika gandhah ancas mahyakakên bilih bapak kaliyan ibu minangka pëndidik mujudakên saking jalaran kondrat manungsa. Rumusan kaping kalih, *pendidikan* têngêsipun nglêbêtakên lare wontên ing salêbêtipun lingkungan budaya , utawi mlêbêtipun lingkungan budaya wontên ing salêbêtipun lare. Proses nglêbêtakên mênika nêdahakên aktifitas inggih saking *pendidikan* punapadene saking lare. Kabudayan botên badhe lumêbêt wontên ing dhirinipun lare manawi lare mênika botên nglêbêtaken piyambak.

Pendidikan inggih mênika gêsang sêsarêngan salêbêtipun panunggilan tritunggal bapak-ibu-pâra putra, ing mriku dumados pêmbudayaan lare,

salajêngipun lare ngupiyâ satêmah sagêd dados pakulinan wontên ing dhirinipun minangkâ manungsâ purnawan. Rumusan kaping tigâ, linambaran wawasan babagan *nilai-nilai*. Gêsang sêsarêngan mênikâ sinaosâ taksih primitif, têtmu mujudakên minangkâ nindakakên *nilai-nilai*. *Pêndidikan* inggih mênikâ gêsang sêsarêngan wontên salêbêtipun panunggilanipun tritunggal bapak-ibu-pâra putrâ, papan anggenipun nindakaken nanêmakên *nilai-nilai*, satêmah dados manungsâ purnawan.

Ki Hajar Déwantârâ ngandharakên bilih *pêndidikan* inggih mênikâ dâya-kupiyâ kanggé majêngakên thukul ngrêmbakanipun budi pêkêrti (kêkiyatan batin, *karaktêr*), pikiran (*intellectual*) lare (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2013: 14). Langkung saking mênikâ Ki Hajar Déwantârâ ngandharakên bilih *pêndidikan* gadhah kuwaos kanggé ngawonakên dhasar-dhasar saking jiwaniipun manungsâ inggih nyirnakakên dhasar-dhasar ingkang awon saking manungsâ, nutupi utawi ngirangi *tabiat* utawi pêrilaku ingkang botên sae saking manungsâ (Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa, 2018: 25).

Undhang-Undhang RI Nomor 20 tahun 2003 ngrumusakên bilih fungsi sâhâ ancas *Pêndidikan* Nasional kamot wontên ing pasal 3 ingkang nyêbataken bilih “*Pêndidikan* Nasional gadhah fungsi ngrêmbakaakên sâhâ mbêntuk watak lan pêradaban bângsâ ingkang gadhah martabat minangkâ gêgêbêngan kanggé damêl lantipipun gêsang minangkâ bângsâ, kanthi ancas kanggé ngrêmbakaakên *poténsi* pâra siswâ supados dados manungsâ ingkang gadhah kêimanan sâhâ takwâ dhumatêng Gusti Allah, gadhah akhlak saé, séhat, gadhah kawruh, *cakap*, ngulir budi, mandhiri, sâhâ dados warganing nêgari ingkang dhémokratis ugi

gadha raos tanggêl jawab. *Pêndidikan* Nasional salah sêtunggalipun ancasipun inggih mênikå nukul sårå ngrêmbakakakên *karaktêr* wontên ing pawiyatan

Nilai-nilai karaktêr ingkang dipungrêmbakakakên wontên ing pawiyatan wontên 18 (wolulas). *Identifikasi nilai-nilai karaktêr* ingkang dipuncakakên salêbêtipun *proses pêndidikan* wontên ing pawiyatan inggih mênikå antawisipun:

- 1) *Religius*, inggih mênikå sikap sårå tindak-tanduk mbangun miturut dhumatêng piwulang agami ingkang dipunpitados, toleran dhumatêng tâtå carå pangibadah agami sanesipun, sårå gêsang guyub rukun kaliyan tiyang ingkang ngrasuk agami sanes.
- 2) *Blåkå*, inggih mênikå pocap, patrap, sårå tindak-tanduk ingkang adhêdhasar kupiyå nndadosakên piyambakipun minångkå tiyang ingkang tansah sagêd dipunpitados wontên ing salebeting ginêman, tumindak, sårå pakaryan.
- 3) *Toleransi*, inggih mênikå sikap sårå tindak-tanduk ingkang ngaosi wonenipun bab ingkang bedå, inggih bedå agami, suku, etnis, pamanggih, sikap, sårå tindak-tanduk tiyang sanes ingkang bedå kaliyan piyambakipun.
- 4) *Trêp dhumatêng paugêran*, inggih mênikå tindak-tanduk ingkang nêdahakên tumindak têtib sårå mbangun miturut dhumatêng maneka warni paugêran.
- 5) *Sêngkud*, inggih mênikå tindak-tanduk ingkang nêdahaken kupiyå ingkang saestu anggenipun ngajêngi sårå ngawekani manekå warni pêpalang nalika sinau, jêjibahan utawi sanesipun kanthi tumêmên såråbotên gampil kêmbå.


- 6) *Ngulir budi*, inggih mênikå mênggalih sâhå nindakakên satunggaling prakawis kangge ngasilakên cârå utawi asil ingkang enggal saking satunggaling prakawis ingkang sampun wontên utawi cumawis.
- 7) *Mandhiri*, inggih mênikå sikap sâhå tindak-tanduk ingkangbotên gampil gumantung dhumatêng tiyang sanes ing salêbêtipun ngrampungakên jêjibahan utawi ayahan.
- 8) *Demokratis*, inggih mênikå cârå anggenipun mênggalih sâhå tumindak ingkang mbiji sami antawis hak sâhå kuwajiban piyambakipun kaliyan tiyang sanes.
- 9) *Rasa ingin tahu*, sikap sâhå tindak-tindak ingkang tansah ngupiyå kangge mangêrtosi langkung lêbêt sâhå wiyar saking satunggaling prakawis ingkang dipunsinau, dipuntingali, sâhå dipunpirêng.
- 10) *Semangat kebangsaan*, inggih mênikå cârå anggenipun mênggalih sâhå anggenipun tumindak ingkang mapanakên kawigatosaning bângså sâhå nagari ing sainggiling kawigatosaning pribadi sâhå golonganipun.
- 11) *Trêsnå dhatêng nêgari*, inggih mênikå cârå anggenipun mênggalih sâhå anggenipun tumindak ingkang nêdahaken raos sêtyå ingkang inggil tumrap bângså sâhå nagari.
- 12) *Ngaosi asiling kupiyå*, inggih mênikå sikap sâhå tindak-tanduk ingkang njurung piyambakipun kangge ngasilakên satunggaling bab ingkang migunani tumrap masarakat sâhå ngakêni sartå ngurmati manjilanipun tiyang sanes.

- 13) *Mêmitran/komunikatif*, inggih mênikå tindak-tanduk ingkang ngatingalakên raos bingah ing salêbêting ginêman, nyambut damêl, sâhå sambung srawung sêsarêngan kaliyan tiyang sanes.
- 14) *Trêsnå dhatêng katêntreman*, inggih mênikå sikap sâhå tindak-tanduk, ginêman utawi solah bâwå ingkang damêl tiyang sanes rumaos bingah sâhå têntrem.
- 15) *Rêmêm mâcå*, inggih mênikå padatan mijekakên wêkdal kangge maos manekå warni waosan ingkang sukå kabêcikan tumrap piyambakipun.
- 16) *Pedhuli lingkungan*, inggih mênikå sikap sâhå tindak-tanduk ingkang tansah ngupiyå nyêgah risaking lingkungan lingkungan ing sakiwâtêngênipun, sâhå ngrêmbakakakên kupiyå-kupiyå kangge damêl sae risaking lingkungan ingkang sampun dumados.
17. *Pedhuli sosial*, inggih mênikå sikap sâhå tindak-tanduk ingkang tansah kêpengin sukå pambiyantu dhumatêng tiyang sanes sâhå masarakat ingkang mbêtahakên.
18. *Tanggung jawab*, inggih mênikå sikap sâhå tindak-tanduk satunggaling tiyang gêsang kangge nindakakên jêjibahan sâhå ayahan ingkang kêdahipun dipuntindakakên tumrap dhiri pribadi, masarakat, lingkungan (lingkungan, *sosial*, sâhå budâyå), nagari sâhå Gusti Ingkang Måhå Agung (Kementerian Pendidikan Nasional, 2010:9-10).

Nilai-nilai budi pakarti wontên ing *layang Sasmitå Titikå* dipunpangguhakên 26 (nêmlikir) inggih mênikå:(1) Njagi aosing dhiri, (2) Njagi sucining dhiri, (3) Srêgêp (4) Jujur, (5) Sabar, (6) Kêndêl, (7)Sopan Santun, (8)

Gadhah ngrumaosi menawi lepat, (9) Taat/patuh, (10) Nelakaken raos sokur dhumateng Gusti, (11) Kurmat-kinormatan, (12) Telaten, (13) Gemi, (14) Eklas, (15) Tanggung Jawab, (16)Mandhiri, (17) Sengkud, (18)Trep kaliyan paugeran, (19) Bakti/Sêtyâ, (20) Memitran, (21) Prasaja, (22) Purun kekurban, (23) Remen tetulung, (24) Adil, (25) Andhap asor, sâhâ (26) Wicaksana. *Nilai-nilai* budi pakarti mênikâ salajêngipun dipunpadosi cundhukipun kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên ing pawiyatan laras Undhang-Undhang No. 20 tahun 2003.

Kangge mrasajakakên anggenipun madosi cundhukipun antawisipun *nilai-nilai* budi pakarti wontên *layang Sasmitâ Titikâ* kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* miturut Undhang-Undhang No. 20 tahun 2003 sabên *nilai* dipunpânthâ-pânthâ. Landhêsan anggenipun mânthâ-mânthâ adhêdhasar 5 (gangsal) *fokus* utawi *poros* utama kangge *Penguatan Pendidikan Karakter*. 5 (gangsal) *fokus* minangkâ *poros* utama *Penguatan Pendidikan Karakter* inggih mênikâ: (1) *Religius*, (2) *Nasionalis*, (3) *Gotong Royong*, (4) *Intêgritas*, sâhâ (5) *Mandhiri* (Kemendhikbud, 2017: 8-9). *Tabel* cundhukipun 26 (nêm likur) *nilai-nilai* budi pakarti wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên ing pawiyatan miturut Kêmêntrian *Pêndidikan Nasional* kados wontên ing gambar mênikâ.



Tabel 6: *Nilai-Nilai Budi Pakarti Layang Sasmitå Titikå cundhukipun kaliyan Nilai Karaktêr* miturut UU No. 20 Th. 2003

<i>Nilai-Nilai Budi Pakarti Layang Sasmitå Titikå</i>	Katêgori	<i>Nilai-Nilai Karaktêr</i> Inkang wontên pawiyatan
<ol style="list-style-type: none"> 1.Sabar 2.Nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah 3.Eklas 4.Tanggung jawab 5.Sêngkud 6.Trêp kaliyan paugêran 	<i>Religius</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1.Trêp kaliyan agami 2.Toleransi 3.Trêp kaliyan paugêran 4.Sêngkud 5.Pêdhuli dhatêng lingkungan 6.Tanggêl jawab
<ol style="list-style-type: none"> 1. Këndêl 2. Taat/Patuh 3.Tanggung jawab 4.Trêp kaliyan paugêran 5.Bêkti 	<i>Nasionalis</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1.Dhemokratis 2. Greget makantar-kantar dhateng bangsa 3. Trêсна Dhatêng negari 4. Bersahabat/komunikatif 5. Trêсна dhatêng katêntreman 6. Tanggel jawab
<ol style="list-style-type: none"> 1. Kurmat-kinormatan 2. Tanggung jawab 3. Sêngkud 4. Mêmitran 5. Lilå eklas nindakakên pangurbanan 6. Rêmên têtulung 7. Adil 	<i>Gotong royong</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Sêngkud 2. Dhemokratis 3. Bersahabat/komunikatif 4. Pêdhuli sosial 5. Tanggêl jawab
<ol style="list-style-type: none"> 1. Njagi aosing dhiri 2. Njagi sucining dhiri 3. Jujur 4. Sopan Santun 5. Ngromaosi mênawi lêpat 6. Têlaten 7. Gêmi 8. Tanggung jawab 9. Sêngkud 10. Trêp kaliyan paugêran 11. Bêkti 12. Prasåjå 13. Lilå eklas nindakakên pangurbanan 14. Adil 15. Rêmên têtulung 16. Andhap asor 17. Wicaksånå 	<i>Integritas</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1.Jujur 2. Toleransi 3. Trêp kaliyan paugeran 4. Sêngkud 5. Ngulir budi 6. Mandiri 7. Raos kepengin mangertos 8. Ngregani prestasi 9. Bersahabat/komunikatif 10. Trêsnå dhateng katentreman 11. Pêdhuli dhatêng lingkungan 12. Pedhuli sosial 13. Tanggêl jawab
<ol style="list-style-type: none"> 1.Srêgêp 2.Mandhiri 	<i>Mandhiri</i>	<ol style="list-style-type: none"> 1. Sêngkud 2. Ngulir budi 3. Mandhiri 4. Raos kepengin mangertos 5. Rêmên maos

Gambar ing nginggil nêdahakên cundhuk antawisipun budi pakarti wontên ing *laying Sasmitâ Titikâ* kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên ing pawiyatan miturut Undhang-Undhang No. 20 tahun 2003. Kangge manggihakên cundhukipun *nilai-nilai* budi pakarti ing *layang Sasmitâ Titikâ* kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên ing pawiyatan kêkalihipun dipunpânthâ-pânthâ. *Nilai-nilai* budi pakarti ing layang Sasmitâ Titikâ dipunpânthâ dados 5 (gangsals) perangan, samantên ugi 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* ugi dipunpânthâ dados 5 (gangsals) perangan adhêdhasar 5 (gangsals) poros utawi fokus kangge *Penguatan Pendhidhikan Karaktêr* inggih mênikâ (1) *Religius*, (2) *Nasionalis*, (3) *Gotong royong*, (4) *Intêgritas*, sâhâ (5) *Mandiri*.

Asiling panalitên dipunpanggihakên cundhuk antawisipun *nilai-nilai* budi pakarti wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên ing pawiyatan kados gambar ing nginggil. Wondene andharanipun kados ing ngandhap mênika.

a. Cundhuk wontên ing *Religius*

Religius inggih mênikâ sikap sâhâ tindak-tanduk mbangun miturut dhumatêng piwulang agami ingkang dipunpitados, toleran dhumatêng tâtâ cârâ pangibadah agami sanesipun, sâhâ gêsang guyub rukun kaliyan tiyang ingkang ngrasuk agami sanes. *Nilai karaktêr religius* nêdahakên anggenipun gadhah kapitadosan dhumatêng Gusti ingkang Mâhâ Tunggal ingkang dipunwujudakên salêbetipun nindakakên piwucal agamâ sâhâ kapitadosan ingkang dipunrasuk, ngaosi wontênipun bedanipun agamâ, njunjung inggil sikap toleran dhumatêng

tiyang sanes anggenipun nindakakên pangibadah miturut agaminipun piyambak, gêsang kanthi rukun sâhâ mbangun katêntreman kaliyan umat agami sanes. *Nilai karaktêr* religius dipunwujudakên wontên ing 3 (tigâ) *dhimensi relasi*, inggih menikâ hubungan *indhividhu* kaliyan Gusti, *indhividhu* kaliyan sasaminipun, sâhâ hubungan *indhividhu* kaliyan lingkungan sakiwâ têngênipun. (Kêmêndhikbud, 2017: 8)

Saking asiling panaliten *layang Sasmitâ Titikâ* dipunpanggihakên budi pakarti ingkang nêdahakên cundhuk kaliyan *nilai-nilai karaktêr* modhel kêmêndikbud wontên ing poros *karaktêr religius*.

Nilai-nilai budi pakarti *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang mlêbêt wontên *karaktêr religius* inggih mênikâ : (a) budi pakarti sabar, (b) budi pakarti nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah, (c) budi pakarti eklas, (d) budi pakarti tanggung jawab, (e) budi pakarti sêngkud, sâhâ (f) budi pakarti trêp kaliyan paugêran. *Nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud ingkang dipunlêbêtakên wontên ing poros *karaktêr religius* inggih mênikâ: (a) *nilai karaktêr* trêp kaliyan agami, (b) *nilai karaktêr* toleransi, (c) *nilai karaktêr* trêp kaliyan paugêran, d) *nilai karaktêr* sêngkud, (e) *nilai karaktêr* pêdhuli dhatêng lingkungan, sâhâ (f) *nilai karaktêr* tanggung jawab.

Wontên ing poros *karaktêr religius* mênikâ dipunpanggihakên 4 (sêkawan) *nilai* budi pakarti ing *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang maknanipun cundhuk *nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud, inggih mênikâ; (1) *nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah*, (2) *tanggung jawab*, (3) *sêngkud*,

sâhâ (4) trêp kaliyan paugêran. Andharan saking 4(sêkawan) nilai karaktêr sacara ringkês kados makatên:

- 1) *Budi pakarti nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti Allah inggih mênikâ ngaturakên atur panuwun awit sâdâya Pêparingipun. Manungsâ rumaos bilih gêsang wontên ing alam donyâ wontên ingkang amurbâ amisesâ. Sadayâ ingkang mobah mosik sâhâ ingkang tumanduk dhumatêng manungsâ wontên ingkang nguwaosi. Awit saking sadâyâ bab ingkang dipunlingkugani dening manungsâ prayogi tansah ngaturakên panuwun dhumatêng Gusti Allah. Nindakakên pangibadah minangkâ satunggaling cârâ ngaturakên panuwun sâhâ sokur dhumatêng Gusti Allah. Ananging kadhangkâlâ manungsâ tumindak nalisir saking karsâ Dalêm Gusti Allah. Manungsâ nindakakên pakaryan, pocapan ingkang cêngkah kaliyan Gusti Allah. Nalikâ manungsâ nindakakên pocapan, pakaryan ingkang botên laras kaliyan dhawuhipun Gusti Allah, prayogi enggal nyuwun pangapuntên dhumatêng Panjênênganipun. Kadadosan ingkang damêl bingah punapâdene sisah prayogi dipuntampi dening manungsâ kanthi kêbak ing kabingahan. Prakawis ingkang nndadosakên bingah punapâdene sisah prayogi dipuntampi kanthi eklas, kanthi bingah. Manungsâ botên sagêd uwal saking tumindak lêpat. Ananging, nalikâ kanthi sadhar sampun rumaos lêpat manungsâ enggal nyuwun pangapuntên dhumatêng Gusti Allah. Nyuwun rêsik saking sadâyâ dosâ sâhâ kalêpatanipun.manungsâ ngrumaosi bilih pêjah gêsangipun manungsâ sampun wontên ingkang ngatur inggih mênikâ Gusti Allah;*

2) *nilai budi pakarti tanggung jawab* inggih mênikå k wajiban nangg l bilih patrap ingkang dipuntindakak n dening tiyang sampun laras kaliyan kodrat manungså. Wantun tangg l jawab t g sipun bilih manungså wantun n mtokak n, wantun m nthekak n, bilih tumindakipun m nikå sampun laras kaliyan tuntutan kodrat manungså s hå bilih namung amargi m nikå patrap m nikå dipuntindakak n (Sutrisnå Wibåwå, 2013: 135). Budi pakarti tanggel jawab inggih m nikå *sikap* s hå patrap satunggaling tiyang g sang kangge nindakak n j jibahan s hå kuwajiban ingkang k dahipun dipuntindakak n tumrap dhiri pribadi, masarakat, lingkungan (lingkungan, *sosial*, s hå bud yå), nagari, s hå Gusti Inkang M hå Agung.

Budi pakarti tangg l jawab milå mujudak n satunggaling perangan saking watak *religius*. Tiyang ingkang tangg l jawabipun inggil t mtu anggenipun tumindak kanthi tem n lan saestu. Nindakak n sad yå dhawuh kanthi estu.bot n namung dhawuh pimpinan, tiyang s puh, ananging dhawuh-dhawuh saking Gusti Allah dipuntindakak n kanthi t m n;

3) *Nilai Budi pakarti s ngkud* mujudak n p rilaku manungså ingkang aktip s hå dipuns ngkuyung dening gr g t ingkang makantar-kantar, mboten loyo, saha kesed. Budi pakarti s ngkud n dahak n tumindak ingkang k bak ing pangati-ati ananging kangge ngudi asil ingkang paling sae. Manungså sag d ng ndhaleni dhiri,bot n nindakak n pakaryan utawi tumindak kanthi culikå. Tanpå dipunlandhesi kupiyå ng ndhaleni dhiri s hå kapitadosan dhumat ng Gusti Allah ndadosak n manungså dhumawah wont n ing kasangsaran. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti s ngkud t mtu

anggenipun tumindak sâhâ makaryâ bakal gadhah grêgêt ingkang makantar-kantar. Ananging pakarti sêngkud mênikâ ugi dipunlandhêsi kanthi mbudidâyâ linambaran nyênyuwun dhumatêng ngarsanipun Gusti Allah. Nalikâ sadâyâ tumindak dipunlandhesi panyuwunan sâhâ idi dhumatêng Gusti, têngêsipun manungsâ tumindak awit ridhâ saking Gusti Allah piyambak;

4) *nilai budi pakarti trêp kaliyan paugêran* inggih menikâ mujudaken perilaku taat utawi patuh; inggih menika ketaatan dhumateng paugeran utawi tata tertib sanesipun. Budi pakarti trêp kaliyan paugêran utawi dhisiplin minangkâ satunggaling perangan *karaktêr* ingkang rakêt sangêt kaliyan *karaktêr* religius. Kathah patrap manungsâ ingkangbotên trêp kaliyan paugêran, langkung-langkung paugêran agami. Agami minangkâ satunggaling margi kangge nggayuh katêntreman sampun dipunlirwakakên dening manungsâ. Manungsâ sampun botên malih ajrih, lingsêm nalikâ tumindak nisthâ. Agami nuntun manungsâ supados sagêd tumindak sae, tansah samidene ngaosi dhumatêng tiyang sanes lan sanesipun. Manungsâ sampun nalisir saking paugêraning agami, kêsed anggenipun ngibadah, botên jujur, kumalungkung, kumintêr lan sanes-sanesipun.

Tiyang ingkang botên gadhah budi pakarti trêp kaliyan paugêran utawi dhisiplin patrap, pocap, sâhâ sikapipun amung rêmên dipunalêmbânâ, rêmên dipunwastani tiyang pintêr, dipunanggêp dhukun, ngêrtos dhatêng bab ingkang botên katingal/gaib, tansah nyêpelekakên dhatêng tiyang sanes, rêmên sêsâbâ dhatêng papan-papan ingkang botên pantês, tansah botên

jujur, lan tumindak sanesipun ingkang sadâyânipun nêdahakên nisthanipun kamanungsan sâhâ têbih saking tuntunan agami.

b. Cundhuk wontên ing Nasionalis

Nasionalis inggih mênikâ mujudakên cârâ mikir, cikap, sâhâ patrap ingkang nêdahakên kasêtyan, kaprêdulen, sâhâ pangaji ingkang ingggil dhumatêng bâsâ, lingkungan sakiwâ têngên, budâyâ, ekonomi, sâhâ politik bângsâ, mapanakên kapentingan bângsâ sâhâ nagârâ wontên ing sanginggilipun kapêntingan dhiri punâpadene kêlompokipun, (Kemendikbud, 2017: 8).

Saking asiling panaliten *layang Sasmitâ Titikâ* dipunpangghakên budi pakarti ingkang nêdahakên *relêvansi* kaliyan *nilai-nilai karaktêr* modhel kêmêndikbud wontên ing poros *karaktêr nasionalis*

Nilai-nilai budi pakarti *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang mlêbêt wontên ing poros *karaktêr nasionalis* inggih mênikâ : (a) budi pakarti kêndêl, (b) budi pakarti taat utawi patuh, (c) budi pakarti tanggung jawab, (d) budi pakarti trêp kaliyan paugêran, sâhâ (e) budi pakarti bêkti. *Nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud ingkang mlêbêtakên wontên ing poros *karaktêr nasionalis* inggih mênikâ: (a) *nilai karaktêr* dhemokratis, (b) *nilai karaktêr* grêgêt makantar-kantar dhatêng nêgari, (c) *nilai karaktêr* trêsnâ dhatêng nêgari, (d) *nilai karaktêr* bêrsahabat utawi komunikatif, (e) *nilai karaktêr* trêsnâ dhatêng katêntreman, sâhâ (f) *nilai karaktêr* tanggung jawab.

Wontên ing *karaktêr nasionalis* mênikâ dipunpangghakên 3 (tigâ) *nilai* budi pakarti ing *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang maknanipun *relêvan nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud, inggih mênikâ; (1) *kêndêl* ingkang maknanipun

sami kaliyan *grêgêt makantar-kantar dhatêng nagâri*, (2) *bêkti* ingkang maknanipun sami kaliyan *trêsnâ dhatêng nagar, sâhâ* (3) *tanggung jawab*. Andharan saking 3 (tigâ) *nilai karaktêr* sacara ringkês kados makatên;

1) *Budi pakarti kêndêl* cundhuk kaliyan *nilai karaktêr grêgêd makantar-kantar dhumatêng bângsâ* maknanipun sami. Budi pakarti kêndêlinggih mênikâ satunggaling sikap njêjêgakên prakawis ingkang lêrês sâhâ nyingkiri tumindakbotên sae. Budi pakarti kêndêl mênikâ dipunperang dados kalih; (1) Sikap wantun ingkang sangêt dipunbêtahakên kangge jêjêgipun kaadilan sâhâ kêbênaran, sâhâ (2) Sikap wantun nyanggi sanggan awujud panandhang, wantun mbudi dâya sâhâ dados tameng tumrap iman saking tumindak ingkang kêtêm. S. Prawiro Atmodjo (1994: 164) mahyaakên bilih kêndêl têtêgêsipun duwe kuwanen utawâ ora jirih. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti kêndêl nalikâ ngadhêpi satunggaling prakawisbotên tidhâ-tidhâ ngurbanakên jiwa punâpâ dene raganipun kangge njêjêgakên prinsip ingkang dipungêgêki. Budi pakarti kêndêl kedah dipunkantheni patrap wêkêl utawi srêgêp. Srêgêp njêjêgakên prakawis ingkang lêrês. Têtêgêsipun, Lêrês miturut paugêran, botên lêrês manut kêkajênganipun piyambak. Awit mênawi lêrês mênikâ namung manut ukuran pribadi, tumidakipun manungsâ têtmtu sagêd nalisir. Budi pakarti kêndêl mênikâ maknanipun sami kaliyan *nilai karaktêr grêgêt makantar-kantar dhumatêng bângsâ* utawi *semangat kebangsaan*. *Nilai karaktêr Semangat kebangsaan*, inggih mênikâ cârâ anggenipun mênggalih sâhâ anggenipun tumindak ingkang mapanakên kawigatosaning bângsâ

sáhå nagari ing sainggiling kawigatosaning pribadi sáhå golonganipun. Kangge sagêd mênggalih, mocap sáhå tumindak mapanakên kawigatosing bangsa sáhå nagari sainggiling kawigatosaning pribadi mutlak dipunbêtahakên budi pakarti kêndêl.

2) *Budi pakarti bêkti* maknanipun cundhuk *nilai karaktêr trêsnå dhatêng nagari*. Budi pakarti bêkti utawi sêtyå kaliyan *nilai karaktêr trêsnå dhatêng nagari* nelakakên bilih manungså mênikå trêsnå dhumatêng bangsa tuwin nêgari. Pangêrtosan trêsnå dhumatêng bangsa sáhå nêgari inggih mênikå satunggaling raos asih ugi trêsnå dhumatêng papan anggenipun lair utawi bangsa nêgarinipun. *Nilai karaktêr trêsnå bangsa sáhå nêgari* inggih mênikå sikap sáhå tumindak ingkang nggambarakên raos bombong, sêtyå, pêrduli, sáhå pangaji ingkang inggil dhumatêng baså, budåyå, ekonomi, politik, lan sanes-sanesipun satêmah boten gampil nampi tawaran saking bangsa sanes ingkang sagêd mitunani bangsanipun piyambak. *Nilai karaktêr mênikå badhe* mangun manungså dados gadhah raos bombong minangkå warganing nêgari. Raos trêsnå bangsa tuwin nêgari mênikå ingkang dados dâya kangge sukå panjurung tumindakipun manungså kangge mbangun nêgari kanthi kêbak ing *dhedhikasi*. Awit saking mênikå, raos trêsnå dhumatêng bangsa tuwin nêgari kêdah dipunipuk-ipuk ugi dipungrêmbakakên wontên salêbêtipun jiwa sabên tiyang ingkang dados wargå satunggaling bangsa utawi nêgari supados ancasing gêsang sêsarêngan sagêd kasêmbadan. Tiyang ingkang pakarti tansah bêkti utawi sêtyå dhumatêng nêgari têngtu linandhêsan labuh labêt

ingkang tulus kados ingkang kamot wontên layang Sasmitâ Titik bilih sêtyâ, bêkti sâhâ trêsnâ dhatêng nagari kêdah linambaran lêlabêtan ingkang sae.

- 3) Budi pakarti tanggêl jawab têngêsipun wantun ndhadhagi sadâyâ prakawis ingkang thukul amargi patrap, pocap sâhâ tumindakipun piyambak. Tanggêl jawab inggih mênikâ kêwajiban nanggêl bilih patrap ingkang dipuntindakakên dening tiyang sampun laras kaliyan kodrat manungsâ. Wantun tanggêl jawab têngêsipun bilih manungsâ wantun nêmtokakên, wantun mêsthekakên, bilih tumindakipun mênikâ sampun laras kaliyan tuntutan kodrat manungsâ sâhâ bilih namung amargi kodrat, patrap mênikâ dipuntindakakên (Sutrisnâ Wibâwâ, 2013: 135). Tanggung jawab, inggih mênikâ sikap sâhâ tindak-tanduk satunggaling tiyang gêsang kangge nindakakên jêjibahan sâhâ ayahan ingkang kêdahipun dipuntindakakên tumrap dhiri pribadi, masarakat, lingkungan (lingkungan, *sosial*, sâhâ budâyâ), nagari sâhâ Gusti Inggang Mâhâ Agung. Kosok wangsulipun, tiyang ingkangbotên gadhah tanggung jawab têngtubotên gadhah pêpenginan, botên gadhah gêngayuhan, botên pengin miyarakên wawasan sâhâ damêl lantipipun pikir. Tiyang ingkang botên gadhah pakarti tanggêl jawab, nalikâ dipunparingi ayahan botên badhe sae asilipun, awit tiyang mênikâ mênawi mikir ingkang awrat, pikiranipun sampun botên kacongah.

c. Cundhuk wontên ing *Gotong Royong*

Gotong royong mujudakên tumindak ingkang nêdahakên ngaosi grêgêt sâhâ samidene tulung tinulung kangge ngrampungakên prakawis ingkang dipunadhêpi sêsarêngan, ngikêt tangsuling sêsambungan pasêdherekan sâhâ mêmmitran, sukâ pambiyantu dhumatêng tiyang-tiyang ingkang mbêtahakên (Kêmêndhikbud, 2017: 9). Saking asiling panaliten *layang Sasmitâ Titikâ* dipunpangghakên budi pakarti ingkang nêdahakên *relêvansi* kaliyan *nilai-nilai karaktêr* modhel kêmêndikbud wontên ing *karaktêr gotong royong*

Nilai-nilai budi pakarti *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang mlêbêt wontên ing *karaktêr gotong royong* inggih mênikâ : (a) budi pakarti kurmat-kinormatan, (b) budi pakarti tanggung jawab, (c) budi pakarti sêngkud, (d) budi pakarti mêmmitran, (e) budi pakarti wantun kurban, (f) budi pakarti rêmên têtulung, sâhâ (g) budi pakarti adil. *Nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud ingkang mlêbêt wontên ing poros *karaktêr gotong royong* inggih mênikâ: (a) *nilai karaktêr* sêngkud, (b) *nilai karaktêr* dhemokratis, (c) *nilai karaktêr* bersahabat/komunikatif, (d) *nilai karaktêr* pêdhuli sosial, sâhâ (e) *nilai karaktêr* tanggung jawab.

Wontên ing poros *karaktêr gotong royong* mênikâ dipunpangghakên 5 (gangsals) *nilai* budi pakarti ing *layang Sasmitâ Titikâ* ingkang maknanipun sami kaliyan 4 (sekawan) *nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud, inggih mênikâ;(1) *nilai budi pakarti* sâhâ *karaktêr sêngkud*, (2) *nilai budi pakarti* kaliyan *karaktêr tanggung jawab*, (3) *nilai budi pakarti* kaliyan *nilai karaktêr mêmmitran*, sâhâ (4) *nilai budi pakarti wantun kurban sâhâ rêmên têtulung* kaliyan

karaktêr pêdhuli sosial. Andharan sacarâ ringkês saking sabên-sabên *nilai* budi pakarti kados ing ngandhap mênikâ.

- 1) *Karaktêr sêngkud* têngêsipun nyambut damêl kanthi tumêmênbotên gampang nglokro. Sêngkud inggih mênikâ kêgiyatan ingkang dipuntindakakên sacarâ têmên-têmên tanpa raos kêsêl utawi lêrên sederengipun targetipun kasembadan ugi tansah nengenaken utawi nggatosaken kamareman asil ing saben-saben kegiyatan ingkang dipuntindakaken. Sêngkud sagêd dipuntêngêsi minangkâ nyambut damêl kanthi têmên-têmên kangge nggayuh bab ingkang dados pêpenginanipun. Kanthi ngginakakên wêkdal sacarâ *optimal* kadhangkâlâbotên nggatosakên wêkdal, jarak sâhâ pêpalang-pepalang ingkang dipunadhêpi. Budi pakarti sêngkud mujudakên pêrilaku manungsâ ingkang aktip sâhâ dipunsêngkuyung dening grêgêt ingkang makantar-kantar, botên loyo, mênâpâ malih kêsêd.

Wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ*, dipunpanggihakên ukarâ-ukarâ ingkang sagêd dipunmaknani minangkâ budi pakarti sêngkud. Budi pakarti sêngkud mênikâ dipunlandhêsi kêkajêngan ingkang golong gilig. Wontên ing dhirinipun gadhah kêkajêngan ingkang kênthêng, manthêng lan tansah fokus dhumatêng targêt. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti sêngkud anggenipun makaryâ têmtu dipunkantheni ugi raos tanggêl jawab ingkang têmên-têmên murih asilipun sagêd kasêmbadan. Kêkajêngan ingkang golong gilig, kênthêng, manthêng, tansah gadhah grêgêt ingkang makantar-kantar mênika mênawi dipuncakakên kanggê nggayuh

pêpenginan têtmtu badhe enggal kasêmbadan. Samantên ugi mênawi kêkajêngan mênikâ dipungadhahi dening sabên-sabên tiyang minangkâ warganing masarakat têtmtu mênâpâ ingkang dipunpengini dening sadâyâ wargâ badhe kasêmbadan, weasânâ gêsangipun manungsâ wontên ing madyaning masarakat badhe sêkecâ.

- 2). *Karaktêr tanggung jawab*ingih mênikâ sikap sâhâ tindak-tanduk satunggaling tiyang gêsang kangge nindakakên jêjibahan sâhâ ayahan ingkang kêdahipun dipuntindakakên tumrap dhiri pribadi, masarakat, lingkungan (lingkungan, *sosial*, sâhâ budâyâ), nagari sâhâ Gusti Inkang Mâhâ Agung. Tiyang ingkang gadhah tanggung jawab anggenipun nindakakên sadâyâ tugas badhe dipuntindakakên kanthi kêbak ing raos tanggêl jawab. Jêr sadâyâ tumindakipun tiyang ingkang gadhah pakarti tanggê jawab badhe damêl “ *Karyenak Tyas Sasâma*”, têngsipun sadâyâ patrap ing dipunkupiyâ kangge damêl rêmênipun tiyang sanes.

Kosok wangsulipun tiyang ingkangbotên gadhah pakarti tanggêl jawab wontên ing gêsangipun, tiyang mênikâbotên wantun ndhadhagi sadâyâ prakawis ingkang thukul saking patrap, pocap, sâhâ tumindakipun piyambak. Tiyang mênikâ ajrih ngadhêpi kasunyatan ingkang thukul awit patrapipun piyambak, satêmah sadâyâ patrap, pocap, sâhâ pakaryanipun kêparâ malah damêl sisahipun tiyang kathah. Rêmên tumindak salewengan.botên purun ngestokakên dhawuh punâpâdene paugêran.

3). *Karaktêr mêmītran sâhâ mbangun wawan pirêmbagan inggih mênikâ tindak-tanduk ingkang ngatingalakên raos bingah ing salêbêting ginêman, nyambut damêl, sâhâ sambung srawung sêsarêngan kaliyan tiyang sanes. Budi pakarti mêmītran mujudakên pêrilaku kangge ngrakêtakên tangsul pasêdherekan. Kanthi mêmītran sagêd nglêstantunakên pasêdherekan sâhâ badhe mijilakên kasaenan. Kanthi mêmītran prakawis ingkang awrat sagêd dipunudhari kanthi gampil. Budi pakarti mêmītran utawi mbangun wawan pirêmbagan nêdahakên bilih tiyang gêsang botên sagêd gêsang piyambak. Budi pakarti mêmītran sâhâ mbangun wawan pirêmbagan kaliyan tiyang sanês kêdah têliti. Ngikêt tangsuling kêkadangan prayogi ingkang sagêd nuwuhakên raos têntrêm ing antawisipun tiyang-tiyang ingkang nglampahi. Mêmītran sâhâ mbangun wawan pirêmbagan inggih mênikâpatrap ingkang nêdahakên raos rêmên micantên, srawung, sâhâindakakên têmbayatan kaliyan tiyang sanes. Kanthi gêsang mêmītran sâhâ komunikasi ingkang sae kaliyan tiyang sanes sagên nuwuhakên kabêgjan wontên ing gêsang kados ingkang kamot wontên ing layang Sasmitâ Titikâ. Kabêgjan tiyang gêsang mênikâ saking anggenipun ngikêt tangsuling kekadangan utawi mêmītran.*

4). *Nilai budi pakarti lila eklas nindakakên pangurbanan sâhâ rêmên têtulung kaliyan karaktêr pêdhuli sosial. inggih mênikâ sikap sâhâ tindak-tanduk ingkang tansah kêpengin sukâ pambiyantu dhumatêng tiyang sanes sâhâ masarakat ingkang mbêtahakên. Budi pakarti rêmên têtulung mênikâ prayogi nyingkirakên patrap ngajêng-ajêng pituwas, atêgês têtulung*

ananging tanpa pamrih. Budi pakarti rêmên têtulung miturut Suyadi (2013: 9) inggih mênikâ sikap sâhâ tumindak ingkang nêdahakên raos pêdhuli dhumatêng tiyang sanes punâpadene masarakat ingkang mbêtahakên. Miturut Samani sâhâ Hariyanto (2011: 51) ngandharakên tandhâ-tandhanipun tiyang ingkang gadhah *karaktêr* pêdhuli sosial, ing antawisipun: (1) mapanakên tiyang sanes kanthi sopan, (2) anggenipun micârâ kêbak ing raos santun, (3) ngaosi wontênipun prakawis ingkang bedâ antawisipun tiyang satunggal kaliyan sanesipun, (4) botên rêmên damêl kasangsaranipun tiyang sanes, (5) botên rêmên mêthik kauntungan saking tiyang sanes, (6) kwawi ngikêt mêmikiran, (7) purun ambyur wontên ing kêgiyatan masarakat, (8) trêsnâ kaliyan tiyang sanes ugi titahipun Gusti sanesipun, (9) trêsnâ dhumatêng katêntêman nalikâ ngadhêpi satunggaling prakawis. Kados ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* bilih salêbêtipun gêsang sêsarêngan wontên ing masarakat milâ dipunbêtahakên budi pakarti rêmên têtulung ananging botên ngajêng-ajêng pituwas utawi bêbânâ. Rêmên têtulung dipuntindakakên linandhêsan raos iklas tulus sâhâ tanpa pamrih.

d. Cundhuk wontên ing *Intêgritas*

Nilai karaktêr intêgritas mujudakên *nilai* ingkang ndhasari tumindak utawi patrap ingkang dipundhasarakên kangge ngupiyâ nndadosakên dhirinipun minangkâ tiyang ingkang tansah sagêd dipunpitados wontên ing pocap, patrap, sahâ pakaryan, gadhah komitmên sâhâ kasêtyan dhumatêng *nilai-nilai* kamanungsan sâhâ *moral*. *Karaktêr intêgritas* nyakup sikap tanggung jawab

minangkå wargå nagårå, aktif ambyur wontên ing gêsang sosial, lumantar konsistensi tumindak sårå pocapan linandhêsan prakawis ingkang lèrês (Kêmêndhikbud, 2017: 9).

Saking asiling panaliten *layang Sasmitå Titikå* dipunpangguhakên budi pakarti ingkang nêdahakên cundhuk kaliyan *nilai-nilai karaktêr* modhel kêmêndikbud wontên ing poros *karaktêr intêgritas*. *Nilai-nilai* budi pakarti *layang Sasmitå Titikå* ingkang mlêbêt wontên *karaktêr intêgritas* inggih mênikå : (a) njagi aosing dhiri, (b) njagi sucining dhiri, (c) jujur, (d) sopan santun, (e) ngromaosi mênawi lêpat, (f) têlaten, (g) gêmî, (h) tanggung jawab, (i) sêngkud, (j) trêp kaliyan paugêran, (k) bêkti, (l) prasåjå, (m) wantun kurban, (n) adil, (o) rêmên têtulung, (p) andhap asor, sårå (g) wicaksånå. *Nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud ingkang mlêbêt wontên ing poros *karaktêr intêgritas* inggih mênikå: (a) jujur, (b) toleransi, (c) trêp kaliyan paugeran, (d) sêngkud, (e) ngulir budi, (f) mandiri, (g) raos kêpengin mangêrtos, (i) ngrêgani prestasi, (j) bersahabat/komunikatif, (k) trêsnå dhateng katentreman, (m) pêdhuli dhatêng lingkungan, (n) pêdhuli sosial, sårå (o) tanggêl jawab.

Wontên ing poros *karaktêr intêgritas* mênikå dipunpangguhakên 14 (sêkawan wêlas)) *nilai* budi pakarti ing *layang Sasmitå Titikå* ingkang maknanipun sami kaliyan 8 (wolu) *nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud, inggih mênikå: (1) *nilai* budi pakarti njagi aosing dhiri, njagi sucining dhiri, trêp kaliyan paugêran maknanipun sami kaliyan *nilai karaktêr* trêp kaliyan paugêran; (2) budi pakarti jujur sami kaliyan *nilai karaktêr* jujur; (3) budi pakarti sopan santun sami maknanipun kaliyan *nilai karaktêr* toleransi, bersahabat komunikatif ;

(4) budi pakarti ngrumaosi mênawi lêpat, tanggêl jawab maknanipun sami kaliyan *nilai karaktêr* tanggung jawab; (5) *nilai* budi pakarti têlaten maknanipun sami kaliyan *nilai karaktêr* ngulir budi; (6) *nilai* budi pakarti sêngkud kaliyan *nilai karaktêr* sêngkud; (7) budi pakarti adil , andhap asor maknanipun sami kaliyan *nilai karaktêr* trêsnâ dhatêng katêntêman; (8) budi pakarti rêmên têtulung, wantun kurman maknanipun sami kaliyan *nilai karaktêr* pêdhuli sosial.

Kados andharan bab *nilai karaktêr* intêgritas ing nginggil bilih *nilai karaktêr intêgritas* mujudakên *nilai* ingkang ndhasari tumindak utawi patrap ingkang dipundhasarakên kangge ngupiyâ nndadosakên dhirinipun minangkâ tiyang ingkang tansah sagêd dipunpitados wontên ing pocap, patrap, sahâ pakaryan, gadhah komitmên sâhâ kasêtyan dhumatêng *nilai-nilai* kamanungsan sâhâ *moral*. Milâ botên nâma nggumunakên bilih wontên ing poros *karaktêr* intêgritas nêdahakên *nilai-nilai* ingkang kêdah dipungadhahi dening tiyang ingkang gadhah intêgritas. *Karaktêr* intêgritas nyakup sikap tanggung jawab minangkâ wargâ nagârâ, aktif ambyur wontên ing gêsang sosial, lumantar konsistensi tumindak sâhâ pocapan linandhêsan prakawis ingkang lêrês

e. Cundhuk wontên ing *Mandhiri*

Budi pakarti mandhiri inggih mênikâ sikap sâhâ patrap ingkang nêdahakên botên gampang gumantung dhumatêng tiyang sanes kangge nindakakên sâhâ ngrampungakên sadâyâ ayahan. Mandhiri sagêd ugi dupuntêgêsi minangkâ sikap sâhâ patrap ingkang botên gumantung dhumatêng tiyang sanes; ngginakakên tênggâ pikiran, sâhâ wêkdal kangge mujudakên pangajêng –ajêng, gêgayuhan, sâhâ pangimpen (Kêmêndhikbud, 2017: 9).

Saking asiling panaliten *layang Sasmitå Titikå* dipunpanggihakên budi pakarti ingkang nêdahakên *relêvansi* kaliyan *nilai-nilai karaktêr* modhel kêmêndikbud wontên ing poros *karaktêr mandhiri*. *Nilai-nilai* budi pakarti *layang Sasmitå Titikå* ingkang mlêbêt wontên *karaktêr mandhiri* inggih mênikå : (a) budi pakarti srêgêp, sâhå (b) budi pakarti mandhiri. *Nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud ingkang mlêbêt wontên ing *karaktêr mandhiri* inggih mênikå: (a) *nilai karaktêr* sêngkud, (b) *nilai karaktêr* ngulir budi (*kreatif*) (c) *nilai karaktêr* mandhiri, (d) *nilai karaktêr* raos kêpengin mangêrtos sâhå (e) *nilai karaktêr* rêmên maos.

Wontên ing poros *karaktêr mandhiri* mênikå dipunpanggihakên 2 (kalih) *nilai* budi pakarti ing *layang Sasmitå Titikå* ingkang maknanipun sami kaliyan 5 (gangsål) *nilai-nilai karaktêr* modhel Kêmêndhikbud, inggih mênikå;(1) *nilai budi pakarti srêgêp* maknanipun sami kaliyan *nilai karaktêr sêngkud, ngulir budi, raos kapengin mangêrtos, sâhå rêmên maos; (2) budi pakarti mandhiri*. Andharan sacårå ringkês saking sabên-sabên *nilai* budi pakarti kados ing ngandhap mênikå.

1). *Nilai* budi pakarti *srêgêp* kaliyan *nilai karaktêr sêngkud, ngulir budi, raos kapengin mangêrtos*. Budi pakarti srêgêp inggih mênikå satunggaling pêrilaku ingkang nêdahakên tumindak mêmêng, tumuju dhumatêng satunggaling pakaryan kangge mujudakên tujuwan sâhå gêgayuhan. Srêgêp nalikå nindakakên pakaryan atêgês nyingikiri saking tumindak kêsed, nglokro, botên rêmên ngupiyå kanthi tumêmên. Tiyang ingkang srêgêp sagêd sugih kawruh, sugih mitrå, sugih kawicaksanan, sugih kêkêndêlan lan

sanesipun. Milå tiyang ingkang srêgêp nndadosakên dhiri sagêd kêbak ing samudayanipun. Satêmah kanthi mandhiri sagêd gêsang kanthibotên damêl repotipun tiyang sanes. Mandhiri wontên ing mriki botên atêgês botên bêtahakên tiyang sanês, ananging sagêd gêsang kanthi limrah; botên damêl kasisahan tiyang sanes. Kosok wangsulipun srêgêp inggih mênikå kêsed. Gêsangipun namung dipunginakakên kangge onkang-onkang. Pêpinginanipun mangan ecå, turu sakecå, nyandhang bêcik sårå gadhah artå botên sakêdhik. Tiyang kados makatên mênikå padatan botên gadhah kawruh ingkang manjilå, botên gadhah kapintêran, nalikå nindakakên pakaryan anamung sêmbrånå; botên tumêmên, botên gadhah kalantipan. Tiyang ingkang kêsed pêpinginanipun namung thênguk-thênguk nganggur botên nyambut damêl ananging gadhah artå kathah, mênawi mangan ugi ingkang ecå kados ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitå Titikå. Srêgêp maknannipun rakêt sangêt kaliyan Kêrja kêrasutawi sengkud*, inggih mênikå tindak-tanduk ingkang nêdahaken kupiyå ingkang saestu anggenipun ngajêngi sårå ngawekani manekå warni pêpalang nalika sinau, jêjibahan utawi sanesipun kanthi tumêmên sårå botên gampil kêmbå; *Kreatif utawi ngulir budi*, inggih mênikå mênggalih sårå nindakakên satunggaling prakawis kangge ngasilakên cårå utawi asil ingkang enggal saking satunggaling prakawis ingkang sampun wontên utawi cumawis; *Rasa ingin tahu*, sikap sårå tindak-tanduk ingkang tansah ngupiyå kangge mangêrtosi langkung lèbêt sårå wiyar saking satunggaling prakawis ingkang dipunsinau, dipuntingali, sårå dipunpirêng, sårå *Gemar membaca*, inggih

mênikå padatan mijekakên wêkdal kangge maos manekå warni waosan ingkang sukå kabêcikan tumrap piyambakipun. *Nilai karaktêr sêngkud, ngulir budi, raos kapengin mangêrtos, sâhå rêmên maos sagêd dipunwujudakên manawi tiyang gadhah budi pakarti srêgêp.*

- 2). *Nilai budi pakarti mandhiri.* Suparman (2003: 31) mahyakakên bilih *pêndidikan karaktêr* mandhiri inggih mênikå kupiyå mujudakên akhlak, watak, budi pêkêrti, sâhå mental manungså supados gêsangipunbotên gumantung dhumatêng tiyang sanes, botên gumantung dhumatêng pambiyantunipun tiyang sanes. Budi pakarti mandhiri nêdhakên grêgêd manungså ingkang tansah sukå panjurung sâhå panyêngkuyung kangge ngrampungakên prakawis-prakawis wontên gêsangipun satêmah gadhah tekad kangge nukulakên gagasan, gadhah kreasi, gadhah inovasi, proaktif, sâhå sêngkud. Budi pakarti mandhiri njurung manungså gadhah dâya kêkendêlan kangge tumindak, botên pasrah, nglokro, kêbak dâya kêkiyatan sâhå gadhah grêgêd ingkang makantar-kantar kangge mujudakên gêsang sae, têntrêm, sêkecå wontên wêkdal-wêkdal candhakistanipun. Tiyang mandhiri nêbihi kapårå nyingkiri tumindak kridhå lumahing astå. Mênawibotên kapêkså tiyang mandhiribotên badhe nyuwun pitulungan tiyang sanes. Kajawi mênikå, tiyang mandhiri kêbak ing dâya ngulir budi; kreatif. botên rêmên tiru-tiru dhumatêng pakaryanipun tiyang sanes. Samantên ugi, tiyang mandhiri tansah pitados dhumatêng dâya kêkiyatan, dayå pamikir piyambak satêmahbotên pengin nulad menåpå ingkang sampun katindakakên dening tiyang sanes. Tiyang mandhiri tansah mêmêng anggenipun sinau; ngangsu

kawruh. Tansah ngasah lantiping budi. Ngasah lantiping pamikir murih pikiranipun landhêp. Tiyang ingkang kados makatên têtubotên gadhah pamikiran kangge niru, mêthik kawruhipun tiyang sanes. Tiyang ingkang gadhah budi pakarti mandhiri, kanthi tekad ingkang kiyat, grêgêt ingkang makantar-kantar tansah sumadiyâ nindakakên sadayâ pakaryan.

3. Winatêsing Panaliten

Panaliten mênikâ winatês wontên prakawis *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* sâhâ cundhukipun kaliyan 18 (wolulas) *nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên ing pawiyatan miturut Undhang-Undhang No. 20 tahun 2003 ingkang dipunrumusakên dening Kêrnentèrian *Pêndidikan* Nasional. Bab mênikâ laras kaliyan ancas saking panaliten inggih mênikâ manggihakên *nilai-nilai* budi pakarti ingkang kamot wontên ing *layang Sasmitâ Titikâ* sâhâ salajêngipun dipunpadosi *relêvansinipun* kaliyan 18 (wolulas) *nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên ing pawiyatan laras kaliyan Undhang-Undhang No. 20 tahun 2003.

Ewâ sêmantên, panaliten mênikâ taksih kathah prakawis-prakawis ingkang sagêd dipuntaliti malih, kadostâ kadospundi cak-cakanipun wontên ing pawiyatan, kadospundi anggenipun sukâ pambiji dhumatêng pocap sâhâ patrap siswâ ingkang nindakakên *nilai-nilai karaktêr* mênikâ lan sanes-sanesipun. Prakawis-prakawis mênikâ sagêd dados pancadan kangge nindakakên panalitên salajêngipun. Kêjawi saking wêkdal ingkang cupêt anggenipun nindakakên panalitên, ananging ingkang wigatos panalitên mênikâ namung winatês wontên ing prakawis manggihakên *nilai-nilai* budi pakarti wontên *layang Sasmitâ Titikâ*

salajêngipun madosi *relêvans*ipun kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* ingkang dipungrêmbakakên wontên ing pawiyatan laras kaliyan ancasing panaliten.

BAB V DUDUTAN SÁHÁ PAMRAYOGI

A. Dudutan

Adhêdhasar panaliten sáhá pirêmbagan ingkang sampun kaandharakên, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun, inggih mênikå: *Layang Sasmitå Titikå* koleksi Perpustakaan Museum Dewantårá Kirti Griyå Tamansiswå Yogyakarta kodê koleksi: Bb.1.133 ingkang suntingan naskahipun sampun dipuntindakakên dening Siti Sawilah (2016) sáhå dados sumbêr *data* wontên ing panalitên mênikå mujudakên jinis *naskah* piwulang. *Naskah layang Sasmitå Titikå* ngêwrat prakawis *nilai-nilai budi pakarti*

Dipunpangguhakên 26 (nêm likur) *nilai-nilai budi pakarti* ingkang kamot wonten ing *layang Sasmitå Titikå* inggih mênikå; (1) njagi aosing dhiri, (2) njagi sucining dhiri, (3) srêgêp, (4) jujur, (5) sabar, (6) kêndêl, (7) sopan santun, (8) ngrumaosi mênawi lêpat, (9) taat/patuh, (10) nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti, (11) kurmat-kinormatan, (12) têtaten, (13) gêmî, (14) eklas, (15) tanggung Jawab, (16) mandhiri, (17) sêngkud, (18)trêp kaliyan paugêran, (19) bêkti/sêtyå, (20) mêmîtran, (21) prasåjå, (22) lilå eklas nindakakên pangurbanan, (23) rêmên têtulung, (24) adil, (25)andhap asor, sáhå (26) wicaksånå.

Nilai-nilai budi pakarti ing *layang Sasmitå Titikå* sagêd dipunpantha dados gangsal adhêdhasar 5 (gangsal) poros minångkå fokus Penguatan Pendhidhikan *Karaktêr* ing pawiyatan, inggih mênikå: (1) *Religius*, ingkang ngêmot budi pakarti, (a) sabar, (b) nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti, (c)

eklas, (d) tanggung jawab, (e) sêngkud, sâhâ (f) trêp kaliyan paugêran; (2) *Nasionalis*, ingkang ngêmot budi pakarti, (a) kêndêl, (b) taat/patuh, (c) tanggung jawab, (d) trêp kaliyan paugêran, sâhâ (e) bêkti; (3) *Gotong royong*, ingkang ngêmot budi pakarti, (a) kurmat-kinormatan, (b) tanggung jawab, (c) sêngkud, (d) mêmitran, (e) lilâ eklas nindakakên pangurbanan, (f) rêmên têtulung, sâhâ (g) adil ;(4) *Intêgritas*, ingkang ngêmot budi pakarti, (a) njagi aosing dhiri, (b) njagi sucining dhiri, (c) jujur, (d) sopan santun, (e) ngrumaosi mênawi lêpat, (f) têtaten, (g) gêmi, (h) tanggung jawab, (i) sêngkud, (j) trêp kaliyan paugêran, (k) bêkti, (l) prasâjâ, (m) lilâ eklas nindakakên pangurbanan, (n) adil, (o) rêmên têtulung, (p) andhap asor, sâhâ (q) wicaksânâ, sâhâ (5) *Mandhiri*, ngêmot budi pakarti, (a) srêgêp, sâhâ (b) mandhiri

Nilai-nilai budi pakarti ingkang kapanggihaken ing *layang Sasmitâ Titikâ* taksih laras wontên ing jaman samenika. *Nilai-nilai* budi pakarti wontên *layang Sasmitâ Titikâ* cundhuk kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* miturut Undhang-Undhang No. 20 tahun 2003. 18 (wolulas) *nilai karaktêr* menikâ wêkdal sakmênikâ dipungrêmbakakakên wontên ing pawiyatan. 26 (nêm likur) *nilai* budi pakarti ing *layang Sasmitâ Titikâ* kaliyan 18 (wolulas) *nilai-nilai karaktêr* miturut Undhang-undang no. 20 tahun 2003 cundhuk wontên ing *karaktêr* a) *religius*, b) *nasionalis*, c) *gotong royong*, 4) *integritas*, sâhâ 5) *mandhiri*.

B. Implikasi

Asiling panaliten sâhâ parêmbagan saking *teks layang Sasmitâ Titikâ* sampun kaandharakên kanthi jangkep ing Bab IV. Wondene *implikasi* saking asiling panaliten mênikâ kaandharakên ing ngandhap mênikâ:

1. Isinipun teks *layang Sasmitâ Titikâ* ngandharakên piwulang ingkang magêpokan kaliyan *nilai-nilai* karakter. Asiling panaliten mênikâ sagêd minangkâ tambahing sêsêrêpan, cêpêngan, sâhâ sagêd dipuncakakên kangge nyêngkuyung pëndhidhikan karaktêr.
2. Asiling panaliten menika sagêd dipunginakakên dening pârâ pamaos sâhâ panaliti sanesipun kangge ndherek nguri-uri sâhâ nglêstantunakên budâyâ minangkâ tilaranipun pârâ lêluhur.

C. Pamrayogi

Adhêdhasar asiling panaliten sâhâ parêmbaganipun, kaaaturaken pamrayogi-pamrayogi ingkang kaajab sagêd dipungatosakên, inggih mênikâ:

- 1) Panaliten mênikâ winatês ngandharakên *nilai-nilai budi pakarti* ingkang kamot ing *layang Sasmitâ Titikâ*, pramilâ saking mênikâ asiling panaliten mênikâ sagêda kangge pancadan nglajêngakên panaliten sanes ingkang langkung lêbêt.
- 2) Panaliten mênikâ winatês ugi wontên ing prakawis *nilai-nilai budi pakarti* wontên ing *layang Sasmitâ Titikârelêvansinipunkaliyan wolulas nilai karakter* ingkang dipungrêmbakaken wontên ing pawiyatan miturut Undhang-Undhang No. 20 Tahun 2003, kaajab wontên panaliten salajêngipun ingkang gayut kaliyan *nilai karakter* saking sumbêr sanes.

- 3) Panaliten sanes ingkang ngrêmbag *naskah-naskah* Jåwå prayogi dipunlajêngakên kangge ndhudhah sâhá nglêstantunakên piwulang sae saking para lêluhur jaman saamantên.
- 4) Asiling panaliten mênikå sagêda minångkå kangge salah satunggaling *referensi* wontên ing panaliten sanesipun.

KAPUSTAKAN

- Abidin, Y. (2012). *Pembelajaran Bahasa Berbasis Pendidikan Karakter*. Bandung: Refika Aditama.
- Achmad, Sri Wintala. (2016). *Petuah-Petuah Leluhur Jawa: Mengurai Kearifan, Cinta Kasih, kejujuran, dan Laku Utama Orang Jawa*. Yogyakarta: Araska Publisher.
- Alivermana, W. (2014). *Isu-Isu Kontemporer Pendidikan Islam*. Yogyakarta: Deepublish
- Aman. (2011). *Model Evaluasi Pembelajaran Sejarah*. Yogyakarta: Ombak.
- Amirudin S,. (1983). *Disiplin Militer dan Pembinaannya*. Jakarta : Ghalia Indonesia.
- Anak bunuh ibu kandung. (2 Mei 2018). *Kedaulatan Rakyat*, hlm. 18
- Anggraeni, Purwanti. & Tuti Kurniati. (2016). The Implementation of Character Education Model Based on Empowerment Theatre for Primary School Students. *Journal of Education and Practice*. ISSN 2222-1735, Vol. 7, No. 1.
- Anonim. *Layang Sasmita Wrnitya*. Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Taman Siswa Yogyakarta, Nomer Bb. 1.144
- Agboola, Alex. &Kaun Chen Tsai. (2012). Bring Character Education In to Classroom. *European Journal of Edicational Research*, Vol 1, No. 2, 163-170.
- Arifin, Ferdi,. (2013).” Wayang Kulit Sebagai Media Pendidikan Budi Pekerti” *Jantra jurnal Sejarah dan Budaya*.Vol. 8. No. 1 Juni 2013. Yogyakarta: Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta.
- Asmara, Any. (1964). *Panggodhaning Iblis*. Yogyakarta. Kedaulatan Rakyat.
- Astuti, Fitriyani. (2018). Rekonstruksi Nilai-Nilai Karakter Wonten Ing Serat Swaraning Asepi. *Tesis*. Tidak diterbitkan. Pendidikan Bahasa Jawa, Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta.
- Asmani, Jamal Ma’ur. (2011). *Buku Panduan Internalisasi Pendidikan Karakter di Sekolah*.Yogyakarta: Diva Press.

- Atmaja, S. *Swaraning Asepi*. Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Taman Siswa Yogyakarta, Nomer Bb. 1.105
- Atmodjo. S., Prawiro. (1994). *Bausastra Jawa*. Cetakan III. Yayasan “Djojo Bojo” Surabaya.
- Badan Penelitian dan Pengembangan Pusat Kurikulum Kementerian Pendidikan Nasional. (2010). *Pengembangan Pendidikan Budaya dan Karakter Bangsa*. Jakarta
- Bandhana. (2011). “*Job Satisfaction and Values among Kendriya Vidyalaya Teachers*”. *International Journal of Education and Practice*. Vol 2, No 11&12.
- Balai Penelitian Bahasa. (1990). *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa & Panitia Kongres Bahasa Jawa 1991.
- Barnawi & M. Arifin. (2012). *Strategi dan Kebijakan Pembelajaran Pendidikan Karakter*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Baroroh-Baried, Siti, dkk. (1985). *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Bawa Sajam, Pelajar Ditahan. (18 Mei 2018). *Kedaulatan Rakyat*. hlm. 23
- Bupati Tasdi Jadi Tersangka. (6 Juni 2018). *Kedaulatan Rakyat*. hlm. 1
- Buchori, A., Setyawati, R. D., (2015). *Development Learning Model of Character Education Through E-Comic in Elementary School*. *International Journal of Education an Research*, Vol 3, No. 29, ISSN 2411-5681.
- Bull, Norman J. (1969). *moral Judgement from Chilhood to Adolesense*. London: Routledge & Kegan Paul.
- Bungin, Burhan. (2003). *.Analisis Data Penelitian Kualitatif*. Jakarta: PT RajaGrafindo Persada.
- Darusuprpta. (1984). “Beberapa Masalah Kebahasaan dlingkungan Penelitian Naskah”. *Widyaparwa* No.26 Oktober. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa Departemen P&K.
- Daryanto. & Suryatri. (2013). *Implementasi Pendidikan Karakter di Sekolah*. Bandung: Gava Media.

- Dirjen Dikdasmen Departemen Pendidikan Nasional. (2010). *Penelitian Tindakan Action Research*. Jakarta: Depdiknas.
- Ditjen Bimas Katolik. (1992/1993). *Kitab Suci Perjanjian Baru*. Ende: Ernaldus.
- Djajaatmadja.,Margana. (1957). *Ngulandara*. Djakarta: Balai Pustaka.
- Djamarah,. Syaiful Bahri (2002). *Rahasia Sukses Belajar*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Djulian, Hardiah. (2004). *Narkoba dan Permasalahannya*. Yogyakarta: Pemerintah Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta.
- Drijarkara, N. (1966). *Percikan Filsafat*. Jakarta: Djambatan.
- Endra, Gunardi. (2017). “Menyelisik Makna Integritas dan Pertentangannya dengan Korupsi” artikel jurnal Integritas, Vol. 3, Nomor 1, Maret 2017.
- Endraswara, Suwardi. (2003). *Budi Pekerti dilingkungan Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita
- _____. (2015). *Filsafat Ilmu.: Konsep, Sejarah, dan Pengembangan Metode Ilmiah*. Yogyakarta: CAPS
- _____. (2013). *Ilmu Jiwa Jawa: Estetika dan Citarasa Jiwa Jawa*. Yogyakarta: Narasi.
- _____.(2014). *Mistik Kejawen*. Yogyakarta: Narasi
- _____. (2017). *Metode Penelitian Antropologi Budaya: Pengenalan, Pemahaman, dan Penerapan* Yogyakarta: Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta.
- _____. (2009). *Tuntunan Tembang Jawa: Melagukan, Mengajarkan, Mementaskan*. Yogyakarta: Kuntul Press
- _____.(2016). *Hamemayu Hayuning Bawana: laku MenujuKeselamatan dan Kebahagiaan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Narasi.
- Fitri, A.Z. (2012). *Pendidikan Karakter Berbasis Nilai dan Etika di Sekolah*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Furkhan, N. (2014). The Implementation of Character Education Through thr Social Culture in SMA Negeri Dompu and SMA Negeri Kilo Dompu Regency. *Journal of Literature, Languages, and Linguistics*. An Open Access International Journal. Vol. 3

- Garmo, John. (2013). *Pengembangan Karakter Untuk Anak*. Jakarta: Kesaint Blanc Publishing.
- Gie, T.L. (1982). *Garis Besar Estetika (Filsafat Keindahan)*. Yogyakarta: Super Sukses.
- Gunawan, H. (2012). *Pendidikan Karakter: Konsep dan Implementasi*: Bandung Alfabeta.
- Hidayatulah, Arief. (2013). *Nilai-Nilai Pendidikan Karakter Pada Tokoh Wayang Semar*. *Skripsi* tidak diterbitkan. Pendidikan Guru Madrasah Ibtidaiyah UIN Sunan Kalijaga
- Hadidjojo, R.M. Ngabei Sri. (1952). *Jodho Kang Pinasthi*. Djakarta: Balai Pustaka.
- Handhika, Jeffry. (2017). Pendidikan Karakter Berbasis Kearifan Lokal: Dlingkungan Perspektif Keilmuan Fisika. *Prosiding Seminar Nasional. Lembaga Penelitian dan Pengabdian pada Masyarakat*. Universitas PGRI Madiun.
- Harjawiyan, Haryana., Th. Supriya. (2001). *Kamus Unggah-Ungguh Basa Jawa*. Yogyakarta: Kanisius.
- Hasanah. (2013). Implementasi *Nilai-Nilai* Karakter Inti di Perguruan Tinggi. *Jurnal Pendidikan Karakter*. Edisi Juni 2013, TH. III, No. 2. Retrieved from <https://journal.uny.ac.id/index.php/jpka/issue/view/249>
- <https://www.Sridianti.com/macam-macam keadilan.html>. diunduh 17 November 2019
- <http://subang-gemilang.blogspot.com/2011/05/pendidikan-karakter-mandiri.html>. diunduh 26 November 2019
- <https://www.kompasiana.com/kalimanainilah-jaman-edan-menyelidik-seratkalatidha-ranggawarsita>.
- Istiningsih. (2013). Contribution of Religion and Media Awareness in Building Character Appearance in the Family, Campus, Community, and in the Self (Study of Student Perceptions in Yogyakarta). *Journal of Education and Practice*. ISSN 2222-1735. Vol.4, No.9.
- Jatirahayu., Warih. & Suwarna Pringgawidagda. (2004). *Mutyara Rinonce: Budi Pekerti ing Pewayangan*. Yogyakarta: Grafika Indah.
- Kasus Penyerangan Siswa SMK. (7 April 2018). *Kedaulatan Rakyat*. hlm. 22
- Kementrian Pendidikan Nasional. (2010). *Pengembangan Pendidikan Budaya dan Karakter Bangsa*. Bahan Penguatan Metodologi Pembelajaran

Berdasarkan *Nilai-Nilai* Budaya untuk Membentuk Daya Saing dan Karakter Bangsa. Jakarta: Kementerian Pendidikan Nasional.

_____, (2010). *Pedoman Pembinaan Akhlak Mulia Siswa Melalui Kegiatan Ekstrakurikuler*. Jakarta: Kemendiknas.

Kemendikbud. (2017). *Konsep dan Pedoman Penguatan Pendidikan Karakter*. Jakarta: Pusat Analisis dan Sinkronisasi Kebijakan, Sekretariat Jenderal Kemendikbud.

Komisi Liturgi Konferensi Wali Gereja Indonesia (2016). *Puji Syukur: Buku Doa dan Nyanyian Gerejawi*. Jakarta: OBOR.

Krippendorff, Klaus.(1993). *Analisis Isi: Pengantar Teori dan Metodologi*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada

Kupperman, M.J. (1983). *The Foundation of Maorality*. London: George Allen & Unwin

Kurniawan, Syamsul. (2016). *Pendidikan Karakter: Konsepsi dan Implementasinya secara terpadu di lingkungan Keluarga, Sekolah, perguruan Tinggi dan Masyarakat*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media

Koentjaraningrat. (1985). *Bunga Rampai Kebudayaan, Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.

_____.(1997). *Metode-Metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: Gramedia

_____. (1990). *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.

Kusumohamidjojo, Budiono. (2009). *Filsafat Kebudayaan: Proses Realisasi Manusia*. Yogyakarta: Jalasutra.

Lickona, Thomas. (2012). *Character Matters Persoalan Karakter: Bagaimana Membantu Anak Mengembangkan Penilaian yang Baik, Integritas, Dan Kebajikan Penting Lainnya*. Jakarta: Bumi Aksara.

_____. (1992). *Educating For Character: How Our School Can Teach Respect and Reposibility*. New York: Bantam Books.

Linda, N. Eyre, Richard. (1995). *Teaching Your Children Values*. New York. Simon sand Chuster

Mangkunegara IV. KGPAА (tt). *Serat Tripama*. Manuskrip Jawa. Yogyakarta (Koleksi Perpustakaan Museum Sana Budaya Yogyakarta No. kode P28 Kempalan Serat Warni-Warni, SK 20 397 Bhs Jawa Aks Jawa Macapat Rol 111 no.2

_____ (tt). *Serat Wedhatama*. (<https://bambangkhuseenalmarie.wordpress.com/2017/08/13/kajianwedatama-29-ugering-ngaurip-triprakara/>)

Majelis Luhur Persatuan Taman Siswa. (2013). *Ki Hajar Dewantara: Pemikiran, Konsep, Keteladanan, Sikap Merdeka*. (bagian I: Pendidikan). Yogyakarta: UST pres.

_____. (2013). *Ki Hajar Dewantara: Pemikiran, Konsep, Keteladanan, Sikap Merdeka*. (bagian II: Kebudayaan). Yogyakarta: UST pres

Majid, A. dan Andayani, D. (2011). *Pendidikan Karakter Perspektif Islam*. Bandung: ROSDA.

Marsono. (2008). Bahasa, Sastra, Seni dan Budaya Jawa Sebagai Aset Wisata. Pidato Pengukuhan Jabatan Guru Besar pada Fakultas Ilmu Budaya, Universitas Gadjah Mada. Yogyakarta

Megawangi, Ratna. (2004). *Pendidikan Karakter Solusi Yang Tepat Untuk Membangun Bangsa*. Jakarta: BPMIGAS dan Star energy.

Menangis Saat Sungkem Ortu. (7 April 2018). *Kedaulatan Rakyat*. Hlm.22

Moleong, Lexy J. (2008) *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Penerbit PT Remaja Rosdakarya Offset. Bandung

Mubarok, Zaim. (2013). *Membumikan Pendidikan Nilai: Mengumpulkan yang terserak, Menyambung yang Terputus dan menyatukan yang Tercerai*. Bandung: Alfabeta

Muhtadi, Ali. tt. *Strategi Untuk Mengimplementasikan Pendidikan Budi Pekerti Secara Efektif di Sekolah*. Yogyakarta: FIP UNY

Mulyana, Rahmat. (2011). *Mengartikulasikan Pendidikan Nilai*. Bandung: Alfabeta

Mulyani, Hesti. (2012). *Membaca Manuskrip Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

_____. (2014). *Teori dan Pengkajian Filologi*. Yogyakarta: Astungkara Media.

Munawaroh, Siti. (2013). "Pendidikan Budi Pekerti dilingkungan Seni Drama Tradisional". *Dlingkungan Jantra jurna Sejarah dan Budaya*. Vol. 8. No. 1 Juni 2013. Yogyakarta: Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta.

Muslich, Mansur. (2011). *Pendidikan Karakter Menjawab Tantangan Krisis Multidimensial*. Jakarta

- Narwanti, Sri. (2011). *Pendidikan Karakter: Pengintegrasian 18 Nilai Karakter dilingkungan Mata Pelajaran*. Yogyakarta: Familia.
- Nugroho, Sigit .(2018). “Serat Tripama Karya Mangkunagara IV Sebagai Sarana Pendidikan Karakter”. *Warta Guru*. Edisi 3 tahun 2018. Yogyakarta: Balai Tekkomdik.
- _____. (2019). “Pemenuhan Kebutuhan Hidup Masyarakat Jawa Dlingkungan Serat Sana Sunu: Kajian Antropologi Sastra”. *Alayasastra jurnal Ilmiah Kesusastraan*. Vol. 15. No. 1 Mei 2019. Semarang: Balai Bahasa Jawa Tengah.
- _____. (2019). “Penanaman Karakter Komunikatif Peserta Didik Melalui Ujaran: “ KulaNuwun”, “Nyuwun Pangapunten”, Dan “Matur Nuwun””. *Warta Guru* Edisi 2 tahun 2019. Yogyakarta: Balai Tekkomdik.
- Nugroho, Arifin Suryo. (2013). “Nilai Budi Pekerti Dlingkungan Pementasan Seni Tradisional Dames”. *Jantra jurnal Sejarah dan Budaya*. Vol. 8. No. 1 Juni 2013. Yogyakarta: Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta.
- Nurhayati, E., Mulyani, H., V.I., Hasanah, U., & Dewi, O.S. (2016). *Merunut leadership Characters Raja-Raja Jawa Berdasarkan Manuskrip Klasik dan Implementasinya pada Kepemimpinan Masa Kini*. Lembaga Penelitian kepada Masyarakat, Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nurwanti, Yustina Hastrini. (2013). “Wayang Kancil dan Pendidikan Budi Pekerti”. *Dlingkungan Jantra jurnal Sejarah dan Budaya*. Vol. 8. No. 1 Juni 2013. Yogyakarta: Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta.
- Padmopuspito, Asia .(1996). “Peranan Sastra Jawa Sebagai Sumber Sarana Pembangunan Mental Bangsa”. *Makalah* disajikan dlingkungan Kongres Bahasa Jawa II, di Malang
- Padmasusastra., dan D. F. Van Der Pant. (1921). *Serat Durcara Arja*. Wèltrèphrèdhèn: Bale Pustaka
- Pakubuwana VI, SISK Susuhunan. “Serat Wulangreh”. [http://paramenkawi.Com/2017/11/12/kajian Wulangreh](http://paramenkawi.Com/2017/11/12/kajian%20Wulangreh).
- Pala, Aynur. (2011). The Need For Character Education. *International Journal of Social Science and Humanity Studies*. Vol. 3, No. 2.
- Pelajar SMP dicabuli ayah tiri. (2 Mei 2018) *Kedaulatan Rakyat*, hlm. 18.

- Pimpinan MPR & Tim Kerja Sosialisasi MPR Periode 2009-2014. (2012). *Empat Pilar Kehidupan Berbangsa dan Bernegara*. Jakarta: Sekretariat Jendral MPR RI.
- Poedjawiyatna. (1982). *Etika Filsafat Tingkah Laku*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Poerbakawatja, S. (1976). *Ensiklopedi Pendidikan*. Jakarta: Gunung Agung.
- Pranowo & Sri Ratna Saktimulya. (2017). *Basa Jawa Krama Alus Lan Santun*. Yogyakarta: Dinas Kebudayaan daerah Istimewa Yogyakarta.
- Prasetya, Agus dan Emusti Rivasinta. *Konsep, Urgensi, dan Implementasi Pendhidhikan Karakter di Sekolah*. <http://edukasi.kompasiana.com>
- Pudjiastuti, Titik. (2006). *Naskah dan Studi Naskah Sebuah Antologi*. Bogor. Akademia
- Purnama, Eka Khristiyanta, dkk. (2014). The Audio Medium of Character in Increasing The Dicipline Attitude of Elementary School Student. *Journal of Education and Practice*. ISSN 2222-1735. Vol. 5, No. 19.
- Purnama, Ignatius. (2012). "Sastra dan Pendidikan Karakter," *Basis* No 07-08, Tahun ke-61. Yogyakarta: Yayasan BP Basis.
- Purwoedarminta, W.J.S. (1939). *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters-Groningen.
- _____ . (1984). *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka
- Pusat Pengembangan Kurikulum dan Sarana Pendidikan (1997). *Pedoman Pengajaran Budi Pekerti*. Jakarta: Badan Penelitian dan Pengembangan Pendidikan dan Kebudayaan, Depdikbud.
- Raharjo. (2010). "Pendidikan Karakter Sebagai Upaya menciptakan Akhlak Mulia". *Jurnal Pendidikan dan Kebudayaan*. Vol. 16 No. 3 Balitbang Kemdiknas
- Reimer, Joseph., dkk. (1983). *Promotingmoral Growth: From Piaget to Kohlberg*. New York: Longman Inc
- Republik Indonesia. (2003) *Undang-Undang No. 20 Tahun 2003 tentang Sistim Pendidikan Nasional*.

- Ridwan. (2018). Pembentukan Karakter Religius Siswa Berbasis Pendidikan Agama di SMK Negeri 2 Malang. *Tesis*, Tidak diterbitkan, Universitas Muhamadiyah Malang, Malang.
- Rusyan, A Tabrani, M. Sutisna WD., AS. Hidayat. (TT). *Pendidikan Budi Pekerti*. Jakarta: Intimedia Ciptanusantara
- Saidek, A. R., Islami, R., & Abdoludin. (2016). Character Issues: Reality Character Problems and Solutions through Education in Indonesia. *Journal of Education and Practice*. Vol.7, No.17. ISSN 2222-1735 (Paper) ISSN 2222-288X (Online)
- Sairin, Syafri. (2000). “Budi Pekerti dan Kebudayaan”.Makalah disajikan dilingkungan Ceramah dan Diskusi Budi Pekerti Mencerminkan Watak Bangsa, di Balai Kajian Sejarah dan Nilai Tradisional Yogyakarta.
- Salahudin, A., & Irwanto Alkrienciehie. (2013). *Pendidikan Karakter Pendidikan Berbasis Agama dan Budaya Bangsa*. Bandung: Pustaka Setia.
- Salim, Muh. Haitami., dan Syamsul Kurniawan. (2012). *Filsafat Ilmu*.Pontianak: Stain Pontianak Press.
- Samani, Muchlas dan Haryanto.(2011). *Konsep dan Model Pendidikan Karakter*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya
- Santosa, Imam Budi. 2011. *Saripati Ajaran Hidup Dahsyat dari Jagad Wayang*. Jakarta: Flash Book.
- Santosa, Sedya. (Juni 2016). *Nilai-Nilai Pendidikanmoral Dlingkungan Tembang Macapat Sebagai Penguatan Pendidikan Karakter Dlingkungan Kurikulum 2013*. (Telaah Budaya Lokal). Jurnal Pendidikan Dasar Islam Al-Bidayah. Vol 8, No. 1
- Sawilah, Siti. (2016). *Kajian Filologi saha Kawruh Sasmita Wonten ing Layang Sasmita Titika*”. *Skripsi* tidak diterbitkan, Pendidikan Bahasa Jawa. UNY.
- Soebadiyo, Haryati. (1973). Masalah Filologi. *Paper Seminar Pengajaran Sastra Daerah: Bali, Sunda, Jawa*. Yogyakarta.
- Soejadi. (1999). *Pancasila sebagai SumberTertib Hukum Indonesia*. Yogyakarta:Lukman Offset
- Soekandi, Niek. (1966). *Pandleminge Kenya Kasmaran*. Yogyakarta: Muria.
- Soeratno.,Siti Camamah. (2001). “ Penelitian Sastra Tinjauan tentang Teori dan Metode: Sebuah Pengantar”., *Metodologi Penelitian sastra*. Jabrohim (ed) . Yogyakarta: Hanindita

- Shochib, Mohammad. (1989). *Pola Asuh Orang Tua dilingkungan Membantu Anak Mengembangkan Disiplin Diri*. Jakarta: Rineka Cipta
- Stedje, Lauree Beth. (2010). *Nuts and Bolts of Character Edication: A Literature Review*. Sponsored by Character Firts13800N. Benson Road, Suite 206 Edmond, Oklahoma 73013.
- Sudikan, Setya Yuwana. (2017). Learning Model Of *Unggah-Ungguh Basa* Oriented To Noble Behavior In SMP (Junior High School) Jawa Timur (East Java) Indonesia. *Journal of Education and Practice*. ISSN 2222-1735 . Vol.8, No.9.
- Sugiyono. (2011). *Metode Penelitian Kuantitatif, kualitatif dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- _____. (2010). *Metode Penelitian Pendidikan: Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D*. Bandung: Alfabeta
- Suharjana. (2012). *Kebiasaan Berperilaku Hidup Sehat dan Nilai-Nilai Pendidikan Karakter*. Jurnal Pendidikan Karakter, Tahun II, No. 2, Juni.
- Sukandi, Niek. (1966). *Pandleminge Kenya Kasmaran*. Yogyakarta: Muria.
- Sukardi, (1983). *Bimbingan dan Penyuluhan Belajar di Sekolah*. Surabaya : Usaha Nasional.
- Suliman, (2008). “*Nilai-Nilai Pendidikanmoral dilingkungan Naskah Dongeng Warna-Warni*”. *Skripsi* tidak diterbitkan. Pendidikan Bahasa Daerah Universitas Negeri Yogyakarta.
- Sumahamijaya, Suparman et. all. (2003). *Pendidikan Karakter Mandiri dan Kewiraswastaan*. Bandung: Angkasa.
- Supriyoko. (2000). “*Praktik Pendidikan Budi Pekerti bagi Anak dan Generasi Muda Indonesia: Kajian Kritis Dimensi Pendidikan*”. Makalah disajikan dilingkungan Ceramah dan Diskusi Budi Pekerti Mencerminkan Watak Bangsa, di Balai Kajian Sejarah dan *Nilai* Tradisional Yogyakarta.
- Suratno, Pardi., dkk.(2006). *Kamus Jawa Indonesia dan Mutiara Budaya Jawa*. Yogyakarta: Adi Wacana.
- Suryana, Yaya. & H.A Rusdiana. (2015). *Pendidikan Multikultural*. Bandung: Pustaka Setia
- Suseno, Frans Magnis. (1993). *Etika Jawa*. Jakarta: GramediaPustidaka Utama.

- _____. (1987). *Etika Dasar: Masalah-Masalah Pokok Filsafatmoral*. Yogyakarta: Kanisius.
- Susilantini, Endah. (2013). *Kajian Nilai Didaktik Serat Bangsacara Ragapadmi*. Dilingkungan jurnal Patrawidya. Vol. 14, No. 4. Yogyakarta: Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta. Hal.747
- Susilantini, Endah dan Suyami (2016). *Nyeret Bagi Orang Jawa : Kajian Serat Erang-Erang*. Yogyakarta: Balai Pelestarian Nilai Budaya Daerah Istimewa Yogyakarta.
- Suyadi. (2013). *Strategi Pembelajaran Pendidikan Karakter*. Bandung: PT RemajaRosdakarya.
- Suyami., dkk. (2015). *Kajian Nilai Budi Pekerti dilingkungan Serat Jaya Baya*. Yogyakarta: Balai Pelestarian Nilai Budaya Yogyakarta.
- _____. (2006). Refleksi Nilai Budi Pekerti Dilingkungan Serat Wulang Reh. Dilingkungan *Patrawidya* Vol. 7, No. 14. Yogyakarta: Balai Kajian Jarahnitra.
- Suyata. (2011). *Pendidikan Karakter: Dimensi Filosofis*. Dilingkungan *Pendidikan Karakter Dilingkungan Perpsektif Teori dan Praktik*. (ed) Darmiyati Zuhdi. Yogyakarta: UNY Press
- Syifa, Layyinat. (2015). “Implementasi Karakter Bersahabat dan Peduli Sosial Pada Siswa SMP: Studi Kasus pada Kegiatan Ektrakurikuler Tari di SMP Negeri 1 Kalinyamatan Kabupaten Jepara Tahun Pelajaran 2014/2015”. Skripsi, tidak diterbitkan. Universitas Muhammadiyah Surakarta.
- Tan Gun Swi. (1928). *Dewaruci*. Kedhiri: Tan Khoen Swie
- T.E. Behrend. (1990). *Katalog Induk Naskah-Naskah Nusantara*. Yogyakarta: Museum Sana Budaya
- Tim Penyusun Kamus Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa. (1991). *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Edisi kedua. Jakarta: Balai Pustaka. Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Tirtarahardja, U. dan Sulo, L. (2005). *Pengantar Pendidikan*. Bandung: Rineka Cipta.
- Turan, Fethi. & Ilkay Ulutas. (2016). Using Storybooks as a Character Education Tools. *Journal of Education and Practice* ISSN 2222-1735. Vol.7, No.15.

- Usai Mabuk Bareng, HP Teman di Gasak. (6 Juni 2018). *Kedaulatan Rakyat*. Hlm. 18
- Walters, Samantha. (tt). *Character Education: A Literature Review*. Temescal Associates
- Wibawa, Agus. (2012). *Pendidikan Karakter: Strategi membangun Karakter Bangsa Berperadaban*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Wibawa, Sutrisna. (2010). "Nilai-Nilaimoral Dilingkungan Serat Wedhatama dan Pendidikan Budi Pekerti". Dilingkungan jurnal Cakrawala Pendidikan. Mei 2010. Th. XXIX. Edisi Khusus Dies Natalis UNY
- _____.(2013). *Filsafatmoral Syeh Amongraga dilingkungan Serat Centhini*. Yogyakarta. UNY Press.
- Widiyono, Y. (2013), " Nilai Pendidikan Karakter Tembang Campur Sari Karya Manthous". Jurnal Pendidikan Karakter. Edisi Juni, Th III No.2.
- Wiyani, Novan Ardy. (2013). *Membumikan Pendhidhikan Karakter di SD: Konsep Praktik, dan Strategi*. Yogyakarta: Ar-Ruzz Media.
- Wiramihardja, A. Sutarjo. (2007). *PengantarFilsafat (Sistematika Filsafat,Sejarah Filsafat, Lodika dan FilsafatIlmu 'Epistemologi', Metafisika danFilsafat Manusia, dan Aksiologi)*.Bandung Aditama
- Wuradji. (2001). "Pengantar Penelitian". dilingkungan Metodologi Penelitian Sastra. (ed) Jabrohim. Yogyakarta: Hanindita.
- Yasadipura II, R. Ng. (1980). Serat Sana Sunu. Koleksi pribadi. Transliterasi dan Terjemahan oleh Sudibjo Z.H. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Yudhaningrat, KPH., dkk.(2018). *Ilmu Kaweruh: Pawiyatan Pamong Jogja Istimewa Untuk Indonesia*. Yogyakarta: Pawiyatan Pamong Yogyakarta.
- Zoetmulder, PJ. (1994). Kalangwan: sastra Jawa Kuno Selayang Pandang. Jakarta: Djambatan.
- _____. (1995). *Kamus Jawa Kuno – Indonesia*. Jakarta: Gramedia.
- Zuchdi, Darmiyati. (1993). *Panduan Penelitian Analisis Konten*. Yogyakarta: Lembaga Penelitian IKIP Yogyakarta.

Lampiran 1. *Nilai-Nilai Budi Pakarti wontên ing layang Samitå Titikå*

BUDI PAKARTI	TEGESIPUN	DATA	KATRANGAN
1. Njagi aosing dhiri	Satunggaling tatanan <i>nilai</i> ingkang rakêt sangêt gayutanipun kaliyan hak sâhå martabat minångkå jêjêripun manungså, inggih mênikå watêsan-watêsan tumindakipun manungså ingkang wontên gayutanipun kaliyan patrap, pocap, panggalihan kanthi botên gumantung dhumatêng tiyang sanes dipunlandhêsi jiwå ingkang tulus sâhå eklas	<ol style="list-style-type: none"> 1. “....<i>dhêmên anglakoni bêbengkrahan nuruti kêkarêban kang ngombrå ombrå tanpå tumånjå, ngumbar angkårå murkå nguja håwå nèpsu tanpå dugå(kåcå 10)</i> 2. “.....<i>awakke dhewe ora anduweni kawruh, ora anduweni kapintêran, ora anduweni kagunan, ora anduweni kawêkêlan , ora anduweni kêlantipan, ora anduweni kuwanthen, sartå ora anduweni katêmênan apa dene ora anduweni lêlabêtan bêcik kang kaesthi mung thênguk-thênguk nganggur ngêthêkur tansah ngulah kapenaking awak, doyan mêmangan tanpå planggêran watone mung janji arêp bae sudhi tumandang ing gawe sudhi mêmikir marang kabêcikan.....(kåcå 10-11)</i> 	Integritas,
2. Njagi sucining dhiri	Satunggaling sikap mêmêr pribadi saking sadâyå tumindak, pocap, utawi patrap ingkang sagêd ngasorakên dhiri.	<ol style="list-style-type: none"> 1. “<i>Luwih maneh mênåwå arêp lélungan adoh sadurunge mangkat mêmalaning awak kudu dirêsiki dhisik. (kåcå 4)</i> 2. “.....<i>karêpe mung marang kasucen nganti ora gêlêm katempelan rêgêding ati saglugud karêpe mung kudu mulus lan murni sanadyan ånå kamelikan kang melok anggåwå kauntungan kang gêdhe janji ora rêsik iya katampik. (kåcå 10)</i> 	Integritas
3. Srêgêp	Satunggaling patrap manungså ingkang nêdahakên tumindak mêmampêng, tumuju dhumatêng satunggaling tujuwan ugi gêgayuhan	“..... <i>awakke dhewe ora anduweni kawruh, ora anduweni kapintêran, ora anduweni kagunan, ora anduweni kawêkêlan , ora anduweni kêlantipan, ora anduweni kuwanthen, sartå ora anduweni katêmênan apa dene ora anduweni lêlabêtan bêcik kang kaesthi mung thênguk-thênguk nganggur ngêthêkur tansah ngulah kapenaking awak, doyan mêmangan tanpå planggêran watone mung janji arêp bae sudhi tumandang ing gawe sudhi mêmikir</i>	Mandhiri

		<i>marang kabêcikan.....(kacå 10-11)</i>	
4. Jujur	<p>1. Jujur têngsipun sagêd dipunpitados, patrap sâhå pocap laras kaliyan pêrkawis ingkang lårês linambaran kasunyatan.</p> <p>2. Jujur sagêd ugi dipunsêbut kanthi lårês, sukå satunggaling bab laras kaliyan kasunyatan. Dumados saking:</p> <p>a. Lårês wontên ing pocapan; ngandharaken satunggaling bab laras kasunyatan</p> <p>b. Lårês wontên ing niat sâhå kêkajêngan</p> <p>c. Lårês wontên ing tekad</p> <p>d. Lårês kanthi botên cidrå ing janji</p> <p>e. Lårês wontên ing tindak tanduk</p>	<p>“ 1) <i>Ora duwe lêlayan prajanj kasaguhan, sêmayan, lan sasanggêman kang kasingsêtan dening liyan (kacå 7)</i></p> <p>2) <i>Pangucape ora patitis, tansah anggladrah tanpa tumånja</i></p> <p>3) <i>Pratingkahe ambalask tansah ora jujur.</i></p> <p>4) <i>Lakune tansah salewengan. (kacå 8)</i></p>	Integritas
5. Sabar	<p>Sabar têngsipun tabah, tahan saking pacoban. Tiyang sabar têmtu badhe tatag nalika nampi pêrkawis-pêrkawis ingkang botên dipunrêmêni utawi botên sêkecå kanthi pasrah sumarah dhumatêng Gusti. Wujudipun;</p> <p>a. Sabar nalikå tumindak</p> <p>b. Sabar nalikå nampi kasisahan</p> <p>c. Sabar kanthi sagêd mêmêr raos dukå</p>	<p>” <i>Kâyåtå wong arêp lêlungan luru panggaweyan pikire mangu-mangu gå arêp mangkat gå ora dumadakan lakune dadi kangelan ånå bae pangkalane. Barêng dilakoni nêmbung pagaweyan marang sawijining panggêdhe diwangsul seje dinå bae. Sêbab saiki durung ånå garapan besuk sasi ngarêp bae kapurih bali. Kang luru panggaweyan kapêkså nyrantekake , barêng tumêkaning mangså sêmayane dibaleni jêbul wis dilêboni wong liyå. Batine kang nyrantekake ora gênah ane. Adoh adoh diparani jêbul ngoncati pancen sêmbrånå têmênan gawe kangelaning laku bae.”(kacå 5)</i></p>	Religius

6. Kêndêl	<p>Satunggaling sikap njêjêgaken pêrkawis ingkang lêrês sâhâ nyingkiri tumindak botên sae. Dipunperang dados 2;</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Sikap wantun ingkang dipunbêtahakên kangge jêjêgipun kaadilan sâhâ <i>kebenaran</i> 2. Sikap wantun nyanggi sêsanggan uwujud panandhang, mbudidâyâ saha dados tameng tumrap iman saking tumindak wêngis. 	<p>“ 1. <i>Anduweni kawêkêlan</i> 2. <i>Anduweni kalantipan</i> 3. <i>Anduweni kuwanthen (kâcâ10)</i></p>	Nasionalis
7. Sopan Santun	<p>Sopan santun mujudakên tâtâcârâ ingkang ngatur pagêsangan manungsâ ing sabên dintên kanthi sae têtah sâdayanipun lumampah kanthi lancar.</p>	<p>“<i>Kâyâtâ maneh: wong ajak-ajak prêkârâ remeh yaiku yen anjagong mênyang tanggane diajak barêng wangsulane kang diajak kamanah rumiyin iku ugâ nelakake ora kadadiyan. Kang diwangsuli grênêngan ing batin prakârâ gampang gampang bae kathik kangelan têtên pamikire. Wong diajak barêng anjagong iku rak mung gêlêm lan ora. Dadak sêmâyâ dipikir dhisik kêbangêtên têtên gone ahli piker. Åpâ pikire iku ora tau dianggo mikir, ing wêkasan tumêkaning gawe kang ngajak barêng ora sidâ ngampiri sêbab wis anyêl. Dadi mung mangkat anjagong dhewe-dhewe. (kâcâ 6)</i></p>	Integritas
8. Ngrumaosi mênawi milâ lêpat	<p>Ngrumaosi lêpat mujudakên <i>evaluasi</i> dhiri saking tumindak ingkang botên sae ingkang sampun dipuntindakakên, têtêgêsipun nyadhari sâhâ ngakêni bilih patrapipun bedâ kaliyan <i>nilai moral</i> wontên ing madyaning masyarakat.</p>	<p>“<i>Yen wis kâyâ mangkono manungsâ kudu yitnâ ngandhêgi karêpe. Åjâ nganti nglalu kabanjur lali balik dianggal adus sagêbyur esuk sore åjâ nganti kêndhat supâyâ bisâ ngungkat ngênthêling kaengêtan rumangsâ yen manungsâ kasinungan apês. Mulane kang prayogâ banjur tobat.Nêlângsâ nyuwun pangapurâ” (kâcâ 9)</i></p>	Integritas

9. Taat/patuh	Satunggaling sikap sâhâ patrap kanthi nindakakên sêdâyâ kasaenan awujud parentah punâpâdene paugeran agami, sasaminipun manungsâ, masyarakat, bângsâ sâhâ nêgârâ.	“ <i>Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpê mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwâ, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pâdhâ kasingkur.</i> (kâcâ 11)”	Nasionalis
10. Nelakakên raos syukur dhumatêng Gusti	Cârâ nelakakên raos syukur dhumatêng Gusti; a. Ngibadah miturut satatanipun agami sâhâ kapitadosanipun piyambak-piyambak b. Njagi sâhâ ngrêksâ kasarasan supados kalis saking sawarnaning sêsakit. c. Minangkâ siswâ kêdah sinau kanthi mêmêng lan srêgêp	“ <i>Mulane kang prayogâ banjur tobat. Nêlângsâ nyuwun pangapurâ sartâ pitulunganing sukma</i> ”. (kâcâ 9) “ <i>...ora kêna pinardi sartâ wis pinanci marang kang gawe urip.</i> ” (kâcâ 14)	Religius
11. Kurmat-kinormatan	Cârâ-cârâ ngurmati a. Pocapan ingkang sopan b. Ngaturakên ndherek langkung mênawi nglangkungi tiyang sanes c. Nyuwun pangapuntên d. Sumeh dhumatêng tiyang sanes e. Sâpâ aruh dhumatêng tiyang sanes.	“ <i>Kâyâtâ maneh: wong ajak-ajak prêkârâ rêmêh yaiku yen anjagong mênyang tanggane diajak barêng wangsulane kang diajak kamanah rumiyin iku ugâ nelakake ora kadadiyan. Kang diwangsuli grênêngan ing batin prakârâ gampang gampang bae kathik kangelan têmên pamikire. Wong diajak barêng anjagong iku rak mung gêlêm lan ora. Dadak sêmâyâ dipikir dhisik kebangêtên têmên gone ahli piker. Apa pikire iku ora tai dianggo mikir, ing wêkasan tumêkaning gawe kang ngajak barêng ora sida ngampiri sêbab wis anyêl. Dadi mung mangkat anjagong dhewe-dhewe.</i> (kâcâ 11)	Gotong royong
	Satunggaling patrap kêbak ing pangati-ati utawi cêrmat saha saksâmâ dhumatêng	1 “ <i>Kâyâtâ wong arêp lêngungan lurus panggaweyan pikire mangu-mangu gâ arêp mangkat gâ ora dumadakan lakune dadi</i>	Integritas

12. Têlaten	satunggaling bab, inggih dhumatêng satunggaling pakaryan utawi kêgiyatan. Asiling patrap mênikâ badhe nuwuhakên raos rêmên ugi ngrêmênakên	<i>kangelan anâ bae pangkalane</i> ”(kâcâ 5) 1. “1) <i>Anduweni kawêkêlan</i> ”(kâcâ 10)	
13. Gêmi	Gêmi têngêsipun kêbak ing pangatos-atos nalikâ ngêcakakên satunggaling bab; sagêd artâ, wêkdal utawi sanesipun	“... <i>Yen wis kâyâ mangkono manungsâ kudu yitnâ ngandhêgi karêpe</i> ”(kâcâ 9) 2. <i>Anduweni kalantipan</i> ”(kâcâ 10)	Integritas
14. Eklas	Iklas têngêsipun satunggaling tumindak ingkang mijil saking pêpinginan dhiri pribadi, botên amargi printahipun utawi pêksanipun tiyang sanes. Umpami nindakakên pakaryan botên wontên pamrih ngajêng ajêng sêmbulih. Cirinipun; a. Anggenipun makaryâ botên kanthi nêsu utawi grundêlan b. Makarya kanthi remening ati c. Sinau botên amargi dipunprentah tiyang sêpuh utawi bapak/ibu guru.	1. 1). <i>Ora anduweni kamelikan marang darbeking liyan.</i> 2). <i>Ora kapengin oleh pangaji aji sâkâ pakurmataning liyan</i> (kâcâ 7) 2 “ <i>mênawa wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sartâ pamikir....</i> (kâcâ 10)	Religius
15. Tanggung jawab	Wantun ndhadhagi sêdâyâ pêrkawis ingkang thukul amargi patrap, pocap sâhâ tumindakipun.	1. 4. <i>Anduweni katemenan</i> (kâcâ 10) 2 “..... <i>wis ngalunthung karêpê, ora anduweni panggayuh kang kae-kae, ora ngudi kuwarasaning badan, ora sumêdyâ nengkarake piker nurunake wiji anak-anak, pêputu sapiturute wis ora</i>	Religius, Nasionalis, Gotong royong, Integritas

		<p><i>karasakake babar pisan apadene anggayuh babagan kang abot abot sartå kang angel angel sayå ora kêcongghah mikir.(kåcå 13)”</i></p> <p>3. “ 2). Pangucape ora patitis, tansah anggladrah tanpa tumanja 3). Pratingkahe ambalacak tansah ora jujur 4). Lakune tansah salewengan” (Kaca 8)</p> <p>“...karepe mung amberung lan ambekunung ora doyan marang wulanging wong tuwa, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis padha kasingkur “(Kaca 11)</p>	
16. Mandhiri	<p>Satunggaling patrap ingkang sae kanthi botên gumantung tiyang sanes wontên ing gesangipun manungså. Cirinipun tiyang mandhiri;</p> <p>a. gadhah gêgayuhan luhur b. sagêd ngginakakên kalodhangan c. pitados dhumatêng dhiri pribadi d. kanthi mêmêng makaryå murih kasil</p>	<p>“2) Ora anduweni butuh anjaluk pitulungane liyan (kåcå 7) 3) ora anduweni kamelikan marang darbeking liyan (kåcå 7) 5) ora kapengin nulad kang dadi lakuning liyan (kåcå 7) 6) ora kapengin mêthik kawruh kang dadi panêmuning liyan (kåcå 7) ..”Samubarang tindak kacongghah nglakoni sartå ngrasakake dhewe (kåcå 7)</p>	Mandhiri
17. Sêngkud	<p>Mujudakên patrap manungså ingkang <i>aktif</i> sårå dipunsêngkuyung dening grêget ingkang makantar-kantar, botên loyo, sårå kêsed. Cirinipun;</p> <p>a. Botên ngulur-ulur pakaryan b. Ngginakakên wêkdal kanthi sae, botên kakehan omong c. Ngginakakên wêkdal kanthi <i>optimal</i></p>	<p>1. “.....mênåwå kêkarêpan kang grag grêg mungal mungil, sartå ikras ikris ora kênthêng manthêng sawiji iku iyå dadi nglingkunganat bakal ora pakoleh “(kåcå 5) 2. 4 anduweni katêmênan (kåcå 10)</p> <p>3 “...mênåwå wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sartå pamikir....(kåcå 10)</p>	Religius, Gotong royong, Integritas,

	d. Nyambut damêl kanthi têtiti, têtib, sâhâ têtatur dipunkantheni grêgêt ingkang makantar-kantar.		
18. Trêp Kaliyan Paugêran	Trêp kaliyan paugêran mujudakên patrap taat utawi patuh; inggih mênikâ taat dhumatêng paugêran utawi tata tertib sanesipun. Tumindak dhisiplin têngêsipun taat dhumatêng aturan ingkang lumampah	“...mung dhêmên anggung ginunggung ambêg dhumukun, gumuru, gumaib, gumagus, gumagah, kumasurâ wis ora ngengeh ngengeh nganti ngorakake marang kékêndêlane liyan, dhêmên ubyung kang tanpâ kusur, dhêmên sâbâ balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpê mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwâ, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pâdhâ kasingkur. (kâcâ 11)	Religius, Nasionalis, Integritas.
19. Bêkti/Sêtyâ	Mujudakên patrap tundhuk sâhâ patuh kanthi urmat dhumatêng Gusti, tiyang sêpuh utawi guru. Taat, patuh nindakakên sêdâyâ perintahipun laras kaliyan margi ingkang lêrês	“.....Ora anduweni lelabetan becik. (kâcâ 11) “....ora doyan marang wulanging wong tuwa, ora maelu marang susulanging layang, sakehing pitutur wis padha kasingkur. (kâcâ 11)	Nasionalis, Integritas
20. Mêmmitran	Mujudakên patrap kangge ngrakêtakên tangsul pasêdherekan. Kanthi mêmmitran sagêd nglêstantunaken pasêdherekan sâhâ badhe mijilakên kasaenan. Kanthi mêmmitran pêrkawis ingkang awrat sagêd dipunudhari kanthi gampang	1. “Kabêgjan iku uga ana nglingkunganate kang dadi titikane dumunung ana ing worworan (kâcâ 9) 2. “ Karêpe mung kudu miâlâ marang sêsâmâ, malah marang kamelikan arêp urip dhewe. (kâcâ 12) 3. “Sarta maneh ora kapengin sumurup ing papan pamikire muthêk bola bali mung mênyang tânggâ têparone utâwâ mênyang sanak sadulure kang pâdhâ dêdunung ing cêdhak kang manggon ing ngadoh babar pisan wis ora dirasani”. (kâcâ 13) 4. “ Pirang bârâ gêlêm sarawungan lan pawong mitrâ pâdhâ gêgosokan kawruh kang anjalari ngrêbdaning budi iku sâyâ luwih prayogâ. Amargâ bisâ anjêmbarake kaengêtan. Nanging	Gotong royong

		<p><i>nggone sarawunan kudu milih kang nunggal laras..(kacã 14)</i></p> <p>5. <i>“Mungguh sarawungan mau ora kudu milih kang lamak wayahe. Sanadyan nom tuwã, lanang wadon janji dadi bombonging pikir utawã muwuhi pakoleh iya bêcik rinakêt kang nganti supêkêt...(kacã 14)</i></p>	
21. Prasaja	Mujudakên patrap manungsa ingkang gêsangipun dipunlampahi sacara wajar saha botên mubra-mubru, botên sok sugih, boros. Kanthi prasaja manungsa dipunajib sagêd gêsang kanthi gêmî dipunkantheni raos rêmên anggenipun makarya saha mêmêng.	<p><i>“...mung dhêmên anggung ginunggung ambêg dhumukun, gumuru, gumaib, gumagus, gumagah, kumasura wis ora ngengeh ngengeh nganti ngorakake marang kêkêndêlane liyan, dhêmên ubyang ubyang kang tanpa kusur, dhêmên sabã balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpe mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwã, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis padha kasingkur. (kacã 11)</i></p>	Integritas
22. Lilã eklas nindakakên pangurbanan	Mujudakên patrap manungsa ingkang sumadiya kanthi eklas suka sêdaya kemawon ingkang dipungadhahi, sinaosa badhe nuklakên utawi ngasilakên panandhang tumrap dhiri pribadinipun kangge bangsa lan nêgari	<p>1. <i>“....Mungguh kang baku sajroning worworan mênawã wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sartã pamikir....(kacã 10)</i></p> <p>2. <i>“Awit saka mangkono sabisa bisa manungsa aja dhêmên ngundêr supaya pikire ora ngênthêl bêcik kang kêrêp kakaring lélungan saka ing ngomah dadi oleh padhang hawa (kacã 13)</i></p>	Gotong royong, Integritas
23. Rêmên têtulung	Mujudakên patrap manungsa ingkang sumadiya kanthi eklas suka sêdaya kemawon ingkang dipungadhahi kangge mbiyantu tiyang sanes ingkang mbêtahakên	<p>1.. <i>“....Mungguh kang baku sajroning worworan mênawã wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sartã pamikir....(kacã 10)</i></p> <p>2. <i>“ Karêpe mung kudu miãlã marang sêsamã, malah marang kamelikan arêp urip dhewe. (kacã 12)</i></p>	Gotong royong, Integritas
	Mujudakên patrap ingkang botên pilih sih, botên êmban cindhe êmban siladan.	<p>1. <i>“..karêpe mung marang kasucen nganti ora gêlêm katempelan rêgêding ati saglugud karêp mung kudu mulus lan murni</i></p>	Gotong royong,

24. Adil	Sêdâyâ tiyang gadhah hak nampi pangrêksâ, pëndidikan, gêsang sêkecâ lair batin (<i>sejahtera</i>)	<p><i>sanadyan ânâ kamelikan kang melok anggawâ kauntungan kang gêdhe janji ora rêsik iya katampik. (kâcâ 10)</i></p> <p>2. “...kang ditekadi mung amburu pakarêmane dhewe”.(kâcâ 11)</p> <p>3. “Karepe mung kudu miala marang sesama, malah marang kamelikan arep urip dhewe”. (kâcâ 12)</p>	Integritas
25. Andhap Asor	Mujudakên patrap manungsâ ingkang nêdahakên botên umuk, angkuh, kumalungkung	<p>“...mung dhêmên anggung ginunggung ambêg dhumukun, gumuru, gumaib, gumagus, gumagah, kumasurâ wis ora ngengeh ngengeh nganti ngorakake marang kékêndêlane liyan, dhêmên ubyang ubyang kang tanpâ kusur, dhêmên sâbâ balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kênâ kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpê mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwâ, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pâdhâ kasingkur. (kâcâ 11)</p>	Integritas
26. Wicaksânâ	<p>Mujudakên patrap sâhâ sikap ingkang maujud ing gêsang padintênan kanthi ngginakakên akal sâhâ pikiran ingkang sehat (<i>rasional</i>), botên pitados dhumatêng <i>mistik</i> utawi khayalan. Cirinipun;</p> <p>a. botên gampil muring; botên gampil nglokro</p> <p>b. botên enggal sukâ ukuman mênawi dereng cêthâ pêrkawisipun</p> <p>c. botên enggal damêl putusan saderengipun nglêlimbang kanthi têmên sâhâ wêning</p> <p>d. botên grusa-grusu</p>	<p>“.....manungsâ kudu yitnâ ngandhêgi karêpe. Âjâ nganti nglalu kabanjur lali balik dienggal adus sagêbyur esuk sore âjâ nganti kêndhat supâyâ bisâ ngangkat ngênthêling kaengetan rumangsââ yen manungsâ kasinungan apês. Mulane kang prayogâ banjur tobat. Nêlangsâ nyuwun pangapurâ sartâ pitulunganing sukma.(kâcâ 9)</p>	Integritas

Lampiran 2. Asiling mánthå *unit* budi pakarti adhêdhasar gangsal poros *Pênguatan Pêndidikan Karaktêr*

NO	Kategori	Teges	Unit-unit Budi Pakarti
1	Religius	Inggih mênikå sikap sårå tindak-tanduk mbangun miturut dhumatêng piwulang agami ingkang dipunpitados, toleran dhumatêng pangibadahipun umat agami sanes, saha gêsang guyub rukun kaliyan tiyang ingkang ngrasuk agami sanes. Sikap religius mênikå nêdahakên kaimanan sårå ketaqwaan manungså dhumatêng Gusti Allah	<ol style="list-style-type: none"> 1.Sabar 2.Nelakakên raos sokur dhumatêng Gusti 3.Eklas 4.Tanggung jawab 5.Sêngkud 6.Trêp kaliyan paugêran
2	Nasionalis	<ol style="list-style-type: none"> 1. inggih mênikå cårå anggenipun mênggalih, <i>bersikap</i>, sårå tumindak ingkang nêdahakên kasêtyan, kaprêdulen, sårå pangaji ingkang luhur dhumatång båså, <i>lingkungan fisik, sosial, budâyå, ekonomi</i> sårå <i>politik</i> bangsanipun. 2. inggih mênikå cårå anggenipun mênggalih sårå anggenipun tumindak ingkang mapanakên kawigatosaning bångså sårå nagari ing sainggiling kawigatosaning pribadi sårå kèlompokipun. 	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kêndêl 2. Taat/Patuh 3. Tanggung jawab 4. Trêp kaliyan paugêran 5. Bêkti
3	Gotong royong	inggih mênikå <i>sikap</i> sårå solah bårå ingkang nêdahakên kupiyå kanthi cårå nyambut damêl sêsarêngan sårå sami dene têtulung kangge ngrampungakên pêrkawis ingkang dipunadhêpi sêsarêngan.	<ol style="list-style-type: none"> 1. Kurmat-kinormatan 2. Tanggung jawab 3. Sêngkud 4. Trêp kaliyan paugêran 5. Mêmistran 6. Lilå eklas nindakakên pangurbanan 7. Rêmên têtulung 8. Adil
4	<i>Intêgritas</i>	Inggih mênikå tumindak kangge ngupiyå ndandosakên dhiri pribadi minångkå tiyang ingkang sagêd dipunpitados wontên pocapan, tumindak, sårå pakaryan	<ol style="list-style-type: none"> 1. Njagi aosing dhiri 2. Njagi sucining dhiri 3. Jujur

			<ol style="list-style-type: none"> 4. Sopan Santun 5. Ngromaosi mênawi lêpat 6. Têlaten 7. Gêmi 8. Tanggung jawab 9. Sêngkud 10. Trêp kaliyan paugêran 11. Bêkti 12. Prasâjâ 13. Lilå eklas nindakakên pangurbanan 14. Adil 15. Rêmên têtulung 16. Andhap asor 17. Wicaksånå
5	Mandhiri	inggih mênikå sikap sårå tindak-tanduk ingkang botên gumantung dhumatêng tiyang sanes sårå ngginakakên tênggala, pênggalihan, sårå wêkdal kangge mujudakên pangajap, pangimpen, sårå gêgayuhan.	<ol style="list-style-type: none"> 1. Srêgêp 2. Mandhiri

Lampiran 3 Asiling Dheskripsi Naskah Layang Sasmitå Titikå

No	Katrangan	Asiling Dheskripsi Naskah
1	Papan panyimpênan <i>naskah</i>	Pêrpustakaan Museum Dewantårå Kirti Griya Tamansiswå Yogyakarta
2	Panyêratipun	Botên dipunmangêrtosi sintên ingkang nganggit/anonim
3	Nomêr <i>kodeks</i>	Bb.1.133
4	Irah-irahan :	
	a. Kasêrat ing pundi kemawon, kåcå pintên?	a. Irah-irahan <i>naskah Layang Sasmitå Titikå</i> kasêrat wontên ingcover utawi samak kåcå kalih
	b. Adhêdhasar katrangan saking <i>teks mênåpå katalog?</i>	b. Katrangan ngengingi irah-irahan <i>naskah mênikå</i> adhêdhasar katrangan saking teks ingkang kasêrat ing <i>cover</i> utawi samak kåcå kalih såhå saking <i>Buku DhaftarNaskah</i> Pêrpustakaan Museum Dewantårå Kirti Griya Tamansiswå Yogyakarta
	c. Katrangan sêrataning irah-irahan ing <i>naskah</i>	c. Katrangan sêrataning irah-irahan <i>naskah</i> kawêdalaken dening Uitgeverij en Boekhandel Stoomdrukkerij” De Bliksem” Solo
5	Manggålå/ <i>pengantar</i> , andharan ing perangan sanjawining wosipun <i>teks</i>	
	a. Wêkdal anggenipun wiwit nyêrat	a. Botên wontên katrangan
	b. Asmanipun panganggit	b. Namung kapanggihakên “Purneng gitå ing Suråkartå”. Purneng gitå mênikå mênåpå åsmå panganggit kanthi singlon milå kirang têrang.
	c. Inkang njalari <i>teks</i> dipunsêrat	c. Botên wontên katrangan
	d. Ancasing nyêrat <i>teks</i>	d. Botên sacårå mlåhå dipunandharakên ancasing panyêrat nganggit layang Sasmitå Titikå. Anamung wontên ing kåcå kalih dipunandharakên bilih <i>layang Sasmitå Titikå</i> menikå
	e. Pangajab rikålå nyêrat <i>teks</i>	
	f. Papan anggenipun nyêrat	

		<p>mratelakakên tiyang badhe manggih sênêng utawi sêdhih, kadumugen utawibotên kadumugen sêdyanipun, bungah utawi susah, bêgja utawi cilakå, panjang utawi cêndhek umuripun</p> <p>e. Katrangan ingkang sagêd dipunandharakên pangajabipun panyêrat sagêd kapanggihakên wontên ing <i>layang Sasmitå Titikå</i> perangan pungkasan “Ing wasånå sakehing piwulang lan sêsulang kang kamot ing layang iki kabeh mugå andadeknå kapenaking laku mung kariyå nêmu sukå lan rahayu”.</p> <p>f. Wontên ing <i>covêr</i> naskah dipunpanggihakên katrangan sêratan “Purneng gitå ing Suråkartå”. Têmbung Suråkartå nêdahakên bilih layang Sasmitå Titikå mênikå dipunsêrat wontên ing Suråkartå.</p>
6	<p><i>Kolopon/panutup :</i> Pangajab panyeratingteks</p>	<p>Wontên ing kâcå15 minångkå paragraf pungkasan kapanggihakên sêratan mênikå“<i>ing wasånå sakehing piwulang lan susulang kang kamot ing layang iki kabeh mugå andadeknå kapenaking laku mung kariyå nêmu sukå lan rahayu</i>”. Saking pratelan mênikå sagêd dipunmangêrtosi bilih panganggit gadhah pangajab sårå masrahakên dhumatêng para pamaos kadospundi anggenipun badhe nanggapi isinipun Layang Sasmitå Titikå mênikå. Panganggit ugi ndherek mêmuji mugå sok sintênå ingkang nindakakên sadâyå piwucal <i>layang Sasmitå Titikå</i> sagêd gêsang manggih ing karahayon sårå sukå gambiraning</p>

		lampah.
7	Kawontênan <i>naskah</i>	Kawontênaning <i>naskah</i> sacâra limrah taksih sae. Naskah dipunjilid sâhâ dipunsamaki ngginakakên dlancang warni coklat sêmu jene,
8	Jinis bahan <i>naskah</i>	Dlancang mêtang
9	Cacahing larik sabên sakâcâ	Cacahing larik wontên 19-20 larik
10	Ukuran <i>naskah</i>	15,3 cm x 23,3 cm
11	Ukuran <i>teks</i>	10,6 cm x 16,5 cm
12	Kandêling <i>naskah</i> ingkang dipuntliti	0,5 mm kalêbêt <i>cover</i> <i>naskah</i>
13	Ukuran margin <i>teks</i>	
	4. Nginggil	2 cm
	5. Ngandhap	3 cm
	6. Têngên	3 cm
	7. Kiwaâ	1,5 cm
14	Isining <i>naskah</i> (satunggal cariyos mênâpâ sawêtawis cariyos)	<i>Naskah Layang Sasmitâ Titikâ</i> ngêwrat satunggal <i>teks</i> ingkang kaperang dados 5 (gangsâl) prakawis
15	Jinis <i>naskah</i> (<i>naskah</i> piwulang sâhâ sanesipun)	Jinis <i>naskah</i> inggih mênikâ piwulang. Katrangan bab mênikâ dipunpanggihakên wontên ing <i>paragraf</i> panutup kâcâ 15
16	Wujuding <i>teks</i> (sêkar mênâpâ gancaran)	Wujuding <i>teks</i> inggih mênikâ gancaran/ <i>prosa</i>
17	Samaking <i>naskah</i> (warninipun, wujudipun, sâhâ kawontênanipun)	Samaking <i>naskah</i> warni soklat, polos, ngginakakên dlancang karton

		mawi <i>punggung buku</i> saking kain warni cêmêng. <i>Naskah</i> dipunsamaki <i>plastik</i> bêning. Kawontênaning <i>naskah</i> taksih sae.
18	Jinising aksaraning <i>teks</i>	Jinis aksaraning <i>teks</i> inggih mênikå aksårå Jåwå cithak
19	Nomêr kåcå (wontên pundi, warni mênåpå, kanthi jinising ångkå mênåpå)	Nomêr kåcå <i>naskah</i> mapan ing nginggil sisih têngah kanthi ngginakakên ångkåJåwå
20	Ukuraning aksårå	0,3-0,5 cm x 0,2 cm(isi <i>naskah</i>) / 1,5 cm x 0,5 cm (irah-irahan)
21	Sikaping aksårå (jêjêg, dhoyong nêngên mênåpå ngiwå)	Sikaping aksårå mênikå jêjêg
22	Tandhêsing aksårå (kandêl, tipis)	Tapaking mangsi kandêl
23	Warnining mangsi	Warnining mangsi cêmêng sadåyå
24	Basaning <i>teks</i>	Basaning <i>teks</i> ngginakakên Båså Jåwåenggal
25	Perangan kåcå <i>naskah</i>	Peranganing kåcå <i>naskah</i> mênikå samak ngajêng tanpå irah-irahan, kåcå satunggal lêmbâr kosong, kåcåkalih irah-irahan <i>naskah</i> , kåcåtigådumugi kåcå gangsalwêlas isi <i>naskah</i>

Lampiran 4. *Translitêrasi sâhâ Suntingan* Naskah *Layang Sasmitâ Titikâ*

<i>Asiling Translitêrasi</i> dening panaliti	<i>Asiling Suntingan (kapendhêt saking suntingan ingkang katindakakên Siti Sawilah)</i>
<p style="text-align: center;">LAYANG</p> <p style="text-align: center;">Sasmitâ Titikâ</p> <p>Mratelakake sasmitane wong arêp: nêmu sênêng utawâ sêdhih, katêkan utawâ ora katêkan sêdyane, nêmu bungah utawâ susah , nêmu bêgjà utawâ cilâkâ, dâwâ utawâ cêndhak umure. Kabeh mau katitik sâkâ patitising kawruh titikan.</p> <p style="text-align: center;">Purneng gitâ ing Surâkârtâ.</p> <p style="text-align: center;">Warsâ cinândrâ sangkâlâ :</p> <p style="text-align: center;">Mangesthi Wigati Murtining Gêsang (1858)</p> <p style="text-align: center;">Le DRUK</p> <p style="text-align: center;">UITGEVERIJ EN BOEKHANDEL</p> <p style="text-align: center;">STOOMDRUKKERIJ”DE BLIKSEM”</p> <p style="text-align: center;">SOLO 1927</p>	<p style="text-align: center;">LAYANG</p> <p style="text-align: center;">Sasmitâ Titikâ</p> <p>Mratelakake sasmitane wong arêp: nêmu sênêng utawâ sêdhih, katêkan utawâ ora katêkan sêdyane, nêmu bungah utawâ susah , nêmu bêgjà utawâ cilâkâ, dâwâ utawâ cêndhak umure. Kabeh mau katitik sâkâ patitising kawruh titikan.</p> <p style="text-align: center;">Purneng gitâ ing Surâkârtâ.</p> <p style="text-align: center;">Warsâ cinândrâ sangkâlâ :</p> <p style="text-align: center;">Mangesthi Wigati Murtining Gêsang (1858)</p> <p style="text-align: center;">Le DRUK</p> <p style="text-align: center;">UITGEVERIJ EN BOEKHANDEL</p> <p style="text-align: center;">STOOMDRUKKERIJ”DE BLIKSEM”</p> <p style="text-align: center;">SOLO 1927</p>
<p>Sasmitâ Titikâ</p> <p>Sasmitâ têngêse nglingkunganat utawâ pasemon.</p> <p>Titikâ têngêse kawruh titikan.</p> <p>Dadi sasmitâ titikâ, karêpe pasêmon kang kapariksâ sâkâ ing kawruh titikan. Babare kapratelakake ing ngisor iki.</p> <p>1. Sasmitane wong arêp nêmu sênêng utawâ sêdhih katitik sâkâ</p>	<p>Sasmitâ Titikâ</p> <p>Sasmitâ têngêse nglingkunganat utawâ pasemon.</p> <p>Titikâ têngêse kawruh titikan.</p> <p>Dadi sasmitâ titikâ, karêpe pasêmon kang kapariksâ sâkâ ing kawruh titikan. Babare kapratelakake ing ngisor iki.</p> <p>1. Sasmitane wong arêp nêmu sênêng utawâ sêdhih katitik sâkâ</p>

<p>rasaning awak. Sadinâ dinâ rasaning awak kapriye, kêpenak utâwâ ora. Mênâwâ entheng sartâ dhangan, âpâ dene ora ânâ kang karâsâ lârâ, ngêrêp linu, ngêlu, mulês sapapadhane, iku aran awak kêpênak, Kang mangkono dadi nglingkunganat bakal nêmu sênêng, sênênging ati nelakake anggâwâ pakoleh.</p> <p>Kosok baline, mênâwâ rasaning awak abot, aras arasên, ngalêntruh mung tansah kudu turu wae sartâ tansah laranên, iku aran awak ora kêpênak, Kang mangkono dadi nglingkunganat bakal nêmu sêdhîh. Sêdhîhing ati nelakake anggawe kapitunan. Yen anduweni [-4-] râsâ kang kaya mangkono,</p>	<p>rasaning awak. Sadinâ dinâ rasaning awak kapriye, kêpenak utâwâ ora. Mênâwâ entheng sartâ dhangan, âpâ dene ora ânâ kang karâsâ lârâ, ngêrêp linu, ngêlu, mulês sapapadhane, iku aran awak kêpênak, Kang mangkono dadi nglingkunganat bakal nêmu sênêng, sênênging ati nelakake anggâwâ pakoleh.</p> <p>Kosok baline, mênâwâ rasaning awak abot, aras arasên, ngalêntruh mung tansah kudu turu wae sartâ tansah laranên, iku aran awak ora kêpênak, Kang mangkono dadi nglingkunganat bakal nêmu sêdhîh. Sêdhîhing ati nelakake anggawe kapitunan. Yen anduweni [-4-] râsâ kang kaya mangkono,</p>
<p>sakehing karêpan kudu kaendhakake dhisik. Mulane mênâwâ krâsâ ora kêpênak sathithik bae, prayogâ nuli kasirnaknâ sarânâ tetâmbâ âjâ nganti kabanjur banjur awit lêlârâ iku mênâwâ kaênêngake watake sok angrêbdâ. Luwih maneh mênâwâ arêp lêlungan adoh sadurunge mangkat mêmalaning awak kudu dirêsiki dhisik. Kang nganti bagas kuwarasan âpâ urus urus âpâ adus kramas, âpâ kêthok kêthok kuku, lan liyâ liyane kang ora ndadekake pakewuh ing lêlungan. Âjâ kongsi nêmu lêlârâ ânâ ing paran, supâyâ ora nuwuhake ribêting pamikir, kêjaba yen lunga tirah.</p> <p>2. Sasmitane wong arêp katêkan utâwâ ora katêkan sêdyane Katitikan sâkâ kahananing lêlakon.</p>	<p>sakehing karêpan kudu kaendhakake dhisik. Mulane mênâwâ krâsâ ora kêpênak sathithik bae, prayogâ nuli kasirnaknâ sarânâ tetâmbâ âjâ nganti kabanjur banjur awit lêlârâ iku mênâwâ kaênêngake watake sok angrêbdâ. Luwih maneh mênâwâ arêp lêlungan adoh sadurunge mangkat mêmalaning awak kudu dirêsiki dhisik. Kang nganti bagas kuwarasan âpâ urus urus âpâ adus kramas, âpâ kêthok kêthok kuku, lan liyâ liyane kang ora ndadekake pakewuh ing lêlungan. Âjâ kongsi nêmu lêlârâ ânâ ing paran, supâyâ ora nuwuhake ribêting pamikir, kêjaba yen lunga tirah.</p> <p>2. Sasmitane wong arêp katêkan utâwâ ora katêkan sêdyane Katitikan sâkâ kahananing lêlakon.</p>

<p>Titikane wong duwe kêkarêpan sanadyan kêkarepan tumrap sadhengah, mênâwâ sarwâ gampang utâwâ ora kangelan bakal kêlakone , sartâ ora kênâ ing sambekâlâ lan rubedâ. Âpå dene adoh ing godhâ rêncânâ, iku nglingkunganat bakal kadadiyan sartâ makolehi, kâyâtâ wong</p>	<p>Titikane wong duwe kêkarêpan sanadyan kêkarepan tumrap sadhengah, mênâwâ sarwâ gampang utâwâ ora kangelan bakal kêlakone , sartâ ora kênâ ing sambekâlâ lan rubedâ. Âpå dene adoh ing godhâ rêncânâ, iku nglingkunganat bakal kadadiyan sartâ makolehi, kâyâtâ wong</p>
<p>[-5-] duwe karêp kêpingin duwe gawe mantu mângkâ jodhone anak gangsar. Pilihane mantu kabênêran, petungane nêptu pakoleh (<i>Panjênêngan Dalêm Nâtâ isih ngagêm petung</i>) kang ambiyantu akeh. Wong tuwâ tuwâ pâdhâ rujuk, sanak sadulur pâdhâ sayuk, bocahe pâdhâ mathuk kang mangkono nelakake bakal kadadiyan . Wêkasan kang dimantokake iyâ dadi ambangun turut nggone bêbojowan pâdhâ asih atut runtut têmah bisa nurunake anak putu bêbranahan rijêkine tansah sampulur ora kêndhat , nganti kaken kaken ninen.</p> <p>Kosok baline mênâwâ kêkarêpan kang grag grêg mungal mungil, sartâ ikras ikris ora kênthêng manthêng sawiji iku iyâ dadi nglingkunganat bakal ora pakoleh. Kâyâtâ wong arêp lélungan luru panggaweyan pikire mangu mangu gâ arêp mangkat gâ ora dumadakan lakune dadi kangelan ânâ bae pangkalane . Barêng dilakoni nêmbung pagaweyan marang sawijining panggêdhê diwangsulî seje dinâ bae sêbab saiki durung ânâ garapan besuk sasi ngarêp bae kapurih bali. Kang luru panggaweyan kapêksâ nyarantekake . Barêng tumêkaning mângsâ semayane dibaleni jêbul wis</p>	<p>[-5-] duwe karêp kêpingin duwe gawe mantu mângkâ jodhone anak gangsar. Pilihane mantu kabênêran, petungane nêptu pakoleh (<i>Panjênêngan Dalêm Nâtâ isih ngagêm petung</i>) kang ambiyantu akeh. Wong tuwâ tuwâ pâdhâ rujuk, sanak sadulur pâdhâ sayuk, bocahe pâdhâ mathuk kang mangkono nelakake bakal kadadiyan . Wêkasan kang dimantokake iyâ dadi ambangun turut nggone bêbojowan pâdhâ asih atut runtut têmah bisa nurunake anak putu bêbranahan r<ê>jêkine tansah sampulur ora kêndhat , nganti kaken kaken ninen.</p> <p>Kosok baline mênâwâ kêkarêpan kang grag grêg mungal mungil, sartâ ikras ikris ora kênthêng manthêng sawiji iku iyâ dadi nglingkunganat bakal ora pakoleh. Kâyâtâ wong arêp lélungan luru panggaweyan pikire mangu mangu gâ arêp mangkat gâ ora dumadakan lakune dadi kangelan ânâ bae pangkalane . Barêng dilakoni nêmbung pagaweyan marang sawijining panggêdhê diwangsulî seje dinâ bae sêbab saiki durung ânâ garapan besuk sasi ngarêp bae kapurih bali. Kang luru panggaweyan kapêksâ nyarantekake . Barêng tumêkaning mângsâ semayane dibaleni jêbul wis</p>

[-6-] dilêboni wong liyá	[-6-] dilêboni wong liyá
<p>Batine kang nyarantekake ora gênah ane. Adoh adoh diparani jêbul ngonyani pancen sêmbránâ têmênan gawe kangelaning laku bae. Kâyâtâ maneh : wong ajak ajak prêkârâ rêmhê yaiku yen anjagong mênyang tanggane diajak barêng wangsulane kang diajak kamanah rumiyin iku ugâ nelakake ora kadadiyan. Kang diwangsuli grênêngan ing batin prakârâ gampang gampangan bae kathik kangelan têmên pamikire. Wong diajak barêng anjagong iku rak mung gêlêm lan ora. Dadak sêmâyâ dipikir dhisik kêbangêtên têmên gone ahli piker. Âpå pikire iku ora tau dianggo mikir, ing wêkasan tumêkaning gawe kang ngajak barêng ora sidâ ngampiri sêbab wis anyel. Dadi mung mangkat anjagong dhewe dhewe. Sanadyan ing donyâ ânâ lélakon kang wiwitane gampang wêkasan ora kalakon. Bêbasan othak athik dibêthot angel utâwâ wiwitane angel wêkasane gampang bêbasan thik pril kâyâ dene gêbyas wadhah lêngâ wangi kang tutupan rapêt adu sêrêt karo wadhahe dibukak angele pêcat mati wusânâ barêng [-7-] tutupe</p>	<p>Batine kang nyarantekake ora gênah ane. Adoh adoh diparani jêbul ngon<c>a<t>i pancen sêmbránâ têmênan gawe kangelaning laku bae. Kâyâtâ maneh : wong ajak ajak prêkârâ rêmhê yaiku yen anjagong mênyang tanggane diajak barêng wangsulane kang diajak kamanah rumiyin iku ugâ nelakake ora kadadiyan. Kang diwangsuli grênêngan ing batin prakârâ gampang gampangan bae kathik kangelan têmên pamikire. Wong diajak barêng anjagong iku rak mung gêlêm lan ora. Dadak sêmâyâ dipikir dhisik kêbangêtên têmên gone ahli piker. Âpå pikire iku ora tau dianggo mikir, ing wêkasan tumêkaning gawe kang ngajak barêng ora sidâ ngampiri sêbab wis anyel. Dadi mung mangkat anjagong dhewe dhewe. Sanadyan ing donyâ ânâ lélakon kang wiwitane gampang wêkasan ora kalakon. Bêbasan othak athik dibêthot angel utâwâ wiwitane angel wêkasane gampang bêbasan thik pril kâyâ dene gêbyas wadhah lêngâ wangi kang tutupan rapêt adu sêrêt karo wadhahe dibukak angele pêcat mati wusânâ barêng [-7-] tutupe</p>
<p>Tutupe dithithik miring bisâ mingêr sathithik grewêl banjur mêngâ. Ewâ dene gampang angele mau kudu kadungkap sambung karo wêkasane âpå ora yen sambung iyâ untung yen ora sambung iyâ suwung.</p> <p>3. Sasmitane wong arêp nêmu bungah utâwâ susah katitik sâkâ kacongahing budi utâwâ</p>	<p>Tutupe dithithik miring bisâ mingêr sathithik grewêl banjur mêngâ. Ewâ dene gampang angele mau kudu kadungkap sambung karo wêkasane âpå ora yen sambung iyâ untung yen ora sambung iyâ suwung.</p> <p>3. Sasmitane wong arêp nêmu bungah utâwâ susah katitik sâkâ kacongahing budi utâwâ</p>

<p>rasaning pãncãdriyã Wong arêp nêmu bungah iku wus anggãwã nglingkunganat kang ngantarani bakal tumêka. Yaiku mênãwã</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Ora duwe lalayan prajaji kasaguhan, sêmayan, lan sasanggêman kang kasingsêtan dening liyan. 2. Ora anduweni butuh anjaluk pitulungane liyan 3. Ora anduweni kamelikan marang darbeking liyan 4. Ora kapengin oleh pangaji aji sãkã pakurmataning liyan. 5. Ora kapengin nulad kang dadi lakuning liyan 6. Ora kapengin mêtihik kawruh kang dadi panêmuning liyan <p>Samubarang tindak kaconggah nglakoni sartã ngrasakake dhewe sawise karãsa mangkono nuli anduweni [-8-]</p>	<p>rasaning pãncãdriyã Wong arêp nêmu bungah iku wus anggãwã nglingkunganat kang ngantarani bakal tumêka. Yaiku mênãwã</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Ora duwe lalayan prajaji kasaguhan, sêmayan, lan sasanggêman kang kasingsêtan dening liyan. 2. Ora anduweni butuh anjaluk pitulungane liyan 3. Ora anduweni kamelikan marang darbeking liyan 4. Ora kapengin oleh pangaji aji sãkã pakurmataning liyan. 5. Ora kapengin nulad kang dadi lakuning liyan 6. Ora kapengin mêtihik kawruh kang dadi panêmuning liyan <p>Samubarang tindak kaconggah nglakoni sartã ngrasakake dhewe sawise karãsa mangkono nuli anduweni [-8-]</p>
<p>kaengêtan yen kabungahan iku nganggo watãrã ora abanjur banjur tanpã andhêgan nganti gawe lali marang apêsing manungsã. Kang mangkono wis ngantarani cêdhaking mangun kabungahan.</p> <p>Kosok baline wong arêp nêmu susah iku uga wis anggãwã nglingkunganat kang ngantarani tumêkã, yaiku mênãwã</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Rasaning ati tansah kumêlap, ora karuwan jalarane 2. Pangucape ora patitis, tansah anggladrah tanpã tumãnjã 3. Pratingkahe ambalacak tansah ora jujur 4. Lakune tansah salewengan 5. Linggihe moyeg tansah ora jênjêm 	<p>kaengêtan yen kabungahan iku nganggo watãrã ora abanjur banjur tanpã andhêgan nganti gawe lali marang apêsing manungsã. Kang mangkono wis ngantarani cêdhaking mangun kabungahan.</p> <p>Kosok baline wong arêp nêmu susah iku uga wis anggãwã nglingkunganat kang ngantarani tumêkã, yaiku mênãwã</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Rasaning ati tansah kumêlap, ora karuwan jalarane 2. Pangucape ora patitis, tansah anggladrah tanpã tumãnjã 3. Pratingkahe ambalacak tansah ora jujur 4. Lakune tansah salewengan

<p>6. Pãncãdriyane tansah moyar. Ora maton. Kãyâtã Manãwã</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Pagêpokaning awak ora nanggor yaiku yen nyenggol, nyampe, nyampar, nyandhung sapanunggalane pãdhã ora dirumangsani 2. Panggandane ora landhêp, ora bisã ambedakake wangi lan arum [-9-] 	<p>5. Linggihe moyeg tansah ora jênjêm</p> <p>6. Pãncãdriyane tansah moyar. Ora maton. Kãyâtã Manãwã</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Pagêpokaning awak ora nanggor yaiku yen nyenggol, nyampe, nyampar, nyandhung sapanunggalane pãdhã ora dirumangsani 2. Panggandane ora landhêp, ora bisã ambedakake wangi lan arum [-9-]
<p>3. pangênyame ora enak, ora bisã ambedakake gurih lan anyir</p> <ol style="list-style-type: none"> 4. pangrungune ora dhamang, ora bisã ambedakake cumêntheng lan kêmlentheng 5. pandulune ora pramãnã. Ora bisã ambedakake putih lan mãyã mãyã <p>Yen wis kãyã mangkono manungsã kudu yitnã ngandhêgi karêpe. Åjã nganti nglalu kabanjur lali balik dienggal adus sagêbyur esuk sore åjã nganti kêndhat supãyã bisã ngungkat ngênthêling kaêngetan rumangsãã yen manungsã kasinungan apês. Mulane kang prayogã banjur tobat. Nêlangsa nyuwun pangapurã sãrtã pitulunganing suk mã.</p> <ol style="list-style-type: none"> 4. Sasmitane wong arêp nêmu bêgã utãwã cilãkã katitik sãkã woworane <p>Kabêgjan iku ugã ãnã nglingkunganate kang dadi titikane dumunung ãnã ing woworan yen manggung woworan lan wong sugih kagunan, sugih kawruh, mêngku pangkat gêdhe sãrtã rahayuning budi ãpã dene ora karêp</p>	<p>3. pangênyame ora enak, ora bisã ambedakake gurih lan anyir</p> <ol style="list-style-type: none"> 4. pangrungune ora dhamang, ora bisã ambedakake cumêntheng lan kêmlentheng 5. pandulune ora pramãnã. Ora bisã ambedakake putih lan mãyã mãyã <p>Yen wis kãyã mangkono manungsã kudu yitnã ngandhêgi karêpe. Åjã nganti nglalu kabanjur lali balik dienggal adus sagêbyur esuk sore åjã nganti kêndhat supãyã bisã ngungkat ngênthêling kaêngetan rumangsãã yen manungsã kasinungan apês. Mulane kang prayogã banjur tobat. Nêlangsa nyuwun pangapurã sãrtã pitulunganing suk mã.</p> <ol style="list-style-type: none"> 4. Sasmitane wong arêp nêmu bêgã utãwã cilãkã katitik sãkã woworane <p>Kabêgjan iku ugã ãnã nglingkunganate kang dadi titikane dumunung ãnã ing woworan yen manggung woworan lan wong sugih kagunan, sugih kawruh, mêngku pangkat gêdhe sãrtã rahayuning budi ãpã dene ora karêp woworan [-10-] liyane.</p>

woworan [-10-] liyane.	
<p>Kang kasêbut ing ndhuwur iku kanthi kadhasaran watak patang prakâra.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Anduweni kawêkêlan 2. Anduweni kalantipan 3. Anduweni kuwanthen 4. Anduweni katêmênan <p>Mungguh kang baku sajroning woworan mênâwâ wong mau wis ora ngetung kangelane bau suku sartâ pamikir karêpe mung marang kasucen nganti ora gêlêm katempelan rêgêding ati saglugud. karêpe mung kudu mulus lan murni sanadyan ânâ kamêlikan kang melok anggâwâ kauntungan kang gêdhe janji ora rêsik iya katampik. Kang mangkono dadi nglingkunganat bakal dadi kabêgjan kang linuwih.</p> <p>Kosok baline kacilakan iku ugâ nganggo nglingkunganat titikane ugâ ânâ ing woworan. Yen manggung woworan karo wong dhêmên anglakoni bêbengkrakan nuruti kêkarêpan kang ngombrâ ombrâ tanpâ tumânjâ, ngumbar angkâra murkâ nguja hâwâ nêpsu tanpâ dugâ watâra dhasar kang winoworan utâwâ awakke dhewe ora anduweni kawruh, ora anduweni kapintêran, ora anduweni [-11-] kagunan</p>	<p>Kang kasêbut ing ndhuwur iku kanthi kadhasaran watak patang prakâra.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Anduweni kawêkêlan 2. Anduweni kalantipan 3. Anduweni kuwanthen 4. Anduweni katêmênan <p>Mungguh kang baku sajroning woworan mênâwâ wong mau wis ora ngetung kangelane bau suku sartâ pamikir karêpe mung marang kasucen nganti ora gêlêm katempelan rêgêding ati saglugud. karêpe mung kudu mulus lan murni sanadyan ânâ kamêlikan kang melok anggâwâ kauntungan kang gêdhe janji ora rêsik iya katampik. Kang mangkono dadi nglingkunganat bakal dadi kabêgjan kang linuwih.</p> <p>Kosok baline kacilakan iku ugâ nganggo nglingkunganat titikane ugâ ânâ ing woworan. Yen manggung woworan karo wong dhêmên anglakoni bêbengkrakan nuruti kêkarêpan kang ngombrâ ombrâ tanpâ tumânjâ, ngumbar angkâra murkâ nguja hâwâ nêpsu tanpâ dugâ watâra dhasar kang winoworan utâwâ awakke dhewe ora anduweni kawruh, ora anduweni kapintêran, ora anduweni [-11-] kagunan</p>
<p>ora anduweni kawêkêlan , ora anduweni kalantipan, ora anduweni kuwanthen sartâ ora anduweni katêmênan âpâ dene ora anduweni lêlabêtan bêcik kang kaesthi mung thênguk thênguk nganggur ngêthêkur tansah ngulah kapenaking awak, doyan</p>	<p>ora anduweni kawêkêlan , ora anduweni kalantipan, ora anduweni kuwanthen sartâ ora anduweni katêmênan âpâ dene ora anduweni lêlabêtan bêcik kang kaesthi mung thênguk thênguk nganggur ngêthêkur tansah ngulah kapenaking awak, doyan</p>

<p>mêmangan tanpa planggêranwatone mung janji arêp bae, sudhing tumandang ing gawe sudhing mêmikir marang kabêcikan sartå ora niyat oncat såkå ing woworane kono. Mångkå woworane mung dhêmên anggung ginunggung ambêg dhumukun, gumuru, gumaib, gumagus, gumagah, kumasurå wis ora ngengeh ngeneh nganti ngorakake marang kêkêndêlane liyan dhêmên ubyang ubyung kang tanpå kusur, dhêmên såbå balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpe mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwå, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pådha kasingkur. Kang ditekadi mung amburu pakarêmane dhewe wong kang mangkono ora wurung katularan såkå woworane, utåwå gênti nulari marang kancane kang pådha sarawungan iku dadi nglingkunganat bakal nêmoni [-12-] kacilakan.</p>	<p>mêmangan tanpa planggêranwatone mung janji arêp bae, sudhing tumandang ing gawe sudhing mêmikir marang kabêcikan sartå ora niyat oncat såkå ing woworane kono. Mångkå woworane mung dhêmên anggung ginunggung ambêg dhumukun, gumuru, gumaib, gumagus, gumagah, kumasurå wis ora ngengeh ngeneh nganti ngorakake marang kêkêndêlane liyan dhêmên ubyang ubyung kang tanpå kusur, dhêmên såbå balasakan kang ora patut patut. Lakune tansah salewengan ora jujur, ora kêna kapênggak, ora gêlêm kaelingake, karêpe mung ambêrung lan ambêkunung ora doyan marang wulanging wong tuwå, ora maelu marang susulanging layang sakehing pitutur wis pådha kasingkur. Kang ditekadi mung amburu pakarêmane dhewe wong kang mangkono ora wurung katularan såkå woworane, utåwå gênti nulari marang kancane kang pådha sarawungan iku dadi nglingkunganat bakal nêmoni [-12-] kacilakan.</p>
<p>Kang baku dadi titikan mênåwå wong mau kasinungan bongkeng pikire wis dadi ciri ora kêna ditambani. Karêpe mung kudu miålå marang sasåmå, malah marang kamelikan arêp urip dhewe, ora ngetung saru siku, ora noleh doså lan duråkå, kang mangkono dadi nglingkunganat ora lawas wong mau bakal nêmu kacilakan.</p> <p>5. Sasmitane wong arêp dåwå utåwå cêndhak umure katitikan såkå rowå utåwå mringkusing karêp.</p>	<p>Kang baku dadi titikan mênåwå wong mau kasinungan bongkeng pikire wis dadi ciri ora kêna ditambani. Karêpe mung kudu miålå marang sasåmå, malah marang kamelikan arêp urip dhewe, ora ngetung saru siku, ora noleh doså lan duråkå, kang mangkono dadi nglingkunganat ora lawas wong mau bakal nêmu kacilakan.</p> <p>5. Sasmitane wong arêp dåwå utåwå cêndhak umure katitikan såkå rowå utåwå mringkusing karêp.</p>

<p>Yen manungså isih gêdhe panggayuhe sanadyan wis wayah tuwå mênåwå isih anduweni råså jêmbar têbane mintir pamikire isih pingin anjajah paran, kaconggah lungå mênyang ngêndi êndi kapengin mêngku kasugihan, kasinggihan, kagunan, sartå kapintêran, apadene isih kapengin anglakoni kalumrahaning ngakeh. Duwe gawe mantu, têtakan, sunatan lan liyå liyane kang karênggå lawan têtanggapan kanthi sêmuwå nganti onjo awit wong mau rumångså durung kalêgan pikire kang mangkono dadi nglingkunganat [-13-] nelakake yen isih dåwå umure.</p>	<p>Yen manungså isih gêdhe panggayuhe sanadyan wis wayah tuwå mênåwå isih anduweni råså jêmbar têbane mintir pamikire isih pingin anjajah paran, kaconggah lungå mênyang ngêndi êndi kapengin mêngku kasugihan, kasinggihan, kagunan, sartå kapintêran, apadene isih kapengin anglakoni kalumrahaning ngakeh. Duwe gawe mantu, têtakan, sunatan lan liyå liyane kang karênggå lawan têtanggapan kanthi sêmuwå nganti onjo awit wong mau rumångså durung kalêgan pikire kang mangkono dadi nglingkunganat [-13-] nelakake yen isih dåwå umure.</p>
<p>Kosok baline sanadyan isih nonoman mênåwå wis ngalunthung karêpe ora anduweni panggayuh kang kae kae ora ngudi kuwarasaning badan ora sumådyå nêngkarake piker nurunake wiji anak anak, pêputu sapiturute wis ora karasakake babar pisan åpådene anggayuh babagan kang abot abot sartå kang angel angel sâyå ora kêcongghah mikir. Sårtå maneh ora kapengin sumurup ing papan pamikire muthêk bola bali mung mênyang tånggå têparone utåwå mênyang sanak sadulure kang pådha dêdunung ing cêdhak, kang manggon ing ngadoh babar pisan wis ora dirasani, kang mangkono kêna diarani rupak jagade åpå maneh yen nuju kêtaman ing lêlårå katitik ing pucuk irung sorote wis katon sêmu putih, polatane wis katon jrabangan bule kåyå ulêse jaran napas iku dadi nglingkunganat nelakake wis nyêdhaki cêndhek umure awit såkå</p>	<p>Kosok baline sanadyan isih nonoman mênåwå wis ngalunthung karêpe ora anduweni panggayuh kang kae kae ora ngudi kuwarasaning badan ora sumådyå nêngkarake piker nurunake wiji anak anak, pêputu sapiturute wis ora karasakake babar pisan åpådene anggayuh babagan kang abot abot sartå kang angel angel sâyå ora kêcongghah mikir. Sårtå maneh ora kapengin sumurup ing papan pamikire muthêk bola bali mung mênyang tånggå têparone utåwå mênyang sanak sadulure kang pådha dêdunung ing cêdhak, kang manggon ing ngadoh babar pisan wis ora dirasani, kang mangkono kêna diarani rupak jagade åpå maneh yen nuju kêtaman ing lêlårå katitik ing pucuk irung sorote wis katon sêmu putih, polatane wis katon jrabangan bule kåyå ulêse jaran napas iku dadi nglingkunganat nelakake wis nyêdhaki cêndhek umure awit såkå</p>

<p>mangkono sabisa bisã manungsã aja dhêmên ngunder supaya pikire ora ngênthêl, bêcik kang kêrêp kêkaring lélungan saka ing ngomah dadi oleh padhang hawa,</p>	<p>mangkono sabisa bisã manungsã aja dhêmên ngunder supaya pikire ora ngênthêl, bêcik kang kêrêp kêkaring lélungan saka ing ngomah dadi oleh padhang hawa, (kaca 13)</p>
<p>kataman [-14-] soroting sêrngenge wêkasan bisã manthêrake pamikir. Pirang barama gèlêm sarawungan lan pawong mitra padha gègosokan kawruh kang anjalari ngrêbdaning budi, iku saya luwih dening prayoga, amarga bisã anjêmbarake kaêngetan nanging nggone sarawungan kudu milih kang nunggal laras sarta padha jone, apadene kang dhêdhasar rahayuning budi. Mangkono iku bisã kênak.</p> <p>Mungguh sarawungan mau kudu milih kang lamak wayahe, sanadyan nom tuwa, lanang wadon janji dadi bombonging pikir utawa muwuh pakoleh iya bêcik rinakêt kang nganti supêkêt, awit sênênging ati bisã ngawetake umur. Sanadyan tumiba ing pati nanging wis muput uripe ana ing donya ora kapunggêl ing sambe kala lan rubeda kang mangkono kena diarani wutuh kauripane.</p> <p>Kabicara: yen mangkono dawã cêndhak umur apa kena pinardi, dene isih nganggo disêsênêng.</p> <p>Wangsulan: dawã cêndhak umur bènêr ora kena pinardi sarta wis pinanci marang kang gawe urip, nanging iku tumraping kawruh lahir bisã beda, pati iku kena karudapêksa, kayata yen nuju perang [-15-]</p>	<p>Kataman [-14-] soroting s<r>êngenge wêkasan bisã manthêrake pamikir. Pirang barama gèlêm sarawungan lan pawong mitra padha gègosokan kawruh kang anjalari ngrêbdaning budi, iku saya luwih dening prayoga, amarga bisã anjêmbarake kaêngetan nanging nggone sarawungan kudu milih kang nunggal laras sarta padha jone, apadene kang dhêdhasar rahayuning budi. Mangkono iku bisã kênak.</p> <p>Mungguh sarawungan mau kudu milih kang lamak wayahe, sanadyan nom tuwa, lanang wadon janji dadi bombonging pikir utawa muwuh pakoleh iya bêcik rinakêt kang nganti supêkêt, awit sênênging ati bisã ngawetake umur. Sanadyan tumiba ing pati nanging wis muput uripe ana ing donya ora kapunggêl ing sambe kala lan rubeda kang mangkono kena diarani wutuh kauripane.</p> <p>Kabicara: yen mangkono dawã cêndhak umur apa kena pinardi, dene isih nganggo disêsênêng.</p> <p>Wangsulan: dawã cêndhak umur bènêr ora kena pinardi sarta wis pinanci marang kang gawe urip, nanging iku tumraping kawruh lahir bisã beda, pati iku kena karudapêksa, kayata yen nuju perang [-15-]</p>

<p>amuk amukan manungså ora sumurup p��sthening pati ��� ing ng��di. Wong kang katrajang lumaraping mimis lumrahe m��sthi mati, mangkono ug�� kauripan iy�� k��n�� kaup��k��r�� sup��y�� dadi awete k��y��t��: kaati ati tindake, kas��s��g��r awake, kabobot k��kuwatane, s��rt�� kas��s��neng pikire. Awit s��n��nging pikir n��nutun bagasing badan mangkono panggul��w��nthahing ngaurip kang wis katatalan iku bis�� mutuhake kauripan.</p> <p>Ing was��n�� sakehing piwulang lan s��sulang kang kamot ing layang iki kabeh mug�� andadekn�� kapenaking laku mung kariy�� n��mu suk�� lan rahayu.</p> <p>Titi</p>	<p>amuk amukan manungså ora sumurup p��sthening pati ��� ing ng��di. Wong kang katrajang lumaraping mimis lumrahe m��sthi mati, mangkono ug�� kauripan iy�� k��n�� kaup��k��r�� sup��y�� dadi awete k��y��t��: kaati ati tindake, kas��s��g��r awake, kabobot k��kuwatane, s��rt�� kas��s��neng pikire. Awit s��n��nging pikir n��nutun bagasing badan mangkono panggul��w��nthahing ngaurip kang wis katatalan iku bis�� mutuhake kauripan.</p> <p>Ing was��n�� sakehing piwulang lan s��sulang kang kamot ing layang iki kabeh mug�� andadekn�� kapenaking laku mung kariy�� n��mu suk�� lan rahayu.</p> <p>Titi</p>
--	--

Lampiran 5: Tuladhå *data sekunder* saking sumber sanes kangge panyengkuyung.

No	Nilai-nilai Budi Pakarti	Data Layang Sasmitå Titikå	Sumber data sekunder
1	Eklas	“...mênawa wong mau wis ora ngetung kangelan bau suku sarta pamikir....(kåcå 10)	Sêrat Wulangreh (mêgatruih) “ wong ngawulå ing ratu luwih pakewuh, nora kênå minggrang minggring, kudu mantêp karyanipun, sêtyå tuhu marang Gusti, dipunpiturut sapakon”.
2	Bêkti	“...ora doyan marang wulanging wong tuwå, ora maelu marang susulanging layang, sakehing pitutur wis pådhå kasingkur. (kåcå 11)	Sêrat Tripåmå pupuh dhandhanggulå pådå 4 Pådå 4: “ Kumbåkarnå kinon mêngsah jurit/Mring kang råkå sirå tan lênggånå/Nglungguhi kasatriyane/Ing tekad tan a surud/Among ciptå labuh nagari/Lan noli yayah renå/Myang lêluhuripun/Wus mukti aneng ngalêngkå/Mangke arså rinusak ing bålå kapi/Punagi mati ngrånå//”
3	Sabar	” Kåyåtå wong arêp lélungan lurus panggaweyan pikire mangu-mangu gå arêp mangkat gå ora dumadakan lakune dadi kangelan ånå bae pangkalane. Barêng dilakoni nêmbung pagaweyan marang sawijining panggêdhe	Sêrat Durcårå Arjå “...Bareng dibukak, temen yen kothong, ora ana isine dhuwit, Kyai Surawacana anjenger ora bisa celathu, nyata kabilaen gedhe sak penggawene nyai rondha julig, enggal bali gegancangan, bingung

		<p>diwangsul<i>i</i> se<i>je</i> di<i>n</i>â<i>bae</i>. Sê<i>bab</i> saiki durung â<i>n</i>â garapan besuk sasi ngarê<i>p</i> bae kapuri<i>h</i> bali. Kang lur<i>u</i> panggaweyan kapê<i>ks</i>â nyrantekake , barê<i>ng</i> tumêkaning m<i>ang</i>sâ sêmayane dibaleni jê<i>bul</i> wis dilêboni wong liyâ. Batine kang nyrantekake ora gê<i>nah</i> ane. Adoh adoh diparani jê<i>bul</i> ngoncati pancen sê<i>m</i>brâ<i>n</i>â tê<i>m</i>enan gawe kangelaning laku bae.”(kâ<i>c</i>â 5)</p>	<p>kaworan nepsu, sedyane arep masesa menyang Nyai Gunawicara. Satekane Nyai Gunawicara ketemu linggih ana ing ngamben, kambi maca layang, banjur ditudingi lan diujar-ujari ala nganti kamisosolen, calathune: heh gentho, kecu, maling.....Nyai Gunawicara diuneni kaya mengkono kuwe ora gugup, sareh mangsul<i>i</i> lan ora basa, calathune mengkene.....”</p>
4	Kurmat-kinormatan	<p>“Kâ<i>y</i>âtâ maneh: wong ajak-ajak prêkâ<i>r</i>â rêmê<i>h</i> yaiku yen anjagong mên<i>yang</i> tanggane diajak barê<i>ng</i> wangsulane kang diajak kamanah rumiyin iku ugâ nelakake ora kadadiyan. Kang diwangsul<i>i</i> grênêngan ing batin prakâ<i>r</i>â gampang gampang bae kathik kangelan tê<i>m</i>en pamikire. Wong diajak barê<i>ng</i> anjagong iku rak mung gê<i>l</i>êm lan ora. Dadak sê<i>m</i>âyâ dipikir dhisik kebangêtên tê<i>m</i>en gone ahli piker. Â<i>p</i>A pikire iku ora tai dianggo mikir, ing wêkasan tumêkaning gawe kang ngajak barê<i>ng</i> ora sida ngampiri sê<i>bab</i> wis anyê<i>l</i>. Dadi mung mangkat anjagong dhewe-dhewe.</p>	<p>Sê<i>r</i>ât Sâ<i>n</i>â Sunu pupuh dhandhanggulâ pâ<i>d</i>â 20, 21 sâ<i>h</i>â 22, pratelanipun: Pâ<i>d</i>â 20: “ Apawong sanak sirâ t<i>â</i> kaki, lan wong kang berbudi wicaksâ<i>n</i>â, wruh ing ajar lan ijire, sagunging para putus, kulanâ<i>n</i>â mintâ<i>â</i> dhisik, nadyan sirâ wutahnâ, wawadinireku, sayêkti bisâ rumêksâ, lamun â<i>n</i>â catur kang sikâ<i>r</i>â budi, marang ing sarirantâ” Pâ<i>d</i>â 21: “ Bisâ mangêrtèkkên marang bêcik, ing agêsang akathah wicâ<i>r</i>â, kang dadyâ salang surupe, iyâ ingkang andulu, ingkang dudu ngaranan yeki, yen kang wus wicaksâ<i>n</i>â, wruh ing iyâ dudu, sumimpang ing dorâ câ<i>r</i>â, yen apawong</p>

		(kâcå 11)	<p><i>mitrå nêdyå malês bêcik, wruh bêcik binêcikan”</i></p> <p><i>Pådå 22:</i> <i>“ Lamun sirå nuju darbe bêcik, gêdhe mablume wong wicaksånå, lumayeng pangapurane, warah-warah yen muwus, pamawase waskitheng titi, titikå tan tinilar, nalirah rinuruh, ruruh amêmbing wicårå, locananyå liyêp tan angs ing aksi, ngaksåmå påråmartå”</i></p>
5	Sêngkud	<p><i>“.....mênåwå kêkarêpan kang grag grêg mungil, sartå ikras ikris ora kênthêng manthêng sawiji iku iyå dadi nglingkunganat bakal ora pakoleh “(kâcå 5)</i></p>	<p><i>lêlagon “gugur gunung” yasanipun Ki Nartå Sabdå.</i> <i>“Ayo kånçå... ayo kånçå ngayahi karyane præjå, Kene-kene-kene-kene gugur gunung tandang gawe, Sayuk-sayuk rukun bêbarêngan ro kancane, Lilå lan lêgawå kanggo mulyaning Nêgårå. Siji... loro.... Têlu... papat maju papat-papat...Diulang-ulungake amrih enggal rampunge.... Holobis kontul baris holobis....kontul baris...Holobis....kontul baris holobis... kontul.....baris”</i></p>